МАХ ДУГ

Мах самонджын кæнынæн сылгоймæгтæм æрмæст ицнæг мадзал ис, мах фенамонд кæнынæн та — 30 мин мадзалы.

Генрих ГЕЙНЕ

3

2003

* * *

Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы,
Уынг уæлион дзæнæтау ысуынджын.
Дуне фестади кувæндон, аргъуан,
Ды — йæ бæстастæу судзгæ цырагъау.

Æмæ — йемыдзаг уарзты цæхæрæй —
Кодта ’хцон дыз-дыз д’алфæмблай уæлдæф.
Æмæ, раст цыма аргъауы, фыны, —
Зæхх ныгъуылдтытæ кодта дæ быны.

Бестауты Гиуæрги

НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ

Редакция:

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет:

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2003

МАХ ДУГ

3/'03

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци:

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2003

НОМЫРЫ ИС:

Сылгоймæгты афоризмтæ æмæ хъазæн ныхæстæ 5
КОКОЙТЫ Эльзæ. Царды уаргъ. Æмдзæвгæтæ 14
ХУЫГАТЫ Сергей. Нарты Фарнæг. Сæргæндтæ романæй. Дарддæр 19
ДАУЫРÆ. Уарзт — удылхæцæг. Æмдзæвгæтæ 86
БЫЗЫККАТЫ Земфирæ. Дыууæ æмдзæвгæйы 89
ТЫБЫЛТЫ Олга. Митдзуан. Æцæг цау 90
НÆКУЫСАТЫ Наирæ. Удæй æнгæстæ. Æмдзæвгæтæ 94
ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Хъысмæт. Æмдзæвгæ 97
ЧЕЛДЫТЫ-ГОДЖЫЦАТЫ Надя. Дыууæ æмдзæвгæйыт 98
КОЦОЙТЫ Зæйрæт. Фæсмон. Æмдзæвгæ 98
ЗАССЕТЫ Мисурæт. Уарди. Æмдзæвгæ 99

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 70 АЗЫ

ХÆБЛИАТЫ Сафар. Новеллæтæ 100

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. Ныфсы рухс. Æмдзæвгæтæ 131

КЪУСРАТЫ АНАТОЛИ : 50 АЗЫ 134

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон. Ирон хæзна. Дарддæр 138

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

БÆТÆГАТЫ Татьянæ. Хурæргом аивад 143

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ГÆБÆРАТЫ Алан. Гасситы Афанаси дины тыххæй 151
ХУЫСЕ. Цардвæндаг 156

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

ДЗИТОЙТЫ Аллæ. Нæртон фæткъуы — нæ мадæлон æвзаг 161

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 170

АРВИСТОН 176

ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ 187

ХÆБЛИАТЫ Сафар 210

СЫЛГОЙМÆГТЫ АФОРИЗМТÆ ÆМÆ ХЪАЗÆН НЫХÆСТÆ

• *Мидбылхудт — уды ба.*

Миннæ Антрим, америкаг фыссæг

• *Мæхæдæг мæхимидæг ныххаудтæн, цыма сæрсæфæны аирвæзтæн.*

• *Амæй-ай стырдæр кад дæр бавзæрстон, амæй-ай æгаддæр бынаты дæр уыдтæн æмæ мæ бауырныдта: кадæй æгадæй ницы уæлдай ис.*

Аннæ Ахматова

• *Мæ царды тæккæ хуыздæр бон? Уый æхсæв уыди.*

• *Кæрцæй уæлмæрдтæй уæлдай нæй. Æцæг сылгоймаг йæ уæлæ уæлмæрдтæ не скæндзæни.*

• *Ме 'взонджы бонтæ æмæ мæ фидауц нæлгоймæгтæн радтон, ныр та мæ зонд æмæ мæ фæлтæрддзинад (уыдонæй хуыздæр мæм ницыуал ис) цæрæгойтæн дæттын.*

Брижит Бардо, францаг киноактрисæ

• *Хур мæгуырты сызгъæрин у.*

• *Кад цы у, зæгъут? Зонын дæ кæй фæнды, уыдон дæ куы зоной, уæд уый.*

Натали Клиффорд Барни, америкаг-францаг фыссæг

• *Уарзондзинад у, рæмудзгæ чи кæны, ахæм сигарæ. Æвæдза, цы зыдæй йæ сулæфтытæ кæнæм!*

Линдæ Барри, америкаг карикатуристкæ

• *Адæймаг йæхиуыл зæрдиагæй цы бон бахуды, йæ кары уыцы бон бацæуы.*

Этел Барримор, америкаг актрисæ

• *Æхцаты 'взагæй чи дзуры, уый алы бæстæйы дæр бамбардзысты.*

Арфæ Бен, англисаг драматург

ÆНÆУС ЛÆППУЛÆДЖЫ КУЫВД:

О ме Сфæлдисæг, ус ракурынæй мæ бахиз!

Иугæр куы ракурон, уæд та мын ахæм амонд ратт, мæ ус мыл сайдæй куыд нæ рацæуа!

Иугæр мыл сайдæй куы рацæуа, уæд та мын ахæм амонд ратт, æз æй куыд нæ базонон.

Иугæр æй куы базонон, уæд та мын ахæм амонд ратт, мурмæ дæр æй куыд не 'рдарон.

Цыфæнды низæн дæр йæ хуыздæр хос — цæхджын дон. Хид, цæссыгтæ, денджыз.

Карен Бликсен, даниаг фыссæг

• *Нæлгоймаджы хъæбысы æрмæстдæр иу сылгоймагæн ис бынат.*

• *Батæй йын йæ дзых ахгæн.*

• *Иу сайд акæнын æнцон у, зын у иунæг сайдыл æрлæууын.*

• *Дæ ус смæсты уа, уый дæ куы фæнда, уæд йемæ ма быцæу кæн.*

• *Уарзт адæймагыл базыртæ садзы: чи дзы маргъ фесты, чи — хæлынбыттыр.*

Вандæ Блоньска, польшæйаг журналисткæ

• *Сылгоймагæн йæ хуыздæр хъахъхъæнæг — йæ тыппыр чыссæ.*

Люсиль Болл, америкаг актрисæ

• *Хъысмæт цæргæсау уæлæуæзты нæ зилы, фæлæ нæ къæхты бын селфытæ кæны.*

Элизабет Боуэн, англисаг фыссæг

• *Адæм дих кæнынц дыууæ хайыл. Иутæ, уатмæ бахизгæйæ, фæхъæр кæнынц: «Мæнæ ма кæй уынын!», иннæтæ та: «Æз дæр мæнæ дæн!»*

Эбигайл Ван Берен, америкаг журналисткæ

• *Культурæ у университетты профессорты кусæнгарз, хъæуы сæ университеттæн профессортæ аразынæн.*

Симонæ Вейль, францаг фыссæг, философ

• *Сылгоймæгтæ сæ цæсгæмттæ сæ хызынты хæссынц. Нæлгоймæгтæ та афтидармæй цæуынц.*

Луизæ де Вильморен, францаг фыссæг

• *Гадзрахатæйцæуæджы ардбахæрдыл æууæндын хæйрæджы диныл æууæндынæй уæлдай нæу.*

Елизаветæ I, англисаг ус-къарол

• *Бирæ Адамтæн Евæ сæ фарсæй фæци.*

• *Чыссæ цас рогдæр уа, уыйбæрц удыл фылдæр уæз æнцайы.*

Уршулæ Зыбура, польшæйаг поэтессæ, драматург

• *Уарзты хъуыддæгты лæвар æрмæстдæр мæй у.*

• *Дыууæ усы кæмæн и, уый куыдз ницæмæн хъæуы.*

• *Сылгоймагæн дыууиссæдзаздзыды кары зын бацæуæн у, уыцы карæй рацæуын та — ноджы зындæр.*

• *Бæллæхтæ æмæ фаззæттæ иугæйттæй никуы æрбацæуынц.*

• *Æлхæнын æнцон у. Фидын у зын.*

Янинæ Ипохорская, польшæйаг журналисткæ æмæ нывгæнæг

• *Сылгоймæгтæй иутæ зæрдæмæ ныххизынц, иннæтæ та игæры нынныхсынц.*

• *Сылгоймæгтæ хъустæй уарзынц, хъустæ та хæзнадуртæ уарзынц.*

• *Æвæдза, адæймаджы бирæ нæ хъæуы — алцыдæр æм куы уа, уæд.*

• *Æргътæ уæлæмæ куыд цæуынц, уымæ кæсгæйæ адæймаджы йæ къахфындзтыл слæууын æрфæнды.*

Тамарæ Клейман, литератор

• *Бирæтæ Шекспирæй æнæхай фесты, уымæн æмæ йæ скъолайы ахуыр кæнынц.*

Агатæ Кристи, англисаг фыссæг

• *Кинойы æвдисын хъæуы гуырыконд нæ, фæлæ — зæрдæ.*

Джинæ Лоллобриджида, итайлаг актрисæ

• *Уарзондзинад суанг сайæгойты дæр асайы.*

• *Моладзанимæ иу хуыссæны схуыссыны бæсты мæхи доны баппарыныл сразы уаин.*

Æвæццæгæн, ленк кæнынмæ дæсны дæ.

Маргаритæ Наваррæйаг, Наваррæйы ус-къарол

• *Хæсты быдыры цыфæнды æдылы дæр хъæбатыр басгуыхдзæн, уымæн æмæ хъæбатыр куы нæ уай, уæд дæ амардзысты.*

• *Æнæ 'хцайæ леди уæвæн нæй.*

Маргарет Митчелл, америкаг фыссæг.

• *Æрдз стæм хатт фæрæдийы, æгъдæуттæ — арæх.*

Мэри Монтагью, англисаг фыссæг

• *Фæсмойнагæй кæмæ ницы ис, ахæм сылгоймаг тæригъæдддаг у.*

• *Нæлгоймæгтæ æмæ æргътæ æдзухдæр уæлæмæ хизыныл архайынц.*

Жаннæ Моро, францаг актрисæ

• *Царды æппæты ахсджиагдæр у: мацæуыл фæсмон кæ, стæй фæстæмæ макуы кæс.*

Кэтрин Мэнсфилд, англисаг фыссæг

• *Алцæмæ дæр æнхъæлмæ кастæн, фæлæ базæронд уæвынмæ — нæ.*

• *Мæлæтæй æппæты тынгдæр тæрсы, цардæй чи тæрсы, уый.*

Зофья Налковска, польшæйаг фыссæг

• *Бæрзонд бынæттæ æмдзæхгæр къæдзæхты æнгæс сты: схæццæ сæм вæййынц æрмæст цæргæстæ æмæ хилæгойтæ.*

• *Бонджынтæ се 'хца хардз кæнынц рæстæг фесафыныл.*

Сюзаннæ Неккер, францаг фыссæг,
Жерменæ де Сталы мад

• *Кæд дын сывæллæттæ фæзынд, уæд дæм уыдонæй дарддæр ницуал ис.*

Кэтлин Норрис, америкаг фыссæг

• *Æрмæстдæр тыхджынтæ зонынц барын.*

• *Дæ зæрдæ куы нæ сафтид кæнай, уæд дæ чыссæ зынтæй байдзаг кæндзынæ.*

• *Сыгъдæг Еленæйы сакъадах*[1] *алкæмæн дæр ис — зæронды бонтæ.*

Элизæ Ожешко, польшæйаг фыссæг

• *Уарзондзинад джынасуйæ уæлдай нæу: гом армытъæпæны лæууы, тымбылкъухы та — нæ.*

• *Ай, иуварс кæй æрæвæрай, ахæм чиныг нæу. Хъуамæ йæ дæ тых, дæ бонæй исчердæм ныззыввытт ласай.*

Дороти Паркер, америкаг фыссæг

• *Рæстдзинад бомбæ у, амары дыууæйы: кæуыл æй баппарынц, уый æмæ, чи йæ баппары, уый.*

Франсуазæ Партюре, францаг фыссæг

• *Исты ахсджиаг хъуыддаг æй саразын куы фæхъæуы, уæд нæлгоймаджы фыццаг хъуыды вæйиы: «Цы зæгъдзынæн?», сылгоймаджы фыццаг хъуыды та: «Цавæр дарæс скæндзынæн?»*

Мадлен де Пюизье, францаг фыссæг

• *Нæлгоймæгтæ куыйтæ, мыййаг, не сты, стджытыл сæхи нæ андзарынц.*

Наталья Крачковска, польшæйаг актрисæ, йæ уæз у 120 килограммы

• *Уарзондзинад амонды уистæй быд къалати у.*

Клаудиа Кардинале, итайлаг киноактрисæ

• *Хицауимæ ныхас кæнгæйæ нæлгоймаг уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй лæууыныл фæархайы, сылгоймагимæ ныхас кæнгæйæ та — йæ гуыбын мидæмæ байсыныл.*

Элси Аттенхофер, швейцариаг драматург

• *Сылгоймаг сæдæ нæлгоймаджы хъазгæ-худгæ асайдзæн, йæхи хуызæн сылгоймаджы — ницы хуызы.*

Мишель Морган, францаг актрисæ

• *Сывæллæттæ зæдтæ сты. Сæ къухтæ æмæ сæ къæхтæ куыд даргъдæргæнгæ цæуынц, афтæ сæ базыртæ та къаддæр кæнынц.*

Джуди О'Рейли, америкаг сылгоймаг

---

[1] Наполеон I фæстагмæ хаст æрцыд ацы сакъадахмæ, фæцарди ма дзы æхсæз азы.

• *Адæм хъуамæ æмсæр уой. Гæмæхсæр нæлгоймæгтæ хъуамæ гæмæхсæр устытæ курой.*

Фионæ Питт-Кетли, англисаг сылгоймаг

• *Цардæн йæ хуссарвæрсты цæуын зон.*

Мария Родзевичувна, польшæйаг фыссæг

• *Сæрæн сылгоймаг маймулийæ дæр адæймаг скæндзæни.*

Светланæ Тумановская, журналисткæ

• *Ныры актертæ сæ дзыхыл хæцын нæ зонынц. Стæй дзурын дæр.*

• *Къухфысты орфографион рæдыдтæ цæй хуызæн сты, уый зонут? Урс блузæйыл хъæдысыстытæ куы хила, уый хуызæн.*

• *Вагзалы цы зæронд пальмæ вæйиы, раст уый хуызæн дæн — хъæугæ никæй кæнын, аппарынмæ та мæ сæ цæст нæ уарзы.*

Фаинæ Раневская, актрисæ

• *Мæ къонатæ, фыццаг хатт мæ исты кæнын куы фæхъæуы, уæд æнæмæнг батыхсын.*

Дейм Гуэн Ферангкон-Дейвис, англисаг сылгоймаг, ацы ныхæстæ загъта йæ мæлæты хæдразмæ, цыдис ыл 102-æм аз

• *Кæд фыдæнхъæл фæуынхъом дæ, уæд ма æрыгон дæ.*

Сарæ Черчилль, англисаг актрисæ

• *Мæ мад мын æппынæдзух афтæ дзырдта: дæ мойыл æууæнд, табу йын кæн æмæ йын йæ исбонæй дæхиуыл ныффысс, цас фылдæр гæнæн ис, уыйас.*

• *Хæдзары куыстытæй мæ удхæссæг уынын. Хуыссæн бафснай, къустæ ныхс! — стæй та æхсæз мæйы фæстæ уыцы куыстытæ дзыхъхъынногæй райдай!*

Джоан Риверз, америкаг комикон актрисæ

• *Эмиграци: нацийы туджы 'ртах, анализæн кæй райстой, ахæм. Маяковский уыциу рæстæг æртæйы уарзта: Лиляйы, революцийы æмæ Ленины. Æмæ дзы иуæй дæр хайыр нæ федта: Лиля хатти алкæимæ дæр, революци — бюрократиимæ, Ленин та — Надсонимæ.*

Мария Розанова, филолог

• *Рæсугъд сылгоймаг фæлтау искæй ус уæд.*

• *Къух къухы æхсы, къах та къахмæ йæхи фæцаразы.*

• *Нæлгоймаг кусæг фос у. Бон галы куыст кæны, æхсæв та — богъы.*

• *Кæд дæ лæджы дæ бинонты сæр хоныс, уæд йæ сæрыл ма бад.*

• *Искæимæ ныхас кæнгæйæ дæхи зæронд куы схонай, æмæ уыцы исчи куы нæ бахуда кæнæ дæ ныхмæ куы ницы сдзура, уæд æй зон: æцæгæй зæронд дæ.*

Магдаленæ Самозванец, польшæйаг фыссæг

• *Нæ романтæ царды æнгæс цас сты, цард уыдонæй романы æнгæс тынгдæр у.*

• *Цин — уды æмæ буары хуыздæр хос.*

Жорж Санд, францаг фыссæг

• *Адæмы цас фылдæр базонын, уыйас куыйты фылдæр уарзын райдайын.*

• *Зæрдæйыл æнцъылдтæ нæ вæййы.*

Мари де Севинье, францаг фыссæг

• *Мах рæстæджы рæстзæрдæ æмæ æгъдауджынтæ тынг нымад не сты.*

Эдит Сиуэлл, англисаг фыссæг

• *Чындзы ацæуыны размæ дыууæ цæстæй дæр кæс, уый фæстæ та сæ æрдæгæхгæдæй дар.*

• *Зæрдæмæ фæндаг хъустыуылты цæуы.*

Мадлен де Скюдери, францаг фыссæг

• *Мæ амонд уыд, æмæ нæлгоймаг нæ фæдæн, уый йеддæмæ мæ сылгоймагимæ лæг æмæ усæй цæрын бахъуыдаид.*

• *Энтузиазмы фæстæ фыдæнхъæлц цæуы — йæ мидбылты худгæ.*

• *Зонд баихсийы, фæлæ зæрдæйы 'взагæн ихсийæн нæй.*

• *Куы ничиуал нæ фæуарзы, уæд нæхæдæг дæр нæхи нал фæуарзæм.*

Жерменæ де Сталь, францаг фыссæг

• *Адæмыл фаутæ æвæрын куы байдайат, уæд уын адæмы уарзынæн рæстæг нал уыдзæни.*

• *Хуыцау сабырдзинад уарзы. Бæлæстæ, дидинджытæ, кæрдæг æнæсыбырттæй рæзынц. Скæсут-ма стъалытæм, мæймæ, хурмæ — æгуыппæгæй куыд зилынц.*

Мад Терезæ, католикон моладзан

• *Уасæг, чи зоны, хъихъыры-хъо хорз кæны, фæлæ уæддæр æйчытæ карк æфтауы.*

Маргарет Тетчер, британаг политик

• *Нæлгоймаг сæрибарæй нæ райгуыры; йæ бичъы босæй йæ мадмæ бастæй баззайы æмæ йæхимæ зилынхъом нæ вæййы авд азы бæрц (хатгай та — æвдай азы бæрц).*

• *Дзæнæты фырæнкъардæй амæлдзыстæм, зындоны та фырæнкъардæй дæлимонты амардзыстæм.*

Кэтрин Уайтхорн, англисаг журналисткæ

• *Æз дæн нырыккон зондджын, хæдбар сылгоймаг. Æндæр ныхæстæй та, — йæ бон нæлгоймаг ссарын кæмæн нæу, ахæм сылгоймаг.*

• *Дыууæ къуырийы хæххон курорты фæдæн. Афтæ уазал дзы уыд, æмæ, чысыл-ма бахъæуа, мой ма скæнон.*

• *Искæмæ чындзы ацæуыны размæ уал уыцы искæмæн йæ раздæры усимæ сихор скæн.*

Шелли Уинтерс, америкаг актрисæ

• *Мæ тæккæ уарзондæр адæймаг — æз.*

• *Нæлгоймæгтæ уæ нæ бауарздзысты, уæхæдæг уæхи куы нæ бауарзат, уæд.*

Луизæ Хей, америкаг сылгоймаг

• *Пушкин негр уыд. Уырыссаг поэт — негр, поэт — негр, æмæ поэты — амардтой. Раздæры æмæ ныры поэттæй негр кæцы нæ уыд, æмæ кæцы поэты нæ амардтой?*

• *Хорз фадæттæ? Нывгæнæгæн хорз фадæттæ нæй. Цард йæхæдæг — æвзæр фадат.*

Маринæ Цветаева

• *Косметикæ у сылгоймаджы философи.*

• *Хæдзар, куыст, хæдзар, куыст, хæдзар, куыст... Æвæдза, дыууæ цардæй цæрын зын у.*

Ренатæ Шуман-Фикус, польшæйаг поэтессæ æмæ драматург

• *Зондджын сылгоймагæн милуангай æрдзон фыдгултæ ис: æдылыдзæф нæлгоймæгтæ иууылдæр.*

Мария Энбер-Эшенбах, австриаг фыссæг

• *Цæрæгойтæ тынг дзæбæх хæлæрттæ сты: фæрсгæ дæр нæ кæнынц, стæй критикæ дæр.*

• *Кæд арвыл стъалы фестын дæ бон нæу, уæд та дæ хæдзары цырагъ фест.*

Джордж Элиот, англисаг фыссæг

• *Мæлæты фæстæ дæр цард кæй ис, уый мæ фидарæй уырны. Фæлæ ма мæлæты размæ цард уыдзæн, уый мæ тынг нал уырны.*

• *Нæлгоймæгтæ уарзынц сылгоймæгты, сылгоймæгтæ уарзынц сывæллæтты, сывæллæттæ уарзынц хъулон уырыты, хъулон уырытæ та никæй уарзынц.*

Эйлис Эллис, англисаг фыссæг

КОКОЙТЫ Эльзæ

ЦАРДЫ УАРГЪ

ÆРЦУ

Ахæм лæгъстæ æз никæмæн бакодтон,
Æрцу!
Æз дæу мысгæйæ царды зын базыдтон,
Æрцу!
Зæрдæ æнæ дæу нырхæндæг и, сафтид и,
Æрцу!
Дуне æнæ дæу æцæгæлон, уазал у,
Æрцу!
Уыцы хорз дын мæ рыст удæй бафидин,
Æрцу!
Ног мæ схъарм кæн дæ мидбылты бахудтæй,
Æрцу!
Æмæ асæрф дæ армæй мæ цæссыгтæ,
Æрцу!
Ды мæ иунæг, мæ цин дæ,
мæ мæсыг дæ,
Æрцу!
Ахæм лæгъстæ æз никæмæн бакодтон,
Æрцу!
Æз
Дæ фæцухæй царды зын базыдтон,
Æрцу!
О, æрцу!..

* * *

Мæй раленк кодта ирд арвы æрфæнты
Æмæ сындæггай суадонмæ ныххылди.
Ау, дойны сси? Æви йæ кæд æрфæндыд
Йæхи цынайын суадоны пырхæнты?

УАЛДЗЫГОН РАЙСОМ

Æлборты Лирæйæн

Хур йæ рухс хæрдгæ рæутынтæ
Арвæй зæхмæ уафы.
Мыдыбындз йæ гуыв-гуыв зардмæ
Рухс зæрдæйæ кафы.

Бæстæ раивта йæ хæлур,
Ногты ног — йæ дарæс.
Хæхты дагъты цъититы дон
Кæмтты цъасты алæст.

Урс дæллагхъуыр сау зæрватыкк
Уалдзæджы цин нуазы.
Æхсæры зæу-зæу дзыккутæй
Уаддым буцæй хъазы.

Алы ран рæсугъд чызджытау
Дидинджытæ худынц,
Уалдзæг, уалдзæг, дидинты мад,
Дидин рухсæй судзыс.

ХÆРЗБОН

Ды мæ фæрсыс:
«Цæуыл дæ 'нкъард?»
Æмæ дæ рог фарстæй
Фæсырх дæн.
Мæ рустыл рацыди
Къæвда
Уæззау цæссыгтæй.

Ды та фæрсыс:
«Кæуыс? Цæуыл?»
Æз дын зæгъын:
«Кæуы мæ зæрдæ».
Кæнын мæ кæрц
Æмæ зæгъын
Дæуæн
Дæхи фæндон изæртæ.

Æмæ цæуын.
Дæуæй цæуын.
Мæ цæссыг дын
Цы у, цы хъомыс?
Æз зонын,
Ды нæ сурыс мæн,
Фæлæ
Фæстæмæ дæр
Нæ хоныс...

О, уæд мын,
Уæд цыфыддæр зын,
Уадз зæрдæ
Сау арты ныссудзæд!
Дæ цæстытыл-иу
Уайдзæн, зон,
Æнкъард
Дыууæ цæсты,
Мæ сурæт.

Кæмæн у зын,
Кæмæн — æнцон...
Кæй фæнды искæй æнцой
Исын?
Хæрзбон, хæрзбон,
Хæрзбон, хæрзбон!
Уæддæр
Нæ зондзынæ,
Кæй риссын...

* * *

Ныййарæг,
Дæ фарнæн,
Ныййарæг, дæ кадæн
Зæххы цъарыл чи скæндзæн
Аргъ?
Дæ рæвдаугæ 'нгасмæ,
Дæ фæлмæн ныхасмæ
Ысрог вæйиы царды
Мæ уаргъ.

Зын сахат,
Зын дуджы,
Мæ цæстытæ туджы
Куы фæзилынц,
Царды фæлывд
Куы 'ртыхсы мæ удыл,
Куы бахæцы хурхыл, —
Æрыхъусын,
Гыцци, дæ дзырд...

Æз банкъарын дардæй
Дæ къахдзæфты уадæй,
Дæ рæвдыд,
Дæ фæлмæн фæхудт.
Фæтындзыс æххуысмæ,
Хъæбулы ысхуыстмæ
Кæм лæууы
Ныййарæджы уд!

Фæхуды мæм дуне.
Дæ зæрдæйы хъармæй
Куы байсæфы
Уды
Æнкъард!..
Тæхуды,
Ныййарæг, куы басгуыхин ахæм —
Куы бафидин
Де стыр
Лæггад.

КÆД МÆХИМÆ ХАУЫ АЗЫМ...

Кæд
Мæ карз хъысмæт
Мæ хъазыд?!
Уый тæрхон
Æгæр карз разынд,
Йе мæхимæ хауы азым,

Кæд
Нæ базыдтон
Дæу уарзын.

Кæд мæ цонджы
Фыдтæ, уæууа,
Стонг, фæлладæй
Дæу хъуыдысты,
Æз нæ бамбæрстон
Дæ хъуыды, —
О, ныббар,
Мæ сонт рæдыд мын.

Ды
Мæ уды уд куы уыдтæ.
Ды мæ дадзинты
Куы зылдтæ.
Уæд куыд нæ бамбæрстон, ау?!
Æз куыд нæ фестадтæн уарт!
Æз дæ зæрдæйыл
Мæ удæй
Уæд куыд не 'рытыдтон хыз?
Сау фыдхæсты
Знаджы къухæй
Уадз ныппырх уыдаин æз!

Ды та
Цардаис,
Ды та цардаис Ирæн,
Афтæ тынг
Кæй уарзтай, бирæ.
Ды Ирыстоны хъуыдтæ
Саг-фыртæй, —
Ныр ын цырт дæ...

Абон
Фестад цырт
Дæ уд дæр...

ХУЫГАТЫ Сергей

НАРТЫ ФАРНÆГ*

Сæргæндтæ романæй

6

Уæн уатæй нал хызт. Фæлтæр кодта — сихæн-иу и, æмæ-иу йæ дæндæгтæ кæрæдзийыл хостой сæхи. Уый фæстæ-иу тæвд кæнынмæ фæци æмæ-иу йæ уæлæ æмбæрзт нал уагъта.

Сатана тыхсти — сæфдзæн мæгуыр лæппу. Зыдта: Уæн, иннæ гуыринæгтæ куыд райгуырынц, афтæ нæ райгуырди. Сылыстæджы уды æндæвд ыл нæ сæмбæлди гуыргæ-гуырын. Нæ йыл сæмбæлд уыцы æндæвд, йемæ йæ нæ рахаста лæппу. Æмæ ныр нæлтæ сылыстæгмæ цы тайгæ-руайгæ цæстæй кæсынц, ахæм цæстæй йæм нæ кæсы Уæн. Нæ йын здахы йе 'нгас йæхимæ сылыстæг, нæлы удæн цы 'хцон дæтты æмæ цы 'нцой, уый не 'мбары, нæ йæ зоны. Æмæ афтæ æнæбон уымæн хæссы — сылыстæгмæ цы лæппуйы зæрдæ не 'хсайа, уый куыд хъуамæ сфидар уа, цæмæй хъуамæ фæхæцой йæ уæнгтæ кæрæдзийыл?!

Æмæ ныссагъæс кодта Сатана, ныр æй уыцы дурмæ фæкæн, ныссай йæ исты 'фсæнтты, уæд ын ницы баххуыс кæнид?

Æртæ мыдамæсты ракодта, урс кæрдæны сæ атыхта, семæ сын иу къаннæг ронджы дурын айста æмæ араст Борæтæм рынчынфæрсæг. Уæн хуыссыди зæронд

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-аг чиныджы.

уырындыхъ сынтæджы, йæ быны саджы цæрмттæ, йæ уæлæ арсы царм. Ронгæй йын нæ бакуымдта — йæ зæрдæ йæ нæ уагъта. Мыдамæстæй ахордта — уый дæр сахадыдта йæ дзыхы. Æмæ йæ ныууагъта Сатана. Гыццыл абадтысты æнæдзургæйæ, стæй бахатыд лæппумæ:

— Цом-ма, нæ лæппу, далæ доныбыл арацу-бацу кæнæм, кæддæра доны рæууон улæфт дæ уæнгты куыд ахъарид, æмæ дын куыд фенцондæр уаид. Уый мæнæ хуыссынæй ныккалдысты дæ уæнгтæ, уый йеддæмæ дæумæ низæй ницы и.

Уæны нæ фæндыд — йæ уæрджытæ йæ быны дыдæгътæ кодтой, æмæ куыд ацыдаид афтæмæй! Гуыбырæй бадт йæ хуыссæны, цыма зæхмæ хъуыста,уый хуызæн. Дзургæ дæр ницы скодта Сатанамæ.

Æмæ та йæм нæуæгæй бахатыд Сатана:

— Мæ сынтыл схæцæд, дæуырдыгæй мæ коммæ чи нæ бакæса. Уæлæ Сырдтыдоны онг ссæудзыстæм, Чысыбын Гæтæджы цæрæнуат кæм уыди, уырдæм. Уым æнахуыр уддзæф змæлы, уд æмæ уонгсыгъдæггæнæн уддзæф. Уый дыл куыддæр сæмбæла, уыцы уддзæф, афтæ дæхи зонгæ дæр нал бакæндзынæ.

Уæн арф ныуулæфыд — уый уалæ кæм æмæ кæм и, Чысыбын, Гæтæджы цæрæнуат! Ныр уырдæм цу, стæй фæстæмæ здæх! Сатанамæ бакасти.

— Афтæ уал хуыссин. Стæй уæдмæ Фарнæг æрцæудзæн цуанæй æмæ саджы игæр æрхæсдзæн. Уымæй ахæрин, стæй уæд ацæуин, чи зоны, Чысыбынмæ.

Фæлæ, Сатана цы сфæнд кодтаид, уый æрдæгыл кæд уагъта! Фестади йæ рæуæг стадæй æмæ йын йæ пысултæ агурыныл фæци къуымты. Уæн æм æнкъардæй касти йæ хуыссæнæй. Стæй æрæджиау бакодта:

— Искуы мæ уæраг куы фæтаса.

— Нæ фæтасдзæн. Уæдæ ма фæтасæд!

Уæнмæ йæ ныхæстæ дæр куыд нæ хъарыдысты Сатанайæн, фæлæ йæ дыууæ даргъ къæлæс æрфыджы кæлæнгæнæджы змæлд кодтой, æмæ растади Уæн. Йæ пысултæ кæнынмæ дæр ын феххуыс кодта Сатана, æмæ-иу ын йæ къух кæдæм бахæццæ Уæнæн, уым-иу йæ уæнгтæ базмæлыдысты, фæйнæрдæм-иу сæ цыдæр хъарм хъыдзыгæнгæ ацыд, æмæ-иу дис бафтыд Уæныл — цы уа уый, цы ацæуа уыцы хъарм уæнгты?

Стæй рахызтысты æддæмæ. Сатана йын рæуæг хæцыд йæ рæмбыныкъæдзыл, æмæ цыди Уæн. Нартыдонмæ ныххæццæ

сты, æмæ Нартыдоны былты уыцы сыгъдæг цъæх-цъæхид нæуыл араст сты уæлæмæ уалæ Сырдтыдоны æрбакæлæнмæ.

Мæнæ уыцы дур. Æмæ йæ зæрдæ ныгуып-ныгуып кодта Сатанайæн, æмæ дзы цыма цæмæйдæр æфсæрмы фæци дурæй, уыйау чъызгæ бахызти йæ цурты. Æмæ уыцы цæстыфæныкъуылд йæ рæзты атахт уыцы бонræфт. Цал хатты ракодта æртыгай мыдамæстытæ уæдæй нырмæ æмæ цал хатты скуывта, уыцы удæхцон ын цы зæдтæ бавзарын кодтой, уыдонмæ...

Уастырджи сæм фездæхт, кæмдæр уыди æмæ йæ фæндаг уыдоныл ракодта. Сатана сын Уырызмæгимæ кæрты фынг авæрдта. Уыдон нæма 'рбадтысты фынгыл, афтæ Уастырджийы бæх фæкъæйтæн. Уырызмæджы урс куырæтæй ницуал фæзынди — уыцы цъæх-цъæхид пырхæнты бын фæци 'гасæй куырæт. Йæхи разкъæрттыл дæр дзы абадтытæ кодта Сатанайæн. Фæлæ диссаг — Уастырджийы урс цухъхъамæ дзы иу куыд нæ фæхæццæ уыцы стъæлфæнтæй! Ноджы цыдæр æнахуыр парахат худт кодта Уастырджи, цыма фыдæнæн афтæ худти, уыйау йæ урс-урсид даргъ дæндæгтæн сæ рæбынтæ дæр разындысты суанг. Сатана лæгты фынгыл бадгæ фæуагъта, æхсинæгтæ рамбырд кодта 'мæ ам æрбамидæг, ацы дуры дæллагхъуыр. Уый та уартæ уыцы ран бадти нæууыл, донæн йæ фаллаг фарс, сæ фыййау нартæн — йæ хойы лæппу уыди Уастырджийæн Нарты фыййау. Афтæмæй сæ фосæн сæ кой дæр никуы уыд ам. Уæд уый цæмæн бадт уым уыцы бонræфты?! Бадти фыййау, æмæ йе ставд тымбыл бæрзæй уыцы растæй лæууыд йæ фæтæн уæхсчытыл. Сатана йæ тæнæг пæлæз феппæрста дуры дæллагхъуыр, иннæ акодта. Фæлæ, цалынмæ иннæ кодта, уæдмæ йын фыййау йæ уæраджы сæртæ ауыдта уыцы урс-урсидæй æмæ мæт-мæрдтытæ кæнын байдыдта. Уысмæн дæлгом кодта, уысмæн-уæлгом. Сатана Уырызмæджы куырæт æхсадта, фæлæ йæ цæсты кæронæй уæгъд нæ уагъта фыййауы æмæ ныррызти Сатана, æмæ йæ улæфт улæфты æййафын байдыдта. Æмæ ма йæ гыццыл бахъуыди, æрхауа, уымæ, хæрз гыццыл. Стæй бамбæрста — йæ уæрджытæмбæрзæн æй ласын бахъуыд, архайын дзы нал арæхст, хъыг æй дардта. Æмæ йæм февнæлдта, уæлæфтауы мидæг фæтъыста йæ къух, фелвæста йæ æмæ йæ дурмæ баппæрста, ныртæккæ йæ куыд ахса, афтæ. Бакасти та йæ цæсты кæронæй фыййаумæ — уый араст æмæ 'нæзмæлгæ хуыссыди. «Афынæй» — загъта йæхицæн Сатана, йæ уæлæфтау фелвæста йæ уæхсчытæй, йæ уæраджы сæртæм доны балæгæрста, йæ

уæлæ скалдта дон æмæ доны фæлхъæзæнтæ налхъуыт-налмасы фæрдгуытау схъазыдысты йæ урс-урсид уæраджы сæртыл. Æмæ та ныззылди фыййау, удисæджы рафт-бафт та йыл бафтыд. Сатана йæ ауыдта уыцы тæрк змæлдгæнгæ, донæй расæррæтт ласта, йæ пæлæзы йæ цæнгтæ атъыста, æхсад дзаумæттæм фæлæбурдта 'мæ згъорынмæ фæци. Фыййау сыстад, доны æрбалæгæрста, дурмæ бацыд æмæ Сатанайы уæрджытæмбæрзæныл йæхи бауагъта дурмæ æмæ ныссабыр.

Сатана ма иу каст фæкодта куыройы фæзилæнæй. Фыййауы ауыдта, базыдта йæ, йæ уæрджытæмбæрзæн дурыл айрох, æмæ йæ зæнгтæ фæдыдагъ сты йæ быны. Сæхимæ ма тыххæй бафæрæзта.

Дур сус дур уыд, æмæ йæ бамбæрста Сатана — æнæ бауддзыд ын нæй.

Фараст мæйы фæстæ йæ куы ныкъкъкæртт кодтой дуры æмæ йын йæ хуылфæй Сосланы куы систой, уæдæй фæстæмæ сæрд тæвд нал кодта дур, зымæг уазал æмæ йæ зæрдæ æхсайдта Сатанайæн — цыдæр ма дзы баззади дуры, уд дзы нал равзæрдзæн, фæлæ ма дзы исты бафтдзæн удыл.

Сырдтыдон Нартыдонимæ кæм иу кодта, сæ гуылфæнтæ кæрæдзийы кæм скъуырдтой, кæм схъуырæй-хъуырмæ сты, æмæ сæ иумæйаг гуылф йе 'хсидынæй кæм нал æнцади, уырдæм хæстæг бакодта Сатана Уæны æмæ уым æрлæууыдысты. Сæ фæллад æрцæуыны бæрц куы алæууыдысты, уæд бамбæрста Уæн — улæфын ын бирæ фенцондæр. Гуылф змæлыди, фыхти, схъиудта, æмæ-иу сыл йæ уддзæфимæ йæ сыг дæр æрбаулæфыд æмæ сæ цæсгæмттыл æрбадти сыг, цыма сурхид ракодтой сæ цæсгæмттæ.

Сатана-иу куы сусæгæй базылдта йæ цæстытæ лæппумæ, куы — æргомæй: куыд у? Уæн лæууыд, йæ фындзы фæрстæ айтынг сты æмæ æддæмæ-мидæмæ кодтой, йе 'рфгуытæ дзæбæх ахæцыдысты сæхиуыл фæйнæрдæм, уæлдæр систой сæхи, йæ цæстытæ сæ къуырфыты дзаг баисты, афтæмæй касти уартæ гуылфы фыцæнмæ. Фыхти гуылф, йæ тæф йæ сæрмæ стад æмæ рæбынæй Сырдты комырдыгæй цы уддзæф цыд, уый йæ комкоммæ уыдонмæ хаста. Сатанайы уæнгтыл лыстæг ризæг фæзынд æмæ бамбæрста — фаг у. Уæны цонгмæ бавнæлдта æмæ сæ фæд-фæд рараст сты сæ тавицы цыдæй. Дурмæ куы рахæццæ сты, уæд æрлæууыд Сатана.

— Мæнæ ма ацы дурыл гыццыл абадæм, аулæфæм ыл, —

йæ тъæпæн арм аваердта дурыл æмæ йыл йæ даргъ æнгуылдзтæ аныхæстысты хуры тынтау. — Ай хорз дур у, сус дур, мидæгæй дзы хъарм и, арф кæмдæр, мады гуыбыны цы хъарм и, ахæм хъарм. Æмæ йыл абадæм. Бадгæ нæ, фæлæ йыл хуысгæ æркæн, хуысгæ.

Уæнæн улæфын бирæ фенцондæр и, фæлæ йæ уæддæр зæхх йæхимæ ласта, æмæ сразы ис Сатанайы ныхасыл — схызти уæззау-уæззау дурмæ æмæ йыл уым, хурварс хъæбысгонд цы лæнкау уыди дурыл, уым дæлгоммæ ауагъта йæхи. Уайтагъд бафиппайдта, йæ буары дыууæ хъармы кæрæдзимæ куыд фæцæйцыдысты — хуры хъарм æмæ дуры хъарм. Æмæ йын æнахуыр æхсызгон фæцагайдта йæ зæрдæ — нырмæ никуы бафиппайдта ахæм æхсызгон. Куыд афынæй и, уый зонгæ дæр нæ бакодта.

Уæд Сатана дæр схызти дурмæ æмæ Уæны фарсмæ æрбадт. Хъæлдзæг уыд — Уæнмæ кæдæй нырмæ æхсайдта йæ зæрдæ, æмæ кæд мæнæ фервæзид. Уддзыд чи у, æмæ уд кæй хуылфы равзæрд, уый удыл куыд нæ фæхæцдзæн! Æмæ та-иу доны сæрты акаст уартæ доны фаллаг фарсмæ — уæд, уыцы фæлдурæджджын бон сæ фыййау мæт-мæрдтытæ кæм кодта, уыцы ранмæ, æмæ хъуыды кодта кæмдæр мидæгæй — сусæг хъуыды — Хуыцау ма бирæ нæ, фæлæ иу ахæм бонræфт куы радтид! Æмæ кæмдæр сусæгæй йæхи фарста: цымæ, цы фæци уыцы мæлинаг лæппу стæй? Хæрзаг дзы удæй-удмæ, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ракодтаид, ахæм тыр райгуырдаид. Дуры хуылфæй ахæм кæмæй райгуырд! Уыцы тымбыл бæрзæйыл дæ дыууæ цонджы æртух... Сатана арф ныуулæфыд. Цы кæстытæ-иу æм æрбакодта доны сæрты, стæй-иу удисæджы хæлбурцъ куыд систа! Уæд æм хæлбурцъ кæныны бæсты доны куы 'рбараст уыдаид. Цы ма хъуамæ фæуыдаид уыцы гом-æгæрцæй! Ацы дур сæ бамбæхстаид йæ хъæбысы адæмы цæстæй. Афтæ сæ бамбæхстаид æмæ хуыздæр нæ хъуыди. Стæй йæ йæхинымæр ралгъыста: «Гъæ, дæ зынджыхуыстмæ дын æртымбыл уой дæ хъæубæстæ!» Æмæ та арф ныуулæфыд. Нæ йæм æрбахаста йæ ныфс. Æмæ йæм цымæ цæмæннæ æрбахаста йæ ныфс? Зæххæн зæххон куы уыд, арвæн — æрвон?!

Æмæ ныссабыр Сатана, цыма уый дæр Уæнау фынæй баци, уый хуызæн. Бадти æмæ йæ хъуыды сындæг-сындæг сæ фыййауæй сæ айгуынон уазæгмæ рахызт. Дзæбæх лæппу, хæрз дзæбæх. Йæ тымбыл цæстытæй цыма дыууæ хуры касти лæгмæ.

Иннæ ахæм уыцы бахудт! Æмæ йыл фидаугæ кодта, фидаугæ! Хуссарыл рагуалдзæджы хурæрбакаст куыд фидауа, раст афтæ. Цыдæр сыгъдæг æфсарм, цыдæр тавиц ыл ахста цæст æмæ дзы зæрдæйы куыст хæлди.

Уæд æм хистæртæ нуазæн авæрдтой æмæ йæм уæле, фынджы сæрæй радзырдта Хуро:

— Дæ лæджыгъæд хуыздæр фæуæд, æмæ дæ стыр Хуыцау тыхджындæр æмæ нывджындæр скæнæд ноджы! Фæндаггонæн баххуыс удыбæстæ у, ахæм фæндаггон дыл макуы сæмбæлæд, де 'ххуыс кæй бахъæуа, æмæ баххуыс дæ бон кæмæн нæ бауа!

Лæууыд æд нуазæн — бæрзонд æмæ рæсугъд æмæ сæм бадзырдта хистæртæм:

— Хатыр уæ курын, хистæртæ! Мæ зæгъинаг æнæ загъдæй куыд фæхæссон! Зæгъинаг загъд куы нæ цæуа, уæд зæгъинаг нал уыдзæн зæххыл. Мæнæн æфсымæр нæй, нæ мын рацыди мадызæнæг æфсымæр. Иунæгæй цæуын адæмы 'хсæн, иунæгæй зилын сырдты фæдыл, æмæ ныры онг никуы 'рæфтыди мæ хъуыдыйы, æфсымæр мын нæй, уый. Ныр ацы фæндагыл банкъардтон, нарты фæндагыл: æфсымæр мын нæй æмæ мæ тынг хъæуы æфсымæр. Æмæ ам ацырдæм æфсымæры цинтæ кæмæй фæистон, тæхуды уый мæ æфсымæрæн куы уаид!

Фынг сындæггай басабыр, хъыпп-сыпп нал цыд къуымтæй дæр æмæ, хæстæг чи бадти, уыдон кæрæдзимæ бакæс-бакæс кодтой — уанцон сабыр нæу! Нарты фынг уа æмæ афтæ сабыр бауа!

Æмæ сыстад фынджы дæллаг кæронæй Фарнæг, йæ уæнгтыл ахæцыд фæйнæрдæм, айтынг сты йæ уæнгтæ, æмæ йæм фынджы сæрæй радзырдта Хуро:

— Хæстæгдæр рацу уазæгмæ!

Ссыди фынджы фæрсты Фарнæг, йæ фарсмæ балæууыд Арцийæн. Æмæ йæм хистæртæ ралæвæрдтой уымæ дæр нуазæн.

Лæууыдысты фæрсæй-фæрстæм бæрзонд, фæтæнуæхск, ставдбæрзæй лæппутæ, иу æфсондзыл ифтыгъд дыууæ къобор галау фидыдтой иумæ раст. Æмæ йæ нуазæныл схæцыди Фарнæг.

— Фæндаджы зынæй нæй зæххыл зындæр зын. Фæлæ æз амонджын дæн — æз дзы ссардтон цин мæ фæндаджы зыны. Æмæ тæрсын: ныр дæр-иу уыцы цин куы агурон мæ фæндæгтыл æмæ йæ куы нæ арон. Мæ ныхас цъус тæнзæрдæйы ныхас у — уый хатын. Фæлæ æнæуи раст у, уæ разы мах дыууæ стæм,

уый куыд раст у, афтæ. — Æмæ æрлæууыди йæ ныхасæй Фарнæг. Лæууыд Арци дæр. Стæй сæм цыма исчи бадзырдта, афтæ сæ кæрæдзимæ се 'ргæмттæ азылдтой — æмзылд, сæ кæрæдзийы уæхсчытæм сæ фæйнæ къухы систой æмæ сæ нуазæнтæ кæрæдзийы дзыхтыл сдардтой. Æрдджыты онг сæ бадардтой кæрæдзийæн, иннæ æрдджытæ баныстой сæхæдæг.

Уæд сын сæ цæрæнбонты рæгъ рауагъта Хуро — кæрæдзийæн æфсымæртæн куыд бæззой, æмæ та нызмæлыд фынг.

Бадти æдзæмæй Сатана — ма райхъал уа Уæн, кæд фылдæр афынæй кæнид, кæд фылдæр хъарм бахъарид йæ уæнгтæм, æмæ ма кæд сæндидзид, мæгуырæг. Æмæ та-иу ыл йæ цæстытæ æрхаста. Хуыссыд дæлгоммæ Уæн æмæ уæззау улæфыд, цыма дуры хуылфæй улæфыд, цы улæфыди, уый, йæ тæнæг фæсонтæиу сындæггай систой сæхи хæрдмæ æмæ та-иу сындæггай æрцыдысты дæлæмæ.

Æрæджиау йæ хъуыдыйы æрæфтыди Уæрхтæнæг: мæрдты дзы стæгдар нал и, афтæ 'нхъæлдтой нартæ, æмæ дын уый та — уый! Æрбараст и 'мæ 'рбацæуы. Лæг нал уыд, баззади ма дзы быдыргъ, уæддæр цыди. Уæд æй цы тых слæууын кодта йæ къахыл! Кæд ын нарты зæхх фæфидар кодта йæ уæраджы барц? Цыди, йæ бæгъæввад къæхтæ фæлмæн æвæрдта зæххыл, цыма риссынæй тарст зæххæн. Йæ пысултæ ныппискъуылтæ сты 'мæ фæйнæрдæм зæу-зæу кодтой. Йæ цæсгомæй ницы зынди хъуынæй, æрмæст ма кæцæйдæр арфæй йæ цæстытæ æрттывтой.

Æртæ Нартæй къахылдзæуæг нал баззад фæсте, рагуылф кодтой Борæты хъугоммæ, фæлæ-иу Уæрхтæнæджы куы федтой, уæд-иу фæндаджы былмæ байстой сæхи, сæ цæстытыл не 'ууæндыдысты, 'мæ сæ цæстыты уæлтъыфæлттæ æртъæппæртъæпп кодтой. Сывæллæттæ стырты фæстæ 'мбæхстысты, афтæмæй дзы сæ цæстытæ нæ истой. Уæрхтæнæг цыд, цыма, бирæ азты ам кæй нæ уыд, уый тыххæй сын æвдыста йæхи — ракæсут мæм, мæнæ цы хуызæн сдæн æцæгælон зæххыл! Æмæ йæм фæндагæн йæ дыууæ фарс, кæрæдзимæ æнгом лæууыдысты, афтæмæй кастысты нартæ. Йæ размæ дæр сæ ничи хызт фæндагмæ, йæ къух дæр ын сæ ничи иста. Кастысты йæм. Уый цыди.

Уыцы изæр ын куывд акодтой, стыр куывд нæ — æрмæст Уæллагхъæуы фаг куывд. Уæрхтæнæг дзы нæ уыд йæхæдæг куывды. Нагъы арынджы йæ цынадтой læппутæ, йæ сæр ын

ныддастой, йæ уадулты хил ын æрцыбыртæ кодтой. Уый фæстæ иу сыкъа ронг баныз та æмæ хуыссæн бацагуырдта.

Уæле, Сырдтыдоны донхæрд былтыл цы кæркмисындзæджы къутæртæ зад, уыдоны фæстæ фæзынд Сырдоны сæр. Йæ нымæтхуды тæрттæ дыууæрдыгæй дæр уыдысты йæ худы мидæг тъыст, æмæ худ размæ дæр цыргъæй баззади 'мæ фæстæмæ дæр. Æнæуи дæр цыргъдзæсгом уыд Сырдон, цæугæ таræуæг цыд кодта, йæ алы къахдзæф дæр — пæрræст, æмæ афтæ зынд, цыма æндæрбæстаг стыр дыгоппон æрбацæйгæппытæ кодта къутæры сæрты.

Сатанайæн æхсызгон нæ уыд, Сырдон æй ам бадгæ кæй æрбайййæфта ацы дурыл, уый, фæлæ йын гæнæн нал уыд æмæ бадти.

Уæдмæ къутæртæ фæтæнæг сты, æмæ Сырдон æгасæй дæр разынд. Йæ куырæт йæ уæлæ карст нæ уыд — кæнæ йын æй нарты хъалтæй исчи радта, куы фæзæронд и куырæт, уæд, кæнæ та йын йæ фыдæй баззад; лæджыхъæдæй цух уыди Гæтæг, уый йеддæмæ асæй æххæст уыд. Йæ къæхтыл уыд къогъодзитæ Сырдонæн, æмæ сæ хуылфæй сæ фадхос уыцы къæбæлдзыгæй зынд, цыма йæ къæхтыл уæлдзарм тыхт уыд, æмæ йыл, цъындатæ кæй нæ уыди, уый нæ зынд, кæд ын йæ хæлаф цыбырад кодта, уæддæр.

— Цы бадт фидыс, мæ уд, уый дуры цъуппыл? — йæ сенкцыд гæзæмæ фæсабыр и Сырдонæн.

Сатана йæхиуыл схæцыд, фæлæ стгæ не скодта, ома уæддæр цæугæ кæны 'мæ уадз æмæ ацæуа, æмæ йæм афтæмæй æрдзырдта уæле:

— Бадын мын хæлæг кæныс?

— Гъеуый та сæ кæцы ныддæргъ ис дæ фарсмæ? — цæхгæр фæлæууыди йæ цæуынæй Сырдон.

— Мæнæ Борæты рынчын лæппу у.

— Æмæ йæ фынæй ардæм æрхаста, кæд Борæты рынчын лæппу у, уæд, ацы сыгъдоны дурмæ?

— Афынæй и. Никуы ничи афынæй вæййы? — Дуры кой барæй ницы скодта Сатана — æмбæрста Сырдоны дæлгоммæ ныхас.

Сырдон фæд-фæдыл цалдæр хатты скасти Уæнмæ — исчи ма акæсæд амæ дæр, сыдзылбырд дзабыры хуызæн! Сырдоны фæндыр нал бæззы, фæлæ Уæны уыргæфтыды фæндыр! Зарыны æмæ, дам, кафыны фæндыр. Цыма зарæджы фæндыр цæмæн

бахъуыд! Зарын кæмæ цæуа, уый æнæ фæндыр дæр дзæбæх ныззардзæн. Хъарæджы хъæуы фæндыр, хъарæджы! Фæндыр йæ хъузон у хъарæгæн. Æмæ æнæ фæндыр йæ бон нæ цæуы хъарæгæн зæрдæйы хъыг рахæссын, йæ бон нæу, зæрдæ расыгъдæг кæна, уый.

— Афынæй! — загъта хъæрæй Сырдон бустæгæнæджы хъæлæсæй. — Æмæ йын ды та дыджызæ дæ?

— Уæй, иунæгæй йæ куыд ныууадзон рынчын лæппуйы? — бабустæ кодта Сатана. — Цыдæр хынцфарст та дæ!

— Хынцфарст нæ, фæлæ ацы дур куы нæ сфæлдыстаид Хуыцау æмæ фæлтау æппын куы ницы сфæлдыстаид! — фергом кодта йæ зæрдæйыуаг Сырдон.

— Æгæр дзæбæх дур кæй у, уый тыххæй! — мæстæймарæн худт бакодта Сатана, æмæ йæ урс дæндæгтæ ферттывтой йæ пух былты 'хсæн.

— Дæуæн, бæгуыдæр, хорз у! Ма дæ синтæ фæриссой, ма æндæр, афтæмæй... æппын Уырызмæг зынæг нæма и? — цæхгæр фæзылдта йæ ныхас Сырдон.

— Кæм и! Нæй, — йæ разкъæртт къабайы фæдджитæ йæ уæрджыты сæртæм æрбайста Сатана.

— Йе 'мгъуыдæй ма бирæ и?

— Бирæ йын дзы бæргæ нал и.

— Зындзæн, цæмæй йын тæрсыс, — афтæ, дзырдæй 'нæ дзырды 'хсæн дзурæгау бакодта Сырдон, йæхимидæг та афтæ загъта йæхицæн: — Кæмдæр та йæ дæндаг цæуылдæр фæхæцыд, æндæр æз цы Уырызмæджы зонын, уымæн афонмæ йæ тъæпп ам фæцыдаид.

— Æмæ ныр кæй онг цæуыс? — цæмæй йын, кæдæмдæр кæй фæцæйцыд, уый йæ зæрдыл æрлæууын кæна, уый тыххæй бафарста Сатана.

— Дæлæ Уæрхтæнæгимæ абадон. Мæнæ йын иугыццыл сæдгæрысыф хæссын. Йæ цæстытыл фæлм бады, æмæ йын сæ кæд сæдгæрысыфы дон расыгъдæг кæнид.

— Æмæ дæм куы ницы зыны.

— Мæнæ мæ роны и, — Сырдон йæ куырæты тары йæ къух атъыста æмæ йæ дæларм аныхта. Стæй ацыди Сырдон. Сатана йæ фæстæ нæ азылд, афтæмæй уыдта, йæ ауон йæ фæстæ уыцы сенкцыдæй куыд фæцæйцыди, уый.

Уæн хуыссыд, йæ цæнгтыл фæйнæрдæм ахæцыд, йæ уадулы хъæбæр дурмæ ныххаста. «Дур ын йæ уадул куы бафхæла»,

— ахъуыды кодта Сатана, стæй йæ къабайы тарæй йæ риуæмбæрзæн фелвæста æмæ, куыд нæ райхъал уа лæппу, афтæ йын æй йæ уадулы бын бакодта. Ныр кæд фервæзид йæ низæй, хъуыды кодта Сатана. Куыд æй нылхъывта йæхимæ ацы фыдбылызы дур! Стæй æнæуи дæр базмæлдзæн йæ туг. Сылгоймаджы баныдзæвыд æмбарын байдайдзæни ныр. Уый йеддæмæ, сылыстæджы улæфт кæмæ нæ хъара, уымæй лæг пайда нæй. Йæ фæндырдзагъд дæр æмбæлгæ кæны зæрдæйыл, фæлæ йæ агайгæ нæ кæны. Сылыстæджы улæфт нæ хъуысы йæ фæндырæй, сылыстæджы сагъæс ын дзы нæй йæ цагъды.

Уæле Сынтбадæн рагъыл чидæр тæссармæ æрбараст, йæ разæй, уæгъд æппæрст бæндæнау цы зæронд фæндаг æрбадаргъ, ууыл. Сатана йæ уæгъд нал уагъта — чи уа? Цуаны чи уыд, ахæм исчи уыдзæн æмæ, æммыст, Фарнæг разынид. Чи зоны, саг амардта, æмæ йын уæд йæ игæрæй ахæрид Уæн. Ацы адджын фынæйы фæстæ йæм хæрын ма 'рцæуа, уый гæнæн нæй.

Лæг Дымгæджын æрдузмæ æрбахæццæ, афтæ æрхæй йæ размæ суади иу бæхджын. Куы баиу сты, уæд барæг бæхæй æргæпп ласта, гыццыл алæууыдысты, стæй лæг йе 'ргъом, бæхæй чи æрхызт, уый уæхсчытæм баргъæвта, йæхæдæг бæхыл абадт æмæ фæстæмæ аздæхт. Уайтагъд фæауыон рагъы фæстæ. Фистæг ныхыл фæуырдыг кодта. Лæппу уыд, уый уайтагъд базыдта Сатана йе змæлдæй, фæлæ, кæй лæппу уыд, цы хаста йе рагъыл? Уæдмæ уый уырдыджы дугъ рауагъта. Сатана фестади æмæ лæугæйæ баззади дурыл. Лæппу згъордта — æгæр уырдыг кæм уыд, уым-иу фæтæссар кодта, уыйбæрц уырдыг кæм нæ уыд, уым-иу æмраст фæцарæзта йæхи. Хиды хъусмæ куы 'рхæццæ, уæд лæугæйæ аззад — уæлæ Сатана лæууы дурыл, йæ бынмæ дурыл иу чидæр хуыссы! Сатана йæ базыдта — Елтагъан, далæ Алæгаты сидзæр лæппу. Æмæ йæм бахудт. Æмæ йæм бахудт Елтагъан дæр. Стæй йе 'ргъом бараст кодта йæ уæхскыл æмæ йæм бацыд.

— Ныр дын цы хуызæн дугъ уыди уый уыцы уырдыджы, агъæца. Уæд та дæ рахаста де 'ргъом æмæ де знаг исты знаггад ракодта йæхицæн уыцы дурджыны! — æрдзырдта йæм Сатана.

— Æргъом уыд ме 'ккой, уый мæ ферох, — худы Елтагъан. Йæ уадултæ сырх пиллон уагътой, уæддæр сæ бæстастæуты дæргъæццон дзыхъхъытæ куыд абадт уадултæн, уый дзæбæх ацахстой Сатанайы цæстытæ.

— Гъеуый Фарнæг нæ уыди, нæ?

Æмæ йæм дзуры уыцы худæндзастæй Елтагъан:

— Уый Фарнæг уыди, æмæ йын мæ бæх радтон, æз та Елтагъан дæн æмæ йын йе'ргъом рахастон. — Æмæ та йæм хæрдмæ скасти Сатанамæ лæппу. Сатана бæрзонд лæууыди дуры хуссарварс, уддзæф ын йæ кæлмæрзæны кæрæттæ 'мæ къабайы фæдджитыл схæцыди æмæ йæм зæды хуызæн фæзынди Елтагъанмæ — цыма уæларвæй 'ртахти уалæ, цæмæй слæууа ацы дурыл æмæ сфидауа дур æмæ сфидауа Нартыбæстæ 'гасæй.

— Æмæ ма кæдæм фæцæуы уæд Фарнæг?

— Йæ саджысæр кæмдæр ныууагъта уым. Нæ йæ рафæрæзта 'ккойæ, — дзуры йæм уæлæмæ дурмæ Елтагъан æмæ цин кæны Сатанаимæ кæй ныхас кæны, ууыл, æмæ хъуыды кæны — афæрсдзæни ма йæ истæмæй? Куы ма йæ афæрсид! Фæлæ йæ нал бафарста Сатана, æмæ уæд йæхæдæг бафарста Елтагъан, Уæнмæ йæ къух бадардта, афтæмæй.

— Уый Уæн нæу де 'ддæ? Æмæ ам цы аразы, кæд Уæн у, уæд?

— Уæн бæргæ у. Уæлæ йæ уырдæм бакодтон дыууæ доны фыцæнмæ, кæд ын йæ пырхæнты улæфт исты фехъуыс уаид, æмæ мын ам æрфынæй дурыл. Æппын йæ сæрæн нæу, æмæ йæм сымахæй дæр ничи æрдары йæ хъус.

Елтагъан йæ сынæг дурмæ бахаста æмæ йæ къæсса 'руагъта йæ кæрон дурæн, йæ фарсмæ та йын йæ хордзентæ æрæвæрдта Фарнæгæн.

Сатана дур-дур æруади къæссамæ.

— Уæдæ дзы игæр ма уа, кæд саг амардта Фарнæг уæд?

Елтагъан йæ къухтæ атъыста къæссайы, ацагуырдта дзы æмæ игæр зæрдæимæ иумæхæстæй сласта къæссайæ.

— Гъæ, хуыздæр фæуай! — ныццин кодта Сатана. — Æрдæбон ма мын хæдзары дæр игæры кой кодта. Кæд, дам, саджы игæр æрхæссид Фарнæг. Æммыст ныр — арт, æмæ йын дзы йæ рабадынмæ иу кæрдих афизонæг кæн!

— Ацы тæккæ уыдзæни арт! — бацин кодта Елтагъан æмæ йæ худгæ цæстытæй йæ тугæйдзаг къухтæм кæсы.

— Æри-ма, дæ дыстæ дын басчъил кæнон, — зæхмæ 'рхызт Сатана æмæ йæ урс-урсид даргъ æнгуылдзтæй йæ дысалгъмæ æрæвнæлдта Елтагъанæн. Касти Елтагъан уыцы даргъ æнгуылдзтæм æмæ йæм, йæ зæрдæ куыд гуып-гуыпп кодта, уый хъуысти æмæ йын æхсызгон уыди, йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп æм кæй хъуысти, уый. Йæ уæллаг был-иу цыдæр æхсызгон

змæлд бакодта, цыма ныртæккæ йæ бынæй исты хъæлдзæг ныхас сыхъуысдзæн. Сатана йæ цæсты тигъæй уыдта, лæппуйы был куыд змæлыди, уый, хатыдта, цæмæн змæлы, уый дæр, æмæ йын ноджы æргомдæр æвнæлдта йæ дыстæм. Уыдта, лæппуйы былы сæрмæ уыцы бурбын фæлмæн хъуын куыд ныффæлдæхти, æмæ хъуыды кодта — рæсугъд рихитæ йын уыдзæн ацы лæггагæн бæгуы. Стæй æнæуи дæр хорз лæггаг у.

Йæ дыстæ йын йæ рæмбыныкъæдзтæм куы басчъил кодта Сатана, уæд ма йын йæ гом цæнгтыл йæ æрмттæ иухатт æруагъта, цыма афтæ æнæуи æмæ аздæхт Уæнмæ.

Елтагъан Фарнæджы хордзенæй æрцъыккæхсон, кард æмæ цæхххы æрмæфтау систа, дурыл сæ рæгъ-рæгъы æрæвæрдта. Гыццыл фæстæдæр арты æвзæгтæ дуры фарсыл уæлæмæ сæвнал-сæвнал райдыдтой.

* * *

Сечъылæгæты сæр, лæзгъæры рæбын саг амардта Фарнæг. Саг стыр нæ уыди, саг цы вæййы, уый уыди. Фæлæ — йæ сыкъатæ! Фæйнæрдæм ныппакка сты, афтæмæй фæцыдысты хæрдмæ, æмæ сыл цæстытæ ирвæзтытæ кодтой. Урс-урсид — æнæуд урс нæ, фидар урс, мæстæг урс æмæ афтæмæй сыгъдæг, цыма сæ дзуарыбынæй рахаста йæ сæрыл саг. Æмæ сæм бавнæлдта Фарнæг — сыкъатæ уыдысты лæгъз, къух сыл нæ хæцыди. Йæ зæрдыл æрбалæууыд сæ сыхаг цуанон Дургомы ус Нæлсыппайы ныхас. Кæимæдæр лæууыди уынджы устытæй Нæлсыппа æмæ хъæрæй дзырдта:

— Уый цардæй, бирæ нæ, фæлæ афæдз куы ацæрин, уæд сагау сытæ суадзин.

Цыма хорз цардæй æрзайынц саджы сыкъатæ! Цыма саг хуыздæр цæры иннæ сырдтæй, йе йын æнцондæр у! Æмæ ацы сыкъатæ рахæсс-бахæсс йæхæдæг уды хъизæмар куы у! Йæ зæрдæйы фæндиаг ын алидзæн дæр куы нæ и. Æмæ йæ иу хъæдбын исты тугдзых сырд куы расуры, уæд, хæрзаг, Хуыцауыл йæ тæригъæд схъары, уыцы сыкъатæ йыл кæй æрзайын кодта, уый тыххæй. Ахсгæ дæр æй йæ сыкъаты тыххæй æркæнынц тугдзыхтæ. Сыгъдæг æмæ йын лæгъз дæр уымæн сты йæ сыкъатæ æмæ, йæ удæн куы фæтæрсы, уæд сæ йæ разæй ахæссы цъыхырытыл æмæ хæмпæлтыл хафгæ. Зындард кæй сты, рæсугъд дæр уымæн сты. Уыдон баст сты кæрæдзийыл — рæсугъд æмæ зындард. Уый æрдзы фæтк у.

Æрæджиау æм иу хъуыды фæзынд — куыд ахæсдзæни ацы сæр уыцы пыхс сыкъатимæ? Фæразгæ йæ акæнид, фæлæ уæд фыдызгъæл ам зайы æмæ йæм цæмæ скæсдзæн Уæн? Уыцы хъуыдымæ куы æрхæццæ, уæд февнæлдта æмæ кусарты кой кæнын байдыдта. Стыгъта саджы æмæ та-иу бакаст сыкъатæм — кæм сæ бакæндзæн? Æмæ сæ иу афон ауыдта — уартæ Уæны хуыссæны сæр лæууынц уыцы урс-урсид пыхсæй. Æмæ бацин кодта Фарнæг: йæ фæндыр дæр-иу сыл æрцауындздзæни Уæн — саджысыкъатæй хуыздæр цæуыл æрцауындздзæни лæг йæ фæндыр!

Саг стыгъд фæци, суæнгтæ йæ кодта æмæ фыдызгъæл къæссамæ сæвгæдта. Уый фæстæ сæры уæлхъус æрлæууыд — афтæ уадзæн ын нæй, исты йæм куы бавнæла, уæд æнæзæрдæмæдзæугæ кæнынц уый хуызæн сыкъатæ. Гыццыл алæууыд æмæ, йæ рахиз фарс цы тæгæр бæлас уыд, уымæ скаст хæрдмæ. Стæй йæ хордзенæй гæрзбæндæн систа, йæ иу кæрон ын сыкъатыл фæхæцын кодта, иннæ кæрон бæласы бинаг къалиуы сæрты аппæрста, дæлæмæ æрхæцыд уыцы кæроныл, æмæ саджысæр ауыгъдæй аззади. Раст цыма къулыл конд уыди, афтæ фидыдта ауыгъдæй. Фарнæг бæндæн бæласы зæнгыл æртыхта, балхынцъ æй кодта, иухатт ма скасти саджысæрмæ 'мæ раккой кодта къæсса.

Дымгæджыны Елтагъаны куы суыдта, уæд фæфæнд кодта: фæстæмæ аздæха бæхыл æмæ саджысæр рахæсса, йæ къæсса Елтагъанæн арвита хъæумæ.

Бæх Сечъылæгæты раз фæзы ныууагъта, йæхæдæг фæхæрд кодта фистæгæй. Бæласы бынмæ куыддæр схæццæ æмæ бæндæн халынмæ бавнæлдта, афтæ — къæрцц. Гыццылтæ къæрцц нæ — ахъаззаджы къæрцц. Æмæ фестъæлфыд Фарнæг. Цы уыди, уый нæма 'рцахста йæ зонд, афтæ ауыдта — бæласæй иу-цалдæр къахдзæф æддæдæр нæудзары тæссармæ сагъдæй аззади кæйдæр фат — нырма йæ сонт рызтæй нæма банцади фат. Иу хъуыддаг бамбæрста Фарнæг: уырдæм не 'хстæуыди, дарддæр æхстæуыди уырдыгæй, уырдæм æнæбары фездæхти фат, скасти саджысæрмæ — уый уæззау хъеллау кодта. Уæдæ йæ уый фездæхта зæхмæ, уый, саджысæр!

Лæууыд Фарнæг æмæ иу каст фатмæ кодта, иу — саджысæрмæ. Кæй фат уа æмæ дзы кæй æхстæуыд? Æддæдæр былгæрон иу тымбыл обау уыд, къутæрты астæуæй лæгуын сæры хуызæн зынд. Фарнæг æм балæгæрста цъыхырыты, слæууыд

ыл æмæ фæйнæрдæм кæсынтæ систа. Фæлæ нæдæр уæлдай змæлæгыл æрхæцыди йæ цæст, нæдæр уæлдай уынæр æрцахста йæ хъус. Аздæхон куыд загъта, афтæ йæ сæрыхъуынтæ ныддыз-дыз кодтой, арц сбадтысты худы мидæг сæрыхъуынтæ, сæвнæлдта йæ худмæ йæ дыууæ къухæй, арфдæр æй æркодта йæ сæрыл. Къухтæ уым аззадысты худы уæлæ — йæ акомкоммæ, æрхæн уыцы фарс цы къутæрджын рагъ уыд, ууыл тæссармæ фæцæйцыдысты уыцы азырон бæхджынтæ: сæ иу — разæй, иннæ фæсте. Раззаджы сæрмæ афтид дыстау фæстæмæ нытты нг сты басылыхъхъы хъустæ. Фарнæджы цæстытыл фæлм абадти, басылыхъхъ дæр-иу нал ауыдта, бæхджынты дæр. Йæ уæларм сыл куы æруадзид йæ цæстытыл, фæлæ къухтæ худыл баззадысты, æмæ сæ æриса, уымæ нал арæхсти.

Афтæ лæууыди æмæ йæ худыл хæцыди йæ дыууæ къухæй.

Уæдæ уыдоны æхстæуыд, уыдоны! Сыфтæртæй нæ федта саджысæр фатæхсæг. Сыфтæрты мæнджы кæд агæпп кæнид фат — ууыл йæ зæрдæ дардта. Æмæ æрфæндыд Фарнæджы — асур бæхджынты, баййаф сæ æмæ семæ цæуынтæ байдай уыцы фыдгæнæджы агурæг — фыдгæнæджы агурынæй хуыздæр куыст кæм и а дунейы! Фæлæ уый фæндон уыди æрмæст. Æмæ йæ алы фæндон кæд æххæст кодта лæг?!

Барджытæ, рагъыл цы къахыр уыди, ууыл ныххызтысты. Уæддæр ма лæууыди Фарнæг уыцы коса къуыппыл æмæ сæ фæстæ каст йæ фæлмбадт цæстытæй.

Цæуынц раст лæг æмæ зылын лæг царды фæндагыл. Раст лæг раст цæуы, зылын лæг — зылын. Æмæ зылын лæг йæ зылын цыдæй раст лæджы раст цæуын нæ уадзы — кæм ын лыг бакæны йæ фæндаг, кæм ын ыл иуварс анцайы. Уæддæр цæуы раст лæг, раст кæны йæ фæндаг, цæмæй, йæ фæстæ чи рацæуа, уыдон раст фæндагыл цæуой, æмæ фæсте аззайы. Æнæуи дæр раст фæндагыл цæуын зындæр у, зылын фæндагыл цас æнтысы, уый бæрц ыл не 'нтысы. Æмæ сыл чи æмбæлы, уый раздæр зылын лæгыл æмбæлы, фæндаджы хорзæй дæр уый фæрсы, йæ фæстæ ма чи рацæуы, уымæй дæр. Æмæ йын зылын ныхæстæ кæны зылын лæг, — раст ныхас кæнын нæ зоны.

Æмæ цæуынц царды фæндагыл зылын лæг æмæ раст лæг.

Æмæ лæгæрды разæй зылын лæг...

Фæстæмæ куы 'рбаздæхт бæласы бынмæ, æрмæст уæд æриста йæ къухтæ йæ худæй, бæндæн айхæлдта, саджысæр зæхмæ

æруагъта æмæ федта: йæ рахиз цæсты фарс асыгъта сæрæн фат. Сау нуæсæй йыл баззади фаты фæд, æмæ ахъуыды кодта Фарнæг: уæддæр хорз уыди, æмæ ныхмæ комкоммæ нæ бацыди фат — фæйнæрдæм сæ фæхастаид сæрæй-сыкъайæ. Фæлæ уал иу хорзы бацыди а саджысæр: мæгуыр азырон бæхджынты бахызта фыдбылызæй — йæ иу фат куы ныззылд иуварс, уæд иннæ нал фехста. Йæ фæстæ бакодта, сæ тудждыны чи агуры, уыцы бæхджынты. Уымæн æвдисæнæн баззайдзæн, фаты цæф ыл цы гакк ныууагъта, уый. Стæй нырма зылын лæг разæй кæй цæуы царды фæндагыл, уымæн дæр уыдзæн æвдисæн уыцы гакк.

Сæр йæ уæхскмæ куы систа, уæд та нæуæгæй йæ цæстытæ æрхæцыдысты фатыл — уартæ тигъмæ сагъдæй лæууы нæудзары. Исдуг афæнд кодта: бацæуа йæм æд саджы сæр, сласа йæ зæххæй æмæ йæ исчердæм ныззыввытт кæна. Фæлæ йæ йæ зæрдæ нæ хаста, уыцы мæгуыр азырон тæм удхæссæг чи фæцæйтахт, уыцы фатмæ бавнала, уый. Æмæ афтæ сагъдæй баззади фат.

7

Бæхтæ цыдысты сæ иугæндзон цыдæй æмæ се 'лхынцъ къудитæй сæ синты фæлмæнтæ цъыччытæ кодтой. Уæрхтæнæг размæ агуыбыр и саргъыл, цыма саргъыл нæ бадт, фæлæ къонайы фарсмæ ныллæг бандоныл æруагъта йæхи. Бæхыл бадынмæ нал арæхст. Айгуырты уæрмы куы аирвæзт æд бæх, уый фæстæ йæ саргъмæ схизыны бон нал фæци. Æмæ нал сфидыдта бæхыл. Фарнæг йæ фæрсты цыд, йæ цæст-иу ыл æрхаста æмæ та-иу ын фæтæригъæд кодта.

Знон æрхæццæ хабар нартмæ: Уырызмæг гуымирты мæличчы ахæсты фæци. Йæхицæн дзы фосгæс æмæ уынгтæмæрзæг скодта.

Фидиуæг Мæйгæс, йæ уынгæг салбары йæ даргъ зæнгтæ ныттынг сты, йæ цыбыр куырæты фæдджитæ уæлдæфдымстæй баззадысты, йæ нымæтхуд тымбылтыхтæй йæ къухы, афтæмæй æртæ Нартыл æрзылд, кæм-иу дурыл алæууыд уыцы саджилæй, кæм-иу тыппыры сæрмæ сдугъ кодта, æмæ-иу нæргæ ацыди йæ хъæлæс:

— Æхсæртæггаты Уырызмæг гуымирты ахсты бахауд! Стæрхъом чи у — Ныхасмæ рацæуæд.

Уыцы хъæр дзы кæцæй цыд — стыр диссаг уыди. Æнæуи

бæрзонд уыди бæргæ, фæлæ — тæнджытæарæзт, даргъ къубал... Афтæмæй-иу йæ хъæлæс нæргæ ахаста йæхи.

Ныхасы къух бакæнæн нал уыд, — афтæмæй нырхуым, ныуæззау Ныхас. Мæйгæс кæронæй лæууыд, саджилæг хъил йæ саджилырдæм зæххы куыд ныссадзай, уый хуызæн зынд. Адæмыл йæ цæст хаста æмæ йæ тæнæг рихиты бын йæ былтæ иуырдæм ивæзтæй баззадысты — йæ мидбылты худти, æвæццæгæн, бирæ адæм кæй æрцыд Ныхасмæ, уымæй йæхицæй бузныг уыди.

Уæдмæ Ныхасмæ ссæуæн къул фæзы фæзындысты Хуро æмæ Еухæр. Хуройæн йæ рон — йæ боцъойы æдде баст, кæд æй йæ тыхстæй нал æрхъуыды кодта. Боцъойы рон кæм æрцахста, уыцы ран æвзистарæзт кæрддзæмæй зынди хъамайы урс пылыстæг фистон æмæ боцъойы урсимæ иу кодта. Еухæр йæ иу къухæй йæ бæрз лæдзæгыл хæцыд, йе 'ннæ къухæй йæ фæтæнком сауарæзт хъамайы кæрддзæмы бæрæг астæу, афтæмæй уæззау къахдзæфтæй лæгæрста. Рæбинаг дуртæм бахæццæ сты æмæ æрбадтысты дуртыл. Иннæтæй дæр ма æрбадти чидæртæ. Дуртæй афтид куы ничиуал уыд, уæд Хуро йæ урс къух йæ урс боцъомæ схаста, æруагъта къух боцъойыл, хъамайы фистоны онг куы 'рхæццæ къух, уæд уым банцад. Æмæ зырзыргæнгæ райхъуысти йæ ныллæг хъæлæс Хуройæн:

— Фыдбылыз та нын нæ тæрвæзтæ ныххоста, цæмæй йыл нæ дуæрттæ байтындзæм. Цы дарæм уыцы æнæхсадхор гуымирон мæликкæй? Цæмæн нын æрцахста нæ лæджы? Цæй тыххæй дзы скодта фосгæс æмæ уынгмæрзæг? Цы ныл æрцыд, нæ мидæг куы тайæм æмæ куы руайæм, æмæ нæ йе тас куы нал и, йе 'фсарм. Æниу тас дæр æфсармыл баст у, ма тæрс — тас кæм нæ уа, уым йæ кой дæр нæй æфсармæн. Цы кæнæм ныр, кæдмæ нæм дзыназдзæн уырдыгæй?! Иу хъуыддагыл нæм дзуринагæй ницы и — æнæ суæгъдгæнгæ йын нæй Уырызмæгæн. Фæлæ йæ куыд суæгъд кæнæм, цы хуызы — уый хъуамæ уа нæ ныхасы сæр, гъе! Æмæ цы амал бакæнæм? Цы скæрддзæни нæ зонд, æмæ цы алыг кæндзæн не 'взаг? Цы амоны нæ къух? Бæргæ куыднæдæр уæхст басудза, куыднæдæр — физонæг, ахæм исты амал ссар, фæлæ кæи и! Æмæ зæгъут уæ зæгъинæгтæ 'ргомæй. Æргом ныхас — хъуыддаг аразæг уый у. Зæгъ, Еухæр.

Еухæр йæ сæр ныттылдта тынг æмæ ныффуттытæ кодта фæйнæрдæм.

— Еухæр ма Еухæр куы уаид, уæд бæргæ, фæлæ ма 'рмæст йæ ныв баззад Еухæрæн, æндæр Еухæрæй рагæй нал и лæг.

Мæ зæнг мæ нал хæссы, сайы мæ мæ цæст, мæ уæхсчытыл æндзыг кæнынц мæ цæнгтæ. Мæ къах ма æгъдæнцоймæ сисон,, уый хъару мæм нал и. Ныр æз хæрыны уæнгæл дæн æрмæст. Нæ фыдæлтæ мæ хуызæтты аккаг нæ кодтой цардæн. Ныр рæстæг аивта 'мæ йемæ аивта йæ уаг нæ цардæн. Лæг ныббутъро вæййы, æгады уагмæ æрхауы, афтæмæй бацæуы мæрдтæм, цыма быröндон у мæрдтыбæстæ. Ныххатыр мын кæнут, мæ уды хъарæгыл фæдæн. Æниу мæ уды хъарæг нарты хъарæг у. Ныр а гуымирытæ. Æргомæй сæм куы ныббырсæм — нæ нын рауайдзæн хорз. Гуымирон лæг гуымиры у, йæ ном йæ уæлæ ис. Фæлæ уыйас зондæй кадавар сты. Æмæ сыл зондæй сархайын хъæуы. Уый нæй, уæд ницы рауайдзæн нæ фæндтæй. — Æмæ та йæ сæр ныттылдта уым Еухæр æмæ ныссабыр.

Хуро йæ къухыл схæцыд, ронбастмæ йæ систа æмæ Ныхасыл кæрæй-кæронмæ акаст.

— Зæгъут, мæ хуртæ, ахæм бон ныл и — зæгъын нæ хъæуы хистæрæй-кæстæрæй, халæн хал æххуыс у.

Уæд йæ риуыл размæ рахæцыд, афтæмæй хистæртырдæм балæууыд Сауарм, Борæты Сауарм. Мæгуыргъæд хаста æмæ суцца уыди уый тыххæй, мæстыгæр.

— Æрæджы куы 'рцыди нырма йæ балцæй, уæд ма кæдæм асхъиудта фæстæмæ, цы ма йын дзы баззад — уæ стыр Хуыцау, ды мацы кæн лæгæн! Иу йæ хъалæй хъайла цæгъды, иннæ æнæ ис-æнæ бисæй фæдисы цæуы. Кæмæндæр йе 'хтонг аскъуыди æмæ — фæдис! Кæмæндæр йе 'фтаугæ æрбырыди æмæ — фæдис! Фæдис фæцæуæд æмæ 'рцæрæм, нæ хæдзæртты мæтæй фервæзæм. Æмæ нæ къонатæ уазал смаг скæнынц, афтæмæй сæ æрæййафæм.

— Цы 'хтæнгтæ 'мæ цы 'фтаугæты кой кæныс, цы агъæца! — йæхи йæм баивæзтытæ кодта Дзæмбы, сæхи Дзæмбы Æхсæртæггатæн. — Цы дзурыс, уый æмбарыс?! Уырызмæг нын ахсты бахауди — нæ хуыздæр! Уый дын æхтонг æмæ æфтаугæ!

Æмæ ма чидæртæ стай-тай кодта уым Сауармыл ноджы.

Æмæ йæ къухыл схæцыди Хуро.

— Сауармы ныхас дæр аппаринаг нæу, фæлæ уый æндæр боны ныхас у, æнцойбоны ныхас. Абоны ныхас нæу. Фæлæ та Сосланыл куы нæ хæцы мæ цæст. Цыма йæхи гуылы бын æндзарынæн бахъуыд уый дæр.

Уым дыууæ къахдзæфы размæ ракодта Сагахс æмæ бадзырдта хистæртæм:

— Кæмдæр кæнгæ мад æмæ фыд ис Сосланæн, дард кæмдæр. Сæ рæгъау сын фæтардæуыд. Æрæрвыстой йæм æмæ уырдæм ацыди Сослан. — Гыццыл алæууыд æнæдзургæйæ Сагахс, стæй йæ сæрыл схæцыд. — Бæргæ хæрзсыгъд куы бауид уæхст, æвзалы куы фестид, сау æвзалы 'мæ физонæг куы баззаид. Фæлæ нæй уый гæнæн — уæхст нæ вæйиы, физонæг вæйиы цæхæры уæлæ. Æмæ йæ мардæрцыд дæр уый у. Уырызмæг судзы, мах ам цалынмæ фæндтæ кæнæм, уæдмæ куы фæуа сыгъд, уæд дзы мах сæр нал хъæуы. Цы ма кæны уæхстæй! Æмæ цы сты æнæ Уырызмæг нартæ? Цы фидаугæ скæндзысты, цы — ахадгæ! Ууыл хъуамæ басæттæм фыццаг. Уый нæй — уæд уæгъды сты нæ фæндтæ. Фæлæ ныл иу фыдниз фæзынд æмæ дзы бындзагъд куы фæуæм, уымæй дæр тæссаг у: йæхи не 'нхъæлы алчи иннæтæй лæгдæр — гъе, уый у, гъе, нæ фыдниз. Сæфты къахыл нæ уый ныллæууын кодта! Фæлæ нын абон хорз гæнæн ис: лæгдæр чи у, уый рахизæд æмæ зæгъæд, цы гæнгæ нын у, уый æмæ йæ læджыхъæд бæрæг уыдзæн, цы зæгъа, уымæй. Мæнмæ мæ зæрдæ афтæ дзуры: æхсæвыгон сæм абырсæм чынтимæ æмæ сыл дыууæрдыгæй схæцæм. Адон хуыссæгуарзаг сты, зын хъалгæнæн, йæ риуыл сæ арт кæмæн скæнай, уый дæр кæнæ райхъал уыдзæн, кæнæ — нæ. Æмæ, цалынмæ уыдон хъал кæной, стæй, цы 'рцыди, уый æмбарой, уæдмæ сыл, цин дын фенон, мах куыд æрзиликкам! Хуыссæгхъæлдзæгæй, чи зоны, кæрæдзимæ дæр фæуой — сæ ном сæ уæлæ и: гуымиры сты, æнæзонд. Æмæ сæ цæвæг марæджы куыд нæуал зона, афтæ сын бакæнын хъæуы.

Сагахсы фæнд сæ зæрдæмæ фæцыди — бæрæг уыди, сæ сæртæ куыд æнкъуыстой разæй фæстæмæ, уымæй. Кæмæйдæрты сæ цины хъæртæ дæр сирвæзтытæ кодта, гъагъа-гъа, куыд хорз, дам, уаид, куы! Æмæ базмæлыд йæ бынаты Фарнæг — æгæр куы сразæнгард уой ныббырсынмæ, уæд сæ бауромынæн нал уыдзæн амал.

— Рæстæг ивгæ цæуы, афтæ загъта Еухæр. Рæстæгимæ æнæ ивгæ нæй цардæн дæр. Ныллæудзæн ахæм дуг, æмæ нæртон лæг балцы цæудзæн æмæ нæдæр арц уыдзæн йæ къухы, нæдæр сагъадахъ уыдзæн йе уæхскыл ауыгъд. Хæцæнгарз ма хæсдзæни, цуаны чи цæуа, уый. Лæг марын нал амондзæни læджы фæтк, сæ фæтк суыдзæн адæмæн — сбадой фынгыл, баныхас кæной, бафидауой. Нæ мæ уырны, 'мæ фаты 'хситт læджы зæрдæмæ сабыр хъарм ныхасæй арфдæр бахъара. Læджы коммæ чи нæ

бакæса, уый карды коммæ куыд хъуамæ бакæса! Циу арцы рæхуыст лæджы рæхуыст ныхасы цур?! Æппындæр ницы!

Æмæ йыл стай-тай кодтой уым фæйнæрдыгæй Фарнæгыл:

— Фарнæг, цыбырдæр дзур! Ныхасæн йæ дымæгджын нæ бæззы.

— Дæ ныхæстæ уæлгомвæлдæхтæй кæн, дæлгом ныхас дæлимонты ныхас у!

Мæйгæс та йæм афтæ бахъæр кодта, фидиуæг Мæйгæс:

— Уыци-уыцитæ ма кæн ам, Фарнæг. Дæ фæндон зæгъ — бырсæм æви нæ бырсæм? Ай æппæт адæм уымæн не 'рæмбырд сты.

Æмæ Фарнæг схæцыди йæ къухыл.

— Бырсæм æви нæ бырсæм? Хуыцаумæ лæвæрд фæуæд — æз дæр ныббырсин иу мæгуыр лæджы бæрц. Фæлæ мыл фæстæмæ цы хæцы, уый — туг! Туг ма ныккæла, адæймаджы туг. Аргъгæнæг аргъ цæмæн не скодта нырма зæххыл, уый туг у, адæймаджы туг æрмæст. Æмæ лæгæн йæ судзгæ цæфтæй хъуамæ ма кæла æмæ зæххыл ма кæна цæмтæ æмæ йыл бæх йæ цæфхæдтæй ма лæгæрда тугыл.

Бырсæг хæстон арæзт уыди, — афтæ уыди йе 'гъдау. Къæсæрæй нæ рахызтаид æнæ цирхъ æмæ 'нæ арц. Ныр йæ иу къухæй йæ даргъ арцы астæу хæцыди, йе 'ннæ къух тъæпæнæй йæ фæтæн роны 'ртъыста æмæ къæдзæхы фарчы хуызæн æнæзмæлгæ лæууыд. Фарнæгмæ тигъмæ бакæс-бакæс кодта. Йæ алы ныхас ын дзæбæх нæ хъуыста, уæддæр æй ныр æрурæдта Фарнæджы.

— Фарнæг, нывджын дæр дæ, тыхджын дæр. Уæдæ дæ зондæй не 'ппæт дæр фæфæрсæм. Фæлæ мæм ацы хатт дæ ныхас цыдæрхуызон зыны, цыма цъыфы бауайынмæ хъавыс æмæ нæ уæндыс — фæбырынæй тæрсыс.

— Хъæбæртæ раст мæ бамбæрстай, Бырсæг. Тæрсын фæбырынæй — мæхицæн нæ, æгас нартæн тæрсын. Куы фæбыræм æмæ цъыфы куы фæцæуа нæ тъæпп.

— Куыд бакæнæм? — æргомдæр ма йæ зæгъ.

— Куыд бакæнæм? Æз афтæ бакæнин æмæ йæм арвитин дыууæ лæджы.

— Дыууæ — цæмæн? Æмæ æртæ — цæмæннæ?

— Æртæ бирæ сты 'мæ уымæн. Дыууæйæ дæр сæ иу æрмæст æмбал куыд уа.

— Стæй цы ми кæндзысты уыцы лæг æмæ йе 'мбал гуымирты мæликкимæ?

— Ныхас кæндзысты йемæ.

— Цæуыл ныхас кæндзысты, цымæ?

— Цæуыл куы зæгъай, уæд сыхæгтæ кæй стæм, кæрæдзийы хъыджы цæуын кæй не 'мбæлы сыхæгтæн, кæрæдзийæн æххуыс кæнын кæй у сæ хæс, Хуыцау сæ уымæн кæй æрцæрын кодта фæрсæй-фæрстæм...

— Стæй сын уæддæр сæ ныхас куы ницæмæ æрдара?!

— Уæд та йын балæгъстæ кæнæд, уæд та йын ныббæттæд исты...

Æмæ ныххор-хор кодтой уым. Афтæ ныххор-хор кодтой, æмæ ма æрсабыр уыдзысты, уый æнхъæл сын ничиуал уыди. Сæ тæрк хор-хорæй иугай хъæртæ хъуыст:

— Гуымирон лæджы раз нæртон лæг йæ зонгуытыл æрлæууа?!

— Дæ зонд фæцыди æви нæ къахын и дæ зæрды?!

— Амæ хъусын нæ хъæуы. Ай, лæджы ном худинагæй чи бахиза, ахæмы каст нæ кæны.

— Цы йæм ныхъхъусæм алыхатт, цæмæннæ йын фæзæгъæм иухатт — æсте!

Æмæ уæд сирвæзт Фарнæгæй:

— Хъæр кæнын æнцон у ам, хæцын зын уыдзæн уым.

Дзырд нæма фæци, афтæ бамбæрста — нæ йæ хъуыд афтæ дзурын.

— Тæрсын нæ ма кæн, о Фарнæг! Ам, кард сласын чи нæ зоны, ахæм иу дæр нæй! — кардау йæ цонг фæхъил кодта Сагахс.

Уæдмæ та кæстæртæ дæр базмæлыдысты.

— Сагахсы фæндон равзарæм — уый раст у — ныббырсæм сæм æмæ сæ раст бындзагъд ныккæнæм. Йæхæдæг нын стæрхон уæд Сагахс.

Æмæ фæтасыд уыцы ран Сагахс:

— Нæ, стæрхонæн уын не сбæздзынæн æз. Кардимæ куыд арæхсын, нæ сарæхсдзынæн адæмимæ афтæ.

— Сбæздзынæ! Куыд нæ сбæздзынæ, куы!

— Акæн нæ, Сагахс!

— Ныббырсæм сæм!

Æмæ нынæрыд йæ мæстæлгъæд хъæлæс Фарнæгæн:

— Ныббырсут уæдæ, гъа! Ахсæв сымах ныббырсут, сомæхсæв та — уыдон. Стæй ноджыдæр — сымах æмæ та — уыдон дæр нæуæгæй! Уæдмæ гæныстон фæуыдзысты Нартгом æмæ Гуымиргом. Хъæддаг хæмпæл ахъаздзæн сæ сæрты, бынæй та марг-

джын кæлмытæ, сæ саджил æвзæгтæ раласдзысты æмæ сыфсыфгæнгæ рахил-бахил кæндзысты. Гъе, уый сæраппонд хъавут ныббырсынмæ?!

Æмæ фæсабыр сты адæм цъус. Кæрæдзимæ дæр бакæстытæ кодтой, стæй Бырсæг йæ арцы фындз бадардта Фарнæгмæ.

— Адæмы хъæр сæм нæ хъуысы — гуымирытæ сты уыдон!

— Гуымирытæ сты, уымæй раст дæ, фæлæ адæм дæр сты. Адæммæ та адæмы хъæр ма фехъуыса, уымæн нæй гæнæн.

— Цыдæр фæлмæнвад ныхæстæ кæныс, нæ дын хом сты дæ ныхæстæ, нæ — фых. Ныр мæнæ Уæн кæй ахсты фæци уалæ Борæйы бæласы бын, уартæ Уæрхтæнæджы дурдзæджындзмæ бастæй чи дардта ацал-ауал азы, далæ нын нæ кад æмæ рады лæгæй фосгæс æмæ уынгмæрзæг чи скодта йæхицæн, — йæ арцы фындзæй иуырдæм-иннæрдæм ацамыдта Бырсæг, — уыдонмæ хъуысы адæмы хъæр?! Кæд сæм хъуысы, уæд сыл цæмæннæ зыны?! Нæ, уыдон, адæмы хъæр кæмæ фехъуыса, ахæм адæм не сты.

— Æз дæр афтæ нæ зæгъын, æмæ иууыл иу рæгъыл æвæринаг сты адæмтæ, цыдæриддæр сты. Афтæ у, ай-гъай: сæ иутæ разæй сты адæмтæн, сæ иннæтæ аззадысты фæсте, сæ фæндæгтæ зындзæуæндæр уыдысты 'мæ. Адæмтæ дæр фæндаггæттæ сты, уый дæ рох ма уæд. Æмæ лæгæн йæ фæндаггон æмбал куы нæуал фæраза, уæд уымæн куыд фæхъæуы баххуыс кæнын, адæмтæй дæр фæсте чи зайы, уымæн афтæ хъæуы баххуыс кæнын, гъе. Æмæ йын хъуамæ раззæгтæ баххуыс кæной, разæй уыдон цæуынц, фæндæгтæ дæр уыдон зонынц.

— Уый та сын — æххуыс, нæ бонæй уæм! Цы дзурыс, уый æмбарыс, о Фарнæг?!

— Куыд æй дзурын — раст афтæ! Стæй сын хъуамæ сæ рæдыдтытæ барæм. Уый удыбæстæ у — сонтæн йæ рæдыд барын. Уыдон та сонт сты нырма, уыцы адæмтæ, йæ лæджы кары чи нæма бацæуы, уыцы лæппу куыд сонт вæйиы, афтæ.

Бырсæг йæ арцы цæгатæй зæхх тыхджын æркъуырдта.

— Мæ фыдæнæн дзурыс афтæтæ, Фарнæг?!

— Дæ фыдæнæн — цæмæн? Æнæуи дзурын. Афтæ мæм зыны.

Æмæ йæ мæсты хъæр фæцыди уым Бырсæгæн:

— Уæд махæн иумæ цæуæн нæй. Ды сын дæ хæдзары фисын дæр райхал, стæй сæ разы зонгуытыл æрлæуу! Мæнæн

сæм хатыр курынæн арцы фындз и, лæгъстæ кæнынæн та — карды ком æрмæст.

Хистæртæ æнкъардæй зæхмæ кастысты. Лæдзæг сæ кæмæ уыд, уый йæ йæ уæхскæй зæхмæ сарæзта. Фæлæ лæдзæг хæссаг нæ уыдысты нартæ. Ныр ныхас æгæр куы даргъ кодта, уæд Еухæры æдцъар бæрз лæдзæг фæхъил и æмæ афтæ хъилæй аззад, стæй та йæ хъæр райхъуыст Еухæræн:

— Уæ ныхас æгæр нытътъанг и, о дæлæ læппутæ! Бæндæны даргъ у хорз, уый йеддæмæ ныхасы даргъ цæмæн у! Уынаффæ хъæуы ам.

Æмæ та йæхи фæразæй кодта Фарнæг:

— Уынаффæ хистæрты быгъдуан у. Кæстæртæ сæ фæндæттæ фæзæгъынц æмæ ахæм фæндон зæгъын: дыууæ læджы йæм арвитæм Гуымиргомы мæликмæ. Уæдмæ нæ ныхас баиу кæнæм ам. Нæ ныхас афтæ баиу кæнæм, æмæ нын нæ læджы æнаххосæй æрцахста, бынтон æнаххосæй, æмæ уый раст нæу. Уый йын бамбарын кæнын хъæуы — Уырызмæг дæр ницы азымджын у йæ разы æмæ мах дæр.

— Læг æнæмбаргæ уымæн вæййы æмæ, цыдæртæ нæ фембары, гукк!

— Læг æнæмбаргæ уæдмæ вæййы, цалынмæ йæ бамбары...

Æмæ йæ кæронмæ дзурын нал бауагъта Бырсæг!

— Ды йæм фæцу уыцы læгæй æмæ йын ды бамбарын кæн уыдæттæ. Махæй никæй бамбардзæн.

— Фæцæудзынæн, кæд мæ æрвитой адæм, уæд.

— Стæй Уырызмæджы дæр куы нæ рауадза, сымахыл дæр куы 'рхæца, уæд та? Сымахæй дæр уынгмæрзджытæ куы скæна, уæд та?! Сымахæн дæр фæйнæ дыууæ егары куы бафтауа уæ фæдыл, уæд та?!

— Уæд та, уæд та! «Уæд та»-йæ чи фæцард æмæ бирæ чи сарæзта? Иу дæр нæ. Кæд æй æнæуи нæ уадза, Уырызмæджы, уæд æз ныллæудзынæн Уырызмæджы бæсты фосгæс æмæ уынгмæрзæгæй. Уырызмæг ам пайдадæр у мæнæй. Стæй бон цæуы æмæ фарн хæссы йемæ.

Уыцы ныхæстæм хистæртæ сæ сæртыл схæцыдысты . Сæ цæстытæ ныццарæзтой Фарнæгмæ. Уый бафиппайдта Бырсæг æмæ йæм бадзырдта хъæрæй:

— Дæхи æгæр нæ хъарыс, цымæ, адæмы сæрвæлтау, о Фарнæг?!

— Цас мын æмбæлы, уымæй фылдæр — нæ!

Æмæ ныссабыр Ныхас. Æрмæст ма йæ сæрмæ ныллæджы-ты иу цæргæс зилдух кодта, æмæ та-иу йæ базырты уæззау хъыррыст фæцыди.

Елтар кæронæй лæууыд æмæ далæ чынтырдæм æдзынæг каст. Ныр йæ кæсын ныууагъта, разылд æмæ, æгæндæг хъæды бæлæсты 'хсæнты разил-базилгæнгæ куыд цæуай, афтæ бацыд лæгты 'хсæнты Фарнæгмæ, йæ фарсмæ æрлæууыд æмæ йæ сæр æркъул кодта йæ уæхскыл.

— Мæн дæр ма акæн демæ. Æз-иу дын дæ алывæрсты кæсдзынæн æмæ-иу дын фыдбылызæй тас кæм уа, уым-иу дын æй развæлгъау зæгъдзынæн.

Уыцы рæстæджы йæ иннæ фарс та Елтагъан æрлæууыди Фарнæгæн. Куыддæр Елтар йæ ныхас загъта, афтæ бацырд уый дæр:

— Мæн дæр. Æз демæ цæуын уарзын æмæ дæ ныхасмæ хъусын уарзын æз, — йæ хъæлæс барызт лæппуйæн, лæг загъ-таид ныртæккæ скæудзæн.

— Нæ, нæ, — батылдта лæппутæм йæ сæр Фарнæг, — сы-махæй ничи рацæудзæни. Сымах æрцджынтæ стут, мæнæн та хъуамæ ме 'мбал уа лæдзæгджын.

Уæрхтæнæг ныронг хистæрты дæле йе 'дзæм бадтæй бадти, ныр иуырдæм агуыбыр и лæгтæм æмæ адзырдта цыдæртæ, иннæрдæм дæр агуыбыр æмæ та уым дæр адзырдта цыдæртæ, стæй уырдыг слæууыд.

— Кæд дын фæндон уыдзæни, о ме 'фсымæры хъæбул, уæд дын æз лæдзæгджын æмбалæн цæуын.

— Кæд хистæрты фæндон у афтæ, уæд ыл дыууæ нæ зæгъын æз.

* * *

Нартæй æртæ бонцауы æддæдæр гуымирон Нозы фырт Бæргъуан царди. Адæм ын йæ галуан дисæн хастой — урс-урсид дзæнхъа дурæй æртæ 'ддæгуæлæйы уыди æмæ дзуары хуызæн фидыдта уыцы рагъы рæбын. Уæдæ йæ рæзты галу-анæн фæндаггоны æнæ фездахгæ никуы ауагъта Бæргъуан — йæхицæй кæрдзындæттондæр лæг нæ уыди бирæ. Ныр æдзæрæг фæци уыцы фенддаджы галуан. Йæ сыгъд дуæрттæ æмæ рудз-гуытæй Хуыцаумæ дзынæзта. Арты сау пиллон æддæмæ куыд бырста рудзгуытæ 'мæ дуæрттыл, афтæ сыл сау алайæ баззад. Æрмæст ма галуанæн йæ фисынтæм нæ фæхæццæ и ала, æмæ урсæй зындысты дардмæ фисынтæ.

Уæд уыцы хæсты гуымирты 'фсымæрты æвварс рахæцыд Бæргъуан — гуымирон уыд æмæ уæдæ кæй æвварс рахæцыдаид хъуамæ! Æмæ йын æй нæ ныббарстой нартæ. Æхсæвыгон æм бабырстой, галуаныл арт бафтыдтой, бинонтæ цыдæриддæр уыдысты — басыгъдысты йæ мидæг. Хъыртт-змæлæг сæ нал баззад. Галуан быныдзæрæг фæци. Уæдæй нырмæ йæ урс фисынты 'хсæн йæ сау рудзгуытæ æмæ дуæрттæй, цы сау бон ыл ныккодта, уый хабар кæны фæндаггæттæн.

Уый раджы уыди, Борæ æмæ йе 'фсымæрты рæстæджы уыди уый. Дзылæу цуаны фæцыди талмыхъæдмæ, стыр сихæрттæм фæзылди, 'мæ йæ цæст ницæуыл æрхæцыд. Иу уæлбыл, æрулæфон, куыд загъта, афтæ йæ хъустыл æрцыд æнахуыр тыхджын къæрццытæ. Фæйнæрдæм акаст — никуы æмæ ницы. Былмæ бауад æмæ — дæлæ комы дыууæ саджы сæ кæрæдзийы гуымс кæнынц сыкъайæ. Дзылæу уæрдæхтæ аздыхта æмæ йæхи аппæрста былæй. Рацахста сагты, уæрдæхтæ сын акодта сæ сытыл. Фæлæ сæ баурома, уый бæрц хъару йæм нал баззади. Æмæ йæ ахастой сагтæ, исдуг æй ком-ком фæхастой, стæй иу хурджын лæгуынмæ бафтыдысты. Лæгуынæн йæ бæстастæу — æдзæдзы мæсыг, йæ алыварс мæсыгæн — бæрзонд быру. Сагтæ быру батыдтой æмæ кæрты бамидæг сты. Дзылæу кæрты астæу лæугæйæ аззад, лæууы æмæ хъуыды кæны — кæм уа? Иуырдæм акæсы, иннæрдæм акæсы æмæ та йæ рыгтæ æрцæгъды. Уæд йæ хъустыл ауад— чидæр кæцæйдæр худы æмæ йæ хъæлæс зыланг кæны. Скасти мæсыгмæ — уæлæ мæсыгæй ракæсæны лæууы диссагæн хæссинаджы рæсугъд чызг. Кæсы, Дзылæу йæ рыгтæ куыд цæгъды, уымæ æмæ худы 'мæ куыд худы, афтæ йæ астæу ратас-батас кæны дыууæрдæм.

Дзылæу æм кæсыныл фæци, стæй йæм дзуры:

— Уæ, уæлæ æхсин, мæгуыр лæг ацæугæ никуы федтай уæ дуæртты? Уæдæ мыл цы дæ хъал калыс?!

Чызг фæурæдта йæ худын, фæлæ бирæ — нæ, уайтагъд та ныккæл-кæл кодта ногæй. Хъуыста уыцы кæл-кæлмæ Дзылæу æмæ йæм афтæ зынд — авдæны ма куы хуыссыд, уæд æм уырдæм, авдæнмæ байхъуыст уыцы кæл-кæл. Æмæ авдæнæй куы рахызт, уæдæй нырмæ, уыцы кæл-кæл кæцæй цæуы, уый агурæг разил-базил кæны хæхтæ 'мæ быдырты. Ныр бафтыд, уыцы кæл-кæл æм кæцæй хъуыст, уырдæм.

Æмæ та сдзырдта уæлæмæ чызгмæ уым Дзылæу:

— Æппын дæ иу доны къус нæ рантысдзæн? Мæхи æрæхсин.

Чызг гом дуарыл фæмидæг, иу даргъхъуыр гогонимæ фездæхт, асинтыл æрызгъордта — цæст нæ хæцыди йæ къæхтыл — лæппуйы раз уырдыг алæууыд æд гогон. Дзылæу æм йæ æрмтты къуырф бадардта æмæ хæлхæлгæнгæ ратахти æрмтты къуырфмæ дон уыцы даргъхъуыр гогонæй. Æхсы йæ къухтæ Дзылæу, æууæрды йæ цæнгты нуæрттæ æмæ та йæ цæсты тигъ авæры чызгыл — куы йæ даргъ къæлæсы æрфгуытыл, куы йæ митхъæпæн дæллагхъуыртыл, куы, йæ къабайы тæрттæ æддæмæ кæм рахæцыдысты, уыцы рæтты, æмæ йæ зæрдæ гуыпп кæны ахъаззаг. Фæнды йæ, исты йæм куы сдзурид чызгмæ, фæлæ нæ ары, се 'хсæн чи сфидауа, ахæм ныхас. Сцæйдзуры æмæ та йæхиуыл фæхæцы. Уæддæр дзы æрæджиау сирвæзти:

— Тæхуды, ды кæй хай фæуыдзынæ æмæ дæ уисоимæ кæй къуымты разилдзынæ!

Чызг гогон лæппуйы раз авæрдта, йæ цæсгом йæ къухтæй амбæрзта æмæ асинтыл сызгъордта дзывылдарау уæлæмæ, асины сæр фæлæууыд æмæ йæм æрдзырдта уырдыгæй Дзылæумæ:

— Уæ, дæлæ лæппу, цалынмæ дæ ме 'фсымæртæ нæ æрæййæфтой, уæдмæ ацу, кæннæуæд дын дæ сагты дæр сфизонæг кæндзысты æмæ дæхи дæр.

Дзылæуæй йæ сагтæ айрох сты, ныр чызг сæ кой куы скодта, уæд сæм кæсыныл фæци, — уартæ сæ уæрдæхтæ æхсæры къутæрыл стыхстысты, тыхулæфт кæнынц сагтæ æмæ сæ тæнтæ 'ппарынц.

— Мауал лæуу, афонмæ æрхæццæ кæнынц, — йæ хъæлæсы хъæлдзæг азæлд цыдæр æрбаци чызгæн. — Ам дæ куы æрæййафой, уæд дæхи дæр сафыс æмæ мæн дæр.

— Æз демæ сæфыныл разы дæн, — худы Дзылæу.

— Хъазгæ ма кæн, уæ дæлæ мæлинаг. Ды нæма зоныс ме 'фсымæрты. Ацу, масты мæ ма баппар.

— Ацæуин, кæд ма дæ фендзынæн, уый куы базонин, уæд.

— Уынгæ — æвæццæгæн, никуыуал.

— Уæд мæ фæлтау сфизонæг кæнæнт де 'фсымæртæ.

Чызджы цæстыты уæлтъыфæлттæ фестъæлфыдысты. Цыдæр къахæджы кастæй æркасти лæппумæ.

— Уый дæ физонæг кæнын куы райдайой, уæд афтæ нал зæгъдзынæ.

— Уæд цы зæгъдзынæн, уый нæ зонын, фæлæ ныр цалынмæ иу зæрдæвæрæн ныхас нæ фехъусон, уæдмæ мæ къах дæр никуыдæм авæрдзынæн, — æмæ та йæ сагтæм аздæхти.

— Уæд нæм-иу æнафонты æрцу, ме 'фсымæртæ фынæй куыд уой, афтæ.

— Æмæ мемæ ацæудзынæ?

— Кæд ма мæм афтæ дзæбæх фæзынай, уæд — гъо! — йæ 'рмттæй та йæ цæсгом амбæрзта чызг æмæ гом дуарыл фæмидæг.

Æмæ ацыд иу талынг æхсæв Дзылæу йе 'фсымæр Болатбæрзæимæ. Хæсгæ йæ бæргæ ракодтой Уæхъызæйы, фæлæ сæ 'фсымæртæ базыдтой, æмæ хæст рауад се 'хсæн. Дзылæу мæлæтдзаг цæф фæци æмæ йæ афтæ цæфæй иу къæдзæхы дæллагхъуыр æрræвдыдта Уæхъызæ, йæ фарсмæ æркъул кодта 'мæ. Стæй, Дзылæуы уд дзæнæттаг куы баци, уæд Уæхъызæйы Болатбæрзæй сæгдзæфæй Сæуæссæмæ æркодта.

Уæд базмæлыд гуымиргом æмæ цалдæр азы дæргъы нал æмæ нал скъуыди сæ хæсты къуди нартимæ...

Æртыккаг бон ныххæццæ сты нарты бæлццæттæ Бæргъуаны галуанмæ. Рагъы дæлвæджджийæ сæм каст йæ сыгъд æмæ арыд цæстытæй.

— Ам æрулæфæм. Нæхи дæр фæсайæм фæйнæ къæбæрæй, — загъта Уæрхтæнæг.

— Æрулæфæм, — сразы и Фарнæг.

Æмæ баздæхтысты гаулуанмæ, фæндаггæттæ йæм цы къахвæндаг бакодтой, ууыл. Къахвæндаг цыди дыргъдоныл. Бæлæстæ æнæ зылдæй ныппыхс сты, уисойы къуыдырты хуызæттæй зындысты, сæ быны цы арф æмæ хъæддаг хæмпæл уыд, уымæй. Галуаны раз æрхызтысты бæхтæй. Фарнæг хордзентæ æриста æмæ тыргъмæ бахызти. Уым уыди дуртæ бадынæн, сæ астæу та фæйнæг — фынгæн. Фæндаггæттæ-иу дзы æрбадтысты. Фарнæг хордзенæй хæринæгтæ æмæ ронджы лалым систа.

— Бæгуы, æвгъау нæ уыди, нæ — ай хуызæн галуан æмæ йæ афтæ басудз! — загъта Уæрхтæнæг, тыргъмæ куы бахызт, уæд.

— Бирæ, дам, куы фæцарди сæ хо гуымирытæн, уый æппæт туг кæй тыххæй ныккалди, уый. Ды йæ нал æрæййæфтай?

— Дзылæуы идæдзæй зæгъыс, цы? Æмæ йæ куыд нæ æрæййæфтон! Фæткуыл сылыстæг нæ уыди, нæ! Læппу йын райгуырди 'мæ йын йæ хъару дисæн хастой. Фæлæ цыдæр фæдисы фæмард, йæ læджы кармæ нæма ахæццæ, афтæмæй. Йæхæдæг бирæ фæцарди сæ хо гуымиртæн.

Уыцы ныхæстæ куы кодтой, афтæ сæ хъустыл æрцыди кæйдæр нæргæ хъæлæс:

— Ай æмæ чи стут?

Æмæ ауыдта Фарнæг — уæртæ тыргъмæ рахизæны гом дуарыл — иу стыр лæг лæууы, фæлгæт бацахста бынтондæр.

Уæрхтæнæг лæгмæ къухауонæй бакаст æмæ йæм бадзырдта:

— Фысым ды дæ æмæ уал нын ды бацамон дæхи.

— Гуымирон лæг дæн æз.

— Мах та нæртон стæм, — æмæ фынгмæ бадардта йæ къух Уæрхтæнæг. — Уæдæ нын нæ фынгыл бавварс, гуымирон лæг.

Лæг фынгмæ бакаст æмæ бахудт: йæ бахудтыл бæрæг уыди — гуымирон фынджы 'нгæс æм нæ фæзынди сæ фынг. Фæстæмæ баздæхт хатæнмæ æмæ дзы йемæ рахаста мæхæл. Къæйыл æй æрæвæрдта æмæ йын йæ комы йе стыр къух нытъ-тъыста, гуыдынтæ 'мæ дзы рæуæды 'вдасарм систа. Æвдасармыл уæлæмæ схæцыд, йе стыр гуыбыр фындз æм бахаста.

— Мæ фыдызгъæл ма фенуд уа! — Стæй бахудти лæг. — Æниу гыццыл куы фенуд уа, уæд ын цы у! Арсæн цалынмæ йæ холы нæ фенуд уа, уæдмæ йæ куы нæ хæры, уый тыххæй махæй æнæуддæр у арс!

Лæгæн йæ раззаг бинаг дæндаг хауд уыд. Æмæ-иу дæндаджы бынатæй йе 'взаджы цъупп фæзынд, æмæ йæм Фарнæг кæсгæйæ баззад — кæмдæр ма федта ацы гуымирон лæджы. Каст æм æмæ йæ æрхъуыды кодта. Йæ ном дæр æрбалæууыд йæ зæрдыл — Хъæрæмæдз. Хъæрæмæдз хуынди гуымироны ном. Нарты лæппутæ цуанæй рацæйздæхтысты. Ай Мæлхъыдоны был фынæй кодта. Уæлгоммæ хуыссыд æмæ йæ хуыр-хуырæй бæстæ хаста. Йæ риу ныффæтæн къонайы дæлтъурау. Æмæ йын арт ма скæной йæ риуыл лæппутæ! Хорз уыд, æмæ Фарнæг сæ фæстæ цыди. Ахуыссын кодта арт — йæ цылыхъы дон ыл ауагъта. Æмæ райхъал лæг. Арт куы ссыгъди йæ риуыл, уæд нæ райхъал, фæлæ, куы ахуыссыди, уæд. Фарнæджы зæрдæмæ тынг фæцыд Хъæрæмæдз — артæй дæр нæ фæтарст. Лæппутæм дæр мæнæ-мæнæ не смæсты. Уыцы худгæмхасæн та-иу загъта:

— Мæнæ ды нæ уыдтæ, уæд мæ нæ сыгътой уыцы куыдзы хъыбылтæ! — æмæ та-иу йæ афтид дæндаджы бынатæй йе 'взаджы цъупп фæзынд.

Лæг гуыдын æрсæстытæ кодта йе стыр сау къухтæй, дзидза дæр æрлыгтæ кодта йæ хъамайы йас фарсылдарæн кардæй. Æмæ сыл нартырдæм ахæцыди.

— Фенут-ма, нартæ, гуымирон хойраг.

Фарнæг дзидзайы ставд кæрстытæм худгæбылæй каст, стæй аздæхта йæ цæстæнгас Хъæрæмæдзмæ.

— Нал мæ хъуыды кæныс, о Хъæрæмæдз?

Лæг æм исдуг кæсынтыл фæци, стæй йæм йæ цæстытæ ирдæй аззадысты.

— Уый ды куы дæ, ды, æмæ æз та æрдæбонсарæй куы тыхсын — кæм федтон ацы лæппуйы! — дзургæ-дзургæ æрбадæларм кодта Фарнæджы æмæ дзы ницуал фæзынд — æгасæй Хъæрæмæдзы дæларм аныгъуылд Фарнæг. Æмæ та загъта Хъæрæмæдз, уæд, уыцы бон кæй дзырдта, уыцы ныхæстæ:

— Мæнæ ды нæ уыдтæ, уæд мæ нæ сыгътой уыцы куыдзы хъыбылтæ! Мæ мидвынæйæ йæ æмбæрстон, арт мыл кæнынц, фæлæ райхъал уон, уый мæ бон нæ баци, æгъуыссаг уыдтæн æмæ. Æнæуи дæр мах тыхджын тарф фынæйгæнаг стæм, гуымиртæ.

Æрæджиау, Фарнæджы куы суагъта, уæд Уæрхтæнæгмæ аздæхти Хъæрæмæдз. Арты хабар дæр ын ракодта, афтæ хъазгæмхасæн, цыма æцæг арт нæ уыд, цыма хъазæн арт уыд. Æмæ та уымæн дæр йæ ныхас уыцы ныхæстæй фæци: — Мæнæ ай нæ уыд, уæд мæ нæ сыгътой уыцы куыдзы хъыбылтæ!

Лæууыдысты æмæ кæрæдзимæ кастысты. Хъæрæмæдзæн йæ бæзджын былтæ фæхицæн сты, доны дыууæ былау, æмæ сæм йе стыр гуыбыр фындз уæле дæлæмæ каст. Æрæджиау базмæлыдысты йæ былтæ:

— Куыд хорз уыди, кæй дыл сæмбæлдтæн, уый! Æмæ ныр аипп ма уæд, фæлæ цы аразут гуымирты бæстæйы?

— Уый дæр дын зæгъдзыстæм, Хуыцау дæ хæрзæмбæлæг фæкæна. Ныр та æрбадæм æмæ кæрæдзийæн фæйнæ сыкъайы бадарæм.

Хъæрæмæдз æрбадти. Фарнæг лалымæй ронг рауагъта æмæ йæ Уæрхтæнæгмæ бадардта. Уæрхтæнæг кувын дзæбæх нал зыдта, тарсти, кæйдæр лæджы зæрдæмæ куы нæ фæцæуа йæ куывд æмæ Фарнæгмæ бадзырдта:

— Дæхæдæг акув.

Æмæ ракуывта Фарнæг:

— Хуыцау, табу дæуæн! Хуыцау, иу бон дæ ном куы арæм — сæдæ бон не 'ххуысгæнæг куыд уай, уыцы ахъаз нын бакæ. Хуыцау, дæ быны стæм, нæ хорз дæр дæм хорз зыны 'мæ не 'взæр дæр. Гъемæ нæ хорз хуыздæрмæ куыд цæуа, не 'взæр — куынæгмæ, уыцы амонд нын дæ цæст бауарзæд.

Кувы Фарнæг. Хъусынц æм дыууæ лæджы, сæ зæрдæтæ райынц æмæ хъæлдзæгæй-хъæлдзæгдæр кæнынц, кæрæдзимæ

бакæсынц æмæ кæсгæйæ баззайынц кæрæдзимæ хæстæджытæхиуæттау.

— Хуыцау, иу ран нæ æрцæрын кодтай гуымирæй дæр, айгуырæй дæр, азырæй дæр æмæ кæрæдзийы дзæбæхтæ куыд хъусæм æмæ кæрæдзийы цинтæм куыд цæуæм, уыцы тæразы нæ бафтау. Уæ рухсхур сфæлдисæг, нæ фæндæгтыл цы талынг ныххизæнтæ æмæ схизæнтæ ис, уыдон нын барухс кæн, кæлгæ сыл куыд нæуал кæнæм, фæлæ сыл хъæлдзæгæй куыд рахизбахиз кæнæм, уыцы амонд дæр нæ уæд.

Кувы Фарнæг. Хъусынц æм Хъæрæмæдз æмæ Уæрхтæнæг æмæ зæлы куывд уыцы урс галуаны артарыд æмæ алабадт къуымты, зæлы сомыйау — ныræй фæстæмæ йæ галуан искæй къухæй никæмæнуал басудздзæн, зæлы ардхæрдау — йæ бинонтæ никæмæнуал сфизонæг уыдзысты, цæрынæн сын цы галуан сарæзта, уым.

— Фæндæгтыл цæуæм, уæ дунетæ рухсгæнæг æмæ хъармгæнæг Хуыцау, нæ фæндæгтæ рухс æмæ хъарм куыд уой, фæндаджы тасæй хæцæнгарз куыд нæуал хæссæм немæ, фæлæ нæ цæнгтæ тыгъдæй куыд дарæм, кæуыл амбæлæм, ууыл ныттыхсынмæ, ахæм зонд нын дæ цæст бауарзæд! — фæци куывд æмæ Хъæрæмæдзмæ авæрдта кувæггаг.

Хъæрæмæдз ыл йе стыр къух æрбатыхта сыкъайыл — ма фæкъул уа, æртах дзы ма æртæдза. Уый ныр хуымæтæг сыкъа нал уыд уыцы куывды фæстæ, фæлæ цыдæр табугæнинаг фестади, дуне рухсдæр æмæ хъармдæр фæкæнын кæмæн у йæ бон, ахæм диссаджы сыкъа.

— Уый дын кувæггаг у, — дзуры йæм Уæрхтæнæг.

— Кувын хорз у, тыхджын хорз у кувын. Махмæ кувгæ нæ кæнынц. Нæ зонынц кувын мах адæм. Хуыцау нæ уæнгдыхæй цы фæхъулон кодта, уыйас нæ иннæрдыгæй нырриуыгъта. Хуыцаумæ дæр уæлдæйттæ нæй, ма тæрс. Æмæ кæй бахъуыди дæ къуырма тых?! Лæгæн йæ уаг æмæ йе 'гъдауæй куы нæ цæуа йæ тых, уæд мæгуыр у, цы фæнды хæцъæфджын куы уа, уæддæр. Гъеныр мæнæ ацы лæппуйы куывдæй мæ зæрдæ бирæ фæрухсдæр и мæнæн. Куывд хорз у.

— Уæдæ «оммен!» зæгъ æмæ йæ аназ. Кувæггаг у уый, — бадзырдта та йæм Уæрхтæнæг.

Æмæ йæ куы банызта, уæд Фарнæг мыдамæсты былæй иу комдзаг æрсаста æмæ авæрдта Хъæрæмæдзмæ. Хъæрæмæдз æй йæ дзыхы акодта, æрæууылдта йæ æмæ загъта:

— Мæнæ цы хæрзад у! Ахæм хæрзад хæринаг мæ хъуыры никуы ацыди нырма.

— Уый нæртон хæринаг у — мыдамæст. Мах йеддæмæ йæ ничи зоны, — загъта Уæрхтæнæг.

Æмæ та уæд Хъæрæмæдз дæр загъта:

— Нæ мæликмæ иу нæртон лæг и, йæ туг ын банызта!

Уæрхтæнæг æмæ Фарнæг кæрæдзимæ бакастысты æмæ кæрæдзийыл æрсабыр сты сæ цæстытæ.

Хъæрæмæдзæн йæ къух атымбыл, йæ цонджы нуæрттæ базмæлыдысты дысты мидæг.

Уæдмæ Фарнæг сыкъа æрыдзаг кодта æмæ йæ Уæрхтæнæгмæ радта.

— Хуыцау,ræствæндагыл нæ бафтау! — загъта Уæрхтæнæг æмæ йæ аныз та. Æмæ та уæд Хъæрæмæдзмæ бадардта сыкъа Фарнæг.

— Æз æй куы бануæзтон.

— Кувæггаг уыди уый.

— Ай та цы у?

— Уый та — рæгъ.

Хъæрæмæдз айста сыкъа.

— Гъеныр дзæбæх ма акув! Кувын мæм æрцыди мæнмæ дæр. Фæлæ махмæ нæ кувынц æмæ нæ зонын кувын.

— Æмæ уæм кæд нуазгæ кæнынц, уæд кувгæ куыд нæ кæнут? — бафарста Уæрхтæнæг.

— Нуазгæ дæр куыд кæнæм — чи нæ кæм баййафы, уым! Æвæццæгæн нæм æрæджы фæзынди нуæзт æмæ нæ нуазын базыдтам нырма, нæ — кувын.

— Æмæ цы хуызæн нуæзт дарут?

— Даргæ йæ нæ кæнæм — баназæм æй, — бахудти Хъæрæмæдз. — Сæн нæм вæйиы, туаг сæн. Сæнæфсир зайы гуымиргомы.

— Аназ уæдæ дæхион æмæ фынгмæ æрæвнал.

Æмæ багуыбыр сты æртæрдыгæй фынгмæ. Уæрхтæнæг æуулдта, æмæ йæ цæстытæ сæхимидæг змæлдысты. Иуафон йæ комдзаг нынныхъуырдта æмæ баздæхти Хъæрæмæдзмæ.

— Æмæ йын цытæ кусын кæны уыцы нæртон лæгæн уæ мæликк?

Хъæрæмæдз йæ цæстытæ æрцъынд кодта, йæ сæр батылдта.

— Йæ фос ын хизын кæны, йæ уынгтæ йын мæрзын кæны, фосы бынтæ йын хафын кæны. Удыртау дзы нал баззади, бата-

ди. Æмæ цы хуызæн рæсугъд лæг уыд! Æмбырдтæ йыл кодтой — йæ размæ-иу рацыдысты.

— Гæр æмæ алидзын дæр нæу йæ бон, æндæр ницы фæлæ!

— Ахæм къамбецы йас егартæ йыл бафтыдта! Райсомæй йæ фæйнæфæрсты ацæуынц æмæ изæры йæ фæйнæфæрсты æрцæуынц. Фæзилын нæ, фæлæ йæ фæкæсын дæр никуыдæм уадзынц. Æмæ бахус лæг.

Уæрхтæнæг æдзæм-æндзыгæй касти Хъæрæмæдзмæ, стæй йæм бадзырдта:

— Дзæбæх лæджы каст кæныс, уæдæ а лæппуимæ дæр зонгæ разындтæ æмæ ма йæ дæуæй цы 'мбæхсæм: мах уый агурæг рацыдыстæм, уæ мæличчы ахст лæджы агурæг.

Хъæрæмæдз йе стыр æрмттæ фæйнæрдæм аппæрста.

— Уанцон нæу!

— Уæдæ! Æмæ нын Хуыцау дæу нæ размæ рарвыста, табу йын уа!

— Æмæ уын хæстæг у?

— Хæстæг ма цы вæйиы! Мæнæн ме 'фсымæры лæппуйы лæппу у, амæн та, — йæ къух Фарнæджы уæхскмæ бахаста Уæрхтæнæг, — йе 'фсымæры лæппу.

Хъæрæмæдзы цæстытæ сдыууæрдæм сты:

— Дæуæн — де 'фсымæры лæппуйы лæппу, амæн та йе 'фсымæры лæппу? Æмæ ай нырма лæппу куы у, уæд ын уый карæн æфсымæры лæппу кæцæй æрцыди?

— Цæвиттон йе 'фсымæры лæппуйæн райгуырди дыууæ фаззоны: уый, Уырызмæг æмæ Хæмыц — йæ кæстæр. Стæй дын Хуыцау хорз ракæна, — æмæ йæ хæлар зæрдæйæ ахъавыд, Уæрхæджы зæрондырдæм Уырызмæг æмæ Хæмыц сæ мадимæ куыд бацæрын кодтой, æмæ ма йын ноджыдæр дыууæ фаззоны куыд райгуырд, уыдæттæ радзурын. Фæлæ сæ нал радзырдта — цæмæйзон, куыд фæкæсдзæн кæйдæр лæгмæ, Уæрхæг йæ чындзимæ кæй бацард, уый! Æмæ цæхгæр фæлæууыди йæ ныхасæй. Хъæрæмæдз æм кæсгæйæ баззад æмæ йын уæд мыдамæстытыл йæ размæ бахæцыд. — Ахæр а мыдамæстытæй, кæд дæ зæрдæмæ фæцыдысты, уæд. Æфсæрмы ма кæн.

Æмæ та фынгмæ аздæхти Хъæрæмæдз. Хордтой Уæрхтæнæг æмæ Фарнæг дæр.

— Уæдæ ма йæ æз дæр цы 'мбæхсон, — æнæнхъæлæджы йе стыр армæй йæ былтæ асæрфта Хъæрæмæдз. — Лыгъд лæг дæн æз.

Уæрхтæнæг æмæ йæм Фарнæг комкоммæ бакастысты.

— Куыд лыгъд, ома? — бафарста Уæрхтæнæг.

— Нæ мæликкимæ фæхыл дæн. Марын мæ кодта йæ дæлдæртæн, æмæ ралыгътæн.

— Гæр æмæ дæ куыд марын кодта, цæй тыххæй дæ марын кодта?!

— Хъуыддаг уымæй райдыдта, йæ ахст лæгæй.

— Уырызмæгæй, ома?

— Уырызмæгæй. Иу изæр ын йæ фос æрыскъæрдта. Ныр ма йæ дыууæ къахы йæ фæдыл тыхтæ-амæлттæй ласта. Уыдон æй мидæмæ дæр куы нæ бауадзиккой, мæличчы дæлдæртæ, фæлæ йын йæ размæ уисой ма радыввытт ласой, уынгтæ, дам, ныммæрз. Æз мæ маст нал баурæдтон, балæгæрстон æм мидæмæ, æмæ йæм дзурын, мæнæ сымахæн куыд дзурын, афтæ: ацы лæджы тæригъæд дуры гуыбыны куы нæ батайдзæн, уæд æй цæуыл æнæтуг æргæвст кæныс?! Цы дын кодта? Уый мæм ма фæгæпп ласа æмæ мын йæ тымбыл къухтæ мæ былтæм ма 'рбахæсса. Ды, дам, иууыл нарты 'вварс хæцыс, дæу, дам, судзын хъæуы æд мыстытæ.

Æз ын йæ риуыл фæстæмæ ахæцыдтæн. Уый та нæуæгæй фæхъил кодта йæ къухтæ æмæ та стыфылтæ калдта. Сæ уд, дам, исæд, цалынмæ дам, айгуыртимæ цæдис кæнон, уæдмæ, стæй, дам, æртæ Нарты бынаты æртæ бæхдоны сараздзынæн. Сæ сылыстæг та, дам, сын тæлæт ракæндзынæн зæрондæй-нæуæгæй, сæ сылыстæг, дам, сын рæсугъд хонынц. Æмæ , дам сæ хæдзари-хæдзар байуардзынæн. Афтæмæй дын дзургæ-дзурын, фынг дæр бахатыр кæнæд æмæ сымах дæр, ма сгуыз-гуыз кæна.

— Гуыз-гуыз а?! — йæ бадæнæй рабадæгау кодта Уæрхтæнæг.

— Гуыз-гуыз, уæдæ!

— Гæр æмæ рахæн фæци!

— Æвзæр истæмæйты æвзæр вæййы! Раст мын цыма ме 'хсæрфарс ныдздзæхст ласта, уыйау мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Æмæ мыл, æзын, гуыз-гуыз та цы кæныс?! Æмæ, дам, дæ хуызæттимæ, мæ гуыз-гуызгæнæнæй фæдзурын æз. Фæлæбурдтон æм, хъуамæ йæ ныххурх кодтаин, фæлæ мыл æрбакалдысты йæ дæлдæртæ уый æппæтæй, фæйнæрдыгæй мæ рæхойын æмæ рæтъузын систой, мæнæ цыдæр амæлттæй нæ раирвæзтæн — æнæ маргæ мын Хуыцау хос нæ загъта. Æниу сæм ныр дæр афтæ дзырд и йæ

дæлдæртæм, хъуамæ мæ амарой. Æвæццæгæн æм бахъардта мæ къухты ахаст.

Уæрхтæнæг æм йæ дыууæ цонджы баивæзта, йæ бадæнæй дæр та рахæцыд йæхиуыл.

— Фæлæуу, фæлæуу, дæу амарой, ома?

— Мæн, мæн, уæдæ кæй! — бахудти Хъæрæмæдз, æмæ та йе 'взаджы цъупп фæзынд йæ хауд дæндаджы бынатæй.

— Гæр æмæ афтæ маргæйæ у?! Ныр ын йе 'взæр ми йæ цæстмæ бадардта, уый тыххæй...

— Йæ бон у. Мæликк йæ бон калы. Ныр иу-цалдæр боны æмæ 'хсæвы ам æмбæхсын. Хорз у, æмæ мах адæмæй ардæм ничи æфты, тæрсгæ дзы кæнынц, æлгъыст хæдзар сын у. Æндæр мæ афонмæ ссардтаиккой.

— Дæхи сæ хиз, æз — дæ мæрдты уазæг, — йæхи йæм бакъултæ кодта Уæрхтæнæг.

Фæссихор Хъæрæмæдз ацыд. Ныфс сын бавæрдта — изæры сæм æрбацæудзæн æмæ сын уæд зæгъдзæн, цæуой ма дарддæр æви ам лæууой æмæ æнхъæлмæ кæсой ам.

Уый куы ацыд, уæд, сæ цуры цы хатæн уыд, уый гом дуарыл бахызтысты. Рæбинаг къуымы уыд лыстæн — хъæбысыдзаг хæмпæлтæ, нытътъæпæн сты, æвæццæгæн-иу сыл бæлццæттæ хуыссыдысты. Уæрхтæнæг комкоммæ бацыд лыстæнмæ, йæхи йыл æруагъта æмæ уайтагъд афынæй. Фарнæг гом фæрссаджы раз слæууыд æмæ æддæмæ касти. Куыд уыдзæни сæ балц — хæрзæбон сæм кæсы æви фыдæбон? Хъæрæмæдзыл кæй сæмбæлдысты, уый уал хорз у. Фæлæ, мæликкимæ хыл кæй у Хъæрæмæдз, уый та хорз у, цымæ, æви æвзæр?

Мæликмæ нæ фæхæццæ уыдзысты, æвæццæгæн. Æвæццæгæн, æвзæр лæг у. Ныхасæй ницы рамбылдтаиккой, куыд зыны, афтæмæй. Чи зоны 'мæ сыл сгуыз-гуыз кодтаид уыдоныл дæр. Уæддæр абон ма уæд — райсом цард ныхасæй аразгæ уыдзæн. Ууыл гуырысхо нæй. Уæд ыл хæрзаг йæ къах æркъуырдтаид Бырсæг, ома, гъеныр баныхас кæн йемæ! Стæй канд Бырсæг цæмæн? Æндæр дзырд сæм куы нæ уыди — ныббырсæм! Уый ма сын у иумæйаг — ныббырсын! Уæд ма вæййынц æмзонд. Æниу, чи зоны, се 'мзондæй нæу уый дæр. Чи зоны, фæдисхъæр сæ зондмæ хæццæ дæр нæ бавæййы, афтæмæй ракæлынц сæ хæдзæрттæй. Кæд дзы фыдæлты хъæр

ис фæдисы, æмæ йæм сæ туг базмæлы, сæ зонд нæ фæлæ. Сæ туджы баззади фæдисы цæуын. Уæдæ æнæуи иу хъуыддаджы æмзонд куыд нæ сты, афтæ. Æмæ ма сын æниу цы хъуыддаг баззад æмæ ма кæм бахъæуы се 'мзонд?! Куывды бадын? Æмæ уый дæр фæдисыл баст у. Стæрæй куы 'рбаздæхынц, уæд фæкæнынц куывдтæ. Чи сæ фæмард, чи фæцæф, уый дзæбæх зонгæ дæр нæ бакæнынц, афтæмæй фынгыл андзарынц сæхи. Æмæ ронг куы нынцъухынц дзæбæх, уæд сæм афтæ зынын байдайы, цыма æмзонд сты æмæ æмвæнд. Стæй цыма хъæбатыр сты ноджы. Ахæм ныхас дæр сæм уæд фæзынди, сæ куывды: нартæ кæнæ хъуамæ стæры цæуой, кæнæ фынгыл бадой, кæнæ хъуамæ хæцгæ кæной, кæнæ — нуазгæ 'мæ хæргæ. Æбуалгъдæр ма цы скæрддзæни лæджы зонд! Ома нын уæлдай нæу, фæнды стæрхоны хъæр хъусæм — маргæ! Фæнды хистæры куывд. Фæнды стæрхоны хъæрыл сæ хъæр æфта — маргæ! Фæнды фынгыл хъæр кæной — «оммен!». Ома, фæнды туг кæлæд цæфтæй зæхмæ, фæнды — ронг дурынæй сыкъатæм. Кæддæр та афтæ уыд: нæ фæрæстмæ и се стæр, уæд-иу сау дардта Нартыбæстæ, нартæ сæхæдæг та — барысчъи. Нæ, уæд иу уыдысты нартæ. Цыдæр сæ иу кодта. Фæлæ — цы? Цы уыди уый, сисы дуртау сæ цы хæцын кодта кæрæдзиуыл? Кæддæр-иу Алæгаты хæдзар уыди сæ куывддон æртæ Нартæн. Æмæ дзы цы фарн уыд! Æрмæст йæ койæ дæр-иу уæнгтæ фæйнæрдæм ахæцыдысты сæхиуыл. Се стыр куывды-иу дзы куы рабадтысты, сæ куывд, сæ тавицы ныхас-иу сойыл цæуæгау цыди фынгæн йæ сæрæй йæ кæронмæ далæ. Æнæуи йæм мачи бацыдаид — нæ йæм фæччыди цæуын æнæуи. Ныр ын йæ дуар æхгæдæй нал фендзæни лæг. Кæд кæй бафæнды, уæд æм бахæссы йæ нуазинаг æмæ йæ хæринаг. Нуазы 'мæ дзы хæры æнæ хистæр, æнæ уырдыгыстæг. Æмæ сын «ма кæ» зæгъæг нæй. Стæй æнæуи дæр нал и «ма кæ» зæгъæг. Афтæмæй куыд хъæуы «ма кæ» зæгъæг, куы! Стæрхон сæ афтæ тынг нæ хъæуы нарты, «ма кæ» зæгъæг сæ куыд хъæуы. Стæрхон æмæ балхон Æхсæртæггатæм бирæ, фæлæ сæм «ма кæ» зæгъæг нæй уыдонмæ дæр. Æнæуи — æппæлой æмæ хъырындз. Иннæ Нартæ сæ къул-къул куы цæуиккой, афтæ сæ фæнды. Сæ хуымтæ дæр фыццаг уыдон райдыдтой хицæн кæнын, Æхсæртæггатæ. Стæй ныххæррæтт кодтой иннæтæ дæр, æмæ

хуымтæ гæрæнты бын фесты. Зæрдæ уазал кæны сæ уындæй. Сæхицæн дæр сæ сылыстæг схъуыртт-хъуыртт кæны Борæтæн, ай, дам, гуыттыхъæу у, нæ, дам, дзы куывддон хæдзар и, нæ кувæндон. Куывддон хæдзар сæ æрхъуыди, хицæн хæдзар! Цыдæр низ сыстад адæмыл уæдæмæ. Дыуæйы дзы иумæ нал фæнды цæуын. Хицæнтæй цæуын сæм хуыздæр кæсын байдыдта. Цæмæн, уый марадз æмæ базон.

Изæрмилтæ зæхмæ сæхи æруагътой, афтæ фæзынд Хъæрæмæдз. Йæ къухы судзгæ цырагъ бахаста, æмæ бынтондæр æндæрхуызон фæзынд Фарнæгмæ — стырдæр æмæ æнкъарддæр. Кæд, йæ гæрзтæ йæ уæлæ кæй уыдысты, уымæн афтæ уыд. Цæугæ та афтæ кодта, цыма йæм цæуын нæ цыд æппындæр, фæлæ, йæ къухы цы цырагъ уыд, уый йæ æнæ цæугæ нæ уагъта. Цырагъ Фарнæгмæ радта, æмæ йæ Фарнæг къулы скъуыды æртъыста. Цырагъ æнкъард сыгъд кодта. Къулы ала йæм йæ сауæй аууон дардта, фæлдæхт ыл уыцы аууон æмæ йæ дзæбæх судзын нæ уагъта. Уæддæр сыгъд цырагъ, уыдон æртæйæ лæууыдысты йæ разы.

— Æз цæуын. Сымах ам лæуут. Дæлдæр цæуæн уын нæй. Къуырийы бонмæ уæм бæрæг хабар уыдзæн.

Фарнæг ын цырагъ рухсмæ иу сыкъа рауагъта. Йæ фæндагæн ын акуывта.

— Хуыздæр бонтæ ныл скæнæд — сымахыл дæр æмæ махыл дæр, — загъта Хъæрæмæдз æмæ сыкъа бануæзта. Стæй къуымты йæ цæстытæ ахаста. — Фæлæуут-ма, хæцæнгарзæй уæм куы ницы уынын, æмбæхсгæ сæ бакодтат искуы?

— Ницы бамбæхстам, — йæхи бамæгуырхуыз кодта Уæрхтæнæг.

— Уæрхтæнæгмæ лæдзæг ис, æмæ нын уый фаг у махæн, — бахудти Фарнæг. Æмæ ма бафтыдта йæ ныхасмæ: — Нæ рахастам хæцæнгарз.

— Æмбарын дын дæ хъуыды. Фæлæ уыл уæд та хъæддаг куыдз амбæлд искуы, — уыцы ныхæстимæ йæ сагъадахъ йе уæхскæй æруагъта. — Стырад дын кæндзæн, фæлæ дын мур дæр нæу. — Стæй цæуыны къахыл ныллæууыд. Куыд æй бамбæрстой, афтæмæй йæм æнхъæлмæ кастæуыд æдде. Мидæмæ сæм барæй нæ бавдыста йæхи, æмæ Фарнæг дуарæй нæ рахызти йæ фæдыл.

10

«Фарнæг, уæ Фарнæг!» — хъæр кодта Уæн, фæлæ йæм Фарнæг йæ хъус нæ дардта. Æмæ дис кодта Уæн, цæмæннæ йæ бафæрсы, цы кæны, уымæй! Куы йæ бафæрсид, уæд ын æй аппæлид: æрхъуыды йæ кодта! Урс-урсид уыди йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ — урс къаба, даргъ къаба, урс дзыккутæ, уыдон дæр — даргъ.

Фæлæ йæ нæ фæрсы Фарнæг, æмæ тыхсы Уæн. Нæуæгæй та йæм дзуры: «Фарнæг, уæ Фарнæг!» — æмæ ма йæм куыддæр бадзырдта, афтæ йæ хуыссæны сонт бадт ракодта Уæн. Æмæ йæ зæрдæ фехсайдта, кæд асæджы нæ дзырдта Фарнæгмæ. Фæлæ йæм цыма фыны дæр нæ дзырдта, æмæ йын йæ уæхскмæ авнæлдта Фарнæгæн.

— Фарнæг, уæ Фарнæг!

Фарнæг фехъал.

— Цы кæныс, Уæн?

— Æрхъуыды йæ кодтон, Фарнæг.

— Цы 'рхъуыды кодтай, Уæн?

— Нæ бæстытæ нын куыд суагъта айгуырты ахсты...

— Чи нын сæ суагъта?

— Урс-урсид уыди йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ: йæ къаба дæр — урс, йæ дзыккутæ дæр урс. Даргъ дзыккутæ. Быд нæ, фæлæ æнæуи уæгъд калд йæ уæхсчытæ æмæ йæ фæсонтыл. Куыд хорз уыди, æмæ ма мæ зæрдыл кæй æрлæууыди!

Фарнæг бадти, хъуыста Уæнмæ æмæ хъуыды кодта — æвæццæгæн, фыны цыдæр федта.

— Фыццаг сæ мæнæн райхæлдта мæ бæстытæ, стæй та — дæуæн. Æз фынæй нæ уыдтæн, ды фынæй уыдтæ фæлæ. Мæн хуыссæг нæ ахста, рынчын уыдтæн æмæ тæвд кодтон.

— Стæй цы фæци?

— Стæй ацыди. Дуар базыхъхъыр кодта 'мæ ацыд. Урс уыди æмæ дзæбæх зынди, талынджы куыд фæцæйцыди, уый. Уæд æй федтон, стæй мæ ферох, рынчын уыдтæн æмæ мæ ферох.

— Æмæ йæм ницы сдзырдтай, куы фæцæйцыди, уæд?

— Нæгъ. Нæ йæм бауæндыдтæн дзурын. Уыцы урс-урсид уыди 'мæ.

Фарнæг хъуыды кодта — чи уыдаид? Чи сæм æрцыдаид уыцы урс-урсидæй, кæй бахъуыдысты?! Кæд йæ цæстытыл исты уайы Уæнæн? Фæлæ уæд куыд раирвæзтысты? Чи сын суагъта сæ бæстытæ уæд?!

— Мæн хуыссæг нал ахсы, — дзуры Уæн, йæ хъуыддæгтæ конд кæмæн фæвæййынц, уыцы лæг куыд æнæмæт вæййы, ахæм æнæмæт лæджы хъæлæсæй.

Фарнæджы дæр нал ахста хуыссæг, фæлæ, цы ми бакæна, уый нæ зыдта 'мæ хуыссыди. Æмæ та уалынмæ æрцыд йæ хъустыл.

— Йæхи урсæй рухс кодта æмæ мæм йæхи рухсмæ зынди.

— Фæлæуу-ма, фæлæуу! — æнæнхъæлæджы райхъуысти рæбинаг къуымæй Уæрхтæнæджы ныхас. — Æз дæр æй куы æрхъуыды кодтон, æз. Æмæ йæ, æвæццæгæн, дæ ныхасмæ æрхъуыды кодтон, æндæр ма йæ æз та куыд æрхъуыды кодтон!

— Ды та цы 'рхъуыды кодтай? — рабадти йæ уаты Фарнæг.

— Мæнæ, Уæн куыд зæгъы, афтæ урс-урсид уыди 'мæ рухс кодта. Бæрзонд уыди, бæрзонд, хæдзарвæндаджы сылыстæг кæм федтат, ахæм. Цырагъы хуызæн лæууыди лæгæты æмæ дзы рухс кодта цырагъау.

— Æмæ уæд лæгæтмæ куыд бахаудтæ, уымæй ницы æрхъуыды кодтай?

— Уымæй — ницы. Уый размæ уæлмæрдты кæрон уыдтæн, уым саппыл хуыссыдтæн уæлгоммæ, уый ма хъуыды кæнын. Фæлæ уырдæм куыд бафтыдтæн, лæгæтмæ, уый нал хъуыды кæнын. Уым халонæй цы уыди, уыцы уæлмæрдты! Мæлын мæ уыдон нæ бауагътой, мæ зæрдæ цы зæгъы, уымæй.

— Халæттæ?

— Халæттæ, уæдæ! Фæцæй-иу мардтæн, мæнæ, фынæй куыд фæцæй кæнай, афтæ, æмбаргæ дæр-иу æй кодтон — фæмæлын. Уыдон-иу уый æппæтæй ныхъхъуахъ кодтой, æмæ та-иу нал амардтæн. Мæхи та-иу æрæмбæрстон, цыма-иу фынæй фæцæйкодтон æмæ-иу хъал радæн. — Уæрхтæнæг йæ ныхасæй фæлæууыд, æмæ кæцæйдæр райхъуыст цъырцъыраджы цъырцъыр. Æвæццæгæн, дыууæизæрастæу æрбатахт æмæ мидæгæй баззад. Ныр ныхас куы фехъуыста, уæд бацъыр-цъыр кодта уый дæр. Æмæ йæ дард кæмдæр балæууын кодта Фарнæджы уыцы сабыр цъыр-цъыр. Фæцæуы уыцы нарæг уынгты, уынгтæ, цыма адæмы уынгтæ нæ уыдысты, фæлæ цъырцъырæгты уынгтæ уыдысты, уымæй уæлдай сæ удгоймаджы сыбыртт никуыцæй хъуысти. Æрмæст — цъырцъырæгтæ! Тахтысты фæйнæрдæм, æмæ сæ цъыр-цъыр бæстæ йæ сæрыл иста. Уынгтæ — цæхгæр къæдзтæ æмæ цæхгæр фæзилæнтæ. Афтæ зынд: размæ цæуæн йеддæмæ сæ фæстæмæ здæхæн нæй ацы уынгты. Æмæ та

фæлæууы йæ цæуынæй Фарнæг, æмæ та йæм уæд ноджы тынгдæр æрбайхъуысы цъырцъырæгты цъыр-цъыр.

Иу ран иу уынджы цыди дон. Доныбыл уыд дæргъæйдæргъмæ кæлдым. Кæлдымæн йæ сæрмæ 'ввахс бадти иу цыргъдзæсгом æмæ тъæпæнбоцъо лæг. Диссаг уыди — уый хуызæн цыргъ цæсгом уа, æмæ йыл ахæм тъæпæн боцъо æрзайа! Фарнæгмæ духъы хуызæн фæкасти læджы цæсгом, куыройы духъы хуызæн. Лæг гуыбырæй бадти æмæ, йæ дыууæ уæраджы астæу цы сигæцы цъæл бакодта, ууыл иу гыццылгомау цыргъбырынкъ кард ссадта.

Фарнæг æм æввахс бацыд.

— Фарн дæ куысты!

Лæг фесхъиудта æмæ йæ кард хæрдмæ фæдардта, цыма йæ Фарнæгмæ æвдисынмæ хъавыд, уый хуызæн.

— Чи дæ?!

— Нæртон дæн.

— Нæртон?! —æнæнхъæлæджы йæ артæнтæ кæмæн бацæвай, уый хъæр фæкодта лæг. Кард йæ къухы, афтæмæй къухауонæй кæсы Фарнæгмæ. — Дзæгъæл фæдæ?!

— Ницы фæдæн дзæгъæл.

— Уæдæ?!

— Æнæуи æрцыдтæн зонгæ-зонын.

— Кæдæм æрцыдтæ зонгæ-зонын, уый зоныс?

— Зонын.

— Æмæ нæм цæмæ фæцыдтæ уыцы зонгæ-зонын?

Æмæ йын, йæ разы лæууыд, афтæмæй рахабар кодта Фарнæг:

— Ме 'фсымæр уæ læппуты ахæсты бахауд. Рынчын æфсымæр мын у, æмæ уый фæдыл рацыдтæн.

— Æмæ йæ цæмæй зоныс, кæд мах læппутæ нæ уыдысты, уæд та?

— Фæд сымахмæ цæуы.

— Фæд ницы зоны. — Лæг йæ кардыл агуыбыр æмæ та йæ уыцы лæгъз сигæцыл байдыдта цыргъ кæнын.

— Рынчын у ме 'фсымæр æмæ куы амæла, уæд уын йæ тæригъæд баззайдзæн, æмæ уæ цæмæн хъæуы йæ тæригъæд!

Лæг фæлæууыд йæ кард ссынæй.

— Знаджы тæригъæдæй ничи фæрсы. Нартæ махæн знаг сты.

— Знаг Хуыцауы æвастæй систы нартæ 'мæ айгуыртæ. Знæгтæ куы нæма систы, уæд сыхæгтæ уыдысты, хорз сыхæгтæ.

— Хуыцауы æвастæй ницы 'рцæуы Хуыцауы бын.

Фарнæджы æрфæндыд: лæг æй йæ фарсмæ куы 'рбадын кæнид æмæ афтæ фæрсæй-фæрстæм бадгæйæ куы аныхас кæниккой. Дзæбæх æм куы байхъусид ацы лæг, йæхæдæг дæр куы байхъусид лæгмæ. Чи зоны, йæ бамбара, чи зоны, йын баххуыс кæна. Фæлæ йæ нæ бадын кодта лæг йæ фарсмæ, æмæ куыд сбадтаид. Хæстæгдæр балæууыди лæгмæ.

— Хуыцау кард никæй къухмæ радты. Исгæ дæр æй никæй къухæй бакæны. Фæлæ карды фындз, кард йæ къухы кæмæн уа, уый коммæ кæсы, æмæ алы фыдгæнд Хуыцауæй аразгæ нæу.

— Хуыцауы бын фыдгæндæй ницы и. Хуыцауы бын алцыдæр барст у.

— Уæдæ ме 'фсымæр уæ læппуты ахæсты кæй бахауд, уый дæр барст у Хуыцауы бын?

— Кæд бахауд, уæд Хуыцауы фæндыд афтæ.

— Æмæ йæ ныр куы ауадзой, уæддæр Хуыцауы фæнддзæн афтæ?

Лæг йæ сæр тилы.

— Нæ йæ ауадздзысты. Дæхи дæр дын нал ауадздзысты.

— Æмæ уый дæр Хуыцауы фæндыди — цæмæй ма уæм æз дæр æрцыдаин мæхи къахæй?

— Уæдæ! Сыгъдæг Хуыцауы, — загъта лæг æмæ та сигæцмæ агуыбыр и.

Фарнæг та йæм хæстæгдæр балæууыд.

— Уæ куывды цæмæ фæкувут?

— Мах куывд нæ фæкæнæм.

— Куыд нæ фæкæнут куывд?

— Нæ хъæуы мах куывд.

— Уæдæ уæ зæрдæтæ кæм раргом кæнут, уæ зонд кæм баиу вæйиы?

— Зæрдæ 'ргом кæнын нæ хъæуы. Зæрдæ хъуамæ æхгæд уа, зæрдæ у 'мæ.

— Зонд дæр нæ хъæуы иу кæнын?

— Зондæн иугæнæн нæй. Нæ иу кæны иуы зонд иннæйы зондимæ, — лæг йæ бæрзæй аздыхта æмæ фæстæмæ акаст, цыма йæ фæстæ исчи куы амбæхса, уымæй тарст.

— Стырбон дæр нæ фæкæнут?

— Махмæ стырбон нæй. Махмæ тугхæрæн бон ис.

— Уый дæр дæм нæ зыны Хуыцауы æваст хъуыддаг — лæг уай æмæ лæджы туг хæрай!

— Æхсыримæ хæццæйæ, — цыма искæмæн, дæ хæлафыл уæлдæр схæц — дзырдта, ахæм хуызы загъта лæг.

Æмæ уым læджы раз læууыди, лæгмæ комкоммæ касти, афтæмæй ныссагъæс кодта Фарнæг: кæд ын рæстытæ фæдзурынц нарты læппутæ — айгуыртимæ нын нæ фыд иу аджы куы сфыцай, уæддæр нæ бас нæ баиу уыдзæн, æмæ нæ ныууадз айгуыртæй. Мæнæ йæхæдæг дæр афтæтæ нæ дзуры ацы айгуырон?! Уæддæр йæ зæрдæйы цы хъуыды дардта æвæрдæй, уымæ бавналын йæ цæст нæ уарзта. Аргъуц кодта уыцы хъуыдыйæ, æмæ йыл уæд, цыма комдзог рацыдаид, афтæ йæм зынди. Фидарæй йæ уырныдта: абон мацы сахадæд, уæддæр ын сом-иннæбон æнæ сахадгæ нæй. Хъуыдæгтæ аразæг кард æмæ фат кæд нал уыдзысты, уыцы дугæн æнæ æрцæугæ нæй. Иу фæндаг йеддæмæ нæй, нартæн сæ алыварс цы адæмтæ цæры, уыдонмæ — уый дзоныгъы æфсæрæй лæгъз уа хъуамæ уыцы фæндаг æмæ уæрдоны цалхæй над. Рагсом нæуæг фæлтæр кæй рацæудзæн цардмæ, уый куыд нæ у гуырысхойаг, афтæ гуырысхойаг нæу, уыцы нæуæг фæлтæр нæуæг зонд кæй рахæсдзæн йемæ, уый дæр. Уæдæ уыцы нæуæг зонд уымæ арæзт ма уа, уыцы лæгъз æмæ над фæндагмæ, уый гæнæн нæй. Дзоныгълæгъз æмæ уæрдоннад фæндагæй хуыздæр фæндаг нæй.

Læууыди Фарнæг æмæ йæ цæсты зулæй касти лæгмæ. Уый багуыбыр æмæ цыргъ кодта йæ кард. Хатт-иу йæ тæнæг былтæ базмæлыдысты, цыма истытæ дзырдта йæ кардæн, уый хуызæн. Стæй систа йæ кард йæ сæрмæ, бæрзонд æй сдардта, йæхæдæг йæ сæрыл фæстæмæ ахæцыд æмæ уæлæмæ касти кардмæ. Цыма кæйонг сæххæст, уый бæрæг кодта. Афтæ хæцыди кардыл æмæ йæм касти хæрдмæ. Уæд сæ бакомкоммæ цы даргъчъылдым хæдзар уыд, уырдыгæй рахызт цалдæр læппу-læджы æмæ йæ алыварс алæууыдысты Фарнæгæн.

— Нæртон лæг нæм æрхауд, айгуырон æгъдау ын скæнут, — йæ кард æруагъта лæг...

— Фынæй бадæ, Фарнæг? — хъуысы Фарнæгмæ Уæны ныхас. Цæуылдæр тыхсы Уæн.

— Ницы бадæн фынæй, — кæмдæр йæ кæлдымы кæрон бадгæйæ аззади айгуырон цъыргъцæсгом æмæ тъæпæнбоцъо лæг. — Æмæ дæм дзургæ ницы скодта, Уæрхтæнæг?

— Цы зонын. Кæд мæм сдзырдта, уæддæр мæ зæрдыл нал læууы. Æнæуи дæр æй цы дзырддаг уыдаид мемæ — мæлæг лæг уыдтæн æз.

— Дæумæ та? Дæумæ дæр ницы сдзырдта, Уæн?

— Мæнмæ сдзырдта. Уый дæр æрхъуыды кодтон, цы мæм сдзырдта, уый дæр.

— Æмæ дæм цы сдзырдта?

— Цы, цы де 'мбалы, дам, райхъал кæн æмæ, дам, лидзгæ кæнут, фæндаг, дам, де 'мбал зоны.

— Цы, дам, зоны, цы, де 'мбал?! — Уæнырдæм ныззылд Фарнæг.

— Фæндаг, дам.

— Чи, дам, зоны фæндаг?

— Де 'мбал, дам. Дæуæй загъта.

— Стæй?

— Стæй дæ райхъал кодтон.

Æмæ æваст кæйдæр тымбыл къухтæ ныххостой Фарнæджы фæсонтæ ахъаззаджы хостæй, æмæ сæ гыбар-гыбур ссыди йæ фæсонтæн. Æмæ та æндæр кæмдæр балæууыди Фарнæг, дард кæмдæр, талынг кæмдæр. Æмæ хуыссыди уыцы ран лыстæныл, йæ къухтæ йе 'рдынбосæй йæ чъылдыммæ баст, афтæмæй. Уый та лæугæ кодта йæ разы. Æцæг иууыл урс нæ уыди уый, адон кæмæй зæгъынц, уый куыд урс уыди, афтæ. Йæ цæстытæ æмæ йæ дзыккутæ хицæн кодтой чызгæн йæ урс къаба æмæ йæ урс дæллагхъуыртæй.

Нал бафæрæзта хуыссын Фарнæг. Сыстад æмæ æддæмæ рараст и уыцы талынджы. Куыддæр дуарæй ахызт, афтæ сæ сисмæ бахаста йæ фæсонтæ. Балхъывта сæ сисмæ æмæ хъуыды кодта: «Ау, Мæргъуанæ?!» Æмæ ма уыдоны рауадзæд, уый æмæ Уæны, фæлæ Уæрхтæнæгыл та цы 'гъдауæй бамбæлдаид?! Æви йæ уыцы лæгæтмæ дæр уый фæкодта, Мæргъуанæ?

Æмæ уыцы ран ауыдта йæхи — фæцæуы æнæзонгæ æгæндæг хъæды, йæ уæхсчытæ хафы бæлæсты зæнгтыл, йæ къæхтыл тыхсы уыцы ставд нывзæг. Йæ уæрджытæ йæ быны дыдæгътæ кæнын байдыдтой. Иу ран хъæд фæтæнæгдæр и — уый бамбæрста. Стæй бамбæрста ноджы — зæхх фæкъул йæ разы, фæстæмæ фæхæца йæхиуыл, уый йæ бон нæ баци æмæ атылд уыцы къулы. Куы 'рлæууыд йæ тулынæй, уæд йæ сæр зылди æмæ слæууын нæ бафæрæзта, уæддæр базыдта — уынгæг, тынг уынгæг æрх уыди, кæдæм ныттылди, уый. Уæд йæ фазыл абырыд æрх-æрх уæлæмæ. Иу къæдзæхмæ йæ схæццæ кодта æрх. Уым слæууыди къæдзæхы æнцой, къул-къул ацыд иуырдæм æмæ дзы мæнæ дуаргонд зыхъхъыр къæдзæхы, нарæг зыхъ-

хъыр, лæг фæрсмæ кæм алæса, ахæм. Æмæ дзы алæсти. Разæй йæ риу хафта къæдзæхы къулыл, фæсте — йæ фæсонтæ, стæй феуæгъд къæдзæхæй æмæ цыдæр æгуыппæг ныссæх-сæх кодта йæ хъусты, нæ бафæрæзта уыцы сæх-сæхæн, йæ зонгуытыл æрхауд, æмæ фæкъаддæр сæх-сæх. Уæддæр йæ уæрджытыл слæууа, уый йæ бон нæ уыд æмæ фæйнæрдæм каст. Зынгæ йæм никуыцæй ницы кодта, хъуысгæ — дæр уыцы æгуыппæг сæх-сæхы йеддæмæ, æмæ хатыдта — ныртæккæ йын æнæ афынæй нæй: уыцы æгуыппæг æй фæйнæрдыгæй æлхъывта. Йæ цæнгтæ ма бæргæ ныббыцæу кодта зæхмæ, бæргæ ма ацархайдта стыныл, фæлæ нæй! Фæтасыдысты йæ цæнгтæ æмæ ныддæлгом зæххыл. Стæй ницуал бамбæрста.

Кæддæр æрыхъал иу афон, æмæ йæ хъустыл цыд хъæрзын, уæззау хъæрзын — кæд хъал дæр уыцы хъæрзынмæ раци? Йæхиуыл схæцыди, йæ цыппæртыл бабырыд, хъæрзын кæцæй хъуыст, уырдæм. Æвæццæгæн, бон кæнынмæ хъавыд — къæдзæхы скъуыдæй рухсы фæлм æрбахъуызыд æмæ лæгæты къуымты дыдзы рухс байдыдта змæлын. Лæгæты рæбынмæ куы бахæццæ, уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты: чидæр лыстæныл хуыссы, хъæддаг лæг куыд уа, афтæ йæ цæсгом æгасæй хъуыны бын фæци. Æрмæст ма йæ цæстытæ æрттывтой. Цыма сын уый фæстаг æрттывд уыд, афтæ зынд — æгæр сыгъдысты. Йæ улæфт дæр — тæрк улæфт, удисæг лæджы улæфт. Кæсы йæм Фарнæг æмæ йæ хъуыды змæлы цъус — цы ми кæна? Ныууадза йæ æмæ йæ балцы кой кæна? Æмæ йæ куыд ныууадза! Нæ йæ уадза, æмæ цы уыдзæн Уæн? Æмæ йæм лæджы хъæлæсæй хырхыргæнгæ сыхъуысти уым:

— Ныр иу хуыпп, иу нæртон доны хуыпп ныр. Ехх!..

Йæ цылыхъ æриста йе 'фцæгæй, лæджы дзыхыл æй сдардта, дзурын ницы сфæрæзта, æмæ лæг хъуыртт-хъуырттæй куыд ралæууыди доныл, уый йæм хъуыст. Куы банызта, уæд басабыр и лæг — нал дзургæ скодта, нал йæ хъæрзын сыхъуыст, æмæ йæм уæд ныггуыбыр кодта тынг Фарнæг. Æмæ йæ сабыр бафарста:

— Чи дæ? Цæмæн æрцагуырдтай нæртон дон?

Лæг базмæлыд. Фарнæг æй куыд бамбæрста, афтæмæй йæ рабадын фæндыд. Æмæ йыл рахæцыд Фарнæг, рабадын æй кодта. Æмæ йæ уæд лæг дæр бафарста Фарнæджы:

— Чи дæ?!

— Æз бæлццон дæн. Фæдзæгъæл дæн æмæ афтæмæй æрбаф-

тыдтæн ардæм. — Лæг ын цыма ницы бамбæрста йæ ныхæстæн, йæ къухты бандзыг и Фарнæгæн, æмæ йæ сабыр бауыгъта Фарнæг.

— Ды чи дæ, ды?!

— Мæхæдæг дæр æй нал зонын. Фæлæ мын де сныхас æнахуыр æхцон у. Кæд дын зын нæу...

— Æмæ цæмæн æрцагуырдтай нæртон дон? Чи дæ?! — æмæ та йæ чысыл, хæрз чысыл бауыгъта Фарнæг. Æмæ ныссабыр и йæ къухты лæг, хуыссæг кæй æрцахсы, уыцы сывæллон куыд æрсабыр вæйиы, афтæ. Ницуал æм дзырдта Фарнæг дæр, æрмæст æм касти комкоммæ æмæ уыдта, йæ цæстытæ куыд æрттывтой, уый, æмæ та-иу фæтарсти — фæстаг æрттывд ын ма уой?!

— Æз нартæй дæн, — бынтон æнæнхъæлæджы райдыдта дзурын лæг, хæр-хæр дæр нал сыхъуыст йæ хъæлæсæй. — Фæлæ дзы раджы фæхаудтæн нарты зæххæй, тынг раджы æмæ кæм и, кæцырдыгæй, уый нал зонын.

— Ды нартæй дæ?! — ацы хатт æй тынгдæр бауыгъта Фарнæг. — Куыд нартæй дæ, цæй нарты кой кæныс?! — йæ худы мидæг йæ сæрыхъуынтæ арц куыд сбадтысты, уый хатыдта Фарнæг.

— Лæппутæ райгуырд ме 'фсымæрæн, фаззæттæ, дыууæ. Куывд кодтам, æмæ æз хонæг фæцыдтæн...

— Йæ ном цы хуынди ды 'фсымæрæн, и?! — цыма йыл хъæр кодта, афтæ рауади йæ фарст Фарнæгæн. Дис æм касти, кæддæра цы зæгъид.

— Ныр æй æрхъуыды кодтон мæнæ, ды мæм куы сдзырдтай, уæд — цыдæр разæнгардæй загъта лæг. — Рох мæ фæци цасдæр, æмæ ныр мæнæ æрлæууыди мæ зæрдыл дæ фарстмæ: стыр диссæгтæ мæнæ!.. Уæрхæг! Уæрхæг! Уæрхæг хуынд ме 'фсымæры ном.

— Уæрхæг?! — ахъаззаджы хъæр сирвæзти Фарнæгæй, ныррызти лæгæт, ахæм хъæр уыди. — Уæрхæг, загътай, Уæрхæг?!

— Уæрхæг, уæдæ! Æмæ мæ ферох... Диссаг нæу — куыд мæ ферох, стæй ма куыд æрлæууыд мæ зæрдыл, куы мæ бафарстай, уæд! Куы нæ мæ бафарстаис, уæд, æвæццæгæн, никуыуал æрлæууыдаид мæ зæрдыл.

Æмæ стыхст Фарнæг: кæцæй йæм хъуамæ æрцыдаид Уæрхæджы ном ацы мæлæг лæгмæ? Цæмæн æм æрцыдаид?! Цы йын æй бафтыдта йе 'взагыл? Кæм æй фехъуыста?!

Цы йæм дзура, цæмæй йæ фæрса, уыдæттæн ницуал зыдта Фарнæг. Æмæ та базмæлыди лæг уæдмæ йæ къухты, стæй рай-

хъуысти йæ ныхас — сыгъдæг ныхас, фæскуыд сывæллоны ныхас куыд сыгъдæг вæйиы, афтæ:

— Мæхи ном дæр мæ рох уыди, мæхи! Æмæ йæ ныр æрхъуыды кодтон уый дæр. Уæрхтæнæг хуынд мæхи ном та, Уæрхтæнæг! Æниу дæу та цæмæн хъæуы, фæлæ уæддæр.

Æмæ ныдздзой-дзой кодта уæд Фарнæг. Фæцудыдта. Лæг куы ахауа йæ къухæй, уымæй йын фæтарст, æрбануæрста йæ йæ хъæбысы æмæ йæ уырдæм бафарста, йæ хъæбысмæ:

— Стæй цы фæдæ, хонæг куы фæцæйцыдтæ, уæд?

— Айгуырты уæрмы аирвæзтæн.

Æмæ йæ уый дæр бафарста Фарнæджы:

— Ды та куыд æрбахаудтæ ардæм? Чи дæ 'мæ кæдæм дарыс дæ фæндаг?

Фарнæг гуырысхо кодта — куыд хъуамæ уа Уæрхтæнæг? Фæлæ сæ уæд цæмæй зоны Уæрхæджы дæр, Уæрхтæнæджы дæр?! Уæддæр æм лæг æнхъæлмæ касти, æмæ цыбырæй загъта:

— Нæртон лæг дæн æз дæр.

— Чи дæн, зæгъыс, чи?! — йæ сонт хъæр фæцыд лæгæн æмæ йæ цæнгтæм февнæлдта Фарнæгæн.

— Кæд ды рæстытæ загътай ам, уæд де 'фсымæры лæппу дæн, Уæрхæджы лæппу дæн æз.

— Ме 'дых æмæ мæм ме 'вæрæзы цæстæй ма кæс æмæ мæ хъазгæ ма кæ — тæригъæд ма уæддæр ис! Уæдæ Уæрхæджы фырттæ бабын сты! Мæнмæ дæр ма куы ныххæццæ и сæ сæфты хабар хъус-хъус.

— Бабын сты Æхсар æмæ Æхсæртæг. Ныр ма йын стæм мах — æз æмæ Уæн.

— Уæдмæ Уæрхæг зæронд уыдаид æмæ ма зæрондæн цы Хуыцау дæтты зæнæг!

— Уымæн радта зæрондæй дæр, мæ фыдæн.

— Уæдмæ йын ус дæр нал уыдаид, багъæц.

— Раст у уый дæр, Донбеттыронæй райгуырдыстæм мах.

— Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ хъусын, мæнæ! — ныдздзынæзта Уæрхтæнæг.

Фарнæг, цыма тарф фынæй уыд æмæ фын уыдта, цыдæр æндæрбæстаг фын. Æрмæст-иу Уæн куы 'рбалæууыд йæ зæрдыл, уæд-иу цыма æрыхъал и йæ фынæй æмæ-иу кæмдæр дард ран аззади йæ фын.

— Уæд ам цы ми кæныс, о ме фсымæр?! Ай айгуырты зæхх куы у, нæ фыдгулты зæхх, уæд?

— Амынæты мын ракодтой ме 'фсымæры, Уæны, æмæ уый фæдыл рацыдтæн, кæд ма мæ къухы бафта, уæд.

— Амынæты?! — ныууынæргъыд Уæрхтæнæг. — Уæдæ дæм ныр митæ уыдзæни! Æмæ де 'мбæлтты кæм ныууагътай? Кæм сты де 'мбæлттæ?!

— Æмбæлттæ мын нæй, иунæг дæн.

— Иунæг? — Ахæм хъæр дзы сирвæздзæн Уæрхтæнæгæй, уый æнхъæл нæ уыд Фарнæг. — Æгæр æмæ-иу се стур куы баззади æддæ, уæддæр-иу йæ агурæг лæг рæгъауæй куы цыдысты нартæ. Уæд ныр сæ лæг агурæг иугай удтæй райдыдтой цæуын?!

— Цæуджытæ бирæ уыди мемæ, фæлæ никæй рауагътон. Бирæйæ рацæуын — уый рабырст у. Æмæ мæн рабырсын нæ фæндыд. Кард æмæ фаты 'хситтæй дуне тæгæлтæ хауы. Сæ удтæ сафтид кодта адæмæн.

— О ме 'фсымæр, дæ фæндтыл дур ныффæлдах!

— Нæ фыд нын цы æртæ фæдзæхсты ныууагъта, уыдонæй сæ фыццаг у: фыдæх хæссынæй фыдæмпъызт у хуыздæр.

— Хуыздæр у, уымæй раст загъта Уæрхæг. Фæлæ иуырдыгæй æмпъузын — æмпъызт нæ хуыйны уый. Æмпъузæн дæр иуырдыгæй æвæрд куы цæуа, æмæ йæ сынчытæ дæр уыцырдыгæй куы кæной, уæд дзы æмпъызт нæ рауайдзæни, ме 'фсымæры хъæбул, зон æй. — Гыццыл фæлæууыди йæ ныхасæй Уæрхтæнæг, йæ риуыдзаг сулæфыд, æмæ йæ риуæй иу мæллæг хъыззытт фæцыд. — Адонимæ ницы ис бампъузæн. Ныхас сæм ныхас нæу, дзырд — дзырд. Къуырма у сæ адæмы гъæд, афтæмæй — хин. Сæ цæстыты ныббадт сæ хин æмæ сæ рæстмæ кæсын нæ уадзы, æмæ сæ развæндаг уынынц æрмæст — æддæдæр нæ, нæ фаг кæны сæ цæсты рухс. Ахæм адæм сты, гъе, адон. Цалынмæ сæм кард бавдисай, уæдмæ сæ къудитæ хъилæй дарынц, стæй сæ сæ сагæхты фæцæвынц.

Фарнæг лæууыд йæ зонгуытыл, лæджы хъæрзгæ ныхасмæ хъуыста, фæлæ йыл йæхицæн дæр нæ саст. Нæ йыл басаст Уæрхтæнæгæн дæр. Ныхас куы фæци Уæрхтæнæг, уæд æм нывнæлдта, йæ хъæбысмæ йæ систа, сывæллоны куыд сисынц, афтæ æмæ йын загъта:

— Фидар фæлæуу. Æз фæстæмæ ауылты рацæудзынæн.

Уæрхтæнæгæн æгæр æнæнхъæлæджы уыд уыцы ныхас — нырма йын цыдæртæ зæгъинаг уыд. Фæлæ йæ зæрдæ 'хсайы, уый бамбæрста æмæ фæстæмæ 'рхæцыди йæ зæгъинæгтыл. Æрмæст ма иу улæфт ныккодта, стæй загъта:

— Мæ сæр дын уый куы фестид, цæмæй дзæбæхæй раздæхай фæстæмæ, мæ зæронд сæр...

Лæууыди сисрæбын Фарнæг æмæ йæ цæстытæ æнæсæрфад рахæсс-бахæсс кодта уыцы талынг уынгты. Йæ цæстыты раз багуыбыр сты хæдзæрттæ, бонмæ æнхъæлмæ кæсынæй бафæлладысты.

Æрцæудзæн бон, фæлæ сын рухс йеддæмæ ницы æрхæсдзæн уый дæр. Йæ бон æндæр ницы у бонæн дæр. Æрæджиау ауыдта — уæлæ Дургомты рæзты йе 'нæвдæлон, йæ пæррæстгæнаг цыдæй æруайы Сырдон. Уыдонырдæм æрбараст — бонхæрæны сисгæронæй. Ауыдта Фарнæджы, цæхгæр фæлæууыд.

— Уæрхтæнæг бынаты нæй?— дзуры Фарнæгмæ.

— Бынаты и, уæдæ кæм и?

— Бадзур ма мын æм.

— Куыд дын æм бадзурон? Хуысгæ кæны. Ныр æмбисæхсæв у.

— Æмбисæхсæв нæннæ йед у! Æмæ нырма Кæнты хæрæг куы нæ ныууасыд!

— Æмæ уæд та нал уасы Кæнты хæрæг.

— Нал уасы Кæнты хæрæг, уæдæ!

— Æмæ исты хабар и?

— Хабар та цы и! — бахъуыр-хъуыр кодта Сырдон. — Хуыдуг куы кæнын æнæ хабарæй мæнæ! Æртæ нартæй æртæ хабары нæ райхъуысдзæни бон, афтæ гуытты хъæутæ систы 'мæ, — дзургæ фæцæуы далæ Сырдон.

— Фæцæуыс, Сырдон? — дзуры ма йæм Фарнæг.

— Фæцæуын, уæдæ йед кæнын.

— Æмæ кæдæм цæуыс?

— Кæдæм мæ фæнды, уырдæм, — бустæ кæны Сырдон. Иу ран цæхгæр фæлæууыди. — Дæлæ изæры Æхсæртæггаты мæсыгæй чидæр каст, æмæ кæддæра чи уыд.

Фарнæг лæугæйæ баззад. Сисы уазал ын зына-нæзына хъарыд йæ фæсонтæм. Æхсызгон ын уыд уыцы уазал, æмæ æлхъывта йæ фæсонтæ сисмæ.

Иуафон йæ цæстытæ æрхæцыдысты скæсæны арвыл — кæмдæр, дард кæмдæр, йæ иугæндзон фæндагыл сындæг-сындæг сцæйцыди мæй, æмæ базмæлыди йæ зæрдæ Фарнæгæн, цыма мусы уыди, найгæнæнты фæстæ, æмæ йæм ныр хъæмпы фæскъæуттæ æмæ зыгуымы бигъуыйы бынæй хор сзынд. Æмæ бынтондæр скæсæнмæ сарæзта йе 'ргом. Раст уыцы афон рахъазыд комырдыгæй уадымс, йемæ мустæй рахаста хус хоры тæф,

æрбаулæфыд хоры тæф хæдзæрттыл, æмæ цыма змæлгæ бакодтой хоры тæфмæ хæдзæрттæ, афтæ фæзынд Фарнæгмæ — йæ цæстытæ æрхæцыдысты хæдзæрттыл. Хортæ æрластой мустæм, æмæ сфидыдтой мустæ. Сæхæдæг дæр æркарстой сæ хуымты гæппæлтæ. Хуымтæ сын гыццыл нæ уыди, бæргæ, фæлæ Уæрхæг — нал, Уæрхтæнæг — сæфт, Уæн — рынчын, æмæ сæ Фарнæг фæуæрста хъæуы мæгуыртæн. Ныр-иу сæумæйæ балæууыдысты хуымы кæрон Борæтæ æртæйæ. Кæрдынхъом сæ Фарнæг йеддæмæ ничи уыд, фæлæ иннæтæ дæр цыдæртæ хыбыр-хыбыр кодтой. Уæн куыристæ хаста æмæ сæ уыгæстæ амадта. Уæрхтæнæг æфсиртæ уыгъта.

Рæхджы най кæнын райдайдзысты, æмæ та хъæу мустæм аивылдзæн. Æмæ та цы цардызмæлд уыдзæни мусты! Стæй уыцы цардызмæлд хоримæ æрбацæудзæн хæдзæрттæм, афæдзваг цардызмæлд. Хор йæхæдæг фæуыдзæн, йæ цардызмæлд — нæ. Æнæуи йæм цард найы хуызæн фæкæсы Фарнæгмæ, адæм сæхæдæг та — найййæгты хуызæттæ. Алкæмæн дæр сæ, цард йе 'фцæгыл цы къæлæт бафтыдта, уый хæссы, уыцы къæлæт. Æмæ йын къæлæт куыд амоны, уымæй йын нæдæр тагъддæр ацæуæн и, нæдæр фæстæдæр аззайæн. Фæлæ къæлæт иутæн амоны дугъ кæнын, найййæгтæн сæ кæрон цы бæх вæййы, уый хуызæн — уый дугъ куы нæ кæна, уæд не 'ййафы иннæты. Иннæтæй дæр мусы къæбæлмæ чи куыд дарддæр баст у, афтæ цæуы тагъддæр. Се 'ппæтæй сындæгдæр цæуы къухцæг — уыцы цыбыр фæндагыл цæуы, уыцы сабыр къахдзæфтæ кæны, уыцы иу ранмæ кæсы.

Афтæ у адæмы хъуыддаг дæр.

Дæле Хæмыцты къуда куыдзы рæйын ссыд. Æвæццæгæн, Сырдонмæ ралæбурдта æмæ, Сырдон у, уый куы базыдта, уæд ныууагъта йæ рæйын. Сырдоныл нæ рæйдтой нарты куыйтæ.

Стæй та зарын æрцыди йæ хъустыл Фарнæгæн. Зарыдысты та Тæрийы сидзæртæ — афтæ сæ хонынц хъæубæсты. Æндæр номæй ничи ракæндзæн сæ кой — уæртæ Тæрийы сидзæртæ. Тæри йæхæдæг дæр гуыбыны баззад, йæ фыд Гуыдзой фæмарди ныббырсты, йæ чындзæхсæвыл цалдæр боны куы рацыд, уæд. Фыды æмбисонд æрцыд Тæрийæн йæхиуыл дæр — фæдисы фæмард, куыддæр лæппуты мад банхъæлцау и, афтæ. Куырдадз сын баззади лæппутæн фыды бынтæн, æндæр ницы. Æмæ æхсæв дæр фылдæр уым баззайынц. Цырагъы рухс æмæ хъæсдарæджы зылангмæ фæцалх сты зарыныл. Æмæ се

'мдзæрин сси зарæг сæ фыдæлты куырдадзы. Æнæуи дзæбæх, тымбыл læппутæ — æмхуызон бурхил æмæ цъæхдзаст. Заргæ та рагон нæртон зарæг фæкæнынц:

Бандидзæм æфсæн кæрдтæ, бандидзæм,
Бандидзæм нæ цирхъытæ уæларвон зынгæй.
Бандидзæм згъæргуыртæ, бандидзæм,
Карды ком сыл ма хæца, бандидзæм.
Фаты æрттигъ сæ ма хиза, бандидзæм.

Афтæ зарыдысты. Сæ куырдадзы та згъæргуырты кой дæр нæ уыди æмæ цирхъыты кой дæр. Цæфхæдтæ 'мæ æгъдæнцæйттæ-йедтæ арæзтой. Фæлæ зарæг зарæг у æмæ сæм, куыд æрхæццæ и, афтæ йæ зарыдысты. Заргæ та афтæ дзæбæх кодтой, æмæ сæм læг хъусынæй не 'фсæст.

Карды ком сыл ма хæца, бандидзæм
Фаты æрттигъ сæ ма хиза, бандидзæм...

Зарæгмæ хъуыста Фарнæг, афтæмæй йæ цæстытæ æрхæцыдысты — далæ, Æхсæртæггаты зæронд куырой кæм уыд, уым иу æхсидав судзы æмæ, цыма ауыгъд у æмæ хъеллау кæны, афтæ зыны. Чидæр кæсаг ахсы. Тæккæ еугæф калынафон æмæ дауынафон. Удисæджы змæлд кæнынц кæсæгтæ. Фæллад æмæ æххормаг дæр ницæмæ дарынц. Уæд уыдонмæ кард сис! Æмæ фæфæнд кодта — ныццæуа йæм, чи у, уый базона. Мидæмæ бауад, йæ пысултæ акодта, фæсдуар цы лæдзджытæ уыд, уыдонæй иу райста æмæ фæстæмæ рахызт. Уæрхтæнæг æмæ Уæнæн цыдæр ныхас бацайдагъ æмæ йæм сæ хъус не 'рдардтой.

Уæдмæ мæй сзынди арвы кæронæй, æмæ дуне бауддзыд и. Æхсызгон ын уыди мæйы скаст. Цыди æмæ цæугæ-цæуын хъуыды кодта: куыд хорз у — бон адæмæн хур и, æхсæв — мæй. Бон цардаразæн у, æмæ цардаразгæйæ хуры рухс хъæуы æмæ хуры хъарм ноджы. Æхсæв та цардуарзæн у. Уым рухс афтæ бирæ нæ хъæуы, цæмæй зæрдæтæ кæрæдзимæ фæндаг арой, уый фаг рухс хъæуы, æндæр нæ. Мæй сæ хъузон у зæрдæтæн æмæ иу афон уымæн не скæсы алы 'хсæв: зæрдæ зæрдæ у, кæд æм цы æрцæудзæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Æмæ сæ талынджы дæр фæуадзы зæрдæты, стæй та сыл кæсгæ дæр скæны. Хуры хъуыддаг æндæр у — хур хъуамæ кæсгæ дæр иу афон кæна æмæ ныгуылгæ дæр. Кæннæуæд адæм хъуыддæгты куыд бацæудзысты æмæ куыд араздзысты хъуыддæгтæ!

Мæйы тынтæ доны уæлцъарыл æртытæ кодтой. Къаннæг сырхбын æртытæ æмæ йæ развæндаг дзæбæх æвзæрста уыцы

æртыты рухсмæ Фарнæг. Уæдмæ йæ цæстытæ æрхæцыдысты, цырагъ кæмæ уыд, уымæн йæхиуыл дæр — уартæ доны бæрæг астæу иу дурæй иннæ дурмæ саджилæй лæууы, йæ иу къухы цырагъ и, иннæйы — кард, даргъ кард, кæсагмарæн кард. Уартæ кард уæлæмæ фæцыд йæ хъавгæ цыдæй, стæй андзыг и, ныртæккæ йæ цъыкк фæцæудзæн кардæн æмæ кæсаг фæуæлгом уыдзæн, æмæ æрдзæтæ 'мæ сæдæтæ кæм и кæсæгтæ, уыцы еугæф баззайдзæн æнæ даудæй æмæ бахуысдзæн. Æмæ бахъæр кодта лæгмæ:

— Ай æмæ кæцы дæ?!

Уый фестъæлфыд, йæ кард дæр хъилæй аззад æмæ йæ цырагъ дæр. Йæ бæрзæй раздыхсæгау кодта былмæ, йæ роцъо йе уæхскæй федде и.

— Фарнæг куы дæ!

— Чи дæн уæдæ!

Æмæ йæ рухс цады сæрмæ ауындзæгæй аззад, йæ кард цыма уæгъд фæци — æрхауæгау кодта, йæ фындз кæмдæр дурмæ ныххаста, йæ къæрцц фæцыди дурыл.

— Арсаг нæ дæ?

— Арсаг дæн.

— Æмæ уыцы фæллад кæсæгтæм дæ кард цы цæсгомæй сластай!

Арсаг дуртыл æрбагæппытæ кодта былмæ.

— Йæ хæдзар фехæлæд йæхи фæндиаг Хъобайæн. Лæхъыбыдырæй рацыдыстæм уыцы фæлладæй. Нæ дуртæ акалдтам, мидæмæ бацыдыстæм, æмæ хæдзар уазал смаг кæны. Нæдæр — ус, нæдæр — мад. Уый мын цырагъ æмæ кард мæ къухты фæсагъта, ды. дам, Нартыдонæй кæсæгтæ сдав, æз, дам искуы ронг рацагурон. Зæгъгæ йын кодтон, кæсæгтæ сæ тæккæ дауыныл сты, куыд дын дзы сдавон, æмæ мыл йæ тæрттæ ма сцæгъда. Нартыдон, дам, кæсæгтæй быр куы у, уæд, дам, дзы дыууæ лæгæн æхсæвæрваг сдавдзынæ, уымæй бæстæ фесæфдзæн!

— Цæугæ кæцæй ракодтат, зæгъыс?

— Лæхъыбыдырæй уартæ.

— Цы ми дзы кодтат?

Арсаг хæстæгдæр балæууыд Фарнæгмæ.

— Уалæ, дам, дзы Æхсæртæггаты Сослан цы дур ссардта, ахæм дуртæ бацагурæм æмæ, дам, мах дæр Сосланы карды хуызæн кæрдтæ рацæгъдын кæнæм Куырдалæгонæн.

— Æмæ дзы ссардтат?

— Агурæм дзы. Бон-изæрмæ сæ ратул-батул кæнæм, изæры дзы фæйнæ къæссайы дзаджы рантъухæм. Йæ уынг дурæй байдзаг и, чи йын бакæса йæ уынгмæ, уый зæгъдзæн, ай гæнах амайынвæнд скодта, — бахудта Арсаг.

— Æмæ ма сæ ды та уыдонмæ цæмæн ныххæссыс?

— Нæ зонын. Иу ранмæ уал, дам, сæ калæм, стæй, дам, дзы равзардзыстæм.

— Уагæры цы хуызæн дуртæ рахæссут? Ам нæхимæ нæй ахæм дуртæ?

— Нæ зонын, кæд ам дæр ис, уæддæр. Абон дзы цыдæр æнахуыр дуртыл бамбæлдыстæм. Уæззау æмæ зыланггæнаг. Рагсом хъуамæ æфсæн мæцъис æмæ дзæккор ахæссæм. Хъуамæ сæ фехалæм, кæддæра мидæгæй куыд сты. Лæгмæ иу дзæбæх кард куы бафтид. Хорз кардæй хуыздæр цы и!

— Хорз кардæй хуыздæр — хорз цард! Гъа уæдæ, ацу, афонмæ дæм Хъоба æнхъæлмæ кæсы.

Арсаг йæ кæсæгты къæрта систа.

Æмæ фæйнæрдæм ацыдысты. Фарнæг цалдæр къахдзæфы акодта æмæ æрлæууыд — фæстæмæ акæса æмæ, Арсаг куыд фæцæуы, йæ цырагъ куыд фæхæссы, уый фена.

Акаст æмæ уартæ лæууы Арсаджы рухс, алæууыд ма уыцы æнæзмæлгæйæ ноджыдæр, стæй фезмæлыди рухс æмæ фæцыд йæ хъæр Арсагæн:

— Фæлæуу-ма, о Фарнæг!

— Цы кæныс, Арсаг?

— Хъæуыс мæ.

Арсаг йæхæдæг нæ зынди цырагъы рухсмæ æмæ афтæ каст — цырагъ йæхæдæг æрбацæуы. Уæдмæ æрбахæццæ и рухс æмæ сæ дыууæйæ дæр йæ быны æрбакодта. Фарнæг уæлæмæ касти рухсмæ, уыдта — хъабыгътæ цъысцъысгæнгæ судзынц, фæйнæрдæм лыстæг стъæлфæнтæ калынц, æнкъардта сын сæ адджын тæф æмæ йæ адджынæн улæфыд.

— Дзур, Арсаг, кæннæуæд дæ рухс ахуысдзæн æмæ ма талынджы куыд дзурдзынæ.

— Мæ дзуринагæн талынджы æнцондæр уаид йæ дзурын. — Арсаг фæлæууыд, ныуулæфтытæ кодта, цырагъмæ скасти. — Мæ зæрдæ адзæгъæл, æмæ ма цы ми бакæнон, уымæн ницыуал зонын. Куыстмæ дæр нал тасы мæ къух, æмæ мæ хæдзар зауатмæ æрцыди. Аимæ дæр уымæн сбæндæн дæн, а Хъоба-

имæ. Уыцы дуртæ ратул-батул, æмæ рахæсс-бахæссыл ирхæфсын мæхи. Æнцондæр мын у.

— Чи у, кæй фæдыл адзæгъæл и дæ зæрдæ? — фæрсы Фарнæг хъазгæмхасæнты.

— Адоны чызг мæнæ, чынты.

— Сæ быны рæсугъд чызг? Гъæй, дæ бонæй уай, Алæгаты Арсаг! Æмæ кæм бамбæлдтæ чынты рæсугъдыл?

— Кæм ыл хъуамæ бамбæлдаин, куы никуы вæййы, уæд! Уым æй сæхи дуармæ федтон цалдæр хатты. Майрæмбоны йын хъазт нæ саразынц йæ чындзытæ 'мæ йе 'фсымæртæ, йæхи аирхæфсыны тыххæй. Æмæ уыцы хъазтмæ бацыдтытæ кодтон. Уый йæ цæстытæ зæхмæ куы 'руадзы æмæ афтæмæй куы рацæйкафы! — Арсаг йæ сæр ныттылдта æмæ ныуулæфтытæ кодта. — Стæй куы ныззилы! Дæттæй, мæ туг ныккæла!

— Зилгæ та цæмæн ныккæны?

— Лæппу йæ разы йæ къахфындзтыл куы алæууы, уæд ын размæ акафæн нал вæййы æмæ ныззилы.

— Ды никуы ракафыдтæ йемæ?

— Нæй. Мæ ныфс нæ бахæссын. Куы ныззилы, уæд мæм цыдæр ныфс фæзыны, фæзæгъын — агæпп кæнон. Фæлæ — нæй, нæ та агæпп кæнын. Æмæ та стæй мæхи фæсмонæй бахæрын — цæмæннæ агæпп кодтон?!

— Æмæ ныр куы агæпп кæнис, уæд истыгар сарæхсис?

— Уымæй тæрсын, уымæй — куы нæ сарæхсон. Æндæра ницæй тыххæй ныллæууин æнæ агæпгæнгæ. Ныр мæ уартæ Мæйгæс Къахнæрмæ ардауы, иу æртæ фысы, дам, ын ныббæтт æмæ, дам, дæ кафын сахуыр кæна. Æмæ йын хъуамæ радтон. Уыимæ чи нæ акафа, уый мæрдты цы радзурдзæн!

— Къахнæр дзæбæх кафы?

— Мæйгæс мын дзы æппæлы. Æз æй никуы федтон кафгæ.

— Хъоба дæр дзы скафы?

— Куыннæ дзы скафы! Хъоба дзы тынг скафы.

— Зилæхурæимæ дæр скафы?

— Уæдæ! Æрмæстдæр уыимæ фæкафы.

— Æмæ арæхсы истытæ?

— Цæмæннæ! Йæ фæрсты бахъылиппытæ кæны, стæй йæ разæй куы фæвæййы, уæд æм йе 'ргом фездахы æмæ уæд та фæстæмæ ахъылиппытæ кæны.

Фарнæг ма йæ цæмæй бафарстаид Арсæджы, уый нал зыдта æмæ æрлæууыд, æмæ та йæхæдæг райдыдта Арсаг:

— Ацы дуртæй мæ бæрæг куы базонин, уæд мын æнæ бадзургæ нæй Къахнæримæ. Куыддæр мын истытæ ацамындтытæ кæна, афтæ айтæ-уыйтæ нал фæкæндзынæн, фæлæ асæррæтт ласдзынæн, цы уа, уый уæд. Бахъавдзынæн, бахъавдзынæн æмæ, куыддæр йемæ чи кафа, уый фæсте аззайа, афтæ мæхи фехсдзынæн, фыццаг уал мæ къахфындзтыл алæудзынæн, стæй ныззилдзынæн æмæ... — Уым фæлæууыд Арсаг æмæ йæм Фарнæг хъусыныл фæци. Цымæ уый фæстæ та цы ми кæндзæн, куы ныззила, уый фæстæ? Цымæ та нæуæгæй йæ къахфындзтыл алæудзæн, æви сиргæ акæндзæни Зилæхурæйы фæстæ? Фæлæ ахæмæй ницуал загъта Арсаг. Æввахсдæр балæууыд Фарнæгмæ. — Дæ зæрдæ мыл ма бахудæд, кæй дæ раздæхтон, уый тыххæй, нæ, Фарнæг? Мæ хъалæй дæ нæ раздæхтон. Мæ сæрæн ма уыцы иу хос зыдтон — дæуæн ракæнон мæ хабар. Дæуæй хуыздæр мæ ничи бамбардзæн. Стæй, кæд Хуыцау зæгъа, уæд мын минæвар дæр ды куыд фæцæуай.

Стæй аздæхт Арсаг æмæ ацыди. Фарнæг лæууыд æмæ йæ фæстæ каст. Йæхæдæг нал зынд, фæлæ ма йæ цырагъ стъалыйау æрттывта æмæ гыццылæй-гыццылдæр кодта йæ цырагъ дæр. Стæй бынтондæр батади цырагъы рухс дæр.

Уæн æмæ Уæрхтæнæджы ныхасгæнгæ баййæфта.

— Стæй уæд тæрсын фæтк нæ уыди, нæ. Нæртон лæгæн худинаг уыди тæрсын уæд, — цыма йæ ныхасы кæрон æлхынцъ кодта, уый хуызæн хъæрæй загъта Уæрхтæнæг.

Фæлæ та йæ бафарста Уæн:

— Сæ уæрмы бирæ фæдæ?

Уæрхтæнæгæн йæ уæззау улæфт фæцыд.

— Æхсæз боны æмæ дзы æхсæз æхсæвы банымадтон, стæй мæ цæстытæ тартæ кæнын байдыдтой, æмæ мын схæццæ сты. Уыдон кæй дæргъæн бонтæ æмæ æхсæвтæ уыдысты! Ноджы мæ бæхы тæригъæд! Йе 'нкъард цæстытæ-иу мыл куы æрхаста, стæй-иу уыцы зæрдæхалæн уастæй куы ныууасыд! Хорз уыд, æмæ йæ систой цыппæрæм бон.

— Куыд æй систой?

— Бæндæнтæ æруагътой, мæхæдæг ын сæ йæ бынты аластон, бабастон ыл сæ, æмæ йæ систой. Гыццыл мын фенцондæр, бæхы тæригъæддаджы уасынмæ нал хъуыстон. Фæлæ сыдæй мардтæн æмæ дойныйæ. Ноджы нæ хæдзары куывд уыди — уый-иу куы æрхъуыды кодтон, уæд-иу бынтон æрцыдтæн мæлынмæ.

Æмæ æваст фæхъæр кодта Уæн:

— Гъомæ нал лæууыдысты сæ куывдыл! Уæдæ ды сæфгæ фæкодтай, уыдон та — куывд!

Æмæ йыл Уæрхтæнæг бабустæ кодта йæ иугæндзон сабыр хъæлæсæй:

— Дæ мæрдтыстæн, цы хуызæн лæг дæ! Уæдæ уазджытæ куы æрæмбырд сты, уæд сын афтæ загътаиккой, нал куывд кæнæм, нæ хонæг нал æрыздæхт æмæ?! Къæсæрæй сæ аздæхтаиккой?! Уæд худинагæй тарсти алчи, худинагæй. Ныр дзы ничиуал тæрсы худинагæй, уый йеддæмæ уæд — гъей лæппу!

— Гъомæ уæдæ уыдон цæмæннæ тарстысты худинагæй, айгуыртæ?!

— Куыйтæ сты 'мæ уымæн!

Æмæ барызти Фарнæджы зæрдæ Уæрхтæнæджы фæстаг ныхасæй. Цал хатты радзырдта нарты æмбырды — æвзæр адæмтæ нæй. Цал хатты бацыди быцæуы — æвзæртæ рацæуы адæмæй, фæлæ адæм æнæхъæнæй æвзæр уой, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ адæмты иууылдæр Хуыцау сфæлдыста æмæ сæ адæмтæй сфæлдыста. Фæлæ иугæр адæм тугхор куы уой, туг куы хæрой, адæймаджы туг, гыццылæй-стырæй, уæд цы хуызæн адæм сты! Туг чи хæры, уымæй ма хорзæй зæгъæн цы ис?!

Фарнæг сонт бадт ракодта йæ уаты, йæ сæр ныууыгъта æмæ та фæстæмæ сонт уагъд акодта йæ уæнтыл йæхи.

Æмæ кæд Хуыцауы æвастæй райдыдтой туг хæрын, уæд сæ куыд нæ фесафы Хуыцау?! Цы боны хорзмæ ма кæсы! Фæлæ сын кæд йæхæдæг бацамыдта туг хæрын Хуыцау?!

Уæрхтæнæг æмæ Уæны ныхас нал хъуыст Фарнæгмæ. Йæхи ныхас æм хъуысын байдыдта, йæхæдæг куыд ныхас кодта йæхиимæ, уый.

Кæм ис Хуыцауы æмæ йæ бархъомыс кæуылты æххæссы? Ау, кæд дуне уый сфæлдыста, стыр Хуыцау, уæд хъуамæ уый дæламынды уа дуне æгасæй, хъуамæ йыл йæ бон цæуа. Уæдæ уый гæнæн куыд и, æмæ дуне сфæлдиса, стæй йыл йæ бон мауал цæуа! Фæлæ кæд мыййаг иннæрдæм рауади хъуыддаг? Кæд адæм сæхæдæг сфæлдыстой Хуыцауы. Сфæлдыстой йæ æмæ йæ дæлбар балæууыдысты, уымæн æмæ дæлбар лæууын уарзынц адæм. Æнæуи цудгæ кæнынц, дæлбар куы нæ лæууой, уæд. Æмæ уæд, æвæццæгæн, Хуыцауæй стырдæр ницыма сфæлдыстой адæм, сфæлдыстой йæ æмæ йын кувын райдыд-

той. Æмæ уый дæр раст у, цымæ? Сфæлдис æй — æрхъуыды йæ кæн, стæй дзы фæтæрс æмæ йын кувын райдай!

Уыцы хъуыдытæ йын йе 'нцой фæсырдтой Фарнæгæн. Æрфæндыд æй, бон куы æрцæуид. Æмæ та-иу, дуары фарсмæ цы цыппæрдигъон фæрссаг уыд, уымæ бакаст. Боны рухс ын куы нæ баххуыс кæна, уый йæ куы нæ ферваæзын кæна уыцы æнæкæрон-æнæфæуд хъуыдытæй, уæд æхсæв — ницы. Ам хуры рухс хъæуы, мæйы рухс — ницы. Мæйы рухс ноджы знæт кæны хъуыдытæ, разæнгард сыл æфтауы. Фæрссаг гæзæмæ хицæн кодта къулæй, æндæр нæ — гыццыл фæлурсдæр дардта. Уæддæр æмбæрста Фарнæг — рæхджы æссæ райдайдзæн, хъæу базмæлдзæн. Уый дæр фестдзæн, сæ сæгътæ рауадздзæн æмæ та сын сæ Сагинæ радуцдзæн, сæ сыхаг Дургомы чызг. Æмæ та йæ цъæх цæстытæй худдзæни Сагинæ, уалдзæг йæ цъæх æрдузтæй куыд фæхуды, афтæ. Йæ фезмæлдыл та цæст нæ хæцдзæн. Сæ гуымбыл сын афæрсудздзæн, стæй йæ афтæ фæуадздзæн — цалынмæ ахсгæ кæна гуымбыл, уæдмæ уал сæхимæ ауайдзæн. Сæхи фос дæр уымæ кæсы. Мад æнæфæразгæ хæссын байдыдта а фæстаг рæстæджы. Бирæ хотæ — кæстæртæ, амæй-ай къаддæр. Дургомæн йæхи арс ныцъцъæл кодта, гуыбырæй баззади. Цуаны ма фæцæуа, уымæн нал у. Афтæмæй цы цуанон уыди! Цуан та æрсытыл кодта æрмæст. Сæ лæгæттыл сын зылди. Мидæмæ-иу сæм бабырыд сæ хуыгтомыл, йæ галиу цонгыл-иу йæ нымæт цæнгдарæн бакодта, йæ рахиз къухы ставд æнгуылдзтæ-иу йæ цыбыр карды фистоныл æрбатыхта. Дзырдтой-иу ын, уымæй хистæр чи уыд, уыдон: арсимæ кæрдо цæгъдынæй куы хизынц сæ кæрæдзийы адæм, уæд ды хъæбысæй кæдæм хæцыс æрсытимæ?! Ахæм арсы ахæсты бахаудзынæ, æмæ дæ хъæдхъилтæ дæр нал сæмбæлдзысты дæ мæгуыр хæдзарыл Дургом-иу худти. Йæ тъæпæн дæндæгтæ-иу байгом сты, йæ бинаг æфсæр-иу размæ рахæцыд худгæ-худын йæхиуыл, æмæ-иу афтæ зынд — мæстæй сæ мары лæгты.

Афтæмæй иу æрæгвæззæг, рæгътыл мит дзæбæх æрхæцыди, афтæ фæдис ма фæцæуа, Дургомы, дам, арс ныцъцъæл кодта. Фæдисы уый дæр уыди, Фарнæг дæр. Лæгæтмæ балæсæн нал уыд — ныккалди, цы хуызы ныккалди, уый не сбæрæг. Февнæлдтой йæм къахынмæ. Тугызмæстæй сæ байййæфтой лæгæты арсæй-лæгæй. Арс мард уыд — æмæ арсы хуызæн арс уыд — къамбец ницы уыд йæ цуры. Фæлæ лæг дæр мæнæ-мæнæ

удыгæстæй нал уыд. Тымбылтæй баззади арсы хъæбысы, цыма йе стджытæй дыууæ кæрæдзиуыл нал хæцыд. Бынтон диссаг та уый фæзынд фæдисонтæм, æмæ йæ галиу цонг Дургомæн йæ рæбынмæ кæд нæ баззади арсы хъæлæсы тъыстæй. Бирæ фæархайдтой йæ рафтауыныл — нæй, ницы йын баци сæ бон — æфсæртæ йыл ауадысты, æмæ йын цалынмæ йæ сæр нæ ракодтой арсæн, стæй йын йе 'фсæрты нуæрттæ не суагътой, уæдмæ ма цонгæй исты баззади йæ уæлæ, уый дæр ничи зыдта. Лæджы сынтыл æрхастой. Арсы та галгуыфы æрластой.

Ныр сæ сисгæрон иу тымбыл дурыл фæбады, йæхæдæг дæр батымбыл вæййы æмæ дардмæ афтæ фæзыны, цыма иу дур иннæ дурыл сæвæрдæуыд. Фæбады æмæ уæлæмæ фæкæсы хæхтæм. Хаттæй-хатт йæ дыууæ русыл дыууæ тымбыл цæссыджы æртулы æмæ дуры рæбын сæ тъæпп фæцæуы зæххыл. Дургом сæм йæ хъус не 'рдары. Чи зоны, зонгæ дæр нæ бакæны, йæ цæссыгтæ æрхъуызыдысты, уый.

Мæгуыр у, цуаны цы цуанон нал ацæуы, уый. Иу мæгуыр йæхæдæг у, дыууæ мæгуыры — йæ хæдзар.

Къæбæр дæр сын Сагинæ ракæны. Уый — бонрæфты. Уыцы дзæбæх сæ сфыцы æмæ сæ гайлайы фæйнæгыл кæрæдзи уæлæ бакъул кæны. Хæдзары кæрдзыны тæф ахъары.

Æрцардта сæ Сагинæ...

— Гъæ, тæхуды æмæ ма йæ хъару иу бон уæддæр кæмæ раздæхы! — æваст æрцыд йæ хъустыл Уæрхтæнæджы уæззау уынæргъын. — Адонæй мæ маст куы никæцырдыгæй райсон, уæд мæ мæрдтæм ницы фæхæццæ уыдзæн.

Стæй та Уæны ныхас æрцыд йæ хъустыл:

— Мæнæ æз куы сдзæбæх уон, уæд сæ дæ маст дæр райсдзынæн æмæ мæхи маст дæр.

Æмæ йæ уаты базмæлыди Фарнæг — уæдæ нырма ныхæстæ кодтой Уæрхтæнæг æмæ Уæн, уый сын хъусгæ нал кодта сæ ныхас, æндæра... Йæ хъуыдыты фæдыл адзæгъæл и æмæ ма сын куыд хъуыстаид сæ ныхас хъуамæ! Кæсыс — цы ныфсытæ æвæры Уæн?! Уый хорз у, ныфсытæ кæй æвæры, уый. Йæ уæнгтæ фидар байдыдтой. Рацъæхсиаг и. Йæ бæрзæй батымбыл, йæ хурхы нуæрттæ разындысты. Хæрын дæр дзæбæх райдыдта. Раздæр-иу йæхимæ дæр нал æрцыд хæрын Фарнæгæн, фынгыл-иу æй уыцы мæтъæлæй æрбадгæ куы федта, уæд. Ныр æм кæс æмæ та дзидзайы хайыл йæхирдæм бахæцы.

— Кæннæуæд та сыл зарæг скæндзынæн, худинаджы зарæг,

адæймаджы туг куыд хæрынц, сæ фæндæгтыл уæрмытæ куыд къахынц, æнæуи та æнæгъдау кæй сты, цалдæргай устытæ куыд дарынц...

Æмæ Уæрхтæнæджы зæрдыл æрбалæууыдысты, ахæсты кæмæ уыд, уыцы айгуырон Сæиппы бинонты хабæрттæ, афтæ хорз æрбалæууыдысты æмæ ма дис дæр бакодта Уæрхтæнæг. Æхсызгон ын мæнæ-мæнæ нæ уыд, лæгæн исты мысинаг куы 'рбалæууы йæ зæрдыл, уæд ын куыд æхсызгон вæййы, афтæ — йæ зæрдæ сæ цъæх уыди нырма айгуыртæй. Зонгæ сæ хорз кодта Сæиппы бинонты хабæрттæ. Уал æмæ уал азы дæргъы сæ куырм æмæ къуырма куы базыдтаид — уый та хъусæй дæр хорз хъуыста æмæ цæстæй дæр хорз уыдта, Уæрхтæнæг. Æхсæз усы йын уыди Сæиппæн. Æхсæзæмы æрæджы æркодта, Хоминæйы. Æнæуи йæ хонгæ Хонæ кодтой. Æгæр æвзонг уыди Хонæ Сæиппæн. Йæхицæн, Хонæйæ хистæр чи у, ахæм цæуæт уыди йæ хистæр устытæй. Æмæ иннæ устыты нæ фæндыди, куы йæ æркодтаид, уый — сæхæдæг фаг нæ уыдысты!

Æнæуи йæ тæккæ чындздзон кармæ бахæццæ и Хонæ. Ноджы алцæмæй — æххæст. Йæ рæзты-иу кæмæн ахызт нæлгоймæгтæй, уый-иу йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Уæд уыцы гуырвидауцæй кæдæм хауди Сæипмæ! Фæлæ сæм сылыстæг фарстайы нæ уыд айгуыртæм. Загътой йын, Сæипмæ фæцу, æмæ фæцыди. Æндæр искæмæй йын куы загътаиккой, уæддæр æм фæцыдаид.

Æхсæзæй дæр иу хатæны хуыссыдысты йæ устытæ Сæиппæн — уæдæ сын уал хицæн хатæны кæцæй æрхастаид! Сæ уæттæ куыд хистæр, афтæ рæбындæр уыдысты, æмæ Хонæйы уат раст дуаргæронмæ æркуырдта. Æмæ-иу фæсахсæвæр устыты хистæр Сылыхъмæт цырагъ куы афу кодта, æмæ-иу устытæй алчи йæ уаты куы бакъул, уæд-иу Сæипп гуыбыр-гуыбыр йæхи Хонæйы уатмæ ныййиста къæсæргæронмæ. Иннæтæ-иу сын фондзæй, ныссабыр сты, афтæмæй хъуыстой сæ хуыссæнты сыбар-сыбур æмæ се змæлдмæ. Стæй-иу сæ æмуд æрцыды улæфт куы нæ райхъуыст Сæипп æмæ Хоминæйæ, уæд-иу цин кодтой сæхимидæг, сæ къах-иу сыл æркъуырдтой — гъæ-гъи!

Афтæ алы æхсæв дæр.

Уыцы бон Уæрхтæнæг æддæ уыди — йæ къухтæ бастæй-иу æй искуы-иу хатт ракодтой, хур-иу куы уыди, уæд æмæ-иу æй, агъуысты фисыны цы дурдзæджындз уыд, уымæ бабастой. Æмæ-иу сулæфыд Уæрхтæнæг — уыцы талынг ранæй, уыцы

сымæр уæлдæфæй æддæмæ раирвæз! Гъемæ иу ахæм зымæгон бон Хонæ холлагдонмæ куы бауаид йæ тæнæг къабайы. Æвæццæгæн ын йæ хистæр æмыджыртæй исчи бацума кодта, ома, дæлæ ма рæуæдтæн иу холладжы бындзыг баппар сæ размæ. Уæдæ йæ æндæр цы хъуыддаг уыд холлагдоны! Уыцы рæстæджы сæ сыхæгты Куырæфцæг лæппу цæхæрадонмæ цæмæдæр рауад. Хонæйы холлагдонмæ бахизгæ куы федта, уæд йæ цæстытæ хæцаг галы цæстытау асырх сты, афтæмæй кауы сæрты басæррæтт ласта æмæ холлагдоны смидæг. Холлагдоны фæтæн дуар йæхи уæзæй гом кодта. Куырæфцæг æй йæ фæдыл бæргæ бахгæдта, фæлæ уайтагъд рахæцыд фæстæмæ дуар æмæ райгом и. Уым мидæгæй рацахста Хонæйы, йæ тæрттæ йын фегом кодта, стæй сæхи холлагыл ауагътой, æрмæст ма сын сæ зæнгтæ уыдта Уæрхтæнæг. Уæд ма йæхæдæг дæр лæппу уыд Уæрхтæнæг æмæ сын нæ бафæрæзта сæ зæнгты змæлдмæ кæсын. Йæ бастыл иуварс ахæцыд æмæ азылд. Азылд дурдзæджындзы алыварс, къухцæг мусы къæбæлы алыварс куыд азилы, афтæ. Зылди æмæ зылди, иу ран æрлæууа, æрсабыр уа, уый йæ бон нал уыди.

Уый фæстæ, куыд вæййы, афтæ тымбыл кæнын байдыдта Хонæ. Æмæ-иу æм кæсынтыл фесты, цы — устытæ, цы — лæг йæхæдæг. Устытæ-иу сæ роцъотыл сæ къухтæ æвæрдтой, афтæмæй-иу кæрæдзийы цæстæнгасæй фарстой — цы сæмбæлд ацы быны чызгыл, алы 'хсæв æм сæ хъус куы дардтой æмæ се 'хсæн куы ницы 'рцыди лæгимæ, уæд?! Сæипп та йæхимæ мæсты кодта — уæдæ куыд нæуал хъуыды кæны, кæцы æхсæв æрцыд уыцы хъуыддаг, уый?! Ахæм ми бакæнай æмæ дæ ферох уа!

Æмæ та-иу йæ тымбыл гуыбыныл йæ тъæпæн æрмттæ æрхаста Хонæ, цыма устыты фыдæнæн афтæ кодта, уый хуызæн...

— Иу дзæбæх зарæг сыл скæн, уæд сын бæрæг уаид, — дзуры хъæрæй Уæн.

— Зарæг хорз у, фæлæ дзы маст исгæ никуы федтон зарæгæй æмæ дын цы зæгъон, — дзуры хъæрæй Уæрхтæнæг дæр.

— Ахæм зарæг, æмæ сыл тутæ куыд кæной фæстагæттæ, — ноджы хъæрдæрæй загъта Уæн.

— Ту зæрдæ фæуæд! — фехъуысти та Уæрхтæнæджы хъæлæс дæр. Æмæ йæ афтæ бамбæрста Фарнæг: дзурын дæр æм нал цæуы, стæй Уæны ныхæстыл дæр не 'ууæнды. Кæм и ахæм зарæг æмæ Уæрхтæнæджы маст кæмæй ссæуа?!

Æмæ та фæрссагыл йæ цæстытæ æрхаста Фарнæг. Фæрссаг

зына-нæзына урс дардта талынг къулы уæлæ. Æмæ фæфæнд кодта Фарнæг — сыста, йæ пысултæ скæна æмæ æддæмæ ацæуа, уартæ мустырдæм базила, абæрæг кæна мустæ.

Мæйы тымбыл цæстæн йе 'рдæг нæ зынди — цыдæр сау дæргъæццон мигъы уаццаг ыл йæхи баныхæста æмæ, дæ риссаг цæст куыд бабæттай, афтæ зынди. Хъæу кæм рухсдæр уыди, кæм — талынгдæр. Мустæ дæр йæ талынгдæр хайы аззадысты хъæуæн. Æмæ та мæймæ скасти Фарнæг.

Раст уыцы рæстæджы йæ хъустыл æрцыд бæхы къæхтыхъæр. Фæкаст æмæ дæлæ Тæрийы фаззæтты куырдадзы рæзты æрбацæуы иу бæхджын — куырдадз мæйрухсы ' рдыгæй уыди æмæ дзæбæх зынди бæхджын. Йæ цæфхæдты хъæр йæ фæстæ зади æмдзæгъдгæнæгау. Дæлæ уыдоны фездæхæнмæ схæццæ и. Чи уа? Фарнæг йæ размæ ахызт.

— Кæцы дæ?

Бæх цæхгæр фæлæууыд.

— Елтагъан дæн.

Лæппуйæн цыдæр цауд хъæлæс уыд æмæ йæ зæрдæ барызт Фарнæгæн. Уæдмæ йæ бæхæй рахизæрдæм æрхызт Елтагъан.

— Цы хабар у?!

— Арсаг... Нал и Арсаг.

— Чи нал и?! — сонтæй афарста Фарнæг.

— Арсаг. Нæхи Арсаг.

— Куыд нал и?

— Амарди.

— Куыд амарди?

— Чидæр æй амардта.

— Куыд æй амардта, æмæ нырма æрдæбон кæсаг ахсынмæ куы уыди, далæ Æхсæртæггаты зæронд куыройы бынаты! Дæлæ, дам, Хъоба, Чынты Хъоба, дам, дæлæ... — цы дзырдта 'мæ цæмæй фарста, уыдон нал æмбæрста Фарнæг.

— Гъа, сбад бæхыл. Æз дæ фæсарц абаддзынæн, æмæ цом.

— Кæдæм?!

— Кæм æй амардæуыд, уырдæм.

Æмæ нызмæлыд йæ зæрдæ Фарнæгæн. Йæ æрмттæ йæ цæсгоммæ схаста, бамбæрзта сæ йæ цæсгом æмæ ныууынæргъыдта:

— Уæ, быныдзæрæг куыд фæци дæ мæгуыр хæдзар, гъе, Арсаг!

Стæй сбадтысты бæхыл, æмæ фæуырдыг кодта бæх.

— Мах цуаны цæуинаг уыдыстæм Цатыбæрзондмæ æмæ, æзын, ме'мбæлттыл азилон. Райхъал сæ кæнон, æзын. Афтæмæй йыл бамбæлдтæн.

— Кæм ыл бамбæлдтæ?

— Далæ, бæхвæндаг нымæткъуы къохмæ кæм базилы, уыцы ран. Фыццаг афтæ фенхъæлдтон — чидæр фæрасыг æмæ бафынæй. Бæхæй æрхызтæн, æмæ — Арсаг. Æрæвнæлдтон æм, æмæ мæ къухтæ туджы атъыстон. Æмæ уæд дæумæ рацыдтæн. Ныр ын æй йæ мадæн куыд зæгъдзыстæм?! Чи йæм æй бадзурдзæн, куыд æм æй бадзурдзæн?! Уый чындзæхсæвмæ цæттæ кодта йæхи... — Елтагъан дзырдта, фæлæ йæм Фарнæг нал хъуыста: йæ цæстытыл уади Арсаг: рухсы бын лæууы — хъабыгътæ цыренæй судзынц уыцы тымбыл бастæй æмæ фæйнæрдæм стъæлфæнтæ 'ппарынц, сæ адджын тæф кæлы хъабыгътæн. Æмæ дзуры Арсаг: «... бахъавдзынæн, æмæ куыддæр, йемæ чи кафа, уый фæсте аззайа, афтæ мæхи фехсдзынæн æмæ мæ къахфындзтыл алæудзынæн, стæй ныззилдзынæн æмæ...» Стæй, куы ныззила, уый фæстæ та цы ми бакæндзæн, уый нал загъта. Æмæ йæ никуыуал зæгъдзæни, йæ бæсты йæ чи зæгъа, ахæм дæр ничи ис ацы дунейы. Æмæ тъымы-тъыматæм æнæ загъдæй баззайдзæн, цы зæгъинаг уыди, уый.

— Куыд ын æй зæгъдзыстæм, куыд æм æй бадзурдзыстæм?! — хъуысы та Елтагъаны тыхст хъæлæс.

Бæргæ исты сдзур, уæд хорз уаид, фæлæ йæм цы сдзура, уымæн ницы зыдта Фарнæг.

13

— Абон майрæмбон у, Фарнæг.

— Æмæ цы кæны, Уæн?

— Чынтæм хъазт уыдзæн.

— Æмæ?

Уæн ницуал загъта, йæ месты хъустыл радыгай хæрдмæ схæцыд — месты хъустæ æмыдынг бадтысты йæ хæцъæфджын зæнгтыл. Схæцын сыл нæ хъуыди, фæлæ дзургæ ницуал скодта Уæн æмæ сыл уымæн схæцыди.

Лæппутæ лæууыдысты кæрты бæрæг астæу. Хъарм бон уыди, уыдонæй — хъармдарæнтæ нæма дардтой æмæ сæ куырæттæ æнгом бадтысты сæ фидар уæнгтыл. Хуры рухсмæ уæлдæфы хъармы ивылдысты, саджысæт кæй хонынц, уыцы мæнгуд

хызгæндтæ æмæ læппуты сæрты сæ уæздан уылæн змæлдæй дæлæмæ, чынтырдæм цыдысты æрвон хæрдгæбыдты хуызæн.

— Искуы уыдтæ чынты хъазты, Уæн? — уæлæмæ касти уыцы хызгæндтæм, афтæмæй бафарста Фарнæг.

Уæн дæр скасти уæлæмæ, акасти дæлæмæ чынтырдæм дæр æмæ загъта ныллæг хъæлæсæй:

— Цæмæннæ.

— Æмæ дзы цы ми кодтай?

— Кастæн. Чи кафыд, уыдонмæ кастæн.

— Ды дзы никуы ракафыдтæ?

— Никуы дзы ракафыдтæн, — загъта Уæн. — Фæлæ мын дзы ныр æнæ ракафгæ нæй.

Фарнæг фесхъиудта — уæдæ ма йын Арсаг дæр афтæтæ дзырдта, нырма, дам, дзы никуыма ракафыдтæн, фæхъавын, дам, асæррæтт ласон, фæлæ, дам...

Æмæ læугæйæ баззади Фарнæг. Йæ зæрдæ йæ нæ хаста чынты хъазты кой кæнын. Æмæ ныхасыл иуварс ахæцыд — цы сæ бафтыдта чынты хъазтыл, цы!

— Рагсом нæ хъæмп æрбаласæм мусæй, арвистон саразæм æмæ йæ мидæмæ бакалæм, зыгуымдонмæ. Афтæ хуыздæр нæ уыдзæн?

— Уыдзæн.

— Ныр нæ нæ фыдызгъæл дæр сисын хъæуы цæхдонæй æмæ йæ хурмæ аппарæм. Ацы хурмæ фыдызгъæл фæлмæн кæны æмæ хæрзад.

— Сисдзыстæм æй, цас сисинаг у. Уыйбæрц дæр нын куы уаид сисинаг фыдызгъæл.

Цы ма загътаид, уый нал зыдта Фарнæг æмæ уæд афтæ бафарста, æнæуи:

— Уæрхтæнæг кæдæм ацыд?

— Æхсæртæггатæм. Ныхасы, дам, абадон, хъарм, дам, у 'мæ.

Æмæ æрлæууыди Фарнæг. Цы ма йæм бадзырдтаид, цæмæй ма йæ бафарстаид! Æмæ йæм уæд чъызгæ бадзырдта Уæн йæхæдæг:

— Фæндыр дæр куы ахæссин мемæ, уæд куыд уаид?

Фæндыры коймæ бацырд и Фарнæг: фæндыры кой куы уа, сæ ныхасы, уæд сын, уыцы æхсæв Арсагимæ цы ныхас уыд, уый хуызæн нæ уыдзæн. Бакасти Уæнмæ, Уæнæн йæ цæстыты цыдæр æнахуыр арт сыгъди, кæд дæ фæнды — хæстæг балæуу

læппумæ æмæ йæм батав уыцы артмæ дæхи. Æмæ цины рæхуыстытæ скодта йæ зæрдæ Фарнæгæн: искуы уый æнхъæл уыди, æмæ Уæны цæстыты ахæм арт ссудзгæ фендзæн! Бахудти Уæнмæ æмæ йæм йæ сæр разыйы тылд бакодта.

— Фæндыр дæр рахæсс. Фæлæ уæд æрвгæнæны дæгъæл Сагинæмæ бадæттæм, æндæра уæд та Лала исты кодта.

— Æри бадæттон æм æй, — батагъд кодта Уæн.

— Нæгъ. Цом, бакæсæм уал æм.

Лала схуыдтой læппуйы — исты номæй йын хъуыди кæнын йæ кой, æмæ уый сæ разы фæци, уыцы ном, цыма се 'рвгæнæны бын хаугæ æркодта искæмæй.

Læппу уæлгоммæ хуыссыди тæрхæгыл æмæ уæззау улæфыд. Йæ рахиз къах уыди уæлæмæ хъил æмæ дыууæ раны цармæ гæрзытæй баст, иннæ къахыл йæ агъды рæбынæй йæ зæнджы фæтасæнмæ уыди фæрчытæ æвæрд. Фæрчытæ — рагон сау гæрзытæй ælвæст тыхт. Фæрчытæ æвæрд уыди йæ галиу цонгыл дæр.

Къуырийæ фылдæр рацыд, куы йæ æрхастой, уæдæй, фæлæ нырма нæдæр цæстæй ракасти, нæдæр дзыхæй сдзырдта. Цы æхсæв æрхæццæ сты Цатыбæрзондæй, уыцы æхсæв æм Кæнты æрбакодтой — æргом хъæдгоммæ базилынæй Кæнты ничи æййæфта нартæй чынтæм. Æмæ йæм цынæхуызон хостæ уыд! Фæсыгъдæг ын кодта йæ хъæдгæмттæ, фæсæрста сæ, уый фæстæ сæ иутыл дугъысыфы быгъуы байзæрста, иннæтыл — дзыккайы сыфы быгъуы æмæ сæ бабаста. Стæй загъта læппутæн:

— Мæ бон ын æндæр ницы у. Стджыты сæстытæн уын мæнæй ницы пайда и. Саст æвæрынмæ йæ артыл дон ауадзæд дæллагхъæуккаг Зæрисæр! Уый саст сæвæрдта, уайтагъд ныхæсынмæ фæвæййы. Æмæ уæ уый куы уаид. Фæзæронд и, фæлæ кæд нæ базивæг кæнид.

Æмæхсæвæджы фæраст и Дæллагхъæумæ Уæн æмæ боныцъæхтыл æрбахæццæ сты Зæрисæримæ. Зæрисæр æй фæрафæлдах-бафæлдах кæнын кодта тæрхæгыл дæлгоммæ-уæлгоммæ, йæ зæнгтæ æмæ йын йæ цæнгтæ фæраиваз-баиваз кæнын кодта, кæмдæрты йын сæ къæрттытæ дæр ныккодта йæ къаннæг сыкъафистон кардæй, уый фæстæ йын йæ уæраг æмæ йæ цæнгтыл фæрчытæ сæвæрдта. Къах цармæ æрцауындзын кодта. Стæй бандон æрцагуырдта, læппуйы раз æрбадти æмæ йын йæ гуыбыныл фæныххæц-ныххæц кодта, фæхъуыста йын йæ гуыбынмæ, стæй загъта læппутæн:

— Иу амонд æй уыд, æмæ туг нæ ныттагъди йæ хуылфмæ. Æмæ хуылф сыгъдæг куы уа, уæд læджы бон бирæ у. Ныр афтæ бакæнут æмæ ронгыл зыгъарæджы сой бантаут æмæ йын уымæй алы райсом дæр сыкъайыдзаг уадзут йæ хъуыры. Изæры ты йын басы цалдæр хуыппы дæттут, куы уа, уæд дзæбидыры бас, гыццыл ыл саджы маст хæццæ кæнут, афтæмæй.

Уæдæй нырмæ йæм Кæнт алы бон дæр цæуы, куы йын исты раивы йæ бæстытæй, куы — нæ. Зæрисæр дæр æм æртыккаг бон æрбаздæхт. Бирæ фæракæс-бакæс кодта, фæрчытæ куыд æвæрд сты, уымæ, фесмыста йын йæ бæстытæм. Уый фæстæ загъта:

— Куыд рахатыдтон, афтæмæй ай иу арсы над нæу. Дыууæ фæлтæры над баййæфта, иу — раздæр, иу — фæстæдæр. Æмæ, раздæры цæфтæ чи сты, уыдон гыццыл мæрдзæдæв скодтой. Æнæуи ма, кæд исты зонын, уæд сæстытæ раст æвæрд æрцыдысты, æмæ саст раст æвæрд куы 'рцæуа, уæд уый хорз у.

Бирæ фæлæууыдысты йæ уæлхъус Лалайæн. Йæ цæсгоммæ йын кастысты, фæлæ царды нысанæй ницы зынд йæ цæсгомыл.

Æддæмæ куы рахызтысты, уæд æрвгæнæны дæгъæл айста Уæн Фарнæгæй æмæ Дургомтæм базилæны фездæхт.

Æхсæртæггаты лæзгъæры нæма фæуырдыг кодтой, афтæ бафиппайдтой — Ныхасы цыдæр бирæ адæм уыд. Стырбон ма уа, къатыбон ма уа, æмæ уыйбæрц адæм нымбырд уа Ныхасмæ! Хистæртæ бадынц, кæстæртæ сæ разы læууынц дæргъæйдæргъмæ рæгъæй.

Æмæ æрлæууыдысты læппутæ læзгъæры сæр. Кастысты дæлæмæ, Æхсæртæггаты хъæумæ. Рагъæбын уыцы хуссарвæлдæхт уæлвæзы райтынг и хъæу. Хъæуы астæу, тæккæ бæрзонддæр бынаты арвмæ фæцыди мæсыг, кæддæр-иу йæ сæрыл хъаггæнæг læууыд мæсыгæн, мæсыггæс. Ныр дзы ничиуал фæлæууы. Рагæй дæр нал у фæтк, исчи мæсыджы сæр læууа, уый. Æмæ нæ фидауы мæсыг æнæ мæсыггæсæй. Далæ Уырызмæджы хæдзар — бæрзонд цыппæрдигъон. Йæ уæлхæдзарæй рахизæн арæзт, мæсыг кæм и, уыцырдæм. Уырдæм рахизы уæлхæдзарæй йе 'ртæ мыдамæстимæ Сатанæ Хуыцаумæ скувынмæ. Йæ цæстытæ, зæрватыччы læппынтæ ахстонæй куыд ракæсынц сæ мады 'рбатахтмæ, афтæ ракæсынц йæ сатæг-сау æрфгуыты бынæй, арвмæ сдарынц сæхи, йæ дзуæрттæн лæгъстæгæнæн былтæ базмæлынц: «Хуыцæутты Хуыцау, мæхи дзæбæх Хуыцау!» Æмæ кæм и дунейыл ахæм Хуыцау, æмæ уымæ чи ма байхъуса!

Хицæн кæны Уырызмæджы хæдзар иннæ хæдзæрттæй. Йæ ердойæ фæздæг куыд гуылф кæны, уымæй дæр бæрæг у, йæ алыварс цы хæдзæрттæ ис, уыдонæй бонджындæр кæй у, цæрæгдæр.

Уалынмæ лæппутæй гыццыл фалдæр былыл алæууыд фидиуæг Мæйгæс, æххæст нæма 'рлæууыд, афтæ йæ хъæр фæцыд, æмæ бæстæ байдзаг и йæ хъæрæй. Лæппутæ йæм кæсынтыл фесты: кæцæй дзы стæхы уыцы хъæр, кæм дзы бацæуы!

— Уæй, абон майрæмбон, иннæ майрæмбон Æхсæртæггаты Уырызмæг куывд кæны, балцæй æд фосыконд кæй æрыздæхт, уый охыл! Цæуынхъом чи у, уый цæугæ ракæнæд, цæуынхъом чи нæ у, уый хæсгæ ракæнут! Нæ фехъуыстон мачи зæгъæд!

Йæ фæстаг дзырд дыууæ дихы фæци æмæ афтæ дыууæ дихæй нæргæ ацыд уым дæлæмæ хъæуы сæрты.

Мæйгæс ма гыццыл алæууыд æдзæмæй, цыма, йæ хъæр куыд зæлы, уымæ хъуыста, стæй æруад сæ фæрсты Фарнæг æмæ Уæнæн, иу æнæвдæлон каст сæм фæкодта фæстæмæ. Лæзгъæры чыс йæ фæдыл лæсти æмæ йын йæ къахдзæфтæ æмбæрзта.

Лæппутæ кæрæдзимæ бакастысты — кæд Уырызмæг æрцыд, уæд уыдон афонмæ дæр хъуамæ уым уаиккой — исчи сын куы нæ у! Æмæ фезмæлыдысты. Фæндаг-фæндаг нал азылдысты, фæлæ Мæйгæсау лæзгъæры гом-æгæрццыл фæуырдыг кодтой. Исдуг сæхи урæдтой, стæй сæ сæ уæз ахаста æмæ худгæзгъоргæ уайтагъд рæбыны балæууыдысты. Уым ауыдтой — Дзыхыдонæй хъæумæ тæссæртты цы фæндаг бадаргъ и, ууыл Æхсæртæггаты дондзаутæ дон фæхæссынц. Уыйæппæт чызг æмæ чызг-ус адаргъ сты уыцы тынг фæндагыл, сæ тавицы цыдæй фæцæйцыдысты — уыцы æнæхæлгæ цыдæй, æмæ иу фæкастæй афтæ зынд: кафгæ кæнынц. Уддзæф сын сæ къабаты фæдджитæй хъазыд, æвнæлдта сын сæ къабаты фæдджитæм йæ уæздан æвнæлдæй, æмæ пæр-пæр кодтой фæдджитæ уæрджыты уæлæ. Хатт-иу тыхджындæр æрбаулæфыд уддзæф, фæдджитæй-иу уæрджыты 'хсæн амидæг, фæхæцыди-иу фæдджитыл уæлæмæ, æмæ-иу иу цæстыфæныкъуылдмæ гомæй аззадысты уыцы бæрзонд уæрджытæ.

Диссаджы хъазт уыди уый, æнæфенгæ рæсугъд хъазт, æмæ йæм кæсгæйæ баззадысты лæппутæ. Æмæ æрфæндыд Уæны, тынг æй æрфæндыд — ныр ам иу дурыл æрбад, фæндыр дæ уæрагмæ æруадз æмæ ныццæгъд, афтæ ныццæгъд, æмæ дзы

уартæ уыцы сылыстæджы уæздан цыд куыд разына, сæ къабаты пæр-пæр дзы куыд райхъуыса, сæ бæрзонд зæнгтæ куыд фæзынынц сæ къабаты фæдджитæй, уый дзы куыд ахса цæст. Уддзæфы улæфт дзы зæрдæмæ куыд хъара...

Уæдмæ, къахвæндаг æрдыны хуызæн кæм æрбатасыд донырдæм, уырдæм æрбахæццæ сты дондзаутæ, æмæ федтой læппутæ: кæд Сатана нæ цыди дондзаутæн се 'ппæты фæстæ æмæ бадис кодтой — Сатана уа æмæ фæсте цæуа! Æмæ йæм кæсынтыл фесты. Йæ нарæг астæу — раст цыма чындздзон чызджы астæу уыд, афтæ нарæгæй баззади — тасыди, Сатана куыд цыди, афтæ уыцы 'ненкъуысгæ цыдимæ тасыди, тасыди уыцы æвæлмæцгæ аив тастæй æмæ зæрдæ йæхимæ скъæфта. Йæ урс-урсид кæлмæрзæны бынæй æрдаргъ сты йæ сатæгсау дзыккутæ дыууæ цонджы стæвдæн быдæй, йæ астæуæй фæдæле сты æмæ хъазыдысты астæуы ратас-батасимæ.

Кастысты læппутæ дондзаутæм æмæ нывыл цæуын нал зыдтой, амцæф-уымцæф къахдзæфтæ кодтой уыцы дурджын фæндагыл. Уæдмæ фæтæссар кодтой дондзаутæ, сæ урс къæртатæ сæ уæхсчытыл, сæ урс къабатæ сæ пæр-пæрæй нал æнцадысты, æмæ зæдты хуызæн зындысты, цыма Хуыцауы размæ фæцæйцыдысты уыцы урс-урсид арæзтæй...

Уырызмæг бадти лæгты астæу. Йæ рахиз фарс хистæртæ бадтысты — Хуро æмæ Еухæритæ, йæ галиу фарс — кæстæртæ. Læппутæ йæ размæ бацыдысты Уырызмæгæн, сæ рахиз къухтæ тымбылæй сæ зæрдæтæм бахастой, сæ сæртæй йын акуывтой.

Уырызмæг цыдæр дзырдта, йæ ныхас фæурæдта, йæ сæрæй рæуæг акуывта læппутæн æмæ йæ дæллаг фарс бадæг Кæнтмæ аздæхти.

— Фарнæджы зонын, Фарнæджы та куыд нæ зонын. Фæлæ а иннæ чи уа? Дзæбæх лæггаджы каст кæны, чидæриддæр у.

— Уый Уæн у, йе 'фсымæр Фарнæгæн. Йæ фаззон æфсымæр.

— Уæн, а?

— Уæн, Уæн.

— Гæр, æмæ Уæн йæ уат куы никуы систа, уæд ыл уыцы къабæзтæ кæм базадысты? Хуыцау, ды мын мацы кæ!

— Уæдæ! Сæндидзыдта. Цыдæр Хуыцау ын æххуыс кодта, нæ кувинаг ын барст фæуа!

— Мæнæ — уæрæйдæ!

Уырызмæг ма цæмæйдæр хъавыд афæрсынмæ Кæнты, фæлæ йæм уæдмæ Еухæр йæ цæстытæ æрбазылдта.

— Уырызмæг, мах дæумæ хъусæм, дæумæ, æмæ дæ ныхасы куыст кæ, цъыссс!

— Дæлæ Уæны нал базыдтон æмæ уымæй афарстон мæнæ Кæнты.

— Гæррæтт, лидзгæ никуыдæм кæны, ам уыдзæни Уæн.

Фарнæг йæ цæстытæ нал иста Уырызмæгæй — йæ хуыз куыд скалдта! Знон æрцыдаид, абон не 'рцыдаид. Дысон ам уыдаид. Уæдæ, дысон ам куы нæ уыдаид, уæд йæ хуыз афтæ скалдтаид! Фæхæццæ йæм и Сатанайы кæлæнгæнæг узæлд. Хæрзаг æй, цы фæмысыд, цы цинтæ йын фембырд кодта йе 'рцыдмæ, уыдон дысон фемæхстысты æрсдонау! Фыццаг æй нагъи арынджы цынадтаид, хорз æй ныссæрфтаид хусар хисæрфæнтæй, стæй йæ уатмæ акодтаид æмæ та-иу ын йæ тымбыл даргъ цæнгтæ йæ бæрзæйыл атыхтаид æмæ-иу адымстаиккой йæ бæрзæйы нуæрттæ Уырызмæгæн, æмæ сæ туг дзæхстгæнгæ уылæнтæ систаид хæссын. Йæ бæгънæг тæрттæ — сæ хæнт урсæй цæстытæ кæмæ нæ лæууынц — улæфыдаиккой сæ тæрк улæфтæй æмæ, цыма ронг нуæзта, уыйау расыг кодтаид уыцы тæртты улæфт Уырызмæджы. Йæ хуры тынты хуызæн хъарм æнгуылдзтæ-иу аныхстаккой йæ боцъойы, апыхцылтæ-иу ын кодтаиккой йæ боцъо æмæ-иу кæл-кæлæй худтаид, æмæ-иу уыцы худт, суадоны цыхцыр йæ бынмæ цы хæрзæхсад дуртыл ныппырх вæйиы, уый хуызæн ныппырх уыдаид Уырызмæджы риуы фæйнæгыл. Стæй-иу февнæлдтаиккой боцъомæ уыцы кæлæнгæнæг æнгуылдзтæ, æрфастаиккой-иу æй, æрлæгъз-иу æй кодтаиккой, æмæ та-иу сфидыдтаид фæстæмæ боцъо...

Уæдæ дондзаутæн дæр сæ фæстæ уымæн цыди, уымæн Сатана — къæмдзæстыг уыди: нæ йæ зыдта уый æппæт сылыстæг, йæ даргъ балцы фæстæ цы митæ кодтаид Уырызмæгæн, уый! Æмæ йæ цæсгом нæ хъæцыд размæ ралæууын. Цард ын баулæфыд йæ уæнгты иунæг æхсæвмæ, йæ къæхтыл слæууыд лæг, æмæ къæмдзæстыг кодта уымæй — ахæм кæлæнгæнæг тых æм кæй ис, уымæй.

Уæд цы хуызæн уыди Уырызмæг, Бæргъуаны сыгъд галуанмæ сæм куы æрбацыди, уæд! Æмæ мæллæг бирæ дæр свæйиы, фæлæ уый уазалысмаг скодта, мæнæ, æдзæрæг хæдзар куыд скæны уазалысмаг, афтæ, гъе!

Ныр цыдæр хабæрттæ кодта Уырызмæг. Куы йæм байхъуыстаид, уый йæ фæндыди Фарнæджы, фæлæ йæм нæ фæрæзта хъусын йæхи цинæй Уырызмæгæн. Уæддæр æм гыццылгай хъуысын байдыдта ныхас:

— Æддæмæ рахиз, уæртæ тъыссæн хæрæг, ды кæмæй ахъазай, уый дын ам нæй. Ныр æм дзургæ кæнын, фæлæ мæ уды гæртт-гæртт цæуы — куыд хæцдзынæн йемæ! Уыцы æнаккаг мæликк мын мæ туг банызта, мæнæ раздæр ахсты кæмæ фæдæн, уый. Уæддæр мæхи æрцæттæ кодтон, уæдæ цы уыдаид. Уалынмæ фегом и дуар æмæ расæррæтт ласта, йæ кард йæ къухы, афтæмæй. Ныр кæрдтæ куыд нæ федтон, фæлæ — уыйас кард! Уæ змæлæг дæ ма баззайа! Кæд дыууæ ивазны нæ уыд, уæд мæ дыууæ комы Хуыцау фæкæнæд. Йæ расæррæтт æмæ мæ карды ныззылд баиу сты. Кард йæ фарсы тæнæгмæ бæргæ бацыд, загътон — фæдыууæ и лæг! Фæлæ йæ къуырма къæрцц ма фæцæуа кардæн! Кæд ыл нæ уыди лæгыл галгæфы цармæй конд гуыр. Мæ уæнгтæ æрызгъæлдысты — хæрдзæни мæ! Уæдмæ мыл уæртæ æрбаскъæры йæ кард. Мæ зонд ма уый ацахста, æмæ зæххыл фæтъæпæн дæн. Кард æхситгæнгæ атахт мæ сæрты. Æмæ уæд дзуццæджы бадгæйæ ма ныззилон мæ кард! Ныззыв-зыв кодта мæ тесмел кард æмæ йын йæ дыууæ зæнджы сурæй атæхын кодта, мæнæ цыма сæнчытæ уыдысты.

— Багъæц ныр! — хъæрæй загъта Еухæр.

— Уæдæ! — хъæрæй загъта Уырызмæг йæхæдæг дæр. — Фестадтæн æмæ кардæлвæстæй ныззылдтæн йæ алыварс, кæд æй фæсацæф фæкæнин. Фæлæ кæм! Æз куыд зилын, афтæ зилы уый дæр. Йæ зæнгтæ годзыкъæхтау зæххы ныхсынц, сæ туг лæсæнтæ кæны, уæддæр куы ныззилы! Иуафон æй фæсайдтон — уый иуырдæм куы фæци, афтæ йæм иннæрдыгæй фæцарæхстæн. Йæ бæрзæй йын ныссæрфтон, æмæ дæ балгъитæг афтæ — зæххы абадти йæ сæр.

— Гъæ-и! — хъæрæй та загъта Еухæр æмæ йе стыр мустучъи ныттылдта.

Уырызмæг ын фыццаг йæ мустучъимæ бакасти, стæй — йæхимæ, æмæ та аздæхти йæ ныхасмæ.

— Галуаны æрвгæнæнтæ ратыдтон, ахст адæм цæуын байдыдтой, цæуын байдыдтой — зæххыл уæз кодтой, уыйбæрц уыдысты, гъе! Цæсты хуынчъытæ ма сæ зынд, æндæр ницы — дуррыг æмæ сыл саусæг фæбадти. Æз сæ рауагътон, уый базыдтой æмæ мæ разы æркалдысты сæ зонгуытыл.

— Уæ нæртон лæг, — дзурынц мæм. — Ам цыдæриддæр ис, ацы галуанты, ацы бæстæйы — иууылдæр мах тугвæллойæ сты æмæ сæ мах дæ бар кæнæм. Ды сын цы зæгъай, уый уыдзæн.

Æз сын арфæ ракодтон сæ уæздан ныхасы тыххæй. Стæй

рæгъæуттæн сæ дзæбæхтæй цалдæр рахицæн кодтон — бæхрæгъæуттæ 'мæ хъомрæгъæуттæй — лыстæг фос уырдыгæй ардæм се скъæрыны аргъ не сты. Иннæты сын сæхиуыл байуæрстон. Галуаны цы уыд, уыдон дæр сын ныууагътон сæхицæн, бирæйæ бирæгъ дæр не 'фсæды. Æццæй, афтæ нæу, Хуро?

Хуро цыма уыцы ныхасмæ каст, йæ боцъойыл йе 'нгуылдзтæ æруагъта æмæ бакодта:

— Афтæ у, мæ уд, афтæ.

Уæд та Еухæр дæр аздæхти Уырызмæгмæ.

— Ныр сæм уæддæр кæдмæ æнхъæлмæ кæсыс, кæд хъуамæ зыной?

— Рæгъæуттæй зæгъыс? Рæгъæутты хъуыддаг афтæ у 'мæ рагсом куы нæ зыной, уæддæр иннæбон ам уыдзысты.

— Ма дын сæ ныппапылой кæнæнт уыцы рæгъаугæстæ, уый хуызæн цæттæ фæллой.

Уырызмæг йæ сæр батылдта.

— Куыд нæ мын амæлдзынæ! Æз сæ цы ранæй фервæзын кодтон, уый фæстæ уыдонæй исчи мæ хъыджы цæуы! Сæ сæртæ мæлæтмæ ратдзысты, уыдонæй иу сæфтæг фесафыны бæсты. Мæнæ сæ фендзынæ. Куывды фаг сын сæ дзæбæхтæй равзардзыстæм стуртæн — æниу фæндагыл ма фæмæллæг уæнт, уый йеддæмæ сæ цæрмтты нæ цæуынц, афтæ хæрзхаст сты, гъе. Уыртт-уыртт кæнынц раст. Иннæты байуардзыстæм. Уаргæ та афтæ 'мæ мæгуыртæн — фылдæр, цæрынхъом чи у, уыдонæн — къаддæр. Раст нæ фыдæлтæ куыддæриддæр уæрстой, афтæ, гъе!

Уыдзæн ма

ДАУЫРÆ

УАРЗТ —УДЫЛХÆЦÆГ

КÆНЫН ТАБУ

Кæнын табу,
о Стыр Хуыцау, дæуæн.
Кæй ысфæлдыстай
хицæн джиппы мæн:
Козбау ныхас
мæ зæрдæмæ нæ хъары,
Æлгъин фæндаг
мæ хæдзармæ нæ ары,
Сындзджын æрдуз мын —
дидинджыты фæз,
Дæ бонты рухс та —
царды хос, фæрæз.
Хæссæнт мæм иутæ
хицæнхуызæй фаутæ, —
Нæ мæм хъарынц
сæ дам-думтæ, сæ даутæ.
Кæнын табу,
о Стыр Хуыцау, дæуæн,
Кæй ысфæлдыстай
хицæн джиппы мæн...

ЦИНТÆЙ РАСЫГ

Æрмæстдæр хуры 'вджид куы баззайа дæ зæрдæ,
Куы нæ дын хай кæна зæххон цинтæй хъысмæт,
Куы бахынца дæ зонд: зæронд, æдых, лæмæгъ дæ,
Цæрын дæумæ дæр нал цæудзæнис уæд...

Дæ фырты къобор фырт куы базгъора дæ размæ,
Йæ тыппыр къухтæ дæм куы сиваза бæрзонд,
Дæ боны удхæрттæ уæд не 'рхæсдзынæ базмæ,
Дæ чысыл фæдон дын ныррухс кæндзæн дæ зонд.

Дæ ныфс, дæ цардæмбал — куы схъарм кæна дæ ху-
ыссæн,
Куы та дын бакæна дæ сæры бын йæ цонг,
Кæм ма уыдзæни, кæ, уæд амондджын дæу хуызæн?!
Зон, цинтæй расыг никуы кæны 'рвонг!

ДЫ ДÆР МЫН ЦÆУЫЛДÆР ÆУУÆНДГÆЙÆ ЦÆР

Кæцыдæр ыстъалы мыл дары йæ арм,
Æрвиты мæ армытъæпъæнтæм йæ хъарм.
Кæцыдæр ыстъалы — æрдæтты мын тых,
Æнæ уымæй уаин æдзухдæр фæлвых.

Кæцыдæр ыстъалы — æвæры мын ныфс,
Хæрз чысыл рæстæг, дам, дæ зынтæн ныббыхс.
Цыренæй ыссудзы мæ риуы йæ арт,
Æнæ уый цы уаид, цы уаид мæ цард?!

Мыййаг, кæд дæ уарзт у мæ удылхæцæг?
Мæ сæрмæ мын дары уый амонды цæг.
Мæныл аудæгæн йæ фæхъхъау мæ сæр!
Ды дæр мын цæуылдæр æууæндгæйæ цæр!

ЗЫБЫТ

Зыбытты Зыбыт, дам,
Ныууагъта йæ къæс,
Зыбытты уæзæгæй, дам,
Алыгъди дард.
Зыбыты иунæгæй
Зыбыты зæрондмæ
Дæуæн дæр Зыбытау
Уыдзæни дæ цард.

Зыбыты мæгуыræй
Зыбыты уазалы
Зыбыты иунæгæй
Фæцарди Зыбыт.
Зыбыты хъысмæтæй,
Зыбыты æгадæй,
Зыбыты фыдцардæй
Куыд нæ тæрсыс, куыд?

Зыбыты зæрондмæ
Зыбыты уазалы
Зыбыты мæгуыræй
Дæуимæ цæрин.
Зыбыты фæлладæй
Зыбыты фæлмæстæй
Æрмæстдæр дæ номæй
Мæ ард-иу хæрин.

ХЪУЫЛÆДЖЫ ЗАРД

Хъуылæгæн дæр
Йæхи 'взагыл
Йæхи зард ис,
Йæхи цагъд:
Тъыллупп-мыллупп,
Цыллахъ-мыллухъ,
Сындæг-мындæг,
Бынтон тагъд!

Цæгъдæджы кафт —
Æркув-æркув.
Нæлхæйы 'взæрд —
Къуыбарæй.
Бæрдын, мæгуыр,
Ныггуымс кæны
Хъуылæджы арф
Бындзарæй.

Цыллахъ-мыллухъ.
Тъыллупп-мыллупп.
Цæгъдгæ мисын
Цæттæ у!
Гуымбылыйас
Нæлхæ-къори
Дыууæ къухы
Нæ цæуы.

Цæрвæхсидæн,
Кæрдзыныссæст...
Кæй комдон сæм
Нæ цæуы?
Мæ къона
Саби-бабитæ,
Царвы къах уæ
Кæй хъæуы?

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

ФÆЗЗЫГОН БОН ÆРЛÆУУЫД УАЛДЗÆГ

Цæмæн базыдтон дæу, о, уастæн,
Ныххаудтæ арф мæ сагъæсты.
Мæ зæрдæйыл æртыхсти уалдзæг
Æмæ фæдæн йæ ахасты.
Æз фестадтæн, кæсут-ма, барæг,
Мæнмæ рæсугъд амонд кæсы,
Сæнайы цъитийæ æвзистау,
Æрттивы, рухс хъуыды хæссы.
Фæззыгон бон æрлæууыд уалдзæг,
Æрлæууыд рагуалдзæг зæххыл,
Мæ ехсы 'рцъыкк æмæ æхситтæй
Ныр ме 'фсургъ уарийау тæхы...
О Фарны лæг! Дæуыл æз зарын
Æмæ дæ амондмæ тырнын.
О цард, дæ хъарм хъæбысмæ хауын
Æмæ дæ фарнимæ цæрын.
Мæ царды цад цъæх фурд у абон,
Æмæ дзы хъаз æмæ дзы худ,
Кæд мын зын у , уæддæр мæ амонд,
Кæнæ та ме сæфты къах у.
Фæззыгон бон ныллæууыд уалдзæг,
Мæ урс æфсургъ тæхы, тæхы,
Йæ цæфхæдтæй цæхæртæ калгæ,
Мæн цины базыртыл хæссы.

ХУРАЙДÆН

Фæтулы хурайдæн фæсрагъ,
Йæ аргъау-цæст бæстæм ныкъулы,
Нæ быхсын судзгæ арты таг, —
Мæ иувæрсты цæуы, мæ цурты...

Æгæр, дам, ницæмæй бæззы,
Мыдæй дæр фелгъæд вæйиы зæрдæ,
Уæддæр тæмæнтæ калгæ ды
Мæн сайыс дард ранмæ дæ фæстæ.

ТЫБЫЛТЫ Олга

МИТДЗУАН

Æцæг цау

Ныр фондз æмæ æртиссæдз азы кæд цæуы ацы хабарыл, уæддæр цыма хæрзæрæджы уыдис...

1942 аз. Сухумырдыгæй нæм æрбатахтысты æртæ хæдтæхæджы Хашуры хæхты сæрты, Карелы хæхты сæрты, Боржомы районы Гудзаретыл. Ам Одеты хъæуы сæрмæ уыд Маданы æфцæджы рагъ. Уырдæм куы 'рбахæццæ сты хæдтæхджытæ, уæд дзы дыууæйæ æртыккаджы æхстой, æмæ уый æрхауд.

Æз уыцы бон тынг хорз хъуыды кæнын. Дурын цъеритæ — Змисын мæкъуылты рагъæй зындысты хъæумæ. Хæдтæхæг куыд æрхауд, уый ма федтой бирæ адæм, бæлвырддæр та фыййæуттæ — Санахъоты Хъазыбег æмæ Таймураз. Æхсæвы уым арт скодтой æмæ æнхъæлмæ кастысты, кæд сæм, чи 'рхауд, уыцы хæдтæхæджы пилот æрбацæуид, зæгъгæ.

Ацы Змисын мæкъуылтæ та кæддæр кувæн бынат уыдысты, фæлæ советон хицаудзинад куы 'рфидар, уæд адæм дзуæрттыл сæ къух систой, уæлдайдæр та ахуыргонд адæмтæ.

Уæд дын иуахæмы, хæдтæхæг æрхауынæй раздæр, хæхтæ ферттив-ферттив куы кæниккой. Мæкъуылты 'хсæн та-иу

фæзынд, йæ цæхæр-иу скалд, стæй та-иу рухс фæцыдæр. Адæм дис кодтой, уæдæ уый цы уыдзæнис, зæгъгæ, фæлæ уырдæм ссæуын ничи уæндыд. Уæд мæ хистæр æфсымæр Виктор — куыста ахуыргæнæгæй Гудзареты астæуккаг скъолайы — баныхас кодта цалдæр лæппу-лæгимæ æмæ ссыдысты хохмæ, æхсæвæддæ баззадысты.

Гъемæ стыр диссаг федтой, стыр æмбисонды хъуыддаг. Дынджыр кæлмытæ цыкурайы фæрдгуытæй хъазыдысты, кæрæдзимæ сæ æхстой. Куы-иу атахт, уæд-иу зынгау ферттывта. Ацархайдтой кæлмыты амарын æмæ сын сæ цыкурайы фæрдгуытæ байсын, фæлæ сæ къухы ницы бафтыд. Афтæмæй æрыздæхтысты.

Гъе, хæдтæхæг дæр уыцы æфцæгыл æрхаудта. Адæм фæфæдис сты, ахабар кодтой алырдæм. Боржомæй хицауад æрбацыдысты, чи цы федта, уымæй адæмы фарстой. Мæ кæстæр æфсымæр хъом хызта æмæ алцыдæр федта. Уый дæр куы бафарстой, уæд радзырдта, зæгъгæ, дам, хæдтæхджытæ ардæм куы 'рбахæццæ сты, уæд дыууæйæ æртыккаджы алыварс зылдысты æмæ йæ æхстой æмæ æхстой, цалынмæ уый не 'рхауд, уæдмæ. Иннæ дыууæ хæдтæхæджы фæстæмæ атахтысты Карелырдæм Хашуры æфцæджы сæрты...

Уый фæстæ адæмы акодтой пилот æмæ хæдтæхæджы агурæг. Ссардтой лæджы. Йæ сæр йæ гуырæй фæхицæн... Баиу сæ кодтой, батыхтой йæ парашюты. Иу хицау лæг ын йæ дзыппы ссардта æмдымбыл къопп, уырдыгæй цы гæххæтт цыдæр систа, ууыл фыст уыдис: «Кирилл Королев. Москва А. Аэродром Адлера».

Цасдæры фæстæ нæм Мæскуыйæ мæ кæстæр æфсымæры номыл писмо ссыди, Санакоеву Казбеку Николаевичу, зæгъгæ. Фыста йæ уыцы Королевы иунæг хо Мария. Чи, дам, амардта Кириллы, цæмæн æй æхстой, кæй хæдтæхджытæ уыдысты иннæ дыууæ хæдтæхæджы, уый, дам, нын нæ хъæр кæнынц. Фæлæ арфæ кодта Хъазыбегæн дæр æмæ нæ хъæу Одеты цæрджытæн дæр, йе 'фсымæры мард ын сырдты амæддаг кæй нæ ныууагътой, уый тыххæй.

Æз уый фæстæ бирæ нал ацардтæн мæ цæгаты, Одеты. Чындзы фæцыдтæн Кватетримæ Карелы районмæ. Уый уыдис 1943 азы.

Азтæ цыдысты, рæстæг бонæй-бонмæ ивта. Хæст банцади, нæ хуыздæр фæсивæдæй йæ хæдзармæ бирæтæ нал ссыд, хæсты

баззадысты. Кæуын æмæ ниуын хъуыст алы мæгуыр къонайæ — изæрæй æмбисæхсæвмæ кæугæ, æрдæг æхсæвæй бонмæ фесхъиу-фесхъиугæнгæ фынæй, сæумæрайсомæй изæрмæ колхозы кусгæ. Ахæм цард кодтам.

Уыдис 1949 аз.Нæ хъæуы сæрмæ арвыл æндзæвыдысты дыуæ бæрзонд хохы. Иуы дзы хуыдтам Сыгъдæтты хох, иннæйы та — Æрсыты хох. Æрсыты комы мит сæрды æмбисмæ дæр нæ тад, урс-урсидæй тæмæнтæ калдта æнæхъæн районмæ дæр. Цæуæм уырдæм хос ссивынмæ. Хъæуы кусæг адæм иууылдæр æмхуызонæй. Хæрды цæуæм æмæ куы 'рбадæм, куы фестæм æмæ уæлдæрæй-уæлдæр кæнæм. Немæ уыд иу æрыгон сылгоймаг, æнхъæлцау. Уымæн уæлдай зындæр уыд цæуын. Йæ хъæдын халамæрзæн дæр ын райстон, хæссын ын æй. Æз тынг тыхджын уыдтæн, къæмдзæстыг дæр ма-иу ныддæн мæ лæджы хъаруйæ...

О, æмæ дын уыцы æнхъæлцау сылгоймаг кæуын куы райдаид.

— Цы кодтай, цы кæныс? — фæрсын æй удаистæй. Уый тынгдæр ныккуыдта æмæ дын мын афтæ:

— Адæймаг æнамонд гуырд куы уа, уæд цы нæ кæны йæ царды... Гъеныр уалæ хохы цъуппыл мит уынын æмæ мæ уд схауы фырмондагæй, уымæй куы ахæрин, уæд мæлæтыл дæр разы, зæгъгæ. Афтæмæй мит йеддæмæ ма исты у?..

Схæццæ стæм тыхтæй-амæлттæй ссивинаг хосмæ. Æрбадтыстæм, чысыл нæ фæндаджы фæллад ссæуа, зæгъгæ. Мæнмæ уыд стыр æрхуы цайдан. Куыд мæ ничи фæфиппайа, афтæ уый айстон мемæ æмæ мæхи фæауруон кодтон къутæрты бынты, азгъорæгау кодтон митæмбæрзт хохмæ.

Диссаг у, æвæдза, æрдзы рæсугъддзинад. Фæйнæрдæм кæсынæй не 'фсæстæн. Хæрздæф кæрдæджы згъор æмæ згъор. Æнусон бæлæстæ дæрдтыл сæ уæйыг къабæзтæ аивæзтой.

Тынг æнцонæй схæццæ дæн миты хъæпæнтæм. Уæззау, дондзæст митæй уайтагъд нынадтон мæ цайданы æмæ рауырдыг дæн. Цæуын тындзгæ. Уалынджы дын кæцæйдæр æфсæйнаджы дзинг фæцыд. Фæкастæн иуварс: арвмæ æртæ рæхснæг тæрс бæласы фæцыд, сæ иуыл... Æрвдзæфау фæдæн, ахæм тарст фæкодтон! Сæ иуыл уыд парашют. Цы рон ыл уыд лæгæн йæ уæлæ æрбабæттынæн, уый æргъæвæг зæхмæ æрхæццæ æмæ, куыд дзедзырой кодта, афтæ та-иу йæхи къæдзæхдурыл сцавта, йæ дзинг-иу фæцыд.

Мæ зæрдæ ауынгæг. Бамбæрстон æй, ам дæр та цавæрдæр пилот кæй бабын, уый. Мæ цыппæртыл ныббырæгау кодтон бæлæсты бынмæ. Агурын исты, цæрæнбонты сыфтæр змæнтын. Æмæ хъарджытæ кæнын æнæзонгæ лæппуйыл, кæд ма, зæгъын, æгас уыдтæ æмæ дыл æрсытæ бамбæлдысты, уæд дын цы митæ бакодтаиккой, ардæм ас лæгтæ дæр иугæйттæй куы нæ уæндынц, зæгъгæ.

Цыдæр дзабыргонд ссардтон раздæр, стæй та адæймаджы цонджы стæг. Куыд æрбадтæн дзуццæджы æмæ йæм куыд ракæс-бакæс кодтон, афтæ дын мын чидæр йæ уæззау къухтæ ме уæхсчытыл куы æрæвæрид! Уалынджы мæ йæ дзæмбыйы ныхтæ куы фæныхстысты, уæд бынтондæр мæ удæй мæ мидæг ницуал аззад: арс! Фырадæргæй фестадтæн, арсимæ ныхæйныхмæ фæдæн. Уый мын мæ цæсгоммæ лæбуры йæ раззаг дзæмбытæй. Мæ амондæн, цыдæр мæллæггомау уыд. Ныр æз та мæ тæккæ налат тыхы! Йæ дзыхы йын мæ къухтæ фæсагътон æмæ йын йе 'фсæртыл фæйнæрдæм ахæцыдтæн.

Никæй бауырндзæн, уæд цы хъаруйы хицау уыдтæн, уый чи нæ зоны, уыдонæй: арсæн йæ дзых тугæй айдзаг, фемæхст ын. Мæн феуæгъд кодта, йæ сæр йæ сагæхты фæцавта, атымбыл ис, цыма йæ бон йæ рыстæн быхсын нал уыд, уыйау. Æз æй мæ къахæй дæлбылмæ ассыдтон, æмæ уый атылд. Æз уæлæмæ сызгъордтон, фелвæстон мæ цайдан æмæ хосгæрстмæ лыгъд радтон. Арс кæдæм атылд, уырдыгæй ма мæ хъустыл æндæр æрсыты уынæр дæр цыма ауад...

Æрхæццæ дæн уæлхохæй ме 'мбæлттæм. Цæуылдæр зæрдиаг ныхас кодтой. Æз аивæй æнхъæлцау сылгоймаджы цурмæ мæхи байстон æмæ йын митæй йæ тæккæ дзаг цайдан æрæвæрдтон йæ размæ. Мæхæдæг уæлгоммæ ахуыссыдтæн, цыма никуы ницы 'рцыд, уыйау.

Сылгоймаг мит куы ауыдта, уæд дын кæуын систа. Æвæццæгæн æмæ буц ахуыр нæ рахаста, исчи йын йæ тæхудыйæн ахæм аргъ скæндзæн, уый æнхъæл нæ уыд. Мæн та абон дæр уыцы æбæрæг хæстон лæг нæ рох кæны — мæгуыр йæ мад, æнхъæлмæ йæм чи каст...

Сентябрь, 2000 аз

НÆКУЫСАТЫ Наирæ

УДÆЙ ÆНГÆСТÆ

СЫЗГЪÆРИН УАДЫНДЗ

Сызгъæрин уадындз ракуырдтон Хуыцауæй,
Цæмæй мæ зарæг айхъуыса дæрдтыл,
Цæмæй, куы уынон ацы дуне сауæй,
Уæд тауон ныфс зæрин зæлтæ бæстыл.

Мæ уадындз исдзæн адæмæн сæ хъыгтæ,
Зæххыл ыссудздзæн амонд æмæ уарзт,
Куы нал хус кæной хъарм рустыл цæссыгтæ,
Куы абуха фæллад зæрдæты маст.

Сызгъæрин уадындз рахастон Хуыцауæй.
Цæй адджын у Ыскæнæджы лæвар!
Нæй уымæн сафæн, никуы йын ис ауæй,
Уый судздзæн рухс, куы уа нæ дуне тар.

2002.10.05

ЦЫ БОН РАЙГУЫРДТÆ...

Кувын æз, цы бон райгуырдтæ, уымæн:
Уый уыди дæ хуыздæр балц зæххыл.
Дзур мын ды, кæй дæ æрмæст мæ лымæн, —
Æз мæ зæрдæ хъардзынæн дæуыл.

Ацы зæххыл уарзынæн, цæрынæн
Мемæ иу дуг равзæрста дæ уд.
Тых ыссардтон «уарзын дæ» зæгъынæн,
Тынг фæтарстæн: райхъуысдзæн дæ худт.

Фæлæ фехстай талынг арвмæ зæрдæ,
Риуы арфы нал ардта бынат.
Тахтысты ыстъалытæ нæ сæрмæ,
Уарзæг удтæн ахæм амонд ратт.

У нæ уарзт стыр æхцон Хуыцауæн,
Нæй дæ удæн алидзæн мæнæй,
Нæй нæ амонд арф дзыхъмæ ныппарæн,
Зон — нæ уарзтæн баныгæнæн нæй.

2002.30.05

ÆНÆБАЗЫР ЗÆД

Æнхъæвзы донау цæстысыг, нæ сысы,
Фæлæ нæ калын масты хъыг дæуыл.
Æвæццæгæн, дæ амондæн мæ хуызы
Æнæбазыр зæд райгуырди зæххыл.

Хатыр кæнын дæ мæстæлгъæд ныхæстæ,
Хатыр кæнын дæ сонт уды рæвдыд.
Уыдыстæм удтæй, чи зоны, æнгæстæ,
Фæлæ дæ зонд дæ удимæ хæцыд.

Мæ разы ма кæн, ног чындзау, æфсæрмы,
Уæд комкоммæ дæ цæстытæн сæ каст.
Цымыдис хъазт æз нал хæссын мæ сæрмæ,
Дæхæдæг равзар галиу æмæ раст.

Нырма дæ хъæлæс тар æхсæвты мысын,
Нырма дæумæ мæ зынг фаттæ æхсын.
Æз дæм мæ фынты урс мæйыл ныхъхъуызын,
Дæуæн сонеттæ стъалытæй фыссын.

Æгæрон монц сызгъæринтæй нæ сыгъди,
Æрмæст дæ цин уыд ахсджиаг мæнæн.
Мæ уарзт дын кæд дзæнæты цин нæ уыди,
Уæд сайдтай мæн, фыдæнхъæл та фæдæн.

2002.10.05

ХÆХТÆ

Æз хæхтыл уды тæгтæй баст дæн,
Æз, сабийау, сæ риуыл хаст дæн.
Сæ уындæй нал вæййын æнкъард,
У семæ адджындæр мæ цард.

Куы фестынц урсзачъе зæрæдтæ,
Куы та уырдыглæууæг кæстæртæ
Лæууынц сабыр æмæ æнцад,
Куы та мæнау ысуадзынц арт.

Уæйгуытау хъахъхъæнынц мæ бæстæ,
Нæ уæнды саузæрдæ сæ рæзты.
Сæ уындæй ферох кæнын зын,
Æз сæм зæрватыккау тæхын.

2002.30.05

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ

ХЪЫСМÆТ

Цины æмдзæвгæтæ
нал гуырынц риуы,
амонды зарджытæ
нал кæнæм мах.
Оххай, кæдмæ уыдзæн
ацы уæз Ирыл,
æмæ кæд фесæфсдзæн
зæрдæйæ маст?
Цал æмæ цал уды
бахордта сау дуг,
цал мæгуыр къонайæн
бахорз сæ арт!
Ног та дзыназæм:
«Гъе, мардзæ, исчи!»
Фæлæ Хуыцау дæр
нæ зæрдæтæй — дард.
Систы ызнæгтæ
кæрæдзийæн адæм,
тонынц, рæдувынц,
лæбурынц сырдтау.
Æрдз та нæ мад у.
Кæрæдзийы марæм.
Ахæм фыдмитæ
куыд быхса Хуыцау!

2002.10

ЧЕЛДЫТЫ-ГОДЖЫЦАТЫ Надя

ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

ÆЗ УАРЗЫН

Æз уарзын, кæй зæрды ис уарзт,
Кæмæй риссы дзыллæйы маст.
Кæмæн у бæрзонд арв — æмвæтæн —
Йæ уды уæлмонцтæн сæ хæтæн.
Кæмæн у йæ хæдзар нæ Зæхх,
Йæ бандон — нæ Иры къæдзæх,
Кæмæн нæу æнæмæт йæ зæрдæ,
Чи 'рвиты æгъуыссæг æхсæвтæ,
Æз уарзын, кæмæн у йæ дин
Нæ Иры рæсугъд фæндтыл цин.

2002

* * *

Фæкалди, дам, фыдлæг,
Фæлæ йын чи 'ууæндыд йæ мардыл?
Йæ табæты кæйттæ чындæуыд —
Лæг æм хæстæг цæуын нæ уæндыд!

КОЦОЙТЫ Зæйрæт

ФÆСМОН

Чысылæй дæ æз афтæ тынг нæ уарзтон,
Мæ удæнцой, мæ фæлмæнзæрдæ мад...
Мæхæдæг æз ныр мады ном куы райстон,
Уæд бамбæрстон дæ хъæбысы хъæрмад.

Дæ сурæтмæ та а райсом нымдзаст дæн.
Æрыгонæй цы рæсугъд уыдтæ — зæд!
О рæстæг, рæстæг, уаих фæуай, уастæн,
Цæй арф ныууагътай зæрдæйы дæ фæд...

Ныййарæджы цин — хуры схудтау, хуры,
Чызджы мастæн æвдадзæй дæр хуыздæр.
Фæкæнын ма æрæджиау тæхуды:
Куы бафыстаин цоты хæс æз дæр!

Цæмæн кодтон дæ цуматæн та зивæг,
Мæ ивгъуыд дуг мæ бафтыдта мæтыл...
Цæмæн фæвæййы цоты кæстæр хивæнд? —
Мæ уадулыл мæ тæвд цæссыг æртылд...

ЗАССЕТЫ Мисурæт

УАРДИ

Урс уарди йæ сæр ысдардта,
Хуры рухсмæ рахылди,
Уарзæтты йæ цуры ссардта
'Мæ сæ уарзтæй райхæлди.

Уарди худти æмæ ради,
Уарзæттæм рæвдаугæ каст.
Зæрдæ сойдзырагъау тади,
Спаддзах а дунейы Уарзт.

ХӘБЛИАТЫ САФАР: 70 АЗЫ



Сафары бинойнаг Лидæ.

Сафары кæстæртæ:
Чермен æмæ Алинæ.

Студентон азтæ. Сафар — астæуæй.

Галиуырдыгæй рахизырдæм: Дзæхаты Игорь, Гаджиты Георги, Хостыхъоты Зинæ, Сафар.

ХÆБЛИАТЫ Сафар

НОВЕЛЛÆТÆ

МÆХЪХЪÆЛОН ФЫСЫМ

Фæззыгон фæлмæн бон дуканимæ дзул æлхæнынмæ æрцыди Хъазихан. Хуымæллæгæй ласынц дзул Зилгæйы дуканимæ, фæлæ сын иу бæлвырд фæтк нæй: куы райсомæй фарастыл схæццæ вæййы машинæ, куы дæсыл, куы та суанг дыууадæсыл.

Æнхъæлмæ кæсын æй бахъуыд ацы хатт дæр та Хъазиханы æмæ йæ кæттаг дзæкъул дуканийы фарсмæ æппæрст бетон къæйтæй иуыл æрæвæрдта æмæ йыл æрбадти. Рæстæг цæуы, цæхæрадоны дуне кусинæгтæ, афтæмæй нал æмæ нал зыны дзулласæн.

Бады Хъазихан, иннæ æнхъæлмæгæсджытимæ ныхас кæны. Уалынмæ сæ тæккæ цур тарсырх дæрдджын «жигули» æрурæдта. Рахызтысты дзы дыуæйæ: саурихи læппулæг чырынтæ хæдоны, хæлаф æнгом æлвæст ронæй уæлдай ма уæхскбæттæнæй дæр фидаргонд, схъæлсагъд морæ шляпæйы, æмæ Хъазиханы кантысаг зонгæ Мухарбег, йæхи æмгар, иу-фондз æмæ æртиссæдзаздзыд.

— Салам-алейкум! — сæ цурмæ æрбацыдысты уазджытæ.

— Алейкум-салам! — сыстад Хъазихан æмæ сын сæ къухтæ райста.

— Куыдтæ цæрыс, Хъазихан? — бафарста Мухарбег.

Кантысы хъомвосы фермæйы куыста хыгъдхæссæгæй Мухарбег æмæ афтæмæй зыдтой кæрæдзи: Зилгæйы хъомы дохтыр Никъаламæ арæх цыди куы иу, куы иннæ хъуыддаджы тыххæй.

— Хуыцауæн табу — сæрæгас, — дзуапп радта Хъазихан. — Дæхæдæг куыдтæ цæрыс?

— Мæхъхъæлон læджы куыд цæрысæй ма фæрс, фæлæ исты амал кæнысæй, — ныххудти Мухарбег, æмæ йæ комыдзаг сызгъæрин дæндæгтæ ферттывтой. — Хибар ныхас мæ ис демæ.

Хъазиханы цонгыл æрхæцыд æмæ йæ иуварс ахуыдта. Хъазихан йæ къæхтæ æнæбары исгæ цыди йемæ; чи сæм кæса, уыдон, хæрзаг, ма зæгъой: цы сусæг дзуринæгтæ йæм ис мæхъхъæлимæ? Лæппу дæр семæ ацыд, фæлæ дæрддзæфгомау æрлæууыд; иннæтæ сæ фæдыл кæсгæ баззадысты: гъы, уынут — æмæ, дам, мæхъхъæлæн хъузæттæ нæй Зилгæйы; уæдæ йæ кæцæй базонынц, стур давинаг дæр æмæ бæх давинаг дæр кæмæ ис, уый?

— Никъалайы агурæг æрцыдтæн фермæмæ, фæлæ ам нæ разынди: Куырттаты коммæ, дам, ацыди, хуыскъаг фос æрыскъæрыны размæ сæм æркæсынмæ.

— Зонын æй, — загъта Хъазихан.

— Гъемæ мын дæумæ бацамыдтой: Хъазихан, дам, куы нæ сараза хъуыддаг, уæд ничи. Тынг дæ феппæлыдысты, хорз адæймаг, дам, у, æнæзивæг. Æниу мын искæй амонинаг дæ? Мæхæдæг дæр дæ уыйбæрц зонын, æмæ дыл никуы мæ зæрдæ ницæмæй фæхудти. Хорз адæймаг мæхъхъæлонæй æмæ иронæй, мыййаг, нæу, — йæ мæлгъæвзаг ауагъта Мухарбег.

Хъазихан та хъуыдыты аныгъуылд: цы йæ хъæуа мæнæй? Иугæр дæ мæхъхъæлон læг æппæлынтыл схæцыд, уæд дзæгъæлы нæу, цæмæдæр дæм æнхъæлмæ кæсы.

— Зæгъ-ма йæ комкоммæ, цы у?

— Цы куы зæгъай, уæд нæ сыхы кæркниз фæзынди æмæ нæ кæртмæ дæр куы æрбахæццæ уа, уымæй тæрсын. Гъемæ мын, зæгъын, куы фехъуыс кæнис. Дæумæ мын бацамыдтой фермæйы: Хъазихан, дам, куы нæ уа, уæд — ничи...

— Æмæ мæм дæ кæрчытæн судзин скæныны тыххæй адзырдтай фæсвæдмæ? — фале чи læууы, уыдон æй куыд хъусой, афтæ хъæрæй загъта Хъазихан. — Æз та дисы бафтыдтæн, уагæры, зæгъын, цаварæ сусæг ныхас уа? Бæгуыдæр баххуыс

кæндзынæн. Хурныгуылдмæ ма дыууæ бæндæнбæрцы куы баззайа, раст мæм уæд æнхъæлмæ кæс тæккæ абон.

Фосы дохтырæн æххуысгæнæгæй фæкуыста Хъазихан æмæ йын йæ хабæрттæй гыццыл цыдæртæ базыдта. Гыццыл цыдæртæ, зæгъгæ, кæркнизæй судзинтæ æдæрсгæ скæнынмæ фæцарæхст. Æмæ дызæгъ-мызæгъы сæ сыхы кæркниз скуынæг кодта. Суанг æй æндæр сыхтæм дæр агуырдтой æмæ никуы никæмæ базивæг кодта.

Хур дзæвгар куы акъул, уæд Хъазихан велосипедыл бабадт æмæ уайтагъд Кантысмæ схæццæ. Æцæг æй хъæуæн йæхи мидæг Мухарбеджы хæдзар ссарыныл дзæвгар фылдæр рæстæг бахардз кæнын бахъуыд.

Иуы дæр бафæрсы, иннæйы дæр:

— Мухарбег кæм цæры?

Иу дæр æмæ иннæ дæр куы бамбарынц, мæхъхъæлон кæй нæу, уый, уæд сæ дзуапп вæййы:

— Уæллæй нæ зонын. Кæй Мухарбег?

— Дæхкилджаты. Фермæйы куы кусы.

— Дæхкилджаты... Дæхкилджаты... — Йæ ных нынхъырдтæ вæййы иуæн дæр æмæ иннæмæн дæр. — Уæллæй, нæ зонын.

Æппынфæстаг Хъазиханы сæр æрцахста: барæй йæ нæ хъæр кæнынц. Астæууынджы уæлдæр суади, велосипед фистæгæй тулгæ, æмæ, фыццагдæр цы нæлгоймагыл бамбæлд, уый раз æрлæууыди:

— Дæхкилджаты Мухарбег кæм цæры, уый мын бацамон. Тынг мын ныллæгъстæ кодта: мæ кæрчытæн, дам, низæй тæрсын, æмæ сын судзин скæн. Æз дæр ссыдтæн Зилгæйæ — лæг дæм куы æрхата, уæд ын аргъ куыд хъуамæ не скæнон? Фæлæ, кæм цæры, уый ничи зоны.

— Мухарбег? Æгæр сивгъуыдтай. Ам дæлæмæ куы ацæуай фæстæмæ, уæд иу, дыууæ... цыппæрæм цæхгæрмæ уынджы рахизырдæм фæзил æмæ уынгæн йæ рахиз фарс цыппæрæм хæдзар фендзынæ: дыууæуæладзыгон, алюмин шифераæй æмбæрзт, кæрдæгхуыз кæртыдуар ын, йæ галиу фахсыл цæфхад фидаргонд.

— Бузныг,ссардзынæн æй ныр.

— Фæлæуу, фæлæуу, æмæ хосгæнæг дæ? Уæллæй, мæнæн дæр мæ ацы азы бæдултæ цыдæр уæнгмард сты ныр дыккаг бон. Не 'фсин сын цывзыимæ фых дон бæргæ бадардта, фæлæ цы бауыдзысты — нæ зонын. Дæуæн та цавæр хос у — феххуыс уыдзæн?

— Йарæби, паддзахад æй кæркнизæн уадзы, ничи ма дзы рахъаст кодта.

— Уæллæй, цыдæр Хуыцауы уарзон адæймаг мæм кæсыс, ирон: лæг дæм æрхатыд, æмæ Зилгæйæ ардæм нæ базивæг кодтай. Æндæр исчи загъта: цæмæн хъуамæ дыууæ хъæуы сæрты рахиз-бахиз кæнон? Кæрчытæ дæу сты, æмæ дæ кæд фæнды, уæд сæ дæхæдæг ныллас Зилгæмæ — дæ машинæ дæ бины, искæмæй куринаг дын куы нæ у. Уæллæй, Мухарбег хистæр у, æмæ дзы æфсæрмы кæнын, уый йеддæмæ дæ нæ ауадзин, цалынмæ мын мæ кæрчытæн судзин скæнай, уæдмæ.

— Нæ, уый гæнæн нæй: дзырд ын загътон, æмæ мæм æнхъæлмæ кæсы.

— Уæллæй, раст у дæ ныхас, ирон: лæг йæ дзырдæн хъуамæ хицау уа. Уæд та афтæ бафидауæм: раздæр Мухарбеджы маргъæн скæн судзин, уый фæстæ та — мæнонтæн.

— Æркæсдзыстæм, — загъта Хъазихан. —Дæхæдæг æй уыныс: хур фæныгуылы, Мухарбеджы мæргътæ та цас уыдзысты — Хуыцау йæ зонæг. Æртиссæдзæй фылдæр разыной?

— Худæгæй марыс, ирон! Мæхи кæрты цал ис, уый куы нæ зонын, уæд ма дын Мухарбегмæ джигулгæнæг дæн?

— Гъемæ хорз. Абон кæд нал баййафон, уæддæр дæм райсом зындзынæн. Æрмæст дæ маргъ кæркдонæй ма рауадз, науæд сæ куыд ахсдзыстæм? Цæргæ та кæм кæныс?

— Уартæ дын мæ хæдзар. Æнцон ссарæн у. Астæууынджы мæнæн йеддæмæ дыууæ къæсæры никæмæн ис: иу — фыдæлтыккон къæйдурæй, иннæ — бетонæй. Ма-иу базивæг кæн: Мухарбег дын цы бафида, æз дæр дын уыйбæрц бафиддзынæн. Ай дын мæ къух, ирон!

Мухарбеджы кæрчытæн цалынмæ судзин кодта Хъазихан, уæдмæ бынтон баталынг. Куыст куы фæци, уæд ын хæдзары хицау йæ хæдоны дзыппы æхцатæ атъыста; цас сты, уымæ кæсгæ дæр не 'ркодта Хъазихан. Фыхдур быруйæ æмыр æхгæд уæрæх асфальтгонд кæрты фæскъуым æвæрд мрамор хихсæнмæ фæцæйцыд, фæлæ йæ Мухарбег раздæхта:

— Махмæ уазæг йæхи къухтæй нæ фæуадзы дон. Æви пысылмон нæ дæ?

— Цастæ пысылмон дæн...

— Мæнæн дæр мæ уæрджытæ ламаз кæнынæй нæ баихсыдысты, фæлæ æгъдау йæхион домы.

Ссæдз — дыууæ æмæ ссæдзазддзыд чызг сæ уæлхъус æрба-

лæууыд хихсæны фарсмæ: йæ уæхскыл — дæргъытæ сыгъдæг хисæрфæн; иу къухы — тæмæнтæкалгæ æрхуы хъуывгъан æмæ сапондон, иннæйы — тымбыл æрхуы тас.

Хъазихан хæдоны дыстæ арф батылдта, къухтæ сапонæй дзæбæх сфынк кодта, цæсгом дæр ма адджынæн сæнхъæвзта. Фысым дæр йæ къухтæ ныхсадта.

— Цæй, дзæбæх ут, æз мæ фæндаг адарон, — кæрты дуары чъылдыммæ йæ велосипедырдæм фæраст Хъазихан.

— Цы, цы? Цы загътай, цы?! — йæ фæндаг ын æрæхгæдта Мухарбег. — Ау, уый та куыд? Ау, æмæ дæ райсом Зилгæйы фæрсæг нæ разындзæн: цæй, куыд дæ бауазæг кодтой дæ мæхъхъæлон фысымтæ? Æмæ сын цы дзуапп ратдзынæ? Мæнæн Зилгæйы бирæ зонгæтæ-лымæнтæ ис, æмæ кæмæ бафтон, уый мæ æнæ бабуц никуы рауадзы. Мæ дин, мæ чытаппыстæн, тынг мæ бафхæрдзынæ! Æви нæм саходын сæрмæ нæ хæссыс?

Æнафоны катай бæргæ бакодта хинымæры Хъазихан, фæлæ ма йын цы гæнæн уыд æмæ фысымы фæдыл хæдзармæ бацыд.

Райдзаст уаты фынг баййæфтой цæттæйæ: карк, къуыдырфых стуры дзидза, карст æмæ æнæхъæн пъæмидортæ, дуканийы дзул, нурыйы къæхтæ, цалдæр авджы уырыссаг арахъхъ æмæ серноводскаг суар.

Æрбадыны размæ уатыл йæ цæст ахаста Хъазихан. Тарбур зæгъа æви фæлурс морæ тæмæнкалгæ пъолыл лæджы къах æрлæууын æвгъау кæны, уæлдайдæр рыгæйдзаг кæттаг цырыхъхъыты; рудзгуытыл — кæрдæгхуыз уæззау хъæдабæ æмбæрзæнтæ, царæй æрзæбул пæлæхсар авджын люстрæ; дыууæ къулы рæбын — фæйнæ фæлмæн диваны сæхи æмхуызон фæлмæн къæлæтджынтимæ, æртыккаг — нарæгдæр. Къул авгæвæрд чингуыты тæрхæджытæй нæ зыны суанг царæй пъолмæ. Хъазихан чингуытæм йæхи хæстæг байста. Цынæ хуызон цъæрттæ дзы зыны: ирд æмæ фæлурс, тар æмæ райдзаст, сызгъæринæй æмæ æвзистæй фыстытæ. «Голсуорси». «Материалы XXV съезда КПСС». «Гоголь». «Л.И. Брежнев. Ленинским путем». Фæсарæйнаг фыстытæ — марадз æмæ сæ базон. «Лев Толстой». «Большая Советская Энциклопедия». Ногæй та — «Л. И. Брежнев. Ленинским путем». «Иван Бунин».

— Фынгмæ рацу, — сдзырдта йæ чъылдыммæ Мухарбег. — Уæддæр сæ иу изæрмæ нæ фæуыдзынæ каст.

— Уæллæй, хæдзары мидæг нæ, фæлæ Зилгæйы æхсæны кæсæндоны дæр уыйбæрц чингуытæ нæ разындзæн.

— Уадз æмæ уой, — загъта Мухарбег. — Мах ницæмæн хъæуынц, фæлæ сæ Сæмсæдины фыдæнæн балхæдтон. Нæ йæ зоныс Сæмсæдины? Æниу æй кæцæй хъуамæ зонай — мæлæты лæг! Ибеуматт, йæ цот æгæрмæгуыр сæ ахуыргæнæн чингуытæм никуы æркастысты, афтæмæй йæм куы байхъусай, уæд сæ чиныджы разæй къæбæр дæр нæ хъæуы. Иу зылынкъах этажеркæ чингуытæй байдзаг кодта æмæ йæхицæй æппæлынæй фылдæр нæу. Цыма ме 'нæзонгæ у. Æз дæр фыдæнæн Насыранмæ фæцыдтæн чингуыты дуканимæ æмæ дзы хъæбæрцъар чиныгæй цыдæриддæр разынд, уыдон иууылдæр балхæдтон. Уæйгæнæг мын афтæ дæр ма загъта, цалдæр æмхуызоны, дам, дæ цæмæ хъæуы? Уый, зæгъын, дæ хъуыддаг нæу: айс мæнæ æхца æмæ чингуытæ æри, науæд æмхуызонæй æмæ æнæ æмхуызонæй куы æвзарон, уæд мæ тæрхæджытæ кæд байдзаг уыдзысты? Уадз æмæ йæ цæсты фиутæ фырхæлæгæй батайой Сæмсæдинæн.

Фæбадтысты, фæныхæстæ кодтой, фæнызтой. Æхсæвы дæр нал рауагъта Хъазиханы йæ фысым.

— Талынджы кæдæм цæуыс къуыппыты-дзыхъхъыты дыуæ хъæуы сæрты? Къулбадæг фæсивæд нæм дзæвгар ис, æмæ дыл уæд та ма искуы тыгъд быдыры бамбæлдысты. Уæллæй, мæ худинаг æгас Хъулгъайыл айхъуысид, ау, куыд æй рауагъта æнафоны йæ хæдзарæй, зæгъгæ. Стæй дæ кæд райсом фæстæмæ ардæм цæуын хъæуы, уæд ма цы дыууæрдæм кæныс?

Æмæ Хъазихан æхсæвиуаты баззад йæ фысымтæм. Хæдзары фæдисамайæг нæ разындзæн: бинойнаг ын нæй; лæппу у, æмæ фæсæмбисæхсæвты кæд æмæ кæд фæзыны, йæ фыды уатмæ нал бакæсы; райсомæй та Хъазихан æнгуыримæ бонивайæнты арæх фæбады доныбыл, æмæ лæппу æнхъæлдзæн, уырдæм та ауади.

Хуыссæн ын бакодтой, кæм бадтысты, уыцы уаты æмкъул ноджы егъаудæр уаты. Дзаумайæ дзы разынд æрмæст цыппар къулы рæбын цыппар сынтæджы, алкæй раз дæр дзы бандон — дарæс æрæвæрынæн. Сæ бацыдмæ цыппар сынтæджы дæр разындысты конд. Рудзгуытыл — æрмæст тæнæг æмбæрзæнтæ.

Изæры йын йæ къухтæ æхсынмæ дон чи кодта, уыцы чызг та тас, хъуывгъан, сапон æмæ хисæрфæнимæ уатмæ бахызт æмæ фæсдуар æрлæууыд.

— Мæнæ дæ хуыссæн.

Мухарбег ын цы сынтæгмæ бацамыдта, уымæ бацыд Хъазихан, бандоныл йæхи æруагъта æмæ йæ цырыхъхъытæ раласта.

Хорз, æмæ йæ къахтухæнтæ абон райсомæй аивта: сыгъдæг, сæ тæф дæр нæ кæлы. Чызг ын хъæрмуст дон æркодта йæ къæхтыл, æмæ сæ Хъазихан дæр уыцы зæрдаигæй æрæхсадта.

— Хорз амонд дæ хай, — раарфæ кодта чызгæн.

Чызг æхсæнтæ ахаста, уайтагъд фæстæмæ фездæхт æмæ та йæ фыдæн дæр балæггад кодта. Уый фæстæ пъолыл доны фæдтæ голладжы хæррæгъæй расæрфта æмæ цырагъ æркъæпп ласта.

Дыууæ лæджы сæ хуыссæнты сæхи ауагътой.

— Мухарбег, лæппу дын нæй уымæй уæлдай, æви? — бафарста Хъазихан.

— Куыннæ! Æнæхъæн цыппар фырты. Мæ фыццаг усæй. Алкæмæн дæр дзы бинонтæ æрхастон æмæ хицæн хæдзæрттæй цæрынц. Хистæрæн йæ зæнæг мæнæ мæ чызджыты æмгар æййафынц. Се 'ппæты кæстæр та, абон машинæ чи скъæрдта, уый у. Ибеуматт, мæстæй йæм мæлын: фарон ацафон ын æрхастон чындз, афтæмæй йын цот нæма ис.

— Фæлæуу, фæлæуу: фыццаг усимæ кæд афтæ раджы ахицæн дæ, уæд ма йын чындз хæссын дæр дæумæ касти?

— Хицæн цæмæ, хицæн? Банхъæлмæ кастæн, æмæ зæнæг куы нал уагъта, уæд дыккаг бинойнаджы кой дæр бакодтон. Æмæ дыккаг дæр та нæ фæрæстмæ: дыууæ чызджы ныййардта æмæ ууыл бахуыскъ. Лæппутæн ирæдыл, чындзæхсæвтыл æмæ хæдзæрттæ аразыныл æгæр бирæ хæрдзтæ баййæфтон, æмæ мæ къух дзæбæх нал амоны, æндæра æртыккаг æрхæссын раджы бæргæ хъуыди.

— Дæхицæн, æви? — дзæбæх æй нæ бамбæрста Хъазихан.

— Уæдæ, уæдæ!

— Зæрондæй?

— Чи у зæронд?! — фæхъыг Мухарбегæн. — Дæуыл цал азы цæуы?

— Æхсæз æмæ æртиссæдзы.

— Гъе, кæсыс! Мæныл та дыууæ æмæ æртиссæдзы дæр æххæст нæма цæуы, дæуæй æнæхъæн цыппар азы кæстæр. Æмæ ма æхсæв цал хатты райхъал кæныс дæ бинойнаджы?

Хъазихан æнхъæлыд, хынджылæг дзы кæны йæ фысым, æмæ хъазгæмхасæн дзуапп радта:

— Æртæ хатты.

Мухарбег исдуг хъусæй фæлæууыд — бауурæнда йæ уазæгыл æви ма бауурæнда? Стæй дисхуызæй загъта:

— Æй, дæ хицау — æртæ хатты?! Æмæ йын йæ бын ныххуылыдзæй, мыййаг, фæтæрсыс?

Дыууæйæ дæр ныххудтысты.

— Фæлæуу, фæлæуу, æмæ дыккаг ус куы хастай, уæд дæ фыццаг та цы загъта? Фæндон ын уыди? — уæдæй нырмæ йæ зæрдæ цæмæ æхсайдта, уымæй бафарста Хъазихан.

— Кæцæй! Райдианы фæхъыллиппытæ кодта, стæй уалынмæ йæ бон базыдта: фыццаг ахæм хабар, мыййаг, куы нæ уыди пысылмон адæммæ.

— Фырттæ та?

— Ома, цы?

— Сæ мады сæрыл нæ рахæцыдысты?

— Фырттæ æмбаргæдæр разындысты. «Æнна! — загътой сæ мадæн. — Кæд нæ фыды афтæ фæнды, уæд æй ма хъыгдар, йæ тæригъæды ма бацу. Науæд нын, цы æхсыры хъуыртт бадардтай дæ риуæй, уый нын-иу хæрам фæуæд!» Æнхъæлыс, мæн мæт сæ уыди — сæхи фæндæгтæ рагацау æхсæстой. Æмæ цыма ныр хистæрмæ дыккаг хæдзары кой бакæныны зонд æрцыди, ахæм хабар мæ хъустыл ауад. Бар йæхи, кæд йæ ныфс хæссы, уæд. Мæхæдæг та мæнæ чызджыты æууæлтæм æркæсдзынæн, æмæ уыдонæй аразгæ уыдзысты хъуыддæгтæ. Ныридæгæн дæр сыл уыди дзурджытæ, фæлæ ирæдыл нæ бафидыдтам. Мæнæн та мæ каст ирæдмæ у. Бæллæх у, бæллæх, ибеуматт, ацы ирæды хъуыддаг дæр: иуæй йæ райс æмæ йæ иннæмæн радт, сасирæй дон фæрсудзæгау.

Бæргæ ма фæхъуыстаид Мухарбеджы хабæрттæм Хъазихан, бæргæ ма йæ истæмæйты фæфарстаид, фæлæ дуар сабыр хъинцимæ байгом, æмæ сылгоймæгтæ æнæуынæрæй уатмæ æрбацыдысты. Сæ къабатæ нæ раластой, афтæмæй бахуыссыдысты: мад — хибар сынтæгыл, чызджытæ — дыууæ рудзынджы æхсæн æвæрд сынтæгыл дæлфæдтæ-уæлфæдтæй.

Уатмæ кæртырдыгæй калди мынæг тæссармæ рухс. Иуцасдæр сыбыртт никæцæй цыди, стæй уалынмæ райхъуысти Мухарбеджы æнуд хуыр-хуыр.

Хъазиханæн та йæ хуыссæг фæлыгъди, къодахау æнæзмæлгæ ауагъта йæхи æмæ хъуыдыты аныгъуылд. Бинонтæ цал сты, уалæй уаты цæмæн хуыссынц? А, сæхæдæг фæуæд, фæлæ æцæгælон уазæг та? Йæ нымадмæ гæсгæ уæладзыг хæдзары къаддæруæддæр аст уаты ис. Æмæ дзы уæд уазæгмæ иу къуым куыннæ æрхауди? Уæллæй, адоны хабæрттæ æмæ уагтæ зын бамбарæн сты, кæд сын бамбарæн уæвгæ ис, уæд.

Дард кæцæйдæр хъуысы куыйты æнафоны уæнгмард рæйын.

Уынджы — дæлæмæ уыдаид æви уæлæмæ — сивгъуыдта уæзласæн машинæ.

Бынтон хуымæтæджы йæ кæм бахуыссын кодтаиккой бинонтимæ иу уаты. А, Мухарбег ма фæуæд, фæлæ сылгоймæгтæ та? Фæуæд афтæ дæр, æмæ иннæ уæтты сынтæджытæ нæй. Æмæ цы? Сылгоймаг дæ æмæ дæ гобан æмæ хъæццул дæ дæлармы ахæсс æмæ сæ искуы пъолыл дæр æрытау. Цæмæн пъолыл, цæмæн? Уæртæ кæм бадтысты Мухарбегимæ, уыцы уаты замманайы фæлмæн дыууæ диваны. Æви сыл ауæрдгæ кæнынц? Æмæ иунæг æхсæвмæ ихсийгæ бакæндзысты, æви сæм алы æхсæв дæр уазджытæ æрæййафы? Цыдæр дзы ис, цыдæр, æмæ цы уа?

Уыцы æнæбары хæпп-хæппæн банцайæн нæй.

Дзæгъæлы байхъуыста Мухарбегмæ: йæ хуыссæны æнæмæтæй хуыррытт кæнид афонмæ. Уæдæ нуазгæ дæр фæбæрæджы бæрц нæ баныз та. Цы сæ зæрды уа йæ фысымтæн? Марадз æмæ йæ базон. Цыфæнды талынджы дæр ардыгæй Зилгæйы хъæуысæрмæ фынддæс минутмæ ныххæццæ уыдаид велосипедыл. Фæндагæн дæр йæ асфальт ранæй-рæтты цæстгай цы схауд, æндæр дзы фæфæлдæхыны бæрц къуыппытæ-дзыхъхъытæ никуы бафиппайдта. Ацу, цыфæнды æнафоны æмæ дзы хæдзарыл сæмбæлынæй хуыздæр нæй: ничи дæ хъыгдаргæ кæны, никæй хъыгдаргæ кæныс.

Цæй, дзæгъæлы дæхи стæрсын кодтай: цæмæ дæм хъуамæ бабæллой? Дæ кæттаг цырыхъхъытæм æви дæ джиппæйфыст хæлаф æмæ хæдонмæ? Æвзæрæй сæ зæрды исты куы уаид, уæд дын дзаджджын фынг не 'рæвæрдтаиккой, буц уат нæ бакодтаиккой.

Уæд та ма иннæ уæттæн сæ пъолтæ ног ахуырст сты. Хъазихан нывæрзæнæй йæ сæрыл цанæбæрæг схæцыд æмæ сысмыста. Цæй ахорæны тæф æмæ цæй æндæр!

Омæ, уæдæ, цы амона ацы иумæйаг уат чындздзон чызджыты фарсмæ? Ахæм æгъдау сæм уа? Æмæ йæ уæд æнæ фехъусгæ нæ фæцадаид.

Сылгоймæгты сабыр сым-сым æмæ Мухарбеджы æнуд хуырхуыр. Æдде та — кæмдæр куыйты æнæбары хæпп-хæпп. Хорз, æмæ ниугæ нæ кæнынц.

Ныр исты, уæд æй, цымæ, кæм агуриккой? Лæппуйæн зæгъын хъуыди, бæргæ. Бæргæ, бæргæ, фæлæ йæм æхсæвæддæйы фæнд нæ уыди. Цыма йæ исчи федтаид мæхъхъæлырдæм сивгъуыйгæ? Хæдзарæй куы рараст, уæд цалдæр адæймагыл амбæлд. Салам ын лæвæрдтой, салам сын лæвæрдта, фæлæ йæ уæлсаргъмæ дæргъвæтин рафæрс-бафæрс куыд хъуамæ кодтаиккой. Фæцæуы

æмæ фæцæуы — фæндараст фæуæд. Исты, уæд, хæрзаг, дзуриккой: «Уæллæй, æз та йæ тæккæ æндæрæбон велосипедыл бадгæ федтон», «Уæллæй, æз ма йæ — фæлæуу-ма, фæлæуу, кæд уыди?..» Хъæууынгты цы гуырысхойаг хъуамæ разындаид? Хъæуы æдде та... О, хъæуы уæле фæцис, фæлæ фермæйы онг нæма схæццæ, афтæ йыл амбæлди æхсырласæг Чермен; йæ размæ æрцæйтахт æмæ йæм куы æрхæццæ, уæд йæ къух рулæй систа æмæ йын дзы салам радта. Æмæ йыл Чырмен дæр цы хъуамæ фæгуырысхо уыдаид: алы бон ма фæуæд, фæлæ бонцухæй уæд та æфты Хъазихан фермæмæ, æмæ та йын ныр дæр уырдæм цæуын æнхъæлдаид.

О, хæдæгай, абон æй дуканийы дуармæ чидæртæ куы федтой Мухарбег æмæ йæ фыртимæ. Исчи сæ зонгæ дæр кæд кæнид æмæ зæгъдзæн: афтæ æмæ афтæ, мæхъхъæлмæ цæуинаг уыди кæрчытæн судзин кæнынмæ. Æмæ уæд комкоммæ Мухарбеджы фæдыл бафтдзысты милицæ æнæ смудаг куыдзæй дæр.

Цæуыл рæйой, цымæ, уыцы куыйтæ изæрсарæй? Ниугæ ма скæнæнт, æндæр рæйынмæ сæ фæрстæ дæр атонæнт.

Йæ фæдыл бæргæ бафтдзысты, фæлæ дын мацæуыл басæтта. Нæ сæм хъуыста, кæм цæры, уымæй куы фарстон, уæд: «Уæллæй, нæ зонын. Уæллæй, нæ зонын». Никуы ницы фæзонынц.

Хъазиханы зæрдыл æрлæууыд, йæ прокурор хæрæфырт ын ахудынæн цы хабар радзырдта, уый. Донгæройнаг мæхъхъæлонæн Дзæуджыхъæуы тæрхон кодтой йæ усы хъамайæ скæрдыны тыххæй. Кæрдгæ та йæ скодта хæтынæй йыл фæгуырысхойы охыл. Фыццаг хатт нæ, фæлæ дыккаг хатт: йæ фыццаг усы дæр раст ахæм гуырысхойы тыххæй скарста; дохтыртæ йæ рынчыныл бынымадтой, фæлæ уæддæр аст азы ахæстоны фæбадт. Ныр дыккаг дæр та афтæ. Бинонтæй, мыггагæй, хæстæгæй, сыхагæй, хъæубæстæй иу фæсте нал баззад — тæрхондонмæ æрбацыдысты; мидæгæй бынат кæмæн нал разынд, уыдон кæрты æнхъæлмæ кæсынц. Тæрхонгæнæг æмæ прокурор æвдисæнты фæрсынц: «Мæнæ Иссæйы зоныс?» Цыма йæ фыццаг хатт уыны, уыйау æм дзæвгар фæкæсдзæн, стæй æнæбары зæгъдзæни: «Зонын». Ноджы карздæр фарст: «Кæцæй йæ зоныс?» Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ: «Сыхæгтæ стæм». «Йæ усы амардта, уый зоныс?» Уым та дызæрдыггагæй цы ис: «Нæ зонын». Иннæтæ дæр афтæ. Суанг йæ мады онг. «Мæнæ Иссæ дæ фырт у?» «О». «Иу хæдзары цæрут?» Дызæрдыггæнгæ æрæджиауы дзуапп: «О». «Дæ фырт

йæ усы амардта, уый зоныс?» «Нæ зонын». «Амæй размæ дæр ма йын ус уыди?» «Нæ зонын». «Аст азы ахæстоны фæбадти æви кæм уыди?» «Нæ зонын».

Æмæ цы? Тынг раст кæнынц: нæ зоныны сæр нæ риссы.

Хæстæг кæмдæр уасæг афтæ хъæрæй æмæ æнæнхъæлæджы ныууасыд, æмæ Хъазихан йæ сынтæджы хæрдмæ фесхъиудта. Уасæг банхъæлмæ касти, иннæтæ йын йæ уасын хъæуы алы кæрæттæм кæд ахæццæ кæндзысты, уымæ, æмæ та ногæй ныууасыд.

Ау, æз æрбабонмæ куы æнхъæлмæ кастæн, уæд фыццаг кæркуасæнтæ йеддæмæ нæма уа?

Фæлæ дыккаг кæркуасæнтæ уыдысты, æрмæст фыццæгты нæ фехъуыста Хъазихан: йæ фыркатайæ тæркфынæй ацис, æмæ йын уыцы усмар Иссæйы тæрхоны хъуыдытæ кæронмæ дæр нал ахæццæ сты.

Йарæби, цард-цæрæнбон мæхиуыл тæппуды гуырысхо куы никуы фæдæн, уæд, цымæ, ныр мæхи цæуыл стæрсын кодтон? Ай Германы хæсты дæр куы аирвæзтæн, уацары дæр мын куы ницы уыдис, Сыбыры дæр куы нæ фесæфтæн Хуыцау — Уастырджийы ахъазæй. Иу куырой нæ разылди мæ сæрыл, æндæр...

Мухарбег схуыфыди, ферхæцыд, æмæ йæ хуыр-хуыр нал райхъуысти. Йæ ком ивазгæ хуыссæны рабадти; хæдон, хæлаф скодта, къæхтæ цырыхъхъыты атъыста, бухархуд рудзынджы тæрхæгæй райста, йæ рыгтæ йын æрцагъта, сæрыл æй æркодта æмæ æддæмæ ахызт, дуар сабыргай йæ фæдыл ассыдта.

Кæдæм цæуа? Ай бынтон куы сæнæууæнк дæ: йæхихъуыды ауайын дæр æй мауал бауадз! Æмæ йæхихъуыды айдагъ мидæггæгты ауайæн нæй? Бухархуд дзы цæмæн хъæуы? Бæлвырд, цыдæр дзы ис. Йæ фырттæй искæмæ фæдзурынмæ цæуы раст.

Уæдæй-уæдмæ цаварæ хихъуыды уыдзæн, кæд йæ тъæнгтæ нæ фæкалдта, уæд? Хъазихан циу, уымæй хъустæ фестад; цы фехъусынмæ æнхъæлмæ кæсы, уымæн йæхæдæг дæр ницы æмбары, афтæмæй.

Уалынмæ ус дæр хуыссæнæй рахызт, дзабырты къæхтæ атъыста æмæ, сæрбæттæнимæ архайгæ, феддæдуар. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр фæстæмæ нал зыны.

Гъеныр-гъе, мæнæй уый, бабын дæ, æнхъæлдæн! Дзæгъæлы дæ нæ ныууагътой хибарæй дыууæ чызгимæ. Замманайы æфсон

сын фæуыдзæн: кæд нын хъавыд нæ чызджытæм фæныхилынмæ...

Мæ хæсгæ мæрдтæ, гæдырдузæн хæрынкъа уæд та мæ дзыппы куы æрæййæфтаид. Æниу, бирæтæ бакæндзынæ дамбаца æмæ хъамайы ныхмæ хæрынкъайæ. Уæддæр... Уæддæр дзы лæгæй-лæгмæ искæй артæнтæ сфастаин бичъы бынæй риуыгуыдырмæ.

Айтæ-уыйтæ нал фæкодта Хъазихан, фæлæ рабадт æмæ йæ дзаумæттæ рæвдзгомау скодта, чызджытырдæм фæкæсфæкæсгæнгæйæ: æрдæгбæгънæгæй йæ ма фенæнт. Кæртмæ рахизыны размæ тыргъæй хуыснæггаг каст ракодта. Уæртæ фæскъуымы, хъомдонмæ бацæуæны сæрмæ ауыгъд цырагъы рухсмæ Мухарбег уæлгуыффæ уæрдоны зыгъар бæх ифтындзы, цыдæртæ йын дзуры. Хъазиханы цырыхъхъыты къуппкъупмæ разылди:

— Ды та цæмæ рабадтæ кæркуасæнты?

— Сымах куы сыстадыстут, уæд æз дæр...

— Æмæ ды дæр махимæ цæуинаг дæ? Мах, цас стæм, уалæй хъуамæ талынгæй ныййафæм Зилгæйы нартхоры хуымтæ. Хъусыс уæртæ? — Уынгæй æрбайхъуысти цæфхæдты уынæр æмæ цæлхыты гуыр-гуыр. — Чидæр нæ разæй фæцис. Цалынмæ быдыры змæлæг нæма фæуа, уæдмæ бонивайæнты нартхорæй ратонын дæ къухы цы бафта, уый дæхи. Иугæр хъахъхъæнджытæ куы фæзыной, уæд хъæлæба самайынц, цыма сын æй сæ хæдзарæй исчи хæссы. Ацы Джериханы фырт Зелимимæ та æппын бафидауæн нæй, ибеуматт, йæ фыдæй фыддæр фæци. Бауырнæд дæ, фыддæр! Нæмыгæй дæр нæ тæрсы, нæмыгæй, ибеуматт! — уыцы мæстджынæй Хъазиханы фындзы бын дамбаца фæцавта Мухарбег æмæ йæ уайтагъд хæлафы фæстаг дзыппы сæвæрдта.

Хъазиханæн йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой: ахæм калибр уынгæ нæ, фæлæ æнхъæл дæр нæ уыди: танкцæвæн сармадзаны хæтæлы стæвдæн раст; йæ нæмыг ныхыл куы сæмбæла, уæд ма лæджы сæрæй æрмæст дыууæ хъусы аззайдзысты хъилæй.

— Æз та ма сылгоймæгтæн бафæдзæхстон дысон, зæгъын, æнæуынæрæй-иу рабадут, уазæг куыд нæ райхъал уа, афтæ, — сабырдæрæй загъта Мухарбег. — Уадз æмæ, зæгъын, нæ сыздæхынмæ хуыррыттæй фынæй кæна.

ÆФСÆНХЫЗ РУДЗЫНГ

Цард ма асламдæр куы уыди, уæды заман Пæхъæч Пицундæмæ афтыд журналистты фæлладуадзæн хæдзармæ. Регистратурæйы йын цалынмæ йæ гæххæттытæ рафысс – бафысс кодтой, уæдмæ фæзонгæ замманайы хæрзуынд æрыгон сылгоймагимæ — Уралæй ссæуæг, кавказаг лæппутыл цуангæнджытæй.

Раныхас-баныхас æмæ тæккæ уыцы æхсæв фембæлынылбафидыдтой. Фæлæ кæм? Æнæрайы лыстæг къæвда луары æмæ луары, зæххæн къæхты бын йæ лæпп-лæпп цæуы. Искуы пыхсытæм баздæхынæн йæ кой дæр нæй. Стæй йын уыцы уырдыг лæугæйæ ахæц-ахæцы афон уæвгæ дæр нал у Пæхъæчæн.

Æрхауди йæм дыууæбынатон уат æхсæзæм уæладзыгыл. Цынæ вæййы, зæгъгæ, сылгоймаджы уат дæр абæрæг кодта. Куыннæ стæй, æнæхъæн æртæйæ æрбынатон сты уæладзыг бындæр иу уаты æмæ ацы къæвдайы æмæ æнафоны æддæмæ акæсинаг не сты даргъ цоппайаг фæндаджы фæстæ. Уæуу, мæнæ мæгуыр лæгæн йæ хъуыддаг иуырдæм дæр куыннæ æнтысы! Уатæй тыргъмæ йæ фæдыл рахызти сылгоймаг æмæ йын бамбарын кодта — сомбонмæ æргъæвгæ у, хуыздæр гæнæн нæй.

Йæ хъуыр-хъуыр æнæпайда у, уый бæргæ æмбары, уæддæр йæ амондыл хъуыр-хъуыргæнгæ схызт æхсæзæм уæладзыгмæ. Йæ уаты сæййæфта нæхимæ районы газеттæй иуы къамисæг Дзамболаты — йæ фæндаггон уымæл фæлыст дæр нæма раивта, æрмæст йæ хызын дыккаг сынтæджы цур æрæвæрдта. Къамисæг æй нæ базыдта, фæлæ Пæхъæч йæхæдæг та кæй нæ зоны газетты кусджытæй.

Изæрхорз уырыссагау загъта Дзамболат. Уырыссагау ын дзуапп радта Пæхъæч дæр, йæхæдæг уаты къуымты йæ цæст ахаста, рудзынгæмбæрзæныл иуварс ахæцыд æмæ бустæхуызæй бафарста:

— Рудзынгыл та æфсæнхыз цæуылнæ ис?

— Æмæ йыл цæмæн хъæуы? — ныддис Дзамболат. — Æхсæзæм уæладзыджы рудзынгыл нæм чи хъуамæ æрбахиза?

— Нæ, уый тыххæй нæ зæгъын. Æз æхсæрдæс азы ахæстоны фæбадтæн, æмæ кæм хуыссын, уым рудзынгыл æфсæнхыз куынæ уа, уæд фынæй нæ фæразын.

Йæхæдæг цыма йæ маст фæлладуадзæн хæдзары хицаумæ хæссы ацы æнафоны, уыйау дуар уыцы гуырымыхъæй йæ фæдыл

рассыдта. Æнæкæрон тыргъты азылдис иуцасдæр, стæй фыццаг уæладзыгмæ æрхызт æддæмæ акæсынмæ — цымæ арвыл иунæг сидзæр стъалы дæр нæ зыны, цымæ райсом дæр ахæм æнад бон уа?..

Регистратурæйы иувæрсты куы рацæйцыд, уæд цæстызулæй ауыдта — Дзамболатæн йæ хызын тæрхæджы рæбын æвæрд, афтæмæй йæ фырдиссагæй къухæмхасæнтимæ цыдæртæ дзуры регистратурæйы кусæгæн. Дзамболат дæр æй ауыдта æмæ сылгоймагæн аивæй ацамыдта Пæхъæчмæ.

Æдде — сæудар, мидæгæй тæмæнкалгæ рухс æмæ, цалынмæ æддæмæ хæццæ кодта Пæхъæч, уæдмæ йын дуары æвгтыл айдæны зынæгау зыны: сылгоймаг суанг йæ бынатæй дæр ма сыстад æмæ дзагъырдзастæй йæ фæдыл кæсы. Цасдæры фæстæ Пæхъæч фæндзæм уæладзыгмæ схызт æмæ сылгоймæгты дуар бахоста.

— Мидæмæ! — радзырдтой йæм æмхъæлæсæй.

Пæхъæч дуар базыхъхъыр кодта, æмæ йæм йæ зонгæ ракаст.— Люся, мæ сыхагæн йæ бынат йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ æндæр ран бацагуырдта...

07.12.02

ГÆРТАМ

Хекъилаты Умарæй къæсхуырдæр адæймаг уæвгæ куыннæ уыдзæни, фæлæ æз никуыма федтон. Ныр афтæмæй йæхæдæг дохтыр у. Институты йæ мæстæй цы мардтой, æндæр æй никуы ницы хъыгдардта йæ къæсхуыр. Фæлæ институт каст фæци æмæ «Электроцинчы» рынчындоны кусы хирургæй.

Афæдзы æмбис æххæст нæма бакуыста, афтæмæй мæхъхъæл Казахстанæй здæхын райдыдтой, сæ фылдæр рынчынтæ æмæ сахъæттæ. Куыд дарддæр, афтæ фылдæр, æмæ сын нæдæр Насыраны, нæдæр Кантысы рынчындон нал фаг кодта. Æмæ æфтын райдыдтой тæнзæрдæ Ирыстоны рынчындæттæм.

Æрбахауд дзы иу Умармæ дæр. Мæнæ-мæнæ уæззау рынчынтæй нæ разынд, æмæ йæ дыууæ къуыримæ йæ къахыл слæууын кодта.

Рынчыны сæумæйæ рафыстой, йæ сынтæджы æндæр æрбынатон уайтагъд. Хæдзармæ афон дæр ын у, хиуæттæ йæм ла-

сынмæ æрбацыдысты æмæ уынджы æнхъæлмæ кæсынц, ай та ма тыргъы дыууæрдæм разил-базил кæны: йæ дохтыræн бузныг æмæ хæрзбон куыннæ зæгъа, уыимæ адæмы æхсæн нæ, фæлæ хибаræй. Уæдæ йын зæрдæлхæнæн дæр æмбæлы — дохтыры сæр адæймаджы цы сахат бахъæудзæн, уый бæræг нæу, бахъуыды рæстæг та дын дзæбæх зонгæ куы разына, уæд уымæн æмбал кæм ис.

Умар куы йæхæдæг иу палатæйы фæмидæг вæййы, куы йæм иннæ палатæмæ исчи фæдзуры. Лæг æнхъæлмæ кæсы. Æппынфæстаг хæрхæмбæлд фесты парахат тыргъы бæстастæу.

— Ам ма дæ? — афарста йæ Умар.

— Уæллæгъи, дохтыр, сыгъзæрин къухты хицау дæ. Искуы ма мæ къахыл слæудзынæн, уый мæ уæвгæ дæр нал уырныдта. Ныр кæсыс — усгур læппуйæ уæнгрогдæр дæн. Æмæ кæй руаджы? Æргомæй йæ зæгъын: æрмæстдæр дæу руаджы.

Хъусы йæм Умар, æндæр цы — гыдзы-гыдзы ныхас паддзæхты зæрдæмæ дæр ма куы цæуы.

— Ды куы нæ уыдаис, уæд мын моллотæ афонмæ, æвæццæгæн, «фа-атигъы» загътаиккой æмæ мыл дуа скодтаиккой. Дæуæн та Хуыцау бирæ цæрæнбон радтæд, ахæм сæры æмæ ахæм дыууæ къухы хицау чи у.

Уыцы ныхæстимæ Умары халаты дзыппы æхца атъыста.

— Уый та циу?! — фесхъиудта Умар æмæ æхца дзыппæй фелвæста. Разындысты цалдæр гæххæтты фондз æмæ ссæдзгай сомтæ. Мæхъхъæлоны цонгмæ фæлæбурдта æмæ йын сæ йæ къухы фæсагъта: — Æз ахæмтæ хъуаг нæ дæн, æз советон дохтыр дæн, æмæ мын, цас æмбæлы, уыйас мызд фиды советон хицауад. Мæ сыгъдæг цæсгом æмæ сыгъдæг къухтæ мæнæн цыфæнды æхцайæ зынаргъдæр сты.

Тыргъы адæм сæм, рынчынæй-дохтыræй, сæ хъус æрдардтой, сæ цыд-иу фæсындæгдæр.

Уый æнхъæл кæцæй уыди мæхъхъæлон æмæ, æхца йæ къухы, афтæмæй йæм джихæй баззади. Стæй æппынфæстаг, сывæллонæн уайдзæфгæнæгау, сдзырдта:

— Уæллæгъи, дохтыр, хæрын дæ нæ фæнды, æмæ ахæм мæллæг дæр уымæн дæ!

08.12.02.

Ай мæнæ Гæццойон куы у, уæд æй кæцырдæм фæ-Гæццоева кодтай?

Æмæ «Гæццойоны» номимæ рацыд газеты, фæстæдæр та — чиныджы. Курдиаты фæд ыл бæрæг бæлвырдæй зындис.

Фæлæ мæгуыр уæрццæн зад хуым нæ тайы. Афæдзæй чысыл фылдæры фæстæ Барис ахæстонмæ бахауд, æмæ йын аст азы радтой. Саратовы облæсты Балаковойы æрвыста йæ æмгъуыд. Шофырыл сахуыр кодта æмæ хæдæвдæлонгæнгæйæ арæзтадмæ ласта бетон, чъырызмæст, змис. Стыр хъыг мын куыднæ уыдаид йæ хабар. Кæрæдзимæ стæм хатт писмотæ фыстам. Уалынмæ дын, йæ æмгъуыд куыддæр ахицæн, афтæмæй горæтаг газеты редакцийы кусын райдыдта. Уацхъуыдтæ, æрмæджытæ сæм æрвыста æмæ йæ сæхæдæг бацагуырдтой. Стыр ныфсы хицау разынди редактор — тæккæ знон ахст адæймаджы куыстмæ райс...

Иуахæмы мæм писмоимæ сæрвыста уырыссагау йæхи фыст егъаугомау радзырд «Къуылых Али». Ахæм аив фыст уыди, ахæм аив фæлгонцтæ дзы сфæлдыста æнаипп сюжетон бындурыл, æмæ цасдæр рæстæг æрмæст уыдон лæууыдысты мæ цæстыты раз. Мæ хæстæг хæлæрттæй йæ кæмæн нæ æппæлыдтæн, ахæм нал баззади, кæсынмæ та йæ æрмæст Бицъоты Грисмæ радтон, уымæн æмæ уый хатдзæгæй тынгдæр никæуыл æууæндыдтæн — уацмысмæ кæддæриддæр æвæрдта æрмæст аив литературæйы домæнтæ. Мæнæй тынгдæр та йыл Грис бацин кодта, ноджы дзы æппæлынмæ та мæн фæстæуæз кæмдæр фæуагъта.

Хабар хъус-хъус ацыд, æмæ йын кæдæм æмбæлди, уырдæм бахæццæ æппынфæстаг — партийы обкоммæ æмæ Æдасдзинады комитетмæ. Дзырдхæсджытæй цы хъуамæ аирвæза? Ноджы йыл, æвæццæгæн, къæхтæ–къухтæ бафтыдæуыд. Солженицыны, Синявскийы, Даниэлы, Бродскийы зæрдæцъæхæй обкоммæ дæр æмæ Æдасдзинады комитетмæ дæр уафсхор галдзармæй разынди – ахст адæймагмæ советон цардæвæрдыл æмæ партийы нысантыл цъыф калынæй дарддæр цы фыссинаг хъуамæ разына? Абабау, уыцы фыст фæсарæнтæм ахæццæ, уæд бирæтæ фæтæхдзысты сæ бæрзонд къæлæтджынтæй: «Америчы хъæлæсæй», «Сæрибар Европæйæ», «Немыцаг уылæнæй», «Сæрибарæй» — ахæм уасинаг сын рагæй нал фæцис, æмæ та сæ мондæгтæ суадздзысты; ахæм агургæ æмæ æнаргæ хорз сын ракæнай. Кæд бынтон афтæ нæ уыди, уæддæр мæнмæ афтæ кæсы.

Цы уыди, куыд уыди, фæлæ дын мæм Æдасдзинады комитеты кусæг Олег алы æфсæнттæй æрбауай–æрбауай райдыдта: «Мæнæ ацырдыгæй уыдтæн æмæ дæ, зæгъын, куы абæрæг кæнин дæу дæр». Райдианты мæм ницы зæрдæхсаинаг фæкасти йе 'рбауай–æрбауай: институты иу факультеты, фæлæ алы хайæдты ахуыр кодтам, суанг нæм иумæйаг лекцитæ дæр уыди, æмæ кæрæдзи хорз зыдтам.

Библи бакæсынмæ рагæй бæллыдтæн, фæлæ йæ кæм хъуамæ ссардтаин? Мæ хъустыл æрцыди, фæсарæнтæй нæм æфты дины чингуытæ, æмæ сыл Æдасдзинады комитет цуан кæны, дзæвгар, дам, дзы байстой. Æмæ Оледжы хъусы бацагътон, кæд æцæгдæр афтæ у, уæд мæм чиныг бакæсынмæ куы радтис, зæгъгæ. «Фендзыстæм», — уыди йæ дзуапп. Иу дыууæ боны фæстæ мæм æрбауад æмæ йæ йæ костюмы мидæггаг дзыппæй фелвæста:

— Мæнæ, æрмæст дæм æй мачи фенæд. Кæцæй дæм æрбафтыд, уый куы базоной мæ хицауад, уæд мæ тынг бафхæрдзысты: алы чиныг дæр сæрмагонд хыгъды ис, æмæ йын нæ куыстæй æддæмæ рахæссыны бар нæй.

Чиныджы полиграфийæ мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Разынди дзы цыппар евангелийы. Стокгольмы уагъд. Йæ ас — скъоладзауы тетрад æмбис куы фæкæнай, уымæй къаддæр. Сау лыстæг уырынгтæ æддаг цъар хъуымацæй, æви афтид хъæбæр гæххæттæй уыди, уый нæ раиртæстон. Тæнæггомау чиныг, афтæмæй дзы цыппар сæдæ фарсы бæрц. Тæнæг дæр куыннæ уа, кæд æмæ бапъерозы гæххæттыл мыхуыргонд у. Раст зæгъын хъæуы, дамгъæтæ газеты дамгъæтæй лыстæгдæр уыдысты.

Гæды ныхас ницæмæн хъæуы — Барисы радзырды кой йæ дзыхæй никуы схауд Олегæн, фæлæ йе 'рбауай-æрбауай уый фæдыл кæй уыд, уый бæлвырд у. Абон дæр æй не 'мбарын, комкоммæ мын æй цæуылнæ загъта. Йемæ ахæссынмæ нæ, фæлæ мæ цуры бакæсынмæ йæм æй æнæмæнг радтаин: литературон факультет фæци каст æмæ, кæд литературæйæн исты æмбары, уæд ыл æнæ бацингæнгæ нæ фæцадаид. Йæ хицауадæн та загътаид: партийы æмæ советон цардæвæрды ныхмæ дзы мисхал дæр ницы ис. Æви йыл æууæндгæ нæ бакодтаиккой, цалынмæ йæ сæхи цæстæй феной, уæдмæ?

Мæ хъустыл æрцыди: Фысджыты цæдисы разамынды дæр, дам, тынг фæнды уыцы радзырд бакæсын. Цæй дымæгмæ? Мыхуыры йæ рауадзынмæ? Мæлæты цæстуарзон адæм!.. Куын-

нæ дын рауагътаиккой стæй тæрхонгонд адæймаджы фыст цыфæнды хæзна дæр.

Цастæ бамбаринаг уыди — Фысджыты цæдисы фæрцы уæд та куы бафтид уыцы зæрдæхсаинаг æмæ сæрнизы радзырд Æдасдзинады комитеты къухты.

Раст мæм уыцы рæстæг Ирыстоны журналистты цæдисы сæрдар, «Рæстдзинад»-ы редакторы хæдивæг Дзугаты Барис йæхимæ фæдзырдта.

— Минскмæ дæ нæ фæнды?

— Куыннæ! Цы дзы ис?

Æфсоны фарст æй акодтон, æндæра йæ уайтагъд бамбæрстон, цы дзы ис, уый.

— Замманайы æппæтцæдисон семинар: «Автомобиларазынады рæзт хæстæгдæр дæс азы дæргъы».

Хъуыддаг кæмæ хауди, уыдонмæ — газетты, радиойы, телеуынынады промышленнон хайæдтæм та, хæрзаг, мæнæн зæгъыны размæ фæдзырдта æмæ куы никæй бафæндыд, уæд та йæ тъæпп мæныл фæцыд. Зыдта йæ: кæдæмфæнды цæуынмæ дæр зивæг нæ кæнын, æрмæст мын фæндаджы аргъ бафидæд æмæ мын æхсæвиуат уæд; гуыбыныл хардз та мæхи дзыппæй дæр фиддзынæн, бирæтæ мæ, мыййаг, куынæ хъæуы.

— Кæд райдайдзæн семинар?

— Къуырийы фæстæ. Æрмæст билет ардыгæй уырдæм дæхицæн амалгæнгæ æрцæудзæн, уырдыгæй ардæм та дын сæхæдæг райсдзысты. Мæнæ дын хуынды гæххæтт æмæ программæ — алцы дæр дзы бæлвырдæй загъд у.

Тæхгæ уыди Минводæй. Нæхимæ аэрокассæйы бæргæ фæмидæг дæн, æмæ дзы уæнтæхъилæй раздæхтæн: мæн цы бонмæ хъуыди, уыцы бонмæ нæ, фæлæ сæм дыууæ къуырийæ раздæр нæ разынди билет.

Дзугайы-фыртмæ бацыдтæн:

— Ницы уайы мæ балцæй — билет нæй.

— Уæдæ цы 'рхъуыды чындæуа? Бавдæл, æмæ Минводмæ ацу бон раздæр æмæ банхъæлмæ кæс: афтæ дæр рауайы, æмæ искæмæн атæхыны фадат нал разыны æмæ йæ билет фæстæмæ ратты.

— О, æндæр мæт мæ нæй — фыры æйчытæм æрхауынмæ æнхъæлмæ кæсдзынæн. Дæхæдæг æй нæ зоныс: тæккæ фæлладуадзæн рæстæг у, æмæ хæдтæхæгæй, поездæй æмыдзаг вæййынц алы бон дæр, æнцойтæй никæдæм фæхæццæ уыдзынæ.

Æмæ мыл цы уынгæг бон бакодта: ацы æнуды ардыгæй Минводмæ фондз сахаты бот-ботгæнгæ фæцу æмæ, дæ къухы куы ницы бафта, уæд фæстæмæ дæр та афтæ.

— Хорз нæу, бæргæ, Ирыстонæй куы ничи ацæуа, уæд, — æндæр цы загътаид Барис.

— Æнæуи дæр хъуыр-хъуыр байдайынц адæм, Сафар, дам, де 'рдхорд у æмæ иу ранмæ дæр уый æрвитыс æмæ иннæмæ дæр. Афтæмæй сæ кæмæн зæгъай, уый та пъæззыйæ сæйы — сæ бынатæй сæнкъуысынæй сæм зындæр ницы кæсы.

Хуынды гæххæтт æмæ йын программæ йе стъолыл æрæвæрдтон, фæлæ мæм сæ фæстæмæ рассыдта:

— Уадз сæ дæхицæн – уæд та дæ бахъуыдысты.

Халонау йе уæны касти.

Фæскуыст «Интуристы» кæрты «Ирон хæдзармæ» бацыдыстæм Дзугайы–фыртимæ æмæ Мамсыраты Муратимæ – замманайы хæрзфых фысы сæртæ дзы уыдис, æмæ уырдæм фæцалх стæм цалдæр боны. Лæгæн сæр райстам, судзагхал æмæ нозт æмæ дæргъвæтин бадт ракодтам. Къуындæггомау уыди «хæдзар» – æрмæст дзы цыппар фынджы. Иуыл дзы мах бадтыстæм, иннæ æртæ немыцаг туристтæ кæрæдзиимæ баиу кодтой æмæ, бæгæны нуазгæ, дæргъвæтин бадтыл схæцыдысты. Цыдæртæ дзурынц æмæ та рæстæггай сæ хъæлдзæгхудт райхъуысы, махырдæм дæр æрбакæсынц. Кæд махыл у сæ худт, уæддæр сын ницы æмбарæм. Уыйас дæр худæнт, хъæддагыл дæр нæ нымайæнт — нæ фынг нæхимæ тынг дзæбæхыл нымад у.

Куы иутæ, куы иннæтæ бынатæнхъæлæй æрбакæсынц æмæ та аздæхынц. Иуахæмы Олег дæр фæзынди, йæ къухæй нын салам авæрдта.

— Мидæмæ, Олег: бынат нæм ис!

— Бузныг, нæ мæ æвдæлы, кæйдæр агурын.

Официант, ирыхъæуккаг æрыгон лæппу, сауæрфыг, саурихи, хъоппæгдзæст, тыппыртæ мастæй: фынгтæ бацахстой сæ фæйнæ бæгæныйы кружкæимæ æмæ сын аккуырсын амал нал ис, кæд у, уæдæй нырмæ.

Уалынмæ рестораны кæрт æнæнхъæлæй дæр дзолгъо æмæ хъæлдзæг ныхасæй байдзаг: Дзæуджыхъæуы «Спартак» йæхи фæзыл хъазыд кæимæдæр æмæ рамбылдта. Футболуарзджытæ ахæм цины хабары фæдыл нуазæндæттæм куыннæ ныххæррæтт ластаиккой. Цалдæр къордæй «Хæдзармæ» æзраздæрæй æрбалæгæрстой, фæлæ æрбадæн бынат нæй.

Официант бынтондæр мæстæй ныддæнгæл немыцмæ, стæй куыннæ: сыстын амал сын нал æмæ нал ис, афтæмæй агургæ æмæ æнаргæ рæдаузæрдæ клиенттæ ирвæзынц иу къорд иннæйы фæдыл.

Немыц та бадынц æмæ бадынц æнæмæтæй, бæгæныйы кружкæйæ алчи цъиуы хуыпп скæны рæстæггай æмæ йæ фæстæмæ æрæвæры; сæ ныхасæн кæрон нæй, уыцы зæрдиагæй ныххудынц. Официант сырххъулон уыдоны мæстæй афæлдæхт æмæ уыдоны мæстæй æддæмæ-мидæмæ сзилахар, уый сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй.

Æппынфæстаг сæм сыстыны зонд æрæфтыд æмæ йæм æрнымай нын, зæгъгæ, фæдзырдтой.

Айдагъ бæгæны цастæ анымаинаг уыди — рагацау æй анымадта æмæ сын гæххæтт сæ разы æрæвæрдта. Уыдон æм февнæлдтой, къух-къух ацыди — цас фидгæ у, уый хъуамæ алчи йæхи цæстæй фена. Стæй сæ алчи йæ дзыппæй армыдзаг лыстæг æхца систа, ранымай-банымайы фæстæ сæ иу йæхимæ райста, фæстаг иумæйаг нымад сæ бакодта æмæ сæ стъолы кæроныл æрæвæрдта.

Уыцы дæргъвæтин хабæрттæм официант, тæфсæгæй сæйæгау, фырмæстæй гæртт-гæртт райдыдта, сæ уæлхъус лæугæ, йæ цæсгомыл бæлвырдæй фыст уыди: «Рæвдздæр ахъуытты ут исты амалæй, фæлтау мæхи дзыппæй бафиддзынæн уæ бæгæныйы аргъ! Уæддæр сæ, кæм æрæвæрдтой, уым — стъолы кæрон — фыдæнæны нымад бакодта дыууæ хатты. Фыццаг нымады фæстæ йæ зæрдæ фехсайдта æмæ гæххæтмæ æркасти: нæ, нæ фæрæдыд — хъуагæй йæм радтой æхца. Æмæ рахиз къухы дыууæ æнгуылдзы — амонæн æмæ астæуккаг — фæпака кодта, афтæмæй сæ, былтæ бакъуырæгау, æхца æрæвæрæджы тæккæ фындзы бынмæ бахаста:

— Еще цвай копейки!

Уыцы зынгдзастæй, цæсгом сырххъулонæй — уæдæй нырмæйы дæнгæл суагъта.

Махæн та æртæйæ дæр ахæм худæг разынд, æмæ чи фынгыл адæлгом, чи бандоны счъилыл йæхи фæстæрдæм аппæрста, чи йæ артæнтыл ныххæцыд.

Радтой йын, уæдæ цы, немыц йæ дыууæ капеччы æмæ ацыдысты. Сæ бынæттæ сын уайтагъд ацахстæуыд. Уалынмæ та Олег дæр фæзынди. Фæдзырдтам æм æмæ нæ фынгмæ æрбацыд. Æмбæлæггаг æм авæрдтам, анызта йæ æмæ официантмæ бадзырдта:

— Мæнæ ам иу авг æрæвæр мæ нуазæн.

Немæ сбадти. Æвæццæгæн, немыц цалынмæ рестораны кæрты уыдысты, уæдмæ сæм дардта йæ хъус. Ныр сæ хуыссæнуатмæ баивгъуыдтой, æмæ сæм уым та æндæр хъусдарджытæ уыдзæн.

Нуазæм, бадæм, ноздджын адæмæн куыд æмбæлы, афтæ ныхас бæлвырд ауæдзы бæсты гутонвадæй куы иуырдæм аивгъуыйы, куы иннæрдæм. Нуазын æз дæр, хæрын, фæлæ мын ницы ад кæнынц, æмæ хъуынтъызæй бадын, сидтыл «аммен» цы фæзæгъын, æндæр мæм ницы дзурын цæуы. Сыстын æмæ ацæуынæй хуыздæр дзы бæргæ ницы уаид, æмæ сæ бадгæ куыд хъуамæ ныууадзон? Ноджы мын Оледжы æрбацыд дæр мæнæ–мæнæ æхсызгон кæм уыди. Цы мæ фæдыл зилы? Йæ зæгъинаг æргомæй зæгъæд, æмæ йын æргом дзуапп ратдзынæн. Æппын мацы — æмгæрттæ стæм, кæрæдзи къаддæр уæддæр ссæдз азы зонæм. Чи зоны, йæхимæ дæр æй бамбæрста мæ хъуынтъыз, фæлæ йæ равдиса, ахæм нæу сæ куыст. Йæхи нал баурæдта:

— Цыдæр уæддæр дæ чемы нæ дæ, Сафар. Дæ род цыма дæ хуылфы амард, уый джихтæ кæныс.

— Куынæ.

— Йæ балц фæкъуыхцы, æмæ йын хæрд дæр æмæ нозт дæр ад нал кæны, — ныхас йæхимæ айста Мурат.

— Цавæр балц? — бацымыдис Олег.

— Минскмæ йæ цæуын хъæуы æмæ билетыл нæ фæхæст.

Олег йæ бынаты зына-нæзына базмæлыд, цы уыди, уымæй хъустæ æмæ цæстытæ фестад: а–гъа, Минскмæ, фæсарæнтæм хæстæгдæр; уыцы фыдæбойнаджы радзырд дæр йемæ ласдзæн, æндæр цы...

— Æмæ йæ цы ферох Минскы?

— Автомобиларазынады фæдыл дзы замманайы æппæтцæдисон семинар аразынц министрад æмæ Журналистты цæдис. Хæдтæхæгмæ билет нæй, поездæй та комгæ нæ кæны.

— Гъе дæ рыг скæла, æмæ йæ мæнæн куыннæ загътат? Райдыдта семинар?

— Нæма, цыппар боны фæстæ райдайдзæн.

— Уæдæ уæ сæр дæр ма аныхут — йæ билет йæ тæккæ къухы уыдзæни афоныл, — загъта Олег.

Ноздджын лæджы ныфсæвæрæнтыл цард-цæрæнбон дæр никуы æууæндыдтæн.

— Фæлæуу, фæлæуу, æмæ Æдасдзинады комитеты нал

ÆМХУЫЗОН БАРТÆ

Фыдæбоны Барисы фыдæй рауади хабар. «Рæстдзинады» редакцийы бæрнон секретарæй куыстон уыцы заман, æвæццæгæн, æхсай æстæм азы уыдаид. Барис та Зилгæйы скъолайы ахуыргæнæгæй райдыдта кусын, уымæй размæ æртæ азы цыдæр бакуыста раздæр Заманхъулы, фæстæдæр — Цæцæны. Мæнæй цас æмæ цас кæстæр уыди, æмæ йæ дзæбæх уæвгæ дæр нæма базыдтон: нæ уынджы уæлæ æппæты кæронæй кæмдæр, мæхъхъæлы рæбын, цæры.

Иу райсом Зилгæйæ Дзæуджыхъæумæ куыд рараст дæн куыстмæ, афтæ скъолайы цур хæрхæмбæлд фестæм. Ныхас ныхасы фæдыл, æмæ нæ ныхас æгæр дæр ма ныддæргъвæтин: Беслæнмæ автобус мын аивгъуыдта, æмæ ныр иннæмæ æнæхъæн сахат æнхъæлмæгæсгæ у.

Уæдмæ мæнæн рацыди дыууæ тæнхауд чиныджы. Барис сæ бакаст æмæ йæ хъуыдытæ, фиппаинæгтæ дзырдта. Ахæм бæстон æмæ лæмбынæг фиппаинæгтæ мæ редактортæй дæр нæ фехъуыстон; литературæ циу, уый бæллиццаг кæй æнкъары, уый бæрæг уыд йæ ныхасæй. Зæгъгæ йын ницы загътон, фæлæ хинымæр ахъуыды кодтон:

«Ацы лæппу ахуыргæнæджы куыстæн æвгъау у. «Рæстдзинад»-æн ахъаззаджы кусæг разынид». Редакторæн, Хъаныхъуаты Валодяйæн æй бакой кодтон. Хорзæй дæр, æвзæрæй дæр ницы загъта, фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй дзы мæ ныхас нæ ферох, æмæ мæ иу мæйы фæстæ афарста:

— Кæй кой дæм уыди, уыцы лæппу кæм ис? Зæгъ ын æмæ мæм æрбауайа.

Цингæнгæ куыннæ райдыдтаид кусын газеты, уæлдайдæр та культурæйы хайады. Уацхъуыдтæ, литературон æрмæджытæ, культурæйы хабæрттæ цæттæ кодта рауадзынмæ.

Уалынмæ дын мæм культурæйы хайады хицау Музафер радзырд æрбахаста:

— Бакæс-ма ацы радзырд. Барисы фыст.

Бакастæн æй æмæ дзы зæрдæ барухс, иунæг дзырд дæр дзы ивын нæ бахъуыд, алцы дæр йæ бынаты, райдзаст, фæлмæн юмор. Фыццаг радзырд афтæ фæрæстмæ уа, уый зын бауырнæн уыд. Ивинаг разынд æрмæст йæ сæргонд — «Гæццоева». Фæдзырдтон æм æмæ йын хъазгæмхасæн загътон:

— Дæ сæр дын æркъуырдзынæн, уый дæр ма дын Гæццоева.

вæййыс — аэрокассæйы хицауæй кусын райдыдтай? — Муратæн дын искæй фелхысчъы амал уа æмæ йæ ауадза.

— Уый дæ хъуыддаг нæу. Ахицæн уыцы ныхас. Фæлтау мæнæ фынджы кой бакæнæм.

Фæрæдыдтæн: ностджын лæджы зæрдæвæрæн нæ разынди Оледжы ныхас. Мæнæй рох дæр ма фæци, æнхъæлмæ дæр æм нæ кастæн, афтæмæй дын мæм æртыккаг бон йæхæдæг телефонæй куы æрбадзурид:

— Цæй куыд у, цæттæ дæ балцмæ?

— Цастæ цæттæ мæ хъæуы: сапон, дæндæгтæхсæн æмæ дыууæ фæлысты цъындатæ хызыны баппардзынæн æмæ — цæттæ.

— Уæдæ лæмбынæг хъус ардæм. Минводы аэропорт хорз зоныс?

— Цастæ хорз, фæлæ дзы иуцалдæр хатты тахтæн.

— Æмæ дзы зонинагæй дæр ницы ис. Дыккаг уæладзыгмæ куы схизай, уæд галиуырдыгæй ресторан ис, рахизырдыгæй та — депутатты зал. Гъемæ залыл цæхгæрмæ ацу. Тыргъмæ рахиздзынæ æмæ галиуырдыгæй дыккаг дуар бахой — æхсæвæй-бонæй дзы мах кусджытæй радхæссæг вæййы. Иу дзы ирон лæппу у, Сихъотæй, уымæ уыдзæн дæ билет. Æцæг ма байрæджы кæн, атæхынæй æппынкъаддæр сахат раздæр уым куыд уай, афтæ!

Сахат нæ, фæлæ дыууæ сахаты раздæр ныххæццæ дæн.

Æллæх, æллæх, дзæгъæлы мын куынæ загътой аэрокассæйы, дыууæ къуырийæ раздæр, дам, билетмæ æнхъæлмæгæсгæ нæу. Утæппæт адæм, утæппæт адæм! Сусæны мæйы тæккæ тынгыл. Аэропорты бæстыхайы цур паркгонды кæрдæгыл чи цы æрытыдта чи цы æмæ дзы бадынц, хуыссынц, лæууынц; сæ дзаумæттæ дæр сæ цуры. Сæ фылдæр — иугай, дыгай сывæллæттимæ. Сæ бынат куыд бæстон у, уымæй бæрæг у — фыццаг хатт сын нæу æхсæвиуат. Иууылдæр — æрдæгбæгънæг. Бæстæ хур арты судзы, уæддæр дзы бирæтæ сæ сæр ауоны бамбæхсыны бæсты хурмæ лæууынц, сæ сонтсыгъд буар æм дарынц. Æвæццæгæн, искуы иуæй фæстæмæ цæгатæгтæ сты æмæ зæгъынц: ацы дзæнæтон хурæй нæ цы фæуа, уый нæхи.

Сæ чумæдантæ æмæ сæ хызынтæ сæ фарсмæ, афтæмæй адæм æнгом бадынц аэропортмæ бахизæн асинтыл дæр. Бынтон æмбисонд та мидæгæй. Бадынц рудзгуыты тæрхæджытыл, дыккаг уæладзыгмæ уæрæх асинтыл, пъолыл, æрбадæн кæмдæриддæр ис, уым — къах æрæвæрæн никуы ис. Кассæтæ дзы — æппын-

къаддæр дæс, фæлæ иууылдæр æхгæд, уæддæр адæм рады лæууынц, радæн йæ кæрон та уæртæ кæм æмæ кæм ис, чи кæцы кассæмæ лæууы, уый сын куыннæ фемхæццæ вæйиы — диссæгты диссаг.

Лæууынц, зæгъгæ, дзы бирæтæ чумæдантыл æмæ хызынтыл бадынц. Куыд бамбæрстон, афтæмæй иннæтæн та сæ хæссинæгтæ æддæгтæм — бæлæсты æхсæн чи æрбынатон, уыдонмæ сты: сæ бинонтæм, сæ фæндаггон зонгæтæм.

Куыд мын бацамындæуыд, афтæ дыккаг уæладзыгмæ схызтæн æмæ депутатты залыл фæцæуын. Дзæбæх парахат симды фæзы йас, йæ бын гауызæй нæ зыны, цыппар къулы рæбын — урс хъуымацæй æмбæрзт фæлмæн дивантæ æмæ къæлæтджынтæ, ранæй-рæтты сæ цуры аив чысылгомау тымбыл стъолтæ. Кондиционерты æмыр гуыв-гуыв хъуысы. Сатæг. Æмæ уыцы егъау залы диваныл йæхи æруагъта æрмæст иунæг адæймаг — Хъæбæлоты Билар. Урс-урсид цыбырдыс хæдоны, æнæ галстукæй. Кондиционеры сатæг æм фаг нæ кæсы æмæ йæ цуры стъолыл æвæрд ныв джын журналтæй иу систа, йæхицæн дзы дымгæ кæны.

Йæ тæккæ цурты цæугæ мын уыд æмæ йæм сдзырдтон:

— Дæ бон хорз, Билар Емазаевич!

Сæры зына-нæзына банкъуыстæй мын дзуапп радта æмæ мæ фæдыл кæсгæ баззади. Хæрзаг, хинымæр загъта: ай та дзы кæцытæй уа æмæ ардæм дзæгъæл æрбацис æви йæ цы Хуыцау æрбахаста?

Цы дуар мын бацамыдта Олег, уый разындис гом, уæддæр æй бахостон.

— Мидæмæ!

Бахызтæн æмæ хорзау нал фæдæн. Цæй нæхирдыгон æмæ цæй Сихъоты лæппу: фæтæнгомау стъолы уæлхъус бады къабазджын бурхил æмæ цъæхдзаст рæстæмбис кары лæг —уырыссаг цы уа, уый.

— Хъусын дæм.

— Сихъойы-фырты фенын мæ фæнды.

— Сихъойы-фырты рад æхсæвы уыд æмæ сæхимæ ацыди. Кæд сусæггаг нæу, уæд æй цаварæ хъуыддаджы фæдыл агурыс?

— Билет мын хъуамæ райстаид...

— Зонын, зонын, — кæронмæ дзурын дæр мæ нæ бауагъта. — Куы цыдис, уæд мын бафæдзæхста. Æстæм кассæмæ бацу, дæ мыггаг зæгъ, æмæ дын билет ратдзысты.

Мыггагæй дæр мæ нæ бафарста, иуæй дæр. Бузныг ын загъ-тон æмæ рацыдтæн. Æмæ та Билар мæ фæдыл кæсгæ баззад. Базыдтаид мæ, нæ базыдтаид? Уымæй размæ мæ цалдæр хатты федта: бæрнон секретарæй мæ куы фидар кодтой обкомы бю-ройы, уæд, стæй газеты куыстыл ныхасы рæстæг. Æмæ мæн йæ зæрдыл бадарыны мæтæй куыннæ мардаид, стæй...

Æрхызтæн æмæ кассæ ссардтон. Иннæ кассæты сæрмæ, билеттæ кæцы аэропорттæм дæттынц, уый ставд дамгъæтæй фыст, ай сæрмæ та — айдагъ номыр. Йæ цуры цъиуызмæлæг нæй. Иннæтау разынди æхгæд, æмæ йæ уæзданхуыз хост ба-кодтон. Уайтагъд фегом æмæ дзы разынд æрыгон сылгоймаг сержанты пъагæтты. Мæ мыггаг загътон. Сылгоймаг егъауго-мау тетрад рафæлдæхта æмæ йæм æркаст.

— Ис ахæм.

Билет мын рафыста, йæ аргъ æм балæвæрдтон æмæ уыцы æнудæй æддæмæ тагъддæр рацыдтæн.

Ныр иу тамако адджынæн æмæ æнæмæтæй сдымын æмбæлы. Мидæмæ цæугæйæ йæ нæ бафиппайдтон, фæлæ йæм ныр фæкомкоммæ дæн: бахизæн дуары фарсмæ быронДон къæртайы уæлæ бады сылгоймаг, йæ хъæбысы узы иу афæдз æмæ æрдæгдзыд сывæллоны. Йæ цуры лæууы æндæр сылгоймаг, æмæ кæрæдзийæн сæ хъæстытæ кæнынц. Хæстæг сæм дæн, æмæ мæм сæ ныхас дзæбæх хъуысы.

— Сочийæ Челябинскмæ комкоммæ хæдтæхæг нæй æмæ хуыздæрæнхъæлæй ардæм æрбацыдыстæм, — зæгъы сывæл-лонджын. — Ныр æнæхъæн æртыккаг къуыри ам рахау-бахау кæнæм æмæ, кæд атæхдзыстæм, уый бæрæг дæр нæй. Нæхæдæг ма-гъа, фыдæбонахуыр стæм, фæлæ сывæллæттæ тынг сфæлмæцыдысты.

Хъуыддаг дæр мæ цы хъуыддаг уыд, фæлæ мæхи нал бау-рæдтон:

— Омæ уæ ахæм тыхтухитимæ уыцы денджыз кæцырдыгæй рандавдзæн?

Дыууæйæ дæр мæнырдæм ракастысты æмæ сæ цæсгом ба-туагхуыз: ардыгон кæй дæн, уый сын мæ уындмæ гæсгæ цастæ зын бамбарæн у.

— Хъал ныхæстæ дæм куыд цæуы, — загъта сывæллон-джын. — Сымах ам ахуыр стут æмæ, хур циу, уый уæвгæ дæр нал æмбарут. Мах та Челябинскæй мин километрæй дæр фылдæр цæгатырдæм фæзилын хъæудзæн. Нæ лæгимæ нæм

ауал азы дæргъы кæдæй-уæдæй денджызы былмæ путевкæтæ æрхауд, æмæ куыннæ фæраст уыдаиккам?! А, нæхæдæг ма нæхæдæг стæм, фæлæ сывæллæттæ цæрæнбон дыргъæй иунæг æфсæст цы бакæной, уый йæхæдæг цыфæнды фыдæбæтты аргъ у. Уæвгæ, сымах, хуссайрæгтæ, æгæр хъал стут æмæ уæм уыдæттæ уæвгæ дæр куыд хъуамæ бахъарой.

— Бахатыр кæн, фæлæ бафхæрыны охыл нæ уыдысты мæ ныхæстæ. Тæригъæд уын кæнын, æндæр уын мæ бон циу? Мæнæй аразгæ куы уаид, уæд уæ алчи тæккæ абон йæ хæдзар бæргæ ссарид.

— Бузныг, уæздан ныхас дæр ныфсы хос у.

Хæдтæхæджы куы бабадтæн, уæд дæр ма уыцы дыууæ нывы мæ цæстытыл дзæвгар уадысты: иуæн йæ сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй быröндон къæртайыл бады, иннæ та сатæг райдзаст уаты фæлмæн диваны чъылдымыл йæхи ауагъта æмæ журналæй йæхицæн футт-футт кæны. Дыууæ советон адæймаджы, æмхуызон бартæ сын. Парти зæрдæ куыд æвæры, афтæмæй аст азы фæстæ коммунизмы фæмидæг уыдзыстæм. Адæймагмæ бирæ кæсынц аст азы, фæлæ, кæуылты атæхдзысты, уый фиппайгæ дæр нæ бакæндзыстæм. Æмæ уæд быröндон къæртайы бæсты иууылдæр уæлæ дыккаг уæладзыджы сатæг уаты урс хъуымацæй æмбæрзт фæлмæн диванты æмæ къæлæтджынты нæхи фæстæуæз ауадздзыстæм. Мæнæ мæхи тыххæй куы дзурон, уæд мæ журналы футт-футт мисхал дæр ницæмæн хъæуы — кондиционеры сатæг дæр мын фаг у. Стæй уæдмæ, дæлæ быröндон къæртайы йæ сывæллоны йæ уæрджытыл чи тилы, уый кæд партийы Челябинскы обкомы фыццаг секретарь суыдзæн, уæддæр ын исчи исты зоны? Æмхуызон бартæ нæм дзæгъæлы, мыййаг, ис неппæтмæ дæр? Фæлæ иууылдæр иу рæстæг куыд хъуамæ суæм обкомты фыццаг секретарьтæ? Афтæ нæ вæййы, афтæ. Пысылмон æмбисонд, мыййаг, дзæгъæлы зæгъы: «Æз дæр хадзы куы уон æмæ ды дæр, уæд ма бæхæн та дон чи бадардзæн?»

18.12.02.

ФÆСНЫХАС-

Нæй, æнæмæлгæ дуне нæй... Кæд уыцы ныхæстæй æнæгæдыдæр ницы ис, уæддæр нæ риссаг зæрдæ цардцæрæнбонты не сфæлтæры, нæ ахуыр кæны уыцы æнусон фæткыл. Æмæ та мæнæ куыд зын у уарзты аккаг адæймагæй мыггагмæ хицæн кæнын, цыма дæ сидзæрæй ныууагъта...

Æнхъæл дæр ничи уыд, Сафар йæ адзалы къахыл æрлæууыд,уый. Æмæ йæм æз дæр, хуымæтæг æнæфæразгæ лæджы куыд бæрæг кæнай, афтæ фæрсæг бацыдтæн рынчындонмæ. Гъемæ дын мын æнахуыр ныхæстæ куы зæгъид:

— Ам раст дæ «низæй» сæйын райдыдтон.

— Ома?! — фæкуыддæрау дæн.

— Кусынæй фылдæр мæ ницы фæнды, зæгъгæ, нæ бакæныс? Æмæ уæдæ æз дæр фыссынæй нал æфсæдын... чысылгай цыдæртæ...

— Æмæ уый хорз куы у! Æгайтма...

Дыууæ къуырийы дæр æххæст нæ фæци рынчындоны, афтæ йæ хæдзармæ рарвыстой. Циу, цы хабар у, зæгъгæ, æмæ мын йæ бинойнаг Лидæ кæуынхъæлæсæй афтæ, Сафары хъуыддаг, дам, сæ хæрзтæй нæу.

Æмæ — æцæгдæр: бонæй-бон æдыхдæр кодта, цæстыты раз тади уæнгджынтæ куыстæхсыст лæг. Цæй фыссын æмæ ма цæй æндæр... Йе 'вдай азы юбилеймæ нын ног уацмыстæй зæрдæ æвæрдта, ис, дам, мæм цыдæртæ, æрлæгъзытæ кæнинаг ма сты. Фæлæ ма ныр цы кæнæм æмæ куыд кæнæм, зæгъгæ, фæсагъæссаг стæм. Æмæ йын уæд йæ новеллæ «Мæхъхъæлон фысым» ногæй ныммыхуыр кæнын сфæнд кодтам. Фæлæ мæнæй уæддæр рох нæ уыдысты, рынчындоны мын цы ныхæстæ загъта, уыдон. Лидæйæн ской кодтон, фен ма йын, зæгъын, йæ гæххæттытæ. Фæлæ уый, йæ тыхст рынчынмæ кæсгæйæ, уыдæттыл нæ уыд.

Уалынмæ...

Йæх, Сафар, Сафарбег!

Йæ зианыл къуыри цыдæр рауадаид, афтæ та æрхатыдтон Лидæмæ. Æмæ уæд разындысты ацы æртæ уацмысы — сæ ныффыссыны фæстæ ма Сафар нымадæй мæй æмæ 'рдæг ахаста.

Фыццаг февнæлдæй сæ куыд сфæлдыста, раст сæ афтæмæй мыхуыр кæнæм — йæ уацмыстыл, рæстæг йеддæмæ, никæй уал бар цæуы.

Г.Б.

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

НЫФСЫ РУХС

* * *

Ехх, æвæдза, цас федтон мæ кары
Циндзинад рæсугъд æрдзы хъæбысы.
Цас мын бантыст уарзын æмæ зарын,
Уыдæттæ куыд æхсызгонæй мысын!..

Акæс-ма нæ Иры кæф-кæсæгтыл,
Зæрдæ дзы куыд нæ хъуамæ уа райгæ.
Хъæуы сæрмæ дидинджын æфцæгыл,
Фæхсытыл цынæ фендзынæ зайгæ.

Фендзынæ, сæууон хуры зæрин тын,
Хъазгæйæ, куыд узæлы нæ бæстыл.
Уалдзæджы фыццаг дидинæг, митыл
Райгæйæ, куыд дис кæны йæ рæзтыл.

Амонд ма æндæр уæдæ цы вæйиы:
Сабийæ мын æрдз фæдардта армæй.
Стъалытæ мын рухс кодтой уæларвæй,
Талынджы-иу мемæ кодтон мæйы.

Мæйтæ, хуртæ, бонтæ æмæ азтæ —
Цард æрмæст йæхæдæг у хæрзиуæг.
Бафæлладтæн-иу мæгуыры хъастæй!
Гъе, æрмæст куы нæ баззаин иунæг.

* * *

Иууыл кæугæ æмæ хъарæг —
Зæрдæ нæ ивы йæ ахуыр.
Фæндаг — зындзæуæн, æнахуыр —
Уд ыл цæугæйæ ыснарæг.

Цæссыг — æнусон, нæ сысы,
Зæрдæ йæ тадзы 'мæ тадзы.
Дуне мыл дам-думтæ мысы
Æмæ мæ зарын нæ уадзы.

Зарæг мæ риуы æмбæхсын,
Маст ыл æрбатыхсы рагон.
Зæрдæйы мыртæй йæ раргом
Н 'арæхсын, гъемæ ныккæрзын.

* * *

Рудзынгæй йæ бур сæр дары фæззæг,
Барæй мæм йæ дымгæйæ æвзиды.
Ацафон куыд æнкъард у, куыд дæрзæг,
Бадын æмæ дис кæнын йæ митыл.

Ацафон куыствæллад ысты адæм:
Зымæгмæ — æвæрæнтæ, къæбицтæ.
Афонмæ йæ бæркæдтæ мæ мадæн
Алы ран цæндтæ æмæ кæритæ.

Ехх, тæхуды, чи бафсæст цæрынæй
Риуыдзаг йæ райгуырæн уæзæгыл!
Чи ныззары зæрдæйы рæбынæй
Хъæуы сæрмæ дидинджын æфцæгыл!

Зымæг, зымæг, иу сыфтæр ма искуы
Бæласыл уæддæр ныууадз мæн тыххæй,
Кæннод зæрдæ сусæгæй фæриссы,
Амондмæ бæллы æдыхæй.

* * *

Дæ фæрцы æз нæ амардтæн,
Мæ къах фæндагыл не скъуырдтон,
Дæ фæрцы æз нæ фæкалдтæн,
Уæззау дуджы нæ фæкуыдтон.

Æз цард Дæ фæрцы базыдтон
Æмæ Дæ фæндаг равзæрстон.
Дæ фæрцы нал дæн а бæстон,
Æмæ Дын зарын ацы бон.

Мæ зæрдæйæн куыд зынаргъ Дæ,
Æнæ Дæу цард зындонау у.
Мæ балцæн Ды йæ цырагъ Дæ,
Æхсæв мын Демæ бонау у.

Дæ ном Дын арын заргæйæ,
Тыхджын Дæ Ды мæ 'нæбонæй.
Мæн, дидинау ыссаргæйæ,
Ныр ма ныууадз æнæ донæй.

ФЫН

Æз федтон фын — куыдтай Ды мемæ иумæ.
Æмбæрстай Ды мæ сонт зæрдæйы маст.
Рæвдаугæйæ мын равзæрстай мæ хъаст
Æмæ ныфсы рухс рарвыстай мæ риумæ.

Мæ цардæй Дын æнæзонгæ цы ис!
Фæлæ уæддæр æз радзурын мæ зынтæ.
Дæуæн зæгъын мæ фыдæбон, мæ рис,
Кæд фесафис мæ цæстытæй фыдфынтæ.

Куыд цæрин æз æнæ Дæуæй, мæ Фыд!
Гъе, уымæй æз мæ хъуыдыйы фæтæрсын.
Дæ сыгъдæг уарзт, Дæ цин æмæ рæвдыд
Мæнæн мæ дудгæ хъæдгæмттæ æмбæрзынц.

Кæй нæ уырны, мæн афтæ тынг кæй уарзыс,
Куыд агуырдтай зæххон дунейы мæн,
Гъе, уымæн æй йæхицæн дæр Ды равдис —
Ыссудз йæ царды амонды тæмæн.

Мæн та фæнды — Дæуимæ уон æдзух,
Мæн та уырны, нæ Дæ уыдзынæн рохы.
Æмæ Дæ курын, ацы уæззау тохы
Цæмæй кæронмæ ма суадзай мæ къух.

КЪУСРАТЫ АНАТОЛИ: 50 АЗЫ

АРФАЕ

Физикон-математикон наукæты
доктор, профессор,
Дзæуджыхъæуы наукон центры сæрдар
Къусраты

Анатолийы сæхæст 50 азы.

Иæ куысты дæсныйад аив литературæмæ бард лæууы, фæлæ Анатоли йæхæдæг æцæг æнувыд уарзтæй уарзы ирон аив дзырд. Уарзы йæ, зоны йæ, тыхсы йын йæ фидæныл. Уыйадыл ныр къорд азы дæргъы у нæ журналы æхсæны уынаффæдоны уæнг дæр.

Уды хæларæй йын нæ зæрдæ зæгъы нæртон æнæниздзинад, амæй-ай ахадгæдæр æнтыстытæ наукæйы, зæххон лæджы цардамæндтæ. Кæй уарзы, уыдон та йæхи фæндиаг уæнт!

Галиуырдыгæй рахизырдæм: Кучиты Агуыбе, Анатоли, Дзидзойты Валери.

Рахизырдыгæй галиуырдæм: Анатоли, Цыбырты Людвиг, Мамытты Тамерлан.

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон

ИРОН ХÆЗНА*

РÆВДАУÆН ДЗЫРДТÆ

Абадгæ у, фæлæ бындары чызг кæй фæхонынц, ахæм.
Абадгæ у, фæлæ — зынгæвæрды хуызæн.
Абадгæ у, фæлæ — къухылтухгæ.
Абадгæ у, фæлæ рæмпæгау æппынæдзух змæлгæ кæны.
Абадгæ у, фæлæ — Хуыцауы гæрах.
Абадгæйæ бонзонгæ кæй у, уый тыххæй дæр ын кад кæнын хъæуы.
Абадгæйæ — синысæртыл хæцынхъом.
Абадгæйы цæстæнгас дын нæй, уый мæ тæхын кæны бæрзæндты.
Абон дын Хуыцаумæ сдзурыны бар дæр ис.
Абон мæ цъыкк дæр ракæн.
Абоны цæстæй цардмæ чи кæсы, ды уыдонæй нæ дæ.
Абузгæ суадонау, фæйнæрдæм джыгъгъиттытæ кæныс.
Абырæг дæр бахæлæг кæндзæнис дæ фердæхтмæ.
Абырæгæй рæстдзæвиндæр басгуыхтæ.
Авг дæ цуры цæнгæтæй у.
Авгау дæ, зырзыргæнгæ, хæссын.
Авгау ирдæй зыныс.
Авгау сæртæджытæ, уæздæттæ конд дæ рагæй фæстæмæ дæр.
Авдæн авдæн чи балхæдта, уый æнæмæнг ды дæ.
Авдæны авд чи схъомыл кодта, уый æнгæс дæ.
Авдæнхъæд мын садджын кодтай.
Агайд дæм нæй.
Агурыны фыдæй мын нæ аирвæзтаис, фæлæ дын ссарæн нæ уыдис.
Адæймаджы цармы бацæуын дæуæй дарддæр ничи ма базыдта.

---

* Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000-æм азы №№ 7 — 12; 2001-æм азы №№ 3 — 12; 2002-æм азы №№ 1 — 3, 5, 6.

Адæм æй къухмæ айсынмæ æвгъау кæнынц.
Адæм дæ ард хæрынц.
Адæм дæ сæ хъуыртыл æгънæгæн хуыйынц.
Адæм дыл æрхъæцмæ нæ хъæцынц.
Адæм дыл рыг абадын нæ уадзынц.
Адæм дыл тайынц æмæ руайынц.
Адджын куы нæ уаис, уæд дыл зæрдæ йæхи не 'ппарид.
Адджын мын кæй дæ, хæхтæ мын ныхдур уымæн не сты.
Адджын ныхасæй нæ басастай.
Адджын хъуыддаджы ды куы нæ вæййыс, уæд адджын ад никæмæн фæкæны.
Адджынау-адджын ды куы дæ.
Адджинаг мæ нал хъæуы дæ цуры.
Адджинаг мыл базыртæ нæ басадздзæнис, фæлæ дæ мидбылхудтæй базырджын свæййын.
Адон вæййын дæ цуры.
Адон дæн дæ дзыхы дзырдмæ хъусгæйæ.
Адонæй мæ кард мæ кæрддзæмы ис, æмæ дæ куырыхон сæр сæ цуры ма æркъул кæн.
Адонæй хæрæфыртæн æмбал нæй.
Адонæй хъæрццыгъа карчы цъиу нæ ахæсдзæнис.
Адонæй чындзæрконд Хуыцауы арфæ у.
Адонæй чъындыйы хъæр нæ айхъуысдзæнис.
Адонæн арвы цæф дæр ницы хъом у.
Адонæн мæ нывонд гал дæр нæ бахæлæг кæндзынæн.
Адонæн мын мæ къуымтæ дæр рафæлдахын кæн.
Адонæн нæм маргъы æхсыр дæр разындзæнис.
Адонæн хур сæ рахиз фæрсты зилы.
Адонæн чи балæггад кæна, уый мæнæн лæггад кæны.
Адонимæ цæрынæй лæг никуы бафсæддзæнис.
Адонмæ дон дæр царвы ад кæны.
Адонмæ дзуарбадæн уæлдай нæу.
Адонмæ зæрдæ уæрыккау фæкафы.
Адонмæ зæронд дæр ног кæны.
Адонмæ къæлуайæ фыркъатæ аразынц.
Адонмæ къокъа алыбон дæр хæссы дон.
Адонмæ къуырттон карчы хъыджы дæр ничи бацæудзæнис.
Адонмæ мын хъыцъыдон дæр мыды ад кæны.
Адонмæ мын чи дзура, уый мæнмæ дзурæд.
Адонмæ нуазæнæн æндæр кад ис.

Адонмæ раджы бон кæны.
Адонмæ уæрыччытæ кæрчытау æргæвдынц.
Адонмæ хæрæфырт къæйтыл мизы.
Адонмæ хуынды цæуын Хуыцауы цæхæрадонмæ цæуæгау у.
Адонмæ хъазгæ 'мæ худгæ цы фæкæнай, уый дæр иу царды аргъ у.
Адоныл амонд йæхæдæг хæцы.
Адоныл бонтæ сызгъæринтæй згъæлынц.
Адоныл бонты уæз, гъæйдæ-гъа, æрæнцайа.
Адоны гæрахæй сырд зæрдæскъуыд кæны.
Адон гуыймаг лæгæй дæр искæйон скæндзысты.
Адон дæ æфсымæр загътой, уæд дæ худ уæларвмæ æхс.
Адоныл зылынбаст æргъом дæр фидауы.
Адоныл йæ къах ничи скъуырдзæн.
Адоныл мын тыхсгæ мачи кæнæд, мæ зæрдæ дæр сын хæрынæн куы бæззид.
Адоныл рувас куы амбæла, уæддæр дæ æмбæлæггаджы хайæ нæ фæхъулон кæндзысты.
Адуду Æнайы хъулон хъæбул.
Адзалæй мадзал кæнынхъом фæдæ.
Аз дæр ыл нæма цæуы, æмæ уыцы лæгхуыз æвдисы.
Азмæ адæмы сæрты акæсдзынæ.
Аздзыд нæма у, фæлæ — куыройы гæркъæраг.
Ай, дæлдæр фæкæн, кæмæн зæгъай, ахæм нæу.
Ай, дзомсæй тæрхъус чи мары, ахæмы хуызы бынæй кæсы.
Ай емынæ дæр нæ ахæсдзæнис.
Ай ердойы дæр сгæпп кæндзæнис.
Ай зæрватыччы разæй дæр фæуыдзæнис.
Ай, зындонæй чи раирвæзт, уыдонæй у.
Ай иуабонæй-иннабонмæ Нарты куывды фæбаддзæнис, æмæ йæ къуымæлдзæфæй нæ фендзынæ.
Ай, капекмæ никæмæ банхъæлмæ кæсдзæнис.
Ай марды дæр схудын кæндзæн.
Ай мыггаджы цæрайæ дон дæр нæ баназдзæнис.
Ай тæрхъусы царм лидзгæ-лидзын фелвасдзæнис.
Ай хурæй хæдон кæны, зæххæй — дзабыр, фæлæ йæ сæрнылларæй ацæугæ никуы фендзынæ ацы цъæх арвы бын.
Ай цъипсалам адæймаг нæу.
Ай, Чырыстийы сæры цы зæгæл хъуамæ ныкъкъуырдтаиккой, уый чи радавта, уый хуызæн ирон у.

Ай чъылбызгай æртондзæнис йæ цæнгты фыдтæ, фæлæ худинаг йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн.
Айдæн дæр айдæн, æмæ ды дæр — айдæн.
Айдæнау дæ адæймаг йæхи уыны.
Айтæ-уыйтæ чи фæкæны, ахæм хуыз дын нæй.
Айтæ-уыйты лæг нæ дæ ды.
Акоймаг дон æндæр ад кæны.
Акоймаг дур дæр мын адджын у.
Акоймагæй дæ къух дæ дзыхы никуы акæндзынæ.
Акоймаджы æлгъыст дæр мын кæйдæрты арфæйæ адджындæр у.
Ала æвæрынæн æвгъау дæ.
Аларды дæр дæм æнæбахудгæ нæ фæуыдзæнис.
Аласайæ ницы аппæрста ацы дугъон.
Алдымбыд дæ нæ хъæуы, æнæуый дæр цæсты тигътæ хæссыс.
Ам адæмы хъæр дæуæй дарддæр никæмæ хъуысы.
Ам бонзонгæ адæймаг иунæг ды дæ.
Ам лæг, сагау, сыкъатæ суадздзæнис.
Амонд дæр, амонды аккаг чи у, уымæ цæуы, уымæн дыл андæгъд.
Арахъхъ дæ дзыхæй уæлдæр нæ исыс.
Арæхсыс арвы рæхыс фелвасынмæ дæр.
Арв дæ сæрыл рацæйхæссыс.
Арвæрдын дæ цуры ницы у.
Арвæрдыны хуызтæ дæ ауон нымбæхстай.
Арвæрттывдау дыл цæст нæ хæцы.
Арвæрттывды мондæгтæ дæ марын.
Арв дæ хуызæн лæгæн ныллæг у.
Арвæй стъалы раскъæфынхъом дæр дæ.
Арвмæ дæр сæвналис, куы дæ бафæндид, уæд.
Арвы зынгæй уæлдай нæ дæ.
Арвы Уацилла дæр дæм батæхуды кæндзæнис.
Арвы Уациллайау иуцæфон дæ.
Аргъау аргъ дын ничи скæндзæн.
Аргъæй дæр дæ не ссардтаин.
Аргъыл дæр дæ ничи ратдзæн.
Аргъгæнæг дын аргъ не скæндзæн.
Ардыгæй фæстæмæ рæстæг дæ фарс уыдзæн.
Ардыгæй фæстæмæ цард уаргæ хъуамæ кæна.
Арсау зондджын дæ.
Арсæй лæг йæхи атондзæнис, дæуæй — нæ.
Арсы дзæмбыйы йас у дæ арм.

Арсы зæрдæ дын радта Хуыцау.
Арсдзармæй дæ мидбылхудт хъармдæр у.
Арт уадзыс дæ удæй.
Артау гуыпсыгъд кæныс.
Артæй дæуæй уæлдай нæй.
Арты дæр нæ басудздзынæ.
Артуд бинонтæ стут æцæгæй.
Арфæйаг къухты хицау дæ.
Арфæйаг мад æмæ фыды кæстæр дæ, æмæ сын хъуамæ сæ фарн мæрдтæм ма бауадзай.
Астæуартмæ, дæуау, галтыл хъуамæ æрбаласай хъæдтæ.
Астæуарты фарсмæ куы рабадай, уæд — дæ зæрдæимæ.
Астæунарæг чызг басгуыхтæ.
Афтид голлаг хъил нæ лæууы, фæлæ ды лæууыс.

Уыдзæн ма.

БÆТÆГАТЫ Таня

ХУРÆРГОМ АИВАД

ПЛИТЫ Жаннæйы сфæлдыстад адæймаджы дисы æфтауы. Йæ уацмыстæм ын куы хъусай, уæд дæм æнæмæнг афтæ кæсдзæн, цыма сæ композитор сæрмагондæй дæуæн ныффыста, цыма æрдхæрæны мырты æвзагæй сæрмагондæй демæ дзуры. Нæ дæ сусæг кæны йæ уды риссæгтæ, йæ цин, йæ маст, дæ разы зæрдæхæларæй байтындзы йæ миддунейы рæбинаг хатæнтæ æмæ дзы иунæг æхгæд дуар дæр, иунæг гуыдырæвæрд бынат дæр нал ныууадзы. Æмæ уыцы æнæхин, уыцы зæрдæбын æмæ зæрдæмæхъаргæ ныхасмæ æнкъараг уд, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм амонд бавзары æмæ, бузныджы цæссыг згъалгæйæ, уый дæр йæ мидхъуыдыйы скалы йæ риссæгтæ æмæ йæ цин. Афтæ рантысы дунемæ куырыхон Автор æмæ æнкъараг Хъусæджы зæрдæбын диалог, æмæ уæд æнкъард арв йæхиуыл схæцы, æмæ уæд фæрогдæр вæййы царды зын, æмæ уæд фæрухсдæр вæййы развæндаг...

Жаннæйы ныхæстæй. *Ныртæккæ æз фыссын концерт ирон фæндырæн (соло) æмæ уыцы уацмыс архайын ахæм хуызы рацаразыныл, цæмæй фæндырдзæгъдæг æмæ уымæ хъусæг иумæ æнувыд ныхас кæной. Кæддæр-иу Паганини йæ хъус-*

Жаннæ йæ куысты уæлхъус.

джытимæ иумæ куыд ныхас кодта, афтæ... Студент ма уыдтæн, афтæ бамбæрстон иу хъуыддаг: концерты рæстæг цыфæндыйæ дæр хъуамæ залы бадæджы дæхимæ æрыхъусын кæнай. Уый дæ къухы нæ бафтыд, зæгъгæ, уæд дæм йе 'рбацыд дæр цы у? Сценæйы уæвгæйæ æз мæхимæ дингæнæгау фæкæсын: мырты хуызы мæ тых фæдæттын мæ хъусджытæн, залы бадджытæн, æмæ мæ куы бамбарынц, уæд мæм уыдонæй дæр фæстæмæ ног тых æрбацæуы. Уымæн æрмæстдæр уæд ис уæвæн, мæ хъусæг мæ ныхас бамбарынмæ цæттæ куы разына, хъуамæ уымæ дæр, æз йæ размæ куыд тындзын, афтæ мæ размæ ратындзыны хъомыс уа. Уæд мах иуафон æнæмæнг фембæлдзыстæм æмæ нын зæрдæбын ныхас бацайдагъ уыдзæн: мæнæн — мырты хуызы, уымæн та — йæ мидхъуыдыйы, æмæ нæ дыууæ дæр кæрæдзийы хъаруйæ хъаруджындæр кæндзыстæм.

Фылдæр хатт адæмы рæгъмæ йæ уацмыстæ Жаннæ йæхæдæг рахæссы. Зæгъæм, йæ фортепианойæн фыст музыкæ йын нырма йæхи йеддæмæ ничи ацагъта. Уый зæгъæн нæй æрмæст йæ ахуыргæнæн репертуарæй, стæй Токиойæ, æппæтдунеон æркасты, сæрмагонд приз чи райста, Жаннæйы уыцы дыууæ роялæн фыст пьесæ «Мираж»-ы тыххæй дæр. Композитор архайы Фортепианойы триойы, йæ Фыццаг æмæ Дыккаг симфониты вокалон партитæй дæр иу йæхæдæг кæны. Йæ театралон уацмысты тыххæй та (сабитæн фыст операæ «Хуры хъæбултæ»

æмæ балет «Фатимæ») кæддæриддæр фæзæгъы, сценæйы æвæрд цæуынц, зæгъгæ, уæд æй уыцы спектакльты архайын æнæмæнг кæй бафæндид. Уыимæ йын, цавæр амплуайы уа, уый ахсджиаг нæу. Суанг ма исты ролы ахъаз (операйы), ууыл дæр разы уаид.

Жаннæйы ныхæстæй. *Тынг мæ фæнды «Хуры хъæбулты» сценæйы фенын. Æз бæллын, стæй мæ зæрдæ дæр дарын, ахæм спектаклы мæхæдæг дæр кæй архайдзынæн, ууыл. Йæ фæлгонцтæ уыцы цардæгасæй мæ цæстыты раз лæууынц... Музыкæ куы фыстон, уæд дæр мæ цæстытыл афтæ уадысты. Спектакль æвæргæйæ дзы автор куы архайа, уæд хъуыддаг рæвдздæр ацæуы, куыст цырендæр æмæ цымыдисагдæр вæййы... Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, алы режиссерæн дæр йæ авналæнтæ йæхи бар сты æмæ йæ гуымиры æгъдауæй хъыгдарын аив нæу. Уæлдайдæр та, æцæг курдиаты хицау куы уа, уæд. «Фатимæ»-йыл куы куыстон, уæд раст цыма ацы дунейы дæр нал уыдтæн, афтæ мæм каст. Ибрагим куы фæмард, æмæ Фатимæ йæ зонд куы фесæфта, уæд мæхæдæг дæр æррайы хуызæн сдæн. Судзгæ цæссыг сыл фæкалдтон...*

Æз афтæ хъуыды кæнын, цыма Плиты Жаннæйы концерты рæстæг адæмæй иунæг дæр æвæлмонæй нæ баззайы. Уымæн, æмæ уый вæййы, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй Автор æмæ йæ Хъусæджы цырен æмæ зæрдæйæ зæрдæмæ ныхас — диалог. Жаннæйы удыхъæд æмæ сфæлдыстады дисæфтауæг миниуджытæй иу уый у, æмæ йын йæ уацмыстæм хъусгæйæ бирæтæ ахæм æнкъарæнтæ бавзарынц, æмæ раст сæхи дæр бафæнды исты сфæлдисын. Ацы хъуыдыйы пайдайæн дзæвгар цæвиттонтæ æрхæссæн ис цардæй.

1990 аз. Мæскуыйы паддзахадон университеты концертон зал. Жаннæ йæ фортепианон уацмыстæ куы ацагъта, уæд æй немыцаг арт-менеджер Кристиан Кирш, цы Дельфаг хъæзтытæ аразынвæнд кодта, уыдонмæ фæхуыдта. Композитор Михаэл Денхоф та йын йæ номыл ныффыста фортепианон «Элеги».

1994 аз. Плиты Жаннæйы музыкалон изæр Дзæуджыхъæуы. Фортепианойы раз — композитор йæхæдæг. Залы иунæг хъыппсыпп дæр нæ хъуысы. Иууылдæр сты музыкæйы уацары. Фæстаг зæл бæрзонд йæхи куы систа æмæ уæлдæфы куы бамыр ис, уæд дæр ма адæм иуцасдæр хъусæй фæлæууыдысты, стæй, зæйрацыдау, нал æмæ нал æнцад тыхджын къухæмдзæгъд. Кæддæр-кæддæр куы банцад, уæд Гуырдзыбеты Иринæ бакас-

ти, Жаннæйы музыкæ æмæ дæсны цагъдмæ концерты рæстæг йæ зæрдæйы цы поэтикон экспромт райгуырд, уый. Уый дæр тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ.

Белград. 1994 азы август. Плиты Жаннæ дæр архайы монон æгъдауæй кæрæдзимæ хæстæг скæсæнчырыстон адæмты культурæты Æмбырды. Композитор йæ уацмыс куы ацагъта, уæд югославаг прессæйы минæвæрттæм афтæ цымыдисаг фæкасти, æмæ йæ сæ радио- æмæ телеравдыстытæм фæхуыдтой.

1999 аз. Нырыккон музыкæйы æппæтдунеон фестиваль «Мæскуыйаг фæззæг». Жаннæйы уацмыстæ æмæ йæ арæхстджын цагъд музыкæиртасæг Виноградова Ольгæйы зæрдæмæ уæлдай тынгдæр бахъардтой. Уый йæм бахатыди, цæмæй, «Хъæлæс алкæмæн дæр ис», зæгъгæ, абонементы архайын саккаг кæна. Уыцы абонементы концертты архайын та композиторы сразæнгард кодта ног уацмыс сфæлдисынмæ. Афтæ рантысти Плиты Жаннæйы уацмыс «Скифаг фрескæтæ» фортепиано æмæ симфонион оркестрæн.

Жаннæйы ныхæстæй. *Адæймаг концертмæ цæмæн æрбацæуы? Мæнмæ гæсгæ, нæ абоны царды нын чи нæ фаг кæны, ахæм ныхасæмбал ссарыны охыл. Композитор, цæгъдæг æмæ музыкæ йæ адджын ныхасæмбæлттæ кæй суыдзысты, уый ныфсæй, ууыл зæрдæ даргæйæ. Концертмæ æрбацæугæйæ, уый залы хъуамæ йæхи ма хата. Иу ныхасæй, зæгъæн кæмæн нæй, фæлæ йын йæ дуне, йæ цард чи срухс кæна, ахæм цыдæр ног æнкъарæн хъуамæ ахæсса уырдыгæй йæ хæдзармæ. Хъуамæ фæхъæздыгдæр уа йæ миддуне, чи зоны, суанг ма ивгæ дæр истæмæй фæкæна, афтæмæй...*

Мæ уацмыстæ куы фæцæгъдын, уæд мæ кæддæриддæр фæфæнды, цæмæй сæ хъусæджы зæрдæмæ бахæццæ кæнон. Æз тынг уарзын сценæйы руаджы мæ хъусджытимæ лæгæйлæгмæ ныхас кæнын... Хатгай мæм музыкæиртасджытæй уайдзæф æрхауы — цæгъдгæ-цæгъдын, дам, æгæр сарæх кæныс паузæтæ... Афтæмæй æз та уыцы паузæты фæрцы мæ хъусджытæн, ныртæккæ цы «загътон», ууыл ахъуыды кæныны æмæ мæ «ныхасмæ» сæхинымæры исты зæгъыны фадат фæдæттын.

Цымыдисаг уый у, æмæ хъусæджы бынаты дæр ахæм курдиатджын у Плиты Жаннæ. Йæхи уацмыстæ искæй куыд сразæнгард кæнынц, искæй зæрдæмæхъаргæ аивад та йын йæхи сфæлдыстадон хъуыды афтæ бацырен кæны.

Жаннæйы ныхæстæй. *Музыкæ фыссынмæ мæн, уæвæн ис, æмæ исты уацмыс сразæнгард кæна, чи зоны — литературон,*

Уазæгуаты Абайты Васомæ. Галиуырдыгæй рахизырдæм: Азæ Алмазова, Жаннæ, Васо, режиссер Анатолий Азаревич.

Андрей Эшпай, Жаннæ æмæ дирижер Андрей Чистяков.

фæлæ арæхдæр — музыкалон. Стæй канд музыкалон уацмыс нæ, фæлæ ма суанг музыкæиртасæджы арф хъуыдыджын ныхас дæр. Мæ зæрдыл лæууы, тынг мæм бахъардта, Орджоникидзе Гиви цы уац ныффыста Канчели Гийайы тыххæй, уый. Ме 'нкъарæнтæ мын афтæ сызмæлын кодта, æмæ уыцы мидуавæр мæ Фыццаг симфонийы астæуккаг хайыл фæзынди. Мæ зæрдæйы уидæгтæ мын нызмæлын кодтой Онеггеры драмон оратори «Жаннæ д' Арк арты» æмæ Фолкнеры роман «Хъæрахст æмæ маст». Фолкнеры уацмысы æндæвдад мæ Дыккаг фортепианон сонатæйыл дæр зыны...

... Консерваторийы ма куы ахуыр кодтон, уæд федтон Тарковский Андрейы киноныв «Айдæн». Хъуыды йæ кæнут уæхæдæг, райдайы, къæзæнæг лæппу кæй фæрцы сдзæбæх, гипнозы сеансы уыцы нывæй. «Мæ бон у дзурын», зæгъгæ, загъта лæппу, æмæ уыйадыл киноныв йæ сæйраг хахмæ рахызт. Уыцы уацмыс куы федтон, уæд цæмæдæр гæсгæ мæхимæ ахæм хъару банкъардтон, æмæ мын дызæрдыггаг нал уыд, амæй фæстæмæ мæ бон, нывгæнæгау, куыд мæ фæнды, афтæ дзурын кæй у, уый.

... Иухатт радиойæ фехъуыстон Бахы Æхсæз сюитæйы виолончелæн. Цагъта сæ Мстислав Ростропович. Кæй зæгъын æй хъæуы, уацмыс мын æнæзонгæ нæ уыд, фæлæ йæ зындгонд музыкант афтæ ацагъта, æмæ раст цыма кæмдæр уæларвбæсты дæн, афтæ мæхи банкъардтон. Уый фæстæ мæн дæр бафæндыд виолончелæн Æхсæз сонатæйы ныффыссын. Ныридæгæн уал дзы дыууæ цæттæ сты...

... Ирон æгъдæуттæ театралон равдысты хуызы рацаразыны хъуыды Ходы Виолæйы сæрмæ æрцыд. Фæлæ, цалынмæ Виолæимæ кусын нæ райдыдтон, уæдмæ æз бакастæн этнолог Уарзиаты Вилены диссаджы чиныг «Ирон бæрæгбæттæ незамантæй абонмæ», æмæ мын уый, зæгъæн дæр нæй, ахæм сфæлдыстадон хъару радта...

Афтæ райгуырди музыкалон спектакль «Арвайдæн» (1998 — 1999). Уый у, композитор Плиты Жаннæ фæстаг азты цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдонæн сæ хуыздæр. Вилены чиныг йæ уацмысæн аккаг бындурæн равзаргæйæ, композитор йæхирдыгонау, мырты руаджы, ранывæста адæймаджы цардвæндаг йæ райгуырдæй йæ амæлæтмæ. Уыимæ нырыккон, электрон кæй хонынц, уыцы музыкæйы авналæнты æмрæнхъ Жаннæ уæрæх пайда кæны, музыкалон архивтæй кæй систа, уыцы фолькло-

рон уацмыстæй дæр. Электрон музыкæ æмæ рагон ирон цæгъдтытæ баиу спектаклы уыйбæрц æрдзон рауайы, æмæ адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма хъуыддагæн æндæрхуызон уæвæн дæр ницы хуызы ис.

Профессионалон музыканттæ арæх фæзæгъынц, сылгоймаг-композиторы æрмдзæф уæддæр æндæр у, нæлгоймаг-композиторы æрмдзæфæй уæддæр бирæ цæмæйдæрты хицæн кæны, зæгъгæ. Хъуыдыйы парахат æмæ йæ арф — уыдон нæлгоймаджы сты. Уды зæрдæфæлхъæзынгæнæг катай æмæ лирикон алдымбыдтæ — сылгоймаджы. Фидар зонд æмæ формæйы тыхджын рабарст — нæлгоймаджы. Кæд ацы схемæ цыфæнды зæрдаив конд у, уæддæр дзы, Плиты Жаннæйы удыхъæд æмæ сфæлдыстадыл дзургæйæ, спайда кæнæн нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ аивады раиртасæн ис, сылгоймаджы кæй хонынц, уыцы миниуджытæ. Фæлæ нæлгоймаджы миниуджытæ дæр йæ уацмысты къаддæр ирдæй нæ разынынц. Зæгъæм, Жаннæ, йæхи ныхæстæм гæсгæ, йæ уацмысты мырон азæлд æмæ сæ партитурæтыл лыстæг бакуыстæн æмхуызон аргъ кæны — йе сфæлдыстадон царды уыцы дыууæ къабазы хъуамæ æмхуызон æнæлаз уой. Йæ аивад зæрдæ йæхимæ здахы хъуыдыйы парахат, формæйы дæсны рабарст æмæ уаз æнкъарæнтæй. Уыимæ алы нæлгоймаджы къухы нæ бафтдзæн уыйбæрц уацмыстæ рафæлдисын. Уæдæ уыцы иу жанры уацары дæр никуы уыди, мæгуыргурæгау ын никуы фæкуывта. Цы йæ фæндыд, уый фыста, стæй йæ фыста, йæ зæрдæ куыд домдта, афтæ. Йæ дыууиссæдз азы йæхи нæма фесты, афтæмæй Жаннæ уыди цыппар симфони, оперæ, балет, мюзикл, трио, квартет, квинтет æмæ бирæ æндæр ахæм уацмысты автор. Йæ царды иннæ дæс азы дæргъы ма уыцы номхыгъдмæ ноджыдæр бафтыдта симфони, цыппар сонатæйы, электроакустикон «фрескæтæ» æмæ бирæ æндæр ахæм цымыдисаг уацмыстæ.

Плиты Жаннæйы сфæлдыстадон цæсгом йæ алывæрсыгæй у ирд æмæ зæрдылдаргæ. Йæ аивады эпикон авналæнтæ гуырынц национ æмæ философон хъуыдыкæнынадæй. Уыцы æууæл композиторæй рохуаты никуы аззайы, йæхи сæрмагонд æвзаг æмæ хъæлæс агурыны охыл цыфæнды фæлтæрæнтæ æмæ фæлварæнтæ куы фæкæны, уæддæр.

Жаннæйы ныхæстæй. *Мæ музыкалон æвзаг цы хуызæн у?.. Нæ адæмы монон хицæндзинад — хиуылхæцгæ, фæлæ арф æнкъарынад, мартъийы арвау раив-баив чи нæ кæны, ахæм бын-*

дурондзинад, уæзбын, фæлæ хъуыдыджын ныхас. Хæххон дæн æз. Кæмфæнды куы уон, уæддæр мæ адæмимæ мингай тæгтæй баст дæн. Нæ фыдæлты удварны хæзнаты ис мæ аивады ратæдзæн...

Кæй зæгъын æй хъæуы, ме сфæлдыстады адæмон музыкæ йæ фыццагон хуызы зын ссарæн у, фæлæ мæ уды рæбын чысыл фольклорон æрмæг нæ цæры, æмæ уый бындурыл æз рацаразын мæхи сæрмагонд «æрмæг». Мæ сабибонтæ арвыстон Цхинвал æмæ Донгæроны. Уымыты та зарынмæ дæр æмæ кафынмæ дæр дæсны куыннæ сты!

Уыимæ ма мæ сабийæ фæстæмæ æфтыд уыдтæн (барæй нæ, æнæбары — радиомæ хъусгæйæ æмæ а. д.) гуырдзиаг, адыгъаг, мæхъхъæлон, абхазаг адæмон музыкæйыл. Чи зоны, уыцы æууæл дæр исты хуызы мæ аивадыл фæзынд. Дзырдæн, зынгæ аивадиртасæг Якубов Манашир афтæ нымайы, æмæ йæм уыцы хъуыды бынтон æмæ бындурæй дæр кæм фæзындаид.

Плиты Жаннæ нырыккон адæймаг у æмæ сæрхызтæй йæхи нæ акъуыры нырыккон музыкæйы хуызтыл. Дзырдæн, поп-музыкæ композитор хоны нырыккон фольклор. Фольклор та хæстæг æмæ æнцонæмбарæн у алкæмæн дæр.

Жаннæйы ныхæстæй. *Раст зæгъгæйæ, мæнмæ афтæ кæсы, цыма нæ рæстæджы нывгæнæг, йæ национ уидæгтæй нæ фæхицæн уæвгæйæ, хъуамæ тырна цыдæр æппæтзæххон иудзинадмæ, алыхуызон музыкалон æвзæгтæ йе сфæлдыстады баиу кæнынмæ. Музыкæ дæр æмæ цæгъдыны аивад дæр, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм æнахуыр диссаджы сусæгдзинæдтæ сты... Нывгæнæг йæ хуылфы цыдæр ахæм хабæрттæ хæссы, кæддæриддæр цымыдисаг чи у, уымæн æмæ уыцы хабæртты фæрцы мах, чи зоны, фæхæстæгдæр вæййæм, нырма нæм тынг дард чи у, нæ зонд кæй нæ ахсы, æрдзы ахæм сусæгдзинæдтæм.*

ГÆБÆРАТЫ Алан

ГАССИТЫ АФАНАСИ ДИНЫ ТЫХХÆЙ

ГАССИТЫ Афанасийы уацты дины фарстытæ ахсынц сæрмагонд бынат. Афанасийы бон баци зæгъын, уæды онг кæй нæма загъдæуыд, афтæмæй ахсджиаг æмæ хæдбындур чи уыд, ахæм хъуыдытæ.

Ацы хъуыдытыл дзургæйæ, нæ бон нæу, Афанаси Гербарты философийы фæдыл цы куыстытæ ныффыста, уыдоны фæрсты ахизын. Гассийы-фыртмæ гæсгæ, Гербарты философи уыди тынг ахъаззаг, Хуыцауы ныхас йæ дзуринаг кæмæн у, уыдонæн. Уымæн æмæ Гербарты философийы раст æвдыст цыди, дин æмæ моралы адæймагæн пайдайæ цы и, стæй йын дзы зиан цы 'рхæсдзæн, уыдæттæ.

Гассийы-фырт хорз æмбæрста, алцы дæр ивгæ æмæræзгæ кæй кæны, уый. Æмæ уæд Чырыстийы ахуырадæн дæр æнæ ивгæ, æнæ ræзгæ цы и! Уыцы хъуыдыйы фæдыл æрцыд ахæм хатдзæгмæ: методикон æгъдауæй нывылдæр кæнын хъæуы дины ахуырад. Уый фыста: «Дин æмæ моралон фарстытæ æргом кæнынæн зæронд барæнтæ нал бæззынц, хъæуы бынтон ног фæлгæттæ, цæмæй наукæ æмæ динæн фæрсæйфæрстæм æрæвæрæн уа, цæмæй адæймаджы æрхъуыды æмæ диныл æууæндын кæрæдзийы ма хъыгдарой».

Афанасийы хъуыдымæ гæсгæ, дин у адæймаджы монон царды сæрмагонд хуыз, æмæ йын æхсæнады ис сæрмагонд бынат. Дин куыд фæзынди, уый тыххæй бирæ ныхас фæцыд, æмæ фылдæр адæм ахæм хатдзæг скодтой: дин равзæрди лæгæн йæхицæй, йæхи мидæг, йæ æрдзон удыхъæдæй. Адæймагæн хъуамæ уа, йæ зæрдæ цæуыл дара, ахæм æддагон тых. Æнæуи йæ тæригъæдты, йæ хъизæмæртты, йæ царды æвæрæз у. Æмæ дин хъуамæ æххуыс кæна, хъизæмар чи кæны, уыдонæн дæр, царды чи ныдздзæгъæлтæ ис, уыдонæн дæр, йæ удмæ тæригъæдтæ чи райста, уыдонæн дæр. Хъизæмаргæнджытæн хъуамæ се 'мбуар лæууа, чи ныдздзæгъæл, уыдоны раст фæндагмæ здаха, тæригъæдджынтæн сæ уд сабыр кæна. Ацы хъуыддаджы дины кусджытыл ис дыууæ ахъаззаг хæсы: иуæй хъуамæ разæнгард кæной адæмы, иннæмæй — сабыр.

Динæй бирæ æнхъæл сты адæм. Куы нæ сæ хъæуид, — зæгъы Афанаси, — уæд йæ кой дæр нал уаид адæмы 'хсæн: «Дин æххуыс кæй у, уый æппындæр гуырысхойаг нæу. Дин у, иу ныхасæй, ирвæзынгæнæн фæрæз, йæ уд кæмæн ницæуылуал фæхæцы, йæ уæнгтæ кæмæн æрхауынц, уыдонæн се 'ппæтæн дæр». Ацы ран Гассийы-фырт разы у Гербарты хъуыдыимæ, ома дин æмæ мораль сты дыууæ хъуыддаджы æмæ сæ иу кæнын нæ хъæуы. Алкæмæн дæр сæ йæхи фæндаг ис адæмы царды. Афтæ куы нæ уа, уæд дин тых кæндзæни моралæн, уый аххосæй адæмæн сæ хъæппæрис куынæггонд цæудзæни, сæ уæнг мæлдзæн æмæ ногæй, хорзæй исты аразын сæ бон нал уыдзæни. Дин æмæ моралы фæдыл дзургæйæ, Афанаси уæлдай бæстондæр зæгъы йæ хъуыдытæ, Л.Н. Толстой динмæ цы цæстæнгас дардта, уый кæм критикæ кæны, уыцы уацмысы: «Адæм иууылдæр тæригъæды цæуынц, хъизæмар кæнынц æмæ мæлынц, Чырыстийы размæ куыд уыди, афтæ. Аргъуан адæмы ирвæзын кæныны хъуыддаг бæтты Хуыцау æмæ Хуыцауы фыртыл æууæндыны хъуыддагимæ. Аргъуан сабыр кæны адæмы удтæ, исы сын сæ тæригъæдтæ, фæсмон сæ кæнын кæны, зæрдæ сын æвæры, иннæ дунейы хорз кæй цæрдзысты, уымæй, æппынфæстаг сын æнцондæр кæны сæ цард!» Уымæ гæсгæ, нымайы Афанаси, аргъуаны архайд у пайда — адæмы амидин кæны сыгъдæгзæрдæйæ цæрыныл, Хуыцау нын куыд амоны, афтæ. Хуыцау у æрвон царды сусæг. Уый иууыл хуыздæр йæхи равдыста, адæймаджы зонджынæй, хъуыды кæнынхъомæй, хæрзудмæ, рухсмæ тырнæгæй кæй сфæлдыста, уыцы хъуыд-

дæгты, фæлæ адæймаджы сконды зондæй æддæмæ ис, динмæ тырныны монц дæр, æмæ уымæн зондæй раиртасæн нæй, зонды фæлгæттæ йыл не 'ххæссынц. «Дины мидæг, — фыссы Афанаси, — сæйраг хъуыддаг зонындзинæдтæ не сты, уымæн æмæ дин йæхæдæг зонындзинадыл не 'нцой кæны. Дин у уæлдæр, уæлмонцдæр æнкъарæнты баиу, зонд æмæ зонындзинæдтæй иппæрд».

Афанаси куыд зæгъы, афтæмæй динтæ се 'ппæт дæр æмдзыхæй дзурынц: ис Хуыцау. Уый у уæлдæр тых. Фенæн æмæ йын басгарæн нæй. Фæлæ зæххон цаутыл зыны. Афтæмæй хъуыддаг цæуы быцæумæ — цы хуызæн у уыцы уæлдæр тых, куыд цæры æмæ цæмæй цæры? Адæймаджы хуыз ын ис æви æндæр исты гоймаджы хуыз? Уыцы быцæу Афанаси ницæуыл нымадта. Уый фыста: «Хуыцауæн нæй, кæй зæгъын æй хъæуы, адæймаджы фæлгонц. Адæмæй йæ алчи дæр уыны, йæ зонд ын æй куыд амоны, афтæмæй. Уыцы хъуыдыйы фæдыл Афанаси æрхаста Канты ныхæстæ, Гербарт сæ куыд ныффыста йæ чиныджы, уыцы хуызы: «Мæнæн афтæ ахъуыды кæнын нæу мæ бон: «Ис Хуыцау». Æз афтæ никуы ахъуыды кæндзынæн. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, ахæм лæг нæй, æмæ «Хуыцау нæй» чи зæгъа æмæ æцæг чи сбæлвырд кæна, Хуыцау кæй нæй, уый».

Куыд зонæм, афтæмæй, Европæйы культурæйы XIX æмæ XX æнусты цы кризис уыд, уый æппæты бæстондæр æвдыст æрцыди Ницшейы сфæлдыстады. Ахсджиаг бынат æрцахста уыцы кризис Гассийы-фырты фыстыты дæр. Ницше æмæ Афанаси иу бон кæй райгуырдысты, уый дæр цæуылдæр дзуры, æвæццæгæн;

1. Чырыстон дин сæ дыууæйæн дæр уыди, дунейы историйы цы æнæмбæрст хъуыддæгтæ ис, уыдонæй æрмæст иу. 2. Чырыстон дин афтæ уымæн рапарахат, æмæ йын фæзынд ахъаззаджы уавæртæ — царды йæхицæн бынат чи нæ ардта, иннæтæм хæлæг чи кодта, цæрæнбонты дæлбар æмæ æфхæрд чи уыд, уыдон æм аздæхтой се 'ргом, фыццаджы-фыццаг сси уыдоны дин. 3. Фæстæдæр ын аргъуан йæ мидис куыд сзыгъуыммæ кодта Чырыстон динæн, ууыл дæр хъуыды кодтой æмхуызон. 4. Ницше дæр æмæ Гасситы Афанаси дæр сæ цæст дардтой рагон дунемæ — Ницше зороастризм æмæ классикон Грецимæ, Афанаси — Ром æмæ Грецимæ. Сæ дыууæ дæр æвæрынц Европæйы культурæйы ныхмæ æрдзон дуне, æрдзы рæзт, æрдзы цард. Афтæ зынд, цыма Гассийы-фырт фæстæмæ раздæхы, раг-

заманмæ, зыгъуыммæгонд чи нæма 'рцыди, уыцы муртаттаг дунемæ. Ам уый бары Евангелийы хъуыдытæ, историйы фыстæй чи баззад, уыцы æцæг царды цаутимæ.

Динтæ се 'ппæт дæр амидин кæнынц адæмы, цæмæй тырной Хуыцауы сыгъдæг уд бамбарынмæ. Фæлæ куыд хъуамæ тырной уымæ, кæд æмæ Хуыцауæн æрмæст йæ ном цы хъусынц, æндæр ын, цы у, цы хуызæн у, уымæн ницы зонынц? Гассийы-фырт уыны ацы хъуыддаджы стыр ныхмæлæуддзинæдтæ: «Æппæт дины ахуырадты, уæлдайдæр та Библийы, стæй Ног Фæдзæхсты дæр Хуыцау куыд æвдыст цæуы, афтæмæй йæм ис бирæ аиппытæ: йæ зонд дардыл не 'ххæссы, у æгъатыр, алкæй иу барæнæй нæ бары æмæ а.д. Ахæм æппæрццæг миниуджытæй хъуамæ Хуыцау уаид хызт, уымæн æмæ у æппæты æххæстдæр, æппæты уæлдæр уæвæгой. Афтæмæй йæ хъуыддæгты зынынц йæ æппæрццæг архайды фæстиуджытæ. Зæххыл цы фыццаг лæг æмæ ус цард, Адам æмæ Евæ, уыдоны цæуылнæ фæзонджындæр кодта? Калмæн сын сæ цард халын цæмæн бауагъта? Сæ фæстæ утæппæт адæм уыдоны æдылыйы аххосæй æнусты дæргъы хъизæмайраг цæмæн фесты? Цæмæн рауагъта доны хъаймæт æмæ утæппæт æназым адæм, семæ сабитæ дæр, цæмæн бабын сты? Цæмæн бауагъта Фараонæн йæ дæлбар адæмы цæгъдын? Цæмæн ын систы æнæуынон æппæт бæстæты адæм дæр, Израилы цæрджытæй фæстæмæ? Цæмæн уагъта дзуттæгты хæсты бацæуын сæ сыхаг адæмтимæ, цæмæн сын байсын кодта сæ зæххытæ æмæ сæ иннæ ис-бон?! Цæмæн æвзарын кæны æнусон хъизæмæрттæ, чырыстон дин чи нæ райста, уыцы адæмæн, кæд æмæ уыдон чырыстон динæн йæ кой дæр никуы фехъуыстой, уæд?!»

Уыцы фæрстытæн, Хуыцауы минæвæрттæ чи сты зæххыл, уыдон нывыл дзуапп нæ дæттынц. «Цæмæй, цы хъуыддæгты кой кодтам, — фыссы Гасситы Афанаси, — уыдоны мидæг Хуыцауы фенæм, уый тыххæй ныр 18 æнусы дæргъы мысæм, цы нæма 'рцыд, ахæм истытæ. Хæлд æмæ зыгъуыммæгонд цæуынц логикон закъонтæ æмæ зонд, зыгъуыммæгонд цæуы цард йæхæдæг дæр.

Æмткæй райсгæйæ Гассийы-фырт хицæн кæны æртæ хуызы моралы:

1. Дины мораль. Уый у цардæй иппæрд, дзыллæты кæны дины фантастикæмæ.

2. Эгоистон мораль. Уый хъахъхъæны хицæн удгоймæгты бартæ, хъыгдары адæмы кæрæдзийы æмбарынæн.

3. Æппæтадæмон мораль. Уый хæст у æппæт зæххыл амонд саразыны идейæйыл.

Суанг Чырыстийы агъоммæ муртаттаг философтæ дæр ууыл дзырдтой — хъуамæ, раст æмæ хорз цы у, æрмæст уый æвæрд цæуа дуне — йæ рæзты райдайæны. Ныр 18 æнусы дæргъы аргъуантæ адæймаджы цардмæ рухс бауадзыныл куы фæхъардтой сæ уд, уæд та фæстæмæ уыцы раззаг хъуыдымæ æрыздæхтыстæм? Искуы-иуæй фæстæмæ æппæт философтæ дæр ууыл дзурæг сты, цæмæй йæ бындуры æвæрд уа, æппæтæн дæр амонд чи хæссы, ахæм хъуыды. Цæмæй алчидæр цæра хорз, зæххыл ма уа æнæхъуаджы хъизæмар, фыдми, сайын, цæмæй иу иннæмæн тæригъæд кæна, тæригъæд кæна суанг цæрæгойтæн дæр. Цæмæй уыцы домæнтæ ныффидар уой, уымæн ис æппæт гæнæтæ дæр, зæгъы наукæ.

Афанаси уыди, йе 'мдуджы æхсæнад уырдыгмæ кæй хауы, уый чи рахатыдта, уыцы философтæй. Уый æрцыди, дунеæмбарынады адæм цы хатдзæгтæ агуырдтой, уыцы хатдзæгтæм.

«Царды нысан ис цардæн йæхи мидæг, — фыста уый. — Адæймаджы цардмæ кæсын хъæуы, йæхæдæг чи фæзынд æмæ йæхи нысæнттæ кæмæн ис, ахæм æрдзон диссагмæ кæсæгау. Уый йеддæмæ æмæ уымæй уæлдæр нæй нæдæр нысан, нæдæр хъуыды».

ХУЫСЕ

ЦАРДВÆНДАГ

Афæдзы размæ дæр ма-иу Хæлардзинады хæдзары дуарæй куы бахызтаис, уæд дæм бахизæны гыццыл хатæны рудзынгæй ракастаид иу ацæргæ сылгоймаг. Йæ цъæх цæстытæ-иу базмæлыдысты, йæ былтыл-иу æхсызгон мидбылхудт ахъазыд æмæ дын-иу бамбарын кодтаид, кæй агурыс, уый кæм ссардзынæ, уыдæттæ.

Афтæ, æстдæс азы дæргъы. Уый уыди Заретæ — Дзугкойты чызг, Закаты 84-аздзыд чындз.

Йæ карæнтæй кусгæ ничиуал фæкæны. Кусгæ нæ, фæлæ хæдзарæй æддæмæ рацæуа, сыхæгты фена, семæ аныхас кæна, уымæ дæр зивæг кæнынц. Фæлæ-иу Заретæйыл йæ куыстæй сæрибар бон афтæ ныддаргъ æмæ йын-иу, куыд фæзæгъынц, йæ фæудæн нывæндтæ кæнын байдыдта. Бинонтырдыгæй йæм-иу уайдзæфтæ кæд æрхауд, ахæм бонтæ дæр уыд. Ома, æгæр кардзыд дæ æмæ ныл исчи бахуддзæн: уартæ сæ бон сæхи дарын нæу æмæ сæ хистæры куыстыл бафтыдтой. Заретæ-иу ахæм ныхасгæнджытæм йе 'рфгуытæ фæтар кодта.

— Æнæхудгæ дуне нæй, æнæмæлгæ дуне куыд нæй, афтæ, фæлæ, кусын худинаг кæм у, ахæм дунейы кой никуыма фехъуыстон. Стæй, куыстахуыр адæй-



Дзуккойты Заретæ.

магæн куыст ныууадзын куыд зын у, уый чи не 'мбары, уый фæнды худæд, фæнды — ма.

Æмæ куыстахуыр та куыд нæ у Заретæ! Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ йын йæ фыд Габойы, стæй йæ фыдыфсымæр Созырыхъойы дамдумтæм гæсгæ æрцахстой колхозтæаразæн 1929 азы, ног хицауады ныхмæ адæмы ардауынц, зæгъгæ. Созырыхъо удæгасæй нал сыздæхт, амардтой йæ. Йæхицæй авд къуырийы раздæр та йæ бинойнаг Битарон амард. Сæ фæстæ баззади авд сидзæры. Авд та сæхæдæг уыдысты Габо æмæ Ботъоны цот. Ныр цыппæрдæсæй Ботъоны уæхсчытыл æрæнцад сæ уæз. Бæргæ, хæдзары ма исты куы уыдаид, цалынмæ Габойы не 'рцахстой, уæдмæ дзы куыд уыди, афтæ. Фæлæ хæдзары хицауыл ахæстоны дуæрттæ æхгæнгæ дæр нæма бакодтой, афтæ сæм цы ссардтой — дыууæ галы, дыууæ уæныджы, дыууæ бæхы æмæ хъуг — уыдон атардтой, аластой сын сæ бричкæ дæр. Иуныхасæй, хæдзар ныххафтой, æрмæст ма дзы цыппæрдæс æххормаг сабийы баззади. Гъе, афтæмæй, сывæллæттæй чи куыд æххуысхъом кодта, афтæ йæ тæссонд уæхсчытæ дардта царды уæзмæ, æххуыс кодта, цас йæ бон уыд, уыйас Ботъонæн.

Æфсымæртæй хабар нæ уыди — нæдæр Созырыхъойæ, нæдæр Габойæ. Фыстой сæм, агуырдтой сæ, фæлæ сæ кой, сæ хъæр никуыцæй хъуыст. Уæд Заретæ ахуыр кодта дыккаг къласы æмæ сфæнд кодта, фыдмæ фыстæг ныффыссын. Афтæ йæм касти, уый куы ныффысса, уæд æнæмæнг фæхæццæ уыдзæни фыдмæ фыстæг. Æмæ-иу уыйæппæт хæдзары митæй уатмæ куы баирвæзт, уæд-иу цас фæрахъуыды-бахъуыды кодта, фыдмæ цытæ фысдзæни, уыдæттыл. Стæй йæм ныффыста æмæ йæ арвыста, хъæр æй никæмæн скодта бинонтæй, афтæмæй. Цалдæр къуырийы рацыд, æмæ дын Габо гæххæтт куы сæрвитид йæ бинонтæм. Фыста, Заретæйы фыстæг кæй райста, кæй йыл фæцин кодта, талынг ахæстоны къуымы йæ цырагъы рухсмæ кæй бакасти, стæй хъусын кодта, кæд Хуыцауы фæнда, уæд рæхджы ссæрибар уыдзынæн, зæгъгæ.

— Уый фæстæ бирæ нал фæбадт нæ фыд, ссæрибар и, — дзуры Заретæ, æмæ йæ цæстытæ цыдæр æхсызгон змæлд бакодтой. — Æрыдоны æрхызти поездæй йæ лæдзджытимæ — авд азы дæргъы уазал ахæстоны къуымы фæсахъат сты йæ уæрджытæ. Афтæмæй чидæр нæ мадыфсымæр Гæмæтмæ фæхабар кодта, афтæ-афтæ, де сиахс ссæрибар и, фæлæ йæ къæхтыл дзæбæх нæ лæууы, афтæмæй лæдзджыты æнцæйтты фæцæуы сæхимæ. Нæ мадыфсымæр сæрæн лæг уыди, зарæг дæр ыл куы и. Гъемæ кæмæйдæр бæхуæрдон ракуырдта, расырдта йæ фæсте æмæ йæ Æрыдонæй Чырыстонхъæуы астæу быдыры баййæфта.

Гыццылгай æндидзын байдыдта Дзугкойты хæдзар. Сывæллæттæ дæр бахъомылтæ сты. Чызджытæй чидæртæ чындзы ацыди, лæппутæ усгуртæ систы. Афтæмæй Заретæ йæ хистæр хо Елмысханмæ куы ацæуид уазæгуаты Садонмæ — Елмысхан садойнаг Мæрзойты чындз уыди, æмæ йæ уым Закатæй иу лæппу, йæ ном Алыкка, куы аскъæфид. Сæрæн лæппу рауад Алыкка, уаг æмæ æгъдауыл хæст. Кæрæдзийы æмбæрстой Заретæимæ æмæ уайтагъд хæдзар тымбыл кæнынмæ бавнæлдтой. Сæ хæдзар бонæй-бон хъæздыгдæр æмæ фæрнджындæр кодта. Фæлæ Садоны бирæ нал бафæстиат сты, сæ зæрдæ быдырмæ рахсайдта. Æмæ иумæ æртæ азы куы ацардысты Садоны, уæд Хъарманмæ ралыгъдысты æмæ, Заретæйæн йæхи цæгат кæм цардысты, уым, Фалдоны, æрбынат кодтой уыдон дæр. Адæм сыл сæ цæст æрæвæрдтой, афтæ цæрдæг æмæ æвæллайгæ уыди сæ куыст. Фæлæ æваст ныггуыпп кодта Стыр Фыдыбæстæйы хæст. Фæцыди райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ Алыкка, фæцыдысты, Ботъон йæхи цотимæ цы тиуы лæппуты фæхъомыл кодта, уыдоны хистæртæ — Тасолтан, Алыксандр æмæ Дзамболат дæр.

Уыцы уæззау азтæ уæлдай арфдæр фæд ныууагътой Заретæйы царды. Хæсты дыккаг аз знæгтæ бацахстой Хъарманы хъæу дæр. Немыц иу цалдæрæй æрцардысты Закаты хæдзары. Афтæмæй иу æмбисæхсæв чидæр рудзынг куы бахоид.

— Ракастæн рудзынгæй, — æрымысы ныр Заретæ, — æмæ дæлæ Бекъойты Микъала. Мæ уæнгтæ бадыз-дыз кодтой: Микъала партизантимæ уыди хъæды, æмæ уæд комкоммæ немыцы хъæлæсмæ йæхи къахæй куыд æрбацыд!

— Цы хабар у? — дзурын æм асæст хъæлæсæй.

— Сыдæй мæлæм, — дзуры мæм сабыр уый дæр. — Кæд

дæм хойрагæй исты ис, уæд нын нæ къух куы ацаразис.

Конд æм цы кæрдзынтæ уыд, уыдон æм дзæкъулы ралæвæрдта, стæй йæ бафарста, кæм сты, уымæй. Æмæ йæ куы базыдта, Скъæтты ком кæй хонынц, уым вæййынц, уæд сын Заретæ къуыри дыууæ хатты хæринаг хæссын райдыдта. Уым-иу бæрæг бынатмæ йæ размæ рацыдысты Бекъойты Микъала йæхæдæг æмæ Цæрукъаты Хаджумар. Йæ дзæкъултæ-иу ын айстой æмæ-иу æй фæстæмæ рарвыстой. Фæстаг хатт сын куы ахаста хæринаг, уæд йæ размæ рацæуæг нал фæци, йæхæдæг ма сæ фæагуырдта, фæлæ ницы ссардта, æмæ йæ цæссыг тыххæй урæдта, афтæмæй йæ фæд, йæ фæд æрыздæхти сæхимæ йæ хæссинæгтимæ. Уый фæстæ куыд рабæрæг и, афтæмæй Дыгуры партизантимæ баиу сты Хъарманы партизантæ æмæ Дыгуры хъæдмæ аивылдысты. Уымæй бирæ рæстæг нæ рацыд, æмæ немыц адæмы тæригъæд ахастой семæ — лидзæг фесты Ирыстонæй. Фæлæ хæст цыренæй-цырендæр кодта. Лæппутæ куыд хъомыл кодтой, афтæ сæм сидтысты æмæ сæ æрвыстой хæсты цæхæрмæ. Заретæйæн йæ лæг хæцыд Украинæйы. Уырдыгæй дзы ссыд иунæг фыстæг. Фыста йæ хæстон хабæрттæ, фидар фæлæуут, фæдзæхста, немыцы ныппырх кæндзыстæм æмæ æрцæудзынæн нæхимæ. Æмæ æцæг сыздæхти 1945 азы, раст хъæллæгъкæрдæн афон. Йæхи ма бæргæ араппар-баппар кодта фæйнæрдæм, кæд йæ хæдзар исты амалæй йæ къахыл слæууид. Фæлæ уымæн тыхджын къабæзтæ æмæ æнæниз уд хъуыди. Закайы-фырт та цæфтæ æмæ рынчынтæй сыздæхт. Æхсæз азы дæр æххæст нал ацард, уæзæджы къæйыл ниугæ ныууагъта йæ фондз сабийы сæ мады æвджид. Æмæ цы нæ бавзæрста æмæ цы нæ федта Заретæйы сæр!

— Никуы мæ ферох уыдзæн, — æнкъардæй фæдзуры Дзугкойты чызг, — нæ лæппуимæ нæ хъугыл хъæдмæ куы ацыдыстæм суг ласынмæ. Гъемæ нын йæ дзаг уæрдонимæ хъæдласæн æфсæнвæндагыл куы ныххуыссид. Ныр поезд æрбацæуы, машинист нæм сигнал кæны — бауромыны амал ын нал уыди. Раиваз-баиваз кæнæм хъуджы — нæй æмæ нæй.

Уæд ын нæ лæппу — хъуыды та йæ куыд æркодта! — йæ худы дзаг цъыфдон йæ мукъуйыл куы бакалид, уыйадыл хъуг фæгæпп ласта, æмæ фервæзтыстæм фыдбылызæй.

Йæ лæппу Эльбрус хуынди, цыппар хойæн иунæг æфсымæр, хæдзары бындар, йæ астæуккаг цæджындз. Æнафоны нызмæлыд йæ бындур хæдзарæн, æнафоны рафæлдæхти йæ цæджындз.

Цыппар æмæ йыл ссæдз азы цыди æдæппæтæй, афтæмæй æнæнхъæлæджы аскъуыд йæ цард. О, уыцы судзгæ-дудгæ хабар ныййарæгмæ фæхæццæ кæна, уымæ ничи хаста йæ ныфс. Ихдзагъд кæрдæджы хæлттау дзойдзойгæнгæ баззадысты йæ цыппар хойы. Фæлæ та ныуурæдта уыцы цæфæн дæр мады зæрдæ. О, ныуурæдта, адæмы æфсарм бирæ у, æндæр уыцы бонæй ныр дыууиссæдз азмæ æввахс рацыди, фæлæ йæ зæрдæ йæ дудынæй нæма банцад, йæ цæссыг — йæ тæдзынæй. Уæд та, хæдзары хицауы мæлæты фæстæ, исты амал кæнын хъуыди. Колхозтæ — мæгуыр. Æмæ ныффæнд кодта Заретæ Мызуры шахтæмæ фæцæуын, уым ныллæууыди куысты. Кæд афоныл капекк æфтид хæдзармæ, æмæ сывæллæттæ æххормаг нæ уаиккой, уыдон æххормаг ма уæнт, уазал сæ макæмæн уæд, уыййеддæмæ цæмæн нæ бафæраздзæн мады зæрдæ!

Æмæ ныххызти шахтæмæ Заретæ. Уайтагъд сахуыр кодта электровоз скъæрыныл æмæ райдыдта хæхты арф æвæрæнтæй æрзæт ласын æддæмæ. Фынддæс вагоны æрзæтæй цъупдзаг, афтæмæй сыл рахæц, æдде сæ авдæлон кæн æмæ та фæстæмæ. Афтæ алы бон дæр 250 — 300 тоннæйы æрзæт ласта Заретæ æвддæс азы дæргъы. Цас уæнгты хъару æмæ зæрдæйы ныфс хъуыди уыцы уæззау куыстæн! Æмæ дзы цас зынтæ æмбæлди Заретæйыл! Цал хатты фæхицæн сты вагоны цæлхытæ рельсытæй, цал хатты афæлдæхти æрзæтæй цъупп вагон! Фæлæ фæразын хъуыд æмæ фæрæзта.

Стæй æрцыди йæ пенсимæ цæуыны афон. Куыд æрцыди, кæуылты æрцыди — ницы йын базыдта Дзугкойты чызг. Уæддæр балæвæрдта йæ гæххæттытæ, райдыдтой йын хæссын пенси. Фæлæ хæдзары иу бон дæр нæ фæбадти, раст ыл цыма йæ фæллад куы æртæфса, уымæй тарсти.

Куыст — уый йæ уд дзæбæхгæнæн æмæ йæ зæрдæ сыгъдæггæнæн хос у Заретæйæн.

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

ДЗИТОЙТЫ Аллæ

НÆРТОН ФÆТКЪУЫ — НÆ МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Дзитойты Аллæ йе скъоладзаутимæ.

(Ирон литературæйы урок 7 — 8 кълæсты)

Урочы хæстæ: рæзын кæнын уарзондзинад мадæлон æвзагмæ; хъомыл кæнын сæрыстырдзинад нæ хистæртæм, дзырддзæугæ лæгтæм, райгуырæн бæстæмæ; ныхасы рæзтыл куыст.

Цæстуынгæ æрмæг: техникон фæрæзтæ, ирон цæгъдтытæ, Хетæгкаты Къостайы сурæт, йæ нывтæ, «Ирон фæндыр», чиныг «Къостайы кадæг», Къостайы цыртдзæвæнты къамтæ.

Ахуыргæнæг: Уазæг кадджын у ирон адæммæ, æмæ нæ уазджытæн салам радтæм.

Ахуырдзаутæ: Алы бон æгас нæм цæут!

Ахуыргæнæг: Сбадут.

Ахуырдзау: *Нæртон фæткъуы — нæ мадæлон æвзаг.*
Йæ къалиутыл та мин-мин дыргъы хуртау.
Уæрхæджы фырттау хъахъхъæнджытæ — мах.
Фырхъалæй уæд фынæй цы кæнæм дуртау?

Хуыцауы лæвар — диссаг дзырдты хуртуан.
Кæд ма нын исты баззади æлутон,
Уæд иунæг ды — нæ мадæлон æвзаг!

Ахуыргæнæг: Фыдæлты фарн æмæ æгъдæуттæ царды уидæгтæ сты. Хистæр кадджын кæм у, кæстæр — æгъдаудæттæг, уым ирон фарн æмæ сфæлдыстадон хæзнатæн сæфæн нæй, уымæн æмæ нæ фыдæлтæ сæ фарн семæ нæ ахастой, махæн æй ныууагътой кæрæдзийы фылдæр уарзынæн, амонджындæр æмæ зæххыл рæсугъддæрæй цæрынæн.

Мæгуыр та уый у, йæ фыдæлтæ кæмæй ферох сты æмæ йе стыр галуаны йæхи дæр чи нал зоны. Мæгуыр уый у, йæ хæдонæй йæ кæрц йæхимæ хæстæгдæр чи хоны, йæ уидаг кæм равзæрд æмæ кæцæй рацыд, уый чи не 'мбары.

Иу хорз адæймаг загъта: «Мадæлон æвзаг зонын æмæ уарзын у Райгуырæн бæстæ зонын æмæ уарзыны нысан». Уый ирон царды хæрзты бындур у, ирон царды хæрзтæ та фыдæй фыртмæ, фæлтæрæй фæлтæрмæ хъуамæ цæуой.

Ахуырдзау: О, стыр хæзна кæддæриддæр хъахъхъæнинаг вæййы цæстыгагуыйау. Куыд нæ хъуамæ хъахъхъæнæм мах дæр нæ мадæлон æвзаг, кæд æмæ Нарты фæткъуыйау йæ дыргътæ æлутон сты! Кæд æмæ æвзаг у адæмæн сæ кувæндон, сæ уд, сæ ивгъуыд, сæ цардыуаг æвдисæг!

Ахуырдзау: *Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!*
Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй.
Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тавсæй
Цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.
Дæ норст цæхæрæй равзæрдысты нарт.
Дæ фарны хъæр, дæ маст æмæ дæ уарзтæй
Нæхи Къостайæн сæнусон йæ цард.
. . . . . .
Мæ уды хæзна хауæггаг фæцис.
Дæу чи хъыгдара — урс уæрыкк дын фестæд!
Дæ фыдæлтæ санскрит æмæ авестæ.
Цæр се 'рцыдмæ! Мæ рæзæнтæ! Мæ ис!

Ахуырдзау: О, мах фæстаг рæстæг тынг арæх дзурæм, ирон æвзаг сæфы, зæгъгæ. Ноджы ма уыцы ныхас фылдæр кæнæм уырыссагау. Замана уый у, æмæ рæзы, мадæлон æвзаг кæмæй ферох, афтæмæй уырыссаг æвзаг, йе та гуырдзиаг æвзаг дæр хуызæнæн чи нæ базыдта, уыцы ирæтты нымæц. Уыдонмæ байхъусын диссаг вæйиы. Сæ мæгуырдзинад та æмбаргæ нæ кæнынц.

Ахуырдзау: Уæ размæ хæссæм чысыл нывтæ.

Сценкæтæ: 1. »Гардироб». 2. «Паралик». 3. «Шуба горит».

Ахуырдзау: Зæгъæм, ерыстæ куы скæниккой искæй уæрдоны бадынæй æмæ зарынæй, уæд дзы ирæттæ фыццаг бынат бацахсиккой. Афтæмæй нæхи уæрдоны та йæ хуыздæр зард хъинц у.

Ахуырдзау: *Ис æвзагæй нал дзурæм иронау,*
Ис хъæбулæй не 'взаг у æвæд —
Стыр уырысæн нал хизæм йæ ронæй,
Удæй ма куыд уæм ирæттæ уæд!
«Макæй уарзæм» — афтæ æз нæ дзурын.
Фæлæ уарзтæй хъуамæ ма уæм куырм.
Зæрдæ дæр цы риуæн равзæрд хурау,
Рухс кæнæд æппæты фыццаг уым!

Ахуырдзаутæ:

1). Æмæ, бæргæ, мæнæ ацы ныхæстæ алы ироны бон дæр зæгъын куы уаид:

2). *Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы 'взæгтæ.*
Нæ дзы 'взарын хæстæг æмæ дæрддаг.
Фæлæ ныхкойыс зæрдæйы къæсæртæ
Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг!

Ахуырдзаутæ:

1). Æвæдза, цал буц номы сæвæрдтам не 'взагыл! «Нæ хæзнадон», «Нæ быркуы», «Нæ хъысмæт», «Нæ фарн», «Цыкурайы фæрдыг», «Нæ зынджы хай», «Хуыцауы лæвар» æмæ бирæ æндæртæ. Фæлæ ном сæвæрын диссаг нæу. Стæй номæвæрæгыл дæр хæс кæй ис, уый нæ рох кæнын райдыдта. Æндæра æцæгдæр буц дариккам нæ мадæлон æвзаг. Æндæра йæ тыхст уаваер æнкъариккам зæрдæйæ.

2). Уæвгæ, уый æрмæст абоны низ нæу. Мæнæ куыд уайдзæф кодта 20 æнусы тæккæ райдайæны Иры фæсивæдæн Гæдиаты Секъа.

Худинаг уæм куыд нæ кæсы
Æнцад бадын фыддæрадæн?
Иу лæгау куыд нæ тæрсы
Фесæфынæй Иры 'взагæн!

* * *

Ирон адæм цытæ сыстыл?!
Чи — гуырдзиаг, чи — уырыссаг.
Чи — тæтæйраг, чи — кæсгон.
Никуы федтон ахæм диссаг,
Ныр куыд сæфы Ирыстон.

Ахуырдзау: Ирон нывæфтыд ныхас, ирон литературæ куы фæзæгъæм, уæд нæ цæстытыл фыццаджыдæр ауайы Къоста. Куыд бирæвæрсыг уыд йæ курдиат, куыд ахадыдта йæ алы дзырд дæр! Къостайы уацмыстæ бацыдысты дунеон культурæйы хæзнадонмæ, Хетæджы-фырт æппæтæй уæлдæр æвæрдта Сæрибар, йæ адæмы амонд æмæ ирон дзырды фарн.

Ахуырдзаутæ:

1). Мах бар-æнæбары дис кæнæм: цымæ, искуы ахæм рæстæг уыд, æмæ Къоста кæд нæ царди, йæ хъæлæс кæд нæ хъуысти, сагъæс æмæ катай, хъизæмар æмæ тох кæд нæ кодта?

2). Дис кæнæм, уымæн æмæ абон зын бауырнæн у: искуы æнæ Къоста уыди цæрæн æмæ кусæн, уарзæн æмæ фæлдисæн?

3). Абон нæ царды бирæ уæззау, вазыгджын фарстатæн дзуаппытæ арæм Къостамæ. Абоны хуызæн мах никуыма хъуыди Къостайы сæр, йæ хъуыды æмæ йе 'нкъарæнты хъару.

Ахуыргæнæг: Къоста йæ райгуырды бонæй фæстæмæ ахуыр кодта зындзинæдтыл. Æнахъомæй, дзидзидайæ баззади сидзæрæй. Нарæн сæ Хуыцауы аргъуаны уыди гуырдзиаг сауджын. Къостайыл дæр ном уый сæвæрдта. Къоста ном сæ зæрдæмæ тынг фæцыди Нарæн. Æмæ куывтой: «Кæд æнæ мадæй баззадтæ, Къоста, уæддæр амондимæ бахъомыл у. Леуаны худ-иу хæсс, дæ æхсæзæймаг фыдыфыд Гоцъийы номæй хайджын куыд фæуай, йæ домбай тыхæй дæм фаг куыд æрцæуа! Хетæгау дæм зæдтæ æмæ дауджытæ æргом куыд цæуой! Дæ амонд къуыбырыл куыд нæ барай, фæлæ йæ уæлæ бæрзонд хохыл куыд барай! Нары хæхтæй уæлæ Лиайы хохæй бæрзонддæр æмæ кадджындæр хох нæй — Лиайы хохыл ны-

мад æрцу! Цалынмæ Лиайы хох йæ бынат ива, уæдмæ дæ кой дæ уарзон адæмтæ куыд кæной!»

Дзуар сауджын йæхæдæг бакодта Къостайы хъуырыл, сыгъдæг сызгъæрин дзуар: «Ацы дзуар æз лæвар кæнын ацы сидзæр лæппуйæн, йæ кад, йæ ном сызгъæринæй кадджындæр куыд уа! Нар, уæ кой, уæ ном уын хæссын куыд фæраза!»

Нар сæ куывд фондз бонмæ нæ райхæлдтой. Уазджытæ сæм уыди суанг Урстуалтæй — Томайтæ, стæй суанг дæлæ Уæлладжыræй дæр. Лæппу райгуырд, æмæ уымæй диссагдæр цавæр хорз æрцыдаид мыггагыл!

Ахуыргæнæг: Æмæ æцæгæйдæр, Нары дзырддзæугæ хистæртæ цы куывтой, уый æрцыди Къостайыл. Йæ ном бирæ æнусты цæрдзæн, æмæ алы фæлтæрæн дæр уыдзæн табуйаг!

Ацы аз, Къостайы æнæмæлгæ «Ирон фæндыр»-ы рацыдыл сæххæст уыдзæни 104 азы.

Ахуырдзау: Газет «Казбек» 1899 азы 1 июны фыста: «26 мая вышла в свет в высшей степени интересная книга — сборник стихотворений на осетинском языке известного на Кавказе поэта — осетина Коста. Коста несомненно даровитый поэт и это отразилось на его осетинских стихотворениях более, чем на русских, изданных года 2 тому назад редакцией газеты «Северный Кавказ». Книга издана изящно и стоит недорого, всего 90 копеек. Желаем от души ей успеха».

Ахуырдзау: (кæсы «Азар!»)

Ахуырдзаутæ:

1). Всеволод Миллер фыста: «Æз ирон æвзагæй цæйбæрц къуымых дæн, фæлæ ма суанг афтæмæй дæр мæ зæрдæйæ æнкъарын, æнафоны цардæй чи ахицæн, уыцы поэты «Ирон фæндыр»-ы рæсугъд зæлтæ, йæ æмдзæвгæты диссаджы дзырдарæхст æмæ аивдзинад».

2). Ирыстонæн, ирон адæмæн хорзы чи бацыд, уыдонæй алкæмæн дæр Къоста загъта йæ бузныджы ныхас. Уæлдай бузныгдæр та уыд уырысы генион поэт Александр Пушкинæй.

Ахуырдзау: (кæсы «Салам»)

Ахуырдзау: Египетаг журнал «Аль-иха» («Æфсымæрад») 1926 азы ныммыхуыр кодта уац Къостайы тыххæй. Журналы редактор араббаг чиныгкæсæджы базонгæ кодта Къостайы сфæлдыстадимæ: мыхуыры рацыдысты «Катай», «Æнæ хай», «Ракæс!».

Ахуырдзау: (кæсы «Ракæс!»)

Ахуырдзау: (кæсы «Сагъæс»)

Ахуыргæнæг: Дзæуджыхъæуы Ирон театры цур Къостайы цыртдзæвæн чи нæ федта, ахæмтæ стæм разындзæн. Цыртдзæвæн æвæрд æрцыди 1955 азы. Йæ саразæг скульптор Тауаситы Сослæнбегæн саккаг кодтой Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæджы кадджын ном.

Къостайы цыртдзæвæн къамисджытæ бирæ хуызты систой, фæлæ йæ абон мах куыд æвдисæм, афтæ йæ иу ран дæр нæ фендзыстут. Цыртдзæвæн чъылдымырдыгæй ист барæй у: цæмæй равдисæм, скульптор Къостайы чъылдымырдыгæй ирон уæлæдарæсы куыд сфæлыста, уый. Дзæбæх зынынц йæ басылыхъы коцора æмæ суанг йæ алдымбыдтæ дæр. Цыртдзæвæны фæстæ дыууæрдыгæй мрамор къæйтæ — ирон даргъ фæхс бандæттау сæ къæхтыл — нывæфтыдтæ. Бандæттыл æнцойгæнæнтæ сты фæлтæргай — гæнахы сисау, уыдоныл дæр — нывæфтыдтæ. Алы фæлтæры дæр дзы — дыууæ цæрдхуынчъы. Уыдон сты топпуадзæнтæ.

Сисгæндтыл дыууæрдыгæй рарæгъ сты æнгуырстуанты кæнæ худты хуызæн тымбылæгтæ нывæфтыдтимæ. Бирæтæ сæ бафиппайынц, фæлæ, цы сты, уый алчи нæ рахаты. Уыдон бæрцытæ сты. Раст цыма Къостайы цухъхъайæ фæиртæстысты æмæ фæйнæфæрсты рарæгъ сты.

Дарддæр нæ цæст æрхæцдзæн æртыгай нывæфтыд тымбылæгтыл. Сæ уæлæ — дыгай къоритæ. Уыдон та басылыхъхъы алдымбыдтæ сты, сæ коцоратæ бамбырд сты къоритау.

Зил Къостайы цыртдзæвæны алыварс, кæс æдзынæг, ахуыр æй кæн, æмæ зæрдæ кæддæриддæр байдзаг вæйиы æхсызгондзинадæй.

Ахуырдзау: Къоста уарзта ирон аивад, йæ уарзондæр мелоди та уыди «Ханты цагъд». Цымæ цы дзуры таурæгъ? Цавæр у цагъды истори?

Ахуырдзаутæ дзурынц «Ханты цагъды» равзæрд.

Ирон хъазт. Рæсугъд æрыгон чызг иу уæздан цагъд ивы иннæйæ. Доныхъазтау кафæн фæзы ленк кæнынц гуырвидауц чызджытæ. Сæ къахфындзтыл хæрдмæ хаугæйæ, сæ лæгдзинад æвдисынц сахъгуырдтæ. Уалынмæ фæндырдзæгъдæгмæ чидæр бадзырдта: «Чызг, «Ханты цагъд» ма акæн!»

Æмæ азæлыди алæмæты цагъд. Цымæ, цæмæн ахæм бынат

æрцахста адæмы зæрдæты, цæмæн æй афтæ тынг бауарзтой?

Ахуырдзау: Раджы уыдис уый, тынг раджы. Цардис иу зæронд мæгуыр лæг. Боныцъæхтыл-иу сыстади, æмæ изæрдалынгтæм йæ астæу не срастгæнгæйæ, куыста. Фæлæ йыл цард нæ хæцыди, мæгуыры бонтæ 'рвыста. Æрмæст йæ иунæг ныфс, йæ царды нысан уыдысты йæ сидзæр сабитæ — æрдхæрæны рæсугъд æртæ чызджы. Æвæццæгæн, æрдз уыцы чызджыты куы сфæлдыста, уæд сын, амондæй фæстæмæ, æппæт хорздзинæдтæ дæр саккаг кодта — уыдысты æмбисонды дæсны фæндырдзæгъдджытæ. Сæ цагъдмæ сын-иу адæм нæ, фæлæ æрдз дæр æрыхъуыста.

Ахуырдзау: Цыдысты бонтæ, царди зæронд лæг йе 'ртæ чызгимæ æмæ сын сæ циныл цин кодта. Фæлæ мæгуырæй амонд дардмæ лидзы, фæзæгъынц. Иу сæрдыгон райдзаст бон чызджытæ бадтысты сæ хæдзары дуармæ æмæ фæндырæй цагътой. Æмæ æнхъæн дуне бахауди сæ уацары. Хъуыстой адæм, хъуыста æрдз, хъуыстой дуртæ дæр. Раст уыцы рæстæг йæ урс хъал бæхыл æрцæйцыди хан. Æваст æй йæ базыртыл аскъæфта æнахуыр мелоди: «Цымæ, ай цы уа? Цавæр уæларвон зæды сызгъæрин къухтæй цæуы ацы фæндырдзагъд?».

Уалынмæ ауыдта уæларвон зæдты. «Рæсугъдтæ куыннæ федтон, фæлæ дзы адонæн æмбал нæ уыди. Хъуамæ сæ иу мæ бинойнаг бауа», — ахъуыды кодта йæхинымæры.

Хан уыди хæрзконд, хъæздыг æмæ ныфсхаст лæг. Кæмæ баминæвар кодтаид æмæ йыл йæхи чи атигъ кодтаид? Бахатыд хистæр чызгмæ, фæлæ йын уый ницы ком радта. Хан йæ фæндон загъта дыккагæн, уый дæр ыл йæхи атигъ кодта. Æртыккаг дæр не сразы йæ фæндыл.

Ахуырдзау: Хан фырмæстæй цæхæртыл кафыд. Æрцахсын кодта чызджыты, иу ныккæнды сæ ныппæрста æмæ сын нæдæр хæринаг лæвæрдта, нæдæр дон. Нæ дзы куырдтой уыдон ницы. Æрмæст загътой ханæн: «Нæ фæстаг фæндон нын сæххæст кæн, нæ фæндыр нын ратт». Алы бон дæр-иу хан ссыди йæ мæсыджы сæрмæ, æмæ йæм ныккæндæй хъуыст æрмæстдæр фæндырдзагъд.

Ахуырдзау: Иубон йæ хъустыл ауади цагъд нæ, фæлæ... Уый уыдис... аргъау. Фыццаг хатт фехъуыста хан ацы алæмæты цагъд. Йе 'муд куы 'рцыди, уæд ныууад ныккæндмæ, дуар фегом кодта æмæ уыны: дыууæ хистæр чызджы хуыссынц, сæ рæсугъд мæрдон цæсгæмттыл, ныр мидæмæ чи 'рбалæбурдта, уыцы хуры

тынтæ ахъазыдысты. Кæстæр чызг та, йæ уд исгæйæ, кæронмæ хæццæ кодта, йæ хотæ кæй райдыдтой, уыцы цагъд.

Ахуыргæнæг: Цы амыдта, цымæ, æртæ рæсугъды цагъд? Цы 'вдыстой сæ цагъдæй, сæ мæлæт зонгæйæ, æнамонд сидзæртæ?

Ахуырдзау: Чи зоны, сæ уæззау хъысмæт æмæ тухæнтæ, чи зоны, се 'взонг удтимæ сæ сыгъдæг уарзондзинад дæр кæй амæлдзæн, уый зонгæйæ ардтой Стыр Уарзондзинады ном. Фæлæ цы баци хан та? Æрбадтис æртæ чызджы астæу, райста фæндыр æмæ цагъта, цагъта. Адæм æмбырдтæ байдыдтой, æрыхъуыстой йæм... Æмæ загъта хан: «Абонæй фæстæмæ ацы цагъд нымад фæуæд ханты цагъдыл, уымæн æмæ райгуырди ханы зæххыл».

Ахуырдзау: Къоста фыста дыууæ 'взагыл — иронау æмæ уырыссагау. Алчидæр нæ хъуамæ æнæмæнг зона уырыссаг æвзаг, фæлæ махæй, ирæттæй, алчидæр хорз куы нæ зона йæ мадæлон æвзаг, уæд нæ уыдзæни Къостайы аккаг, нæ уыдзæн Ирыстон æмæ дун-дунейы аккаг.

Ахуырдзау: Къостайæн йæ алы ныхас дæр зæрдæйыл æмбæлы. Йе 'мдзæвгæ «Кæмæн цы?» та иууыл афоризмтæй арæзт у. Къостайы алы ныхас дæр адджын æмæ æхсызгон у.

Ахуырдзаутæ:

1). Нæ фæззæг куыстæн у, нæ уалдзæг — дзæнæт.

2). Свободу я больше, чем славу, любил... Для ней не щадил я ни жизни, ни сил.

3). Æнæ аххосæй фыййауы фосæй нæ хæссы бирæгъ!

4). Не рыдайте безумно над ней, —
Она цели достигла своей.

5). Дзырд Хуыцауы раз
Радта иннæмæн.

6). Услужливый дурак опаснее врага.

7). Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы.

8). Цæй мæгуыр дæ, иунæг,
Дæ мад амæла!

9). Сонт рæдыдæн — барст.

Ахуырдзаутæ:

1). Макуы уæд ахæм рæстæг, кæд нæ уа Къоста!

2). Макуы уæд ахæм рæстæг, кæд нæ уой ирон æвзаг, ирон литературæ, ирон культурæ!

3). Макуы уæд ахæм рæстæг, кæд нæ уа Ирыстон!

Ахуырдзаутæ:

1). Уазæг кадджын у ирон адæммæ æмæ нæ уазджытæн фæндараст зæгъæм.

2). О дунесфæлдисæг иунæг кадджын Хуыцау, табу дæхицæн! Лæгæн ацы зæххыл хорз цæрынмæ фарн æмæ амондæй цы саккаг кодтай, уымæй нæ хайджын æмæ хайырджын скæн!

3). Нæ алы хъуыддæгтæ нын рæстмæ чи аразы, фæллад бæлццоны бынатыл чи 'мбæлын кæны, фыдæлты зæлдагбазыр бæрзонд Уастырджи, табу дæхицæн. Урс хох — дæ бадæн, быдыр — дæ фæлгæсæн. Хохæй-быдырæй дæм нæ Ирыстоны чидæриддæр кувы, уыдон — де уазæг, ды — сæ фæдзæхсæт!

4). Уе 'ппæт дæр раст фæндæгтыл цæут! Кæдæм бафтат, уым та уæ дзыхы ныхас адджын куыд уа, ахæм амонд уæ уæд!

Ахуырдзау: Мах канд ирон ныхасыл нæ ахуыр кæнæм, фæлæ ма тынг уарзæм ирон аивад. Уæ хорзæхæй, нæ уазджытæ, кафты бар уын.

Цæлыккаты Аннæ.

Аннæ æмæ Дойаты Дади.

Æмбалты Дзыккын,
Цоцкойы хо. 1892 аз, апрель.

Золойты Зæирæ, хъуыстгонд хæрдгæхуыдгæнæг. 1913 аз.

Битарты Евгения.

Есиаты Ханиффæ, Тлаттаты ус. Къамы чъылдымыл баззад Байаты Гаппойы фыст. 1895 аз, июнь.

Хатъаты Пало, иттæг дæсны кодта басылыхъхъытæ.

Галаты булкъоны чызг Надя (рахизырдыгæй). Иннæ чызг бæрæг нæу. Г. Хотин, 1900 аз.

Кæсæбиты Макка, Хетæгкаты булкъон Василийы бинойнаг.

Галиуырдыгæй рахизырдæм: Есиаты Чабæхан, Куындыхаты Муссæйы бинойнаг; Куындыхаты Даткæ, Цураты Хадзы-Умары ус; Куындыхаты Пупи(?), Дзантиаты Дзантийы ус.

Гайты Иналыхъы чызг Надя,
Гуырдзыбеты Бласкайы бинойнаг.

ДУНЕЙЫ ДИССÆГТÆ

АРТЕМИДÆЙЫ КУВÆНДОН ЭФЕСЫ



Грекъаг сахар Эфес уыди Чысыл Азийы ныгуылæйнаг былгæрон, бындур ын æвæрд æрцыд нæ эрæйы агъоммæ XII æнусы. Артемидæйы кувæндон сахарæн йæхи мидæг нæ уыди, фæлæ авд километры æддæдæр фæзы. Ацы кувæндон нымад у дунейы æртыккаг диссагыл. Арæзт æрцыди бæркады, цæрæгойты æмæ цуанæтты, стæй Мæйы усбардуаг Артемидæйы номыл. Фæстæдæр Артемидæйы хонын райдыдтой чызгон æфсарм æмæ арæг сылгоймæгты бардуаг. Грекъаг æрмдæснытæ йын йæ сурæт арæзтой мармæрæй, бронзæйæ, ахорæнтæй, хуыдтой йæ тæккæ уынджындæр, кондджындæр, фидауцджындæр сылгоймаг.



Артемидæйы номыл кувæдон саразыны тыххæй равзæрстой архитектор Харсифроны. Уый фæндæй кувæндон хъуамæ арæзт æрцыдаид мармæрæй, фæлæ ахæм дур æввахс никуы уыд.

Иу хатт, Пиксодор, зæгъгæ, иу фыййау йæ фос хызта Эфесмæ хæстæг кæрдæгæй æмбæрзт къуылдымтыл. Дыууæ фыры фæхыл сты, нæ сæртæй

кæрæдзи ныггуымс кæнæм, зæгъгæ, фæстæрдæм ацыдысты æмæ иу иннæйы ныхмæ разгъордта. Фæлæ сæ фæнд фæсыкк — сæ иу йæ сæр бахаста айнæгмæ. Айнæгæй дын миты хуызæн урсурсид къæртт куы фæхауид. Фыййау æй систа, æдзынæг æм фæкасти, стæй йæ сахармæ ахаста. Дуры схъис разынди сыгъдæг мармæр. Сахары цæрджыты цинæн ма кæрон кæм уыди, фыййауы зынаргъ дарæстæй сфæлыстой, æмæ йæ кæд уымæй размæ æппындæр ничи зыдта, уæд ныр Пиксодоры ном æгас бæстыл ныхъхъæр.

Кувæндон хъуамæ сарæзтаиккой, Каистрæйы дон денджызмæ кæм калд, уырдæм хæстæг. Мæр цъымараджын кæй уыд, уый аразджытæ банымадтой хуыздæрыл: ацы рæтты зæххæнкъуыстытæ арæх вæййы, æмæ риуыгъдтыты тых къаддæр кодта уымæл рæтты.

Мармæр цæджындзтæ ласын хъуыди 12 километры бæрц, цæлхытæ ныхстысты уымæл зæххы. Уæд Харсифрон цæджындзты тигътыл ныххойын кодта æфсæн къæбæлтæ, æмæ сыл фидардæры тыххæй зды ауагътой. Къæбæлтыл бакодтой цæлхытæ, æмæ дурын цæджындзтæ ауыгъдæй лæууыдысты æфсæйнаг сæмæныл. Афтæмæй дзы-иу уæрдонгонд рауад, æмæ дзы-иу галтæ баифтыгътой. Харсифроны фæстæ кувæндон аразыны хъуыддаг йæхимæ райста йæ фырт Метаген. Фæлæ уый рæстæджы дæр кувæндон кæронмæ арæзт нæ фæци. Уæлдай зындæр уыди дæргъæй-дæргъмæ цæджындзтæ схъил кæнын æмæ сæвæрын. Рагон автортæ куыд фыссынц, афтæмæй «иу æхсæв усбардуаг йæхæдæг фæзынд æмæ цæджындзтæ сæвæрдта, куыд хъуыд, афтæ; кæддæр Аполлон дæр, Дельфæты йын йæ номыл цы аргъуан арæзтой, уый амайгæйæ йæхæдæг æххуыс кодта». Фæлæ цæджындзтæ æвæрд куы æрцыдысты, уæд та аразджытæн сæ размæ ног цæлхдур фæзынди: куыд сæвæрой хъайвантæ, цæджындзты цъуппытæ нæ бахъыгдаргæйæ. Уæд Метаген цæджындзты сæртыл сæвæрын кодта змисæй дзаг голджытæ. Уый уыди зонджын æрхъуыды: хъайван-иу куы æрæвæрдтой змисæй дзаг голлагыл, уæд-иу змис сабыргай азгъæлд, æмæ-иу хъайвантæ сæ бынæттæ ссардтой. Метагенæн дæр нæ бантысти кувæндон кæронмæ саразын, йæ хъуыддаг ын дарддæр ахæццæ кодтой архитектортæ Пеонит æмæ Деметрий. Нæ эрæйы агъоммæ 550-æм азы бæстыхай йæ хуыз скалдта, æмæ йыл адæм дисæй мардысты.

Кувæндонæн йæ дæргъ уыди 110 метры, йæ уæрх та — 55.

Йæ алыварс 18 метры бæрзæндмæ систой сæхи дыууæ фæлтæры цæджындзтæ. Плиний Хистæр куыд фыста, афтæмæй уыдон уыдысты 127. Кувæндонæн йæ сæр дæр агуыридурæй нæ уыди, фæлæ мармæр къæйтæй. Бæстыхайы фисынтыл уæле лæууыди цыппар егъау мармæр богъы.

Бæстыхайы къултæ уыдысты мармæрæй астæрд, сæйраг залы бæстастæу — Артемидæйы статуйæ, йæ бæрзæнд — 15 метры. Йæ бындур хъæдæй уыд, уæле та сызгъæринæй æмæ алы зынаргъ дзауматæй фæлыст.

Дыууæсæдæ азы фæстæ Эфесы цæрæг Герострат арт бафтыдта Артемидæйы кувæндоныл, ома, дам, мæ ном историйы баззайа (æмæ æцæг дæр баззади). Уый уыди 356 азы 21 июлы, раст Македойнаг Алыксандры райгуырды бон. Эфесы цæрджытæ æмхъæлæсæй уынаффæ рахастой, цæмæй фыдгæнæджы ном æнусмæ рохуаты баззайа адæмæй. Официалон гæххæттыты йæ кой вæйиы, «иу æрра», зæгъгæ, ахæм хуызы. Фæлæ йын нæ эрæйы агъоммæ IV æнусы грекъаг историк Феопомп йæ кой скодта, æмæ афтæмæй Геростраты ном историйы баззад.

Арт стыр фыдбылызтæ æрхаста кувæндонæн: хъæды мыггагæй дзы цы уыд, уыдон иууылдæр басыгъдысты, хъайвантæ æмæ цæджындзтæй бирæтæ афазтæ сты.

Македойнаг Алыксандр Эфесмæ куы бахауд, уæд бардзырд радта кувæндон ногæй саразыны тыххæй. Архитектор Дейнократы фæндæй бæстыхайæн лæвæрд æрцыд йæ рагон хуыз. Эфесы цæрджытæм æвгъау ницы фæкасти — кувæндон йæ къахыл слæууын кæныны тыххæй сæ фæстаг исбоныл нæ бацауæрстой.

Фондз æнусæй фылдæр фæлæууыд Артемидæйы кувæндон. Фондз æнусæй фылдæр адæмæн хаста зæрдæрухс æмæ æгæрон цин. Ивылдысты йæм Гречъы бæстæйы алы рæттæй, кодтой йын нывæндтæ, дзуарылæгтæ зæрдиагæй куывтой чызджыты бардуагæн. Алы ног хицау дæр хъуамæ йæ къæлæтджыны æрбадыны размæ йæ сæрæй ныллæг акуывтаид Артемидæйæн. Ацы кувæндонмæ-иу цыфæнды фыдгæнæг дæр куы 'рбаирвæзт, уæд ыл къухæй андзæвæн дæр нæ уыд.

Уый фæстæ æрбабырстой готтæ æмæ кувæндон фæхастой, ныггæныстон æй кодтой. Эфесы цæрджытæ, дам, æй ногæй сарæзтой, фæлæ мах эрæйы 383 азы император Феодосий I уынаффæ рахаста мурттаттаг кувæндон фехалыны тыххæй. Фæстæдæр зæххæнкъуысты рæстæг Эфесаг Артемидæйы кувæндон ныддæрæн, хæдзаруат фестади.

СОМИХАГ ÆМБИСÆНДТÆ

ЙÆ УД ИСÆГ ТЕУА

Рувас, мæлыны къахыл чи ныллæуыд, ахæм теуайыл амбæлд æмæ йæ цуры сбадти. Теуа йæ фæрсы:

— Цæмæ 'рбацыдтæ?

Рувас дзуапп радта:

— Куы амæлай, уæд дын дæ дзидзайæ мæхи хорз фендзынæн.

Уæд ын теуа афтæ:

— У æнаккаг, мæ мард мын никуы фендзынæ: мæ къубал даргъ у, æмæ мæ уд ууылты зынтæй рацæудзæн.

Рувас та йын дзуапп радта:

— Махæн нæ хъæстæ фæразон у: дыууиссæдз бонмæ куынæ сисай дæ уд, уæддæр æнхъæлмæ кæсдзынæн.

КУЫРМ МЫСТ

Куырм мыстæн æрдз ахæм фæтк саккаг кодта: иудадзыг зæхх къахы, стæй иу бынаты бирæ нæ лæууы. Куыд дзурынц, афтæмæй тынг смаггæнаг у æмæ, йæхæдæг йæхи тæфæй куы стыхсы, уæд æндæр ранмæ ацæуы — афтæ йæм кæсы, цыма хъылмайы тæф йæхицæй нæ цæуы, фæлæ йæ бынатæй.

УАСДЖЫТÆ

Дыууæ уасæджы фæхыл сты, æмæ дзы иу иннæуыл фæтых. Йæхицæй куыннæ ныббуц уыдаид, чи фæуæлахиз, уый! Хæдзары сæрмæ стахт æмæ уыцы схъæлæй рацу-бацу кæны, уасы йæ зæрдæйы дзæбæхæн.

Уалынджы кæцæйдæр цæргæс æрбатахт, уæлахиздзау уасæгыл йæхи андзæрста æмæ йæ аскъæфта.

МÆГУЫР ЛÆГ ÆМÆ БИРÆГЪ

Иу лæгæн йæ хæрæг фесæфт æмæ йæ агурын байдыдта. Бирæгъ ыл амбæлд æмæ йæ фæрсы:

— Цы агурыс?

— Мæ хæрæг фесæфт æмæ йæ нал арын.

Бирæгъ загъта:

— Æз дын æй ссардтон.

Лæг ын афтæ:

— Куы мын æй æрбакæнай, уæд дын исты хорзы бацæудзынæн.

Бирæгъ ын дзуапп радта:

— Дæ хæрæг цъыфы ныссагъд, æртæ боны фæудхар кодтон йæ раласыныл. Стæй йæ бахордтон: зыдтон æй, уыцы хæрæгæй уæлдай дæм ницы ис, уый, æмæ мын цы хорзы бацыдаис?

ЦÆРГÆСЫ МÆЛÆТ

Цæргæс арвыл фæцæйтахт, æмæ дын æй æваст фатæй куы сыхстæуаид. Цæргæс дисы аныгъуылди: чи мæ фехста? Ракастис æмæ ауыдта: фаты кæроныл уыд йæхи сис. Æмæ загъта цæргæс:

— Додой мæ сæр, мæхи сисæй æрцыди мæ мæлæт!

ТЕРКАГ ГЕРКУЛЕС

Диссаджы тыхджын лæппу рæзы Кæсæг-Балхъары республикæйы горæт Терчы цæрæг Хатуховтæм: æртæ азы æмæ йыл æрдæг йеддæмæ нæма цæуы, афтæмæй рогæн исы 24 килограммы уæз. Дзамболат (афтæ хуыйны йæ ном) йе 'мгæрттæй у дзæвгар бæрзонддæр, йæ уæз та — 40 килæйы. Йæ ном хаст æрцыди Планетæйы рекордты чиныгмæ. Чысыл бæгъатыры бахуыдтой сывæллæтты спортивон скъоламæ тренировкæтæм. Йæ мад Неля Кабардокова у медицинон хо, ис ма йын дыууæ «хуымæтæджы» лæппуйы: иу — 15-аздзыд, иннæ та — 11-аздзыд.

ЙÆ ХÆЛАФ РАЛАСТА ÆМÆ... ФЕСГУЫХТИ

Индиаг Нимай Дас æфсæнвæндаджы фæрсты тезгъо кæнгæйæ бафиппайдта, рельсытæй цалдæр æппæрст кæй сты, уый. Раст уыцы сахат æрбацæйцыди поезд. Лæгæн æваст йæ сæры февзæрд æнахуыр хъуыды: йæ цыбыр сырх хæлаф феппæрста, тырысайау æй йæ сæрмæ систа æмæ йæ тилын байдыдта. Машинист æй ауыдта. Поезд æрлæууыд æппæрст рельсытæй цалдæр метры æддæдæр. Цырддзаст, хæрзарæхст Нимай Дасы руаджы амонджын ирвæзт акодтой цалдæр сæдæ адæймаджы.

ХОСТЫ ХУЫЗДÆР — ХУДЫН

Чикагойы университеты психолог Вирджиния Сэйтеры нымадæй адæймаг цæмæй æнæниз уа, уымæн æппæтæй хуыздæр хос у хъæлдзæг уæвын. Ома арæхдæр дæ чеппыл у, дæ мидбылты худ, æмæ дæ буарæн низтæ ницыхъом уыдзысты. Æдзухдæр æнкъард, мæстæлгъæд чи у, йæ зæрдæйы фыдæх чи хæссы, уыцы адæймæгтæм та низтæ æмхиц сты, медицинæйы æвзагыл дзургæйæ та — сæ иммунитет фидар нæу. Дохтыр амоны: æрвылбон-иу хæларзæрдæйæ 10 хаттæй фылдæр уæ хъæбысы акæнут уæ уарзон адæмы, æппынкъаддæр 15 минуты та хъазгæ-худгæйæ ацæрут. Цæвиттон, ахуд æмæ фылдæр фæцæрай! Æрмæст уæ æдылы худтæй Хуыцау бахизæд.

УÆЛДÆФ — ЦАРДЫ ХОС

Уыцы университеты ахуыргæндтæ ма ноджы амонынц: уазал дæ куы бацæуа, уæд аспирин нуазынмæ ма фæу, фæлæ витаминтæм де 'ргом аздах, уæлдайдæр та витамин С-мæ, æмæ сыгъдæг уæлдæфмæ дæхи айс, атезгъо кæн æппынкъаддæр иу сахаты 'рдæг. Уæлдæфы арæх чи вæййы, уыцы рынчынтæ дыууæ хатты тагъддæр адзæбæх вæййынц, хæдзарæй рацæуыны хъомыс кæмæн нæй, уыдонæй.

«МÆРДТÆЙДЗÆУÆГ»

Молдавиаг чысыл сахар Бричаныйы зæронд уæлмæрдты дын иуахæмы зæппадзы дуртæй иу куы базмæлид æмæ иуварс куы абырид. Стæй дын зыхъхъырæй иу хъуынджын сæр куы сзынид. Циу, цы хабар у? Ау, мард райгас и? Фæлæ уыцы рæстæг, уæлмæрдты чи уыд, уыдон æхсызгонæй æнхъæлмæ кастысты «мæрдтæйдзæуæджы» фæзындмæ. Уæлмæрдты та пъæлицæ уыдысты. Суанг се смудаг куыдзы бон дæр нæ уыди, дачæтæй давыныл чи фæгæрз, уыцы лæджы æрцахсын. Бомж Михаил Л. йæхицæн цæрæнбынатæн равзæрста зæппадз. Ам æфснайдта, цы-иу фæфос кодта, уыдон дæр. Ныр давæг йе «нусон хæдзар» баивта слестгæнæн изоляторæй.

ГÆДЫЙЫ БÆЛЛÆХТÆ

Йошкар-Олайы сахары иу сылгоймаг куыстæй сæхимæ куы 'рбацыд, уæд сфæнд кодта уырыссаг пецы арт бандзарын. Суттæ судзын райдыдтой, афтæ дын пецы дзыхæй гæды, фæздæгкалгæ уыциу сæррæтт куы раласид. Ус дисæй амарди — сæ уарзон гæды афæдзы æрдæг нымад уыди сæфтыл. Фæззæджы сыхæгтæ Муркæйы семæ кæсаг ахсынмæ аластой. Фондзыссæдз километры фæцыдысты машинæйы, стæй бæлæгъты сбадтысты æмæ Волгæйы фаллаг былмæ аленк кодтой. Иу афон гæды сызнæт, йæхи раппар-баппар систа, стæй бæлæгъæй алиуырдта. Талынг уыд, æмæ йæ ничиуал ауыдта... Сæфтыл банымадтой Муркæйы, уæдæ цы. Ныр æваст пецы дзыхæй куы рагæпп ласта, уæд бинонты цинæн æмæ дисæн кæрон нал уыд. Æвæццæгæн, уал мæйы фæндæгтыл дуне хъизæмæрттæ чи бавзæрста, уыцы гæды суазал æмæ, йæ хæдзар куы ссардта, уæд хъарм пецы фæкуыси. Йæ амондæн афоныл раирвæзт æртгомæй.

КÆМÆН И ХЪÆЛДЗÆГ ЦАРД УЫРЫСЫ?

Журнал «Евроньюс» ранымадта Уæрæсейы 9 миллиардеры нæмттæ. Уыдон сты Михаил Ходорковский (ис æм 8 миллиард доллæры), Роман Абрамович (3,3 миллиард доллæры), Михаил Фридман (2,6 миллиард доллæры), Рэм Вяхирев (1,8 миллиард доллæры), Владимир Потанин (1,74 миллиард доллæры), Вагит Алекперов (1,7 миллиард доллæры), Владимир Богданов (1,45 миллиард доллæры), Владимир Черномырдин (1,35 миллиард доллæры), Олег Дерипаска (1,35 миллиард доллæры).

Рейтингмæ миллиардертæ цы цæстæй кæсынц? Владимир Богданов æмæ Вагит Алекперов ацы хъуыддаджы тыххæй зæгъын нæ бакуымдтой. В. Черномырдин та «АиФ»-æн ахæм дзуапп радта: «Дыууæ азы размæ францаг журнал «Монд» мæ исбонæн скодта 5 миллиард доллæры аргъ, ныр та — 1,35 миллиард доллæры аргъ. Мæнмæ сæ иутæ дæр æмæ иннæтæ дæр не сты. Официалон хуызы зæгъын: «Мæ миллиардты фæд мын чи ссара, уымæн сæ иу хай ратдзынæн».

«Чи сласдзæн, адæмæн сæ цæстыты цы сындзытæ нынныхст, уыдон? Чи айсдзæн, уырысæн сæ уæлтъыфæлттæ цы сау суаритæй æмбæрзт сты, уыдон? Уырыссаг мужуккæн йæ хъусмæ иерихонаг хæтæл-уадындз чи бахæсдзæн æмæ йын дзы хъæлæсыдзагæй чи ныгукк кæндзæни, цæмæй йæ мæрдхуыстæй æмæ сæлхæры уаварæй райхъал уа? Чи авæрдзæн Абрамовичы ныхыл йæ амæст æнгуылдз æмæ йын чи зæгъдзæни: «Цы айстай, уый фæстæмæ йæ бынаты æрæвæр!» Искуы ис ахæм фæдисон-фидиуæг? Кæм и уыцы дзыхарæхст, дзырддзæугæ лæг? Чи у — политик, инæлар, дзырды дæсны-фыссæг?»

Александр Проханов, газет «Завтра», 2003, №5

ПЕТР ÆМÆ ИННÆТÆ

ДАМ-ДУМТÆ

Иуахæмы Петр фæрсы йæ быдзæу Балакиревы:

— Мæ галуаны чи ис, уыдоны ныхæстæ раст сты — æцæг æдылы дæ?

— Алы дам-думтыл ма 'ууæнд, Петр Алексеевич, — дзуапп ын радта быдзæу, — дæ галуаны мæнг ныхæстæй фылдæр цы кæнынц. Кæд дæ йæ зонын фæнды, уæд дæу та зонджын хонынц.

ИРВÆЗЫНГÆНÆГ ЗÆХХ

Иу хатт та Балакирев Петры смæсты кодта. Паддзах ыл уыциу хъæр фæласта:

— Фесæф ардыгæй! Уырысы зæххыл дæ къах дæр куыд нал æрæвæрай, афтæ!

Балакирев Швецимæ ацыд. Уым арæнгæстæн иучысыл æхца бафыста. Уыдон ын йæ голлаг сæхирдыгон сыджытæй байдзаг кодтой. Голлагыл ныффыстой, сыджыт шведаг у, зæгъгæ.

Гъемæ та дын иуахæмы Петербурджы стыр уынджы Балакиревыл Петр куы амбæлид.

— Ногæй та нæ зæхмæ æрбацыдтæ! — фæхъæр ыл кодта паддзах.

— Нæ, цытджын паддзах. Æз шведаг зæххыл дæн! Мæнæ æркæс! — æмæ йын Балакирев ацамыдта, цы голлагыл лæууыд, уымæ.

СЕ 'ППÆТЫ ДÆР АУЫНДЗЫН БАХЪÆУДЗÆН

Иу хатт Петр I Сенаты æмбырды бадти. Ныхас цыди давджытыл. Паддзах тынг смæсты æмæ инæлар-прокуроræн афтæ:

— Тæккæ абон мæ номæй бардзырд ныффысс: «Бæндæн балхæныны фаг æхца дæр чи адава, уый ауыгъд æрцæудзæн æнæ слестæй».

Инæлар-прокурор фыссæн сис райста, стæй ахъуыды кодта æмæ императормæ дзуры:

— Мæ паддзах! Афтæмæй зыбыты иунæгæй баззайдзынæ. Дæ дæлбар чи ис, уыдонæй чи нæ давы, ахæм нæй, æрмæст иутæн фæхъæр вæйиы, иннæтæн — нæ.

ДÆНДÆГТЫ РЫСТ

Паддзахы адæмæй иу, бирæ дзураг чи уыд, ахæм Балакиревы фæрсы:

— Мæ дæндæгтæ цæмæн риссынц, уый нæ зонынс?

— Цæмæн, цæмæн? — дзуапп ын радта быдзæу. — Иудадзыг сæ де 'взагæй хойыс æмæ уымæн...

ПЕТР ÆМÆ САУДЖЫН

Иуахæмы Петр-паддзах амбæлди, йе уæхскыл топп ауыгъд кæмæн уыд, ахæм сауджыныл. Паддзах æй бафарста, кæдæм рабалц кодтай, зæгъгæ. Сауджын нæ базыдта Петры æмæ йын дзуапп радта, рынчынфæрсæг, дам, цæуын.

— Æмæ топп та цæмæн рахастай? — афарста йæ паддзах.

Лæг ын дзуапп радта:

— Адон æнамонд бынæттæ сты, стигъджытæ æмæ марджытæй бæз-бæз кæнынц.

— О, фæлæ дæхæдæг искæй куы амарай, уæд сауджын нал уыдзынæ.

— Раст зæгъыс, нал уыдзынæн, — дзуапп ын радта сауджын, — фæлæ мын мæхи куы амарой, уæд та сауджын нæ, фæлæ лæг дæр нал уыдзынæн.

ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

* * *

— Дохтыр, сылгоймæгтæ нæлгоймæгтæй фылдæр цæрынц, зæгъгæ, уыцы ныхас æцæг у?

— О, уæлдайдæр та идæдз устытæ.

* * *

— Дохтыр, депресси мæ удхарæй мары.

— Уымæн æппæтæй хуыздæр хос циу, уый зоныс? Сæрæй къæхтæм дæ куысты аныгъуыл.

— Бæргæ, бæргæ, фæлæ бетонзмæнтæгæй кусын.

* * *

Æмбондыл фыст: Катя + Миша + Боря + Юра + Дмитрий Васильевич + æмбал Никитин + сырхсæр сантехник + Витенька + телемастер Жорес + къинто Гиви + æнаккаг Редулов + даргъдзыккуджын... йæ ном мæ ферох + ноджы 19 нæлгоймаджы + мæ мой = УАРЗОНДЗИНАД!

* * *

Англисагæн ис ус æмæ хæзгул. Англисаг уарзы йæ усы.
Францагæн ис ус æмæ хæзгул. Францаг уарзы йæ хæзгулы.
Дзуттагæн ис ус æмæ хæзгул. Дзуттаг уарзы йæ мады.
Уырыссагæн ис ус æмæ хæзгул. Уырыссаг уарзы водкæ.

НОМДЗЫД ЛÆГТÆ ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

Æвзаг у, литературæ кæм цæры, уыцы дуне.

Р. Барт

Æвзаг у адæмы национ уд. Кæд ахæм уд ис, уæд адæм дæр ис.

Ш. Ядвигин

Адæмы рагон хабæрттæ базонынæн ис æвдисæнтæ: се стджытæ, сæ ингæнтæ. Фæлæ сын ис уыдонæй цардæгасдæр æвдисæн дæр: се 'взаг.

Я. Гримм

Æвзаг куы нæ уа, уæд нæдæр хицæн адæймагæн, нæдæр адæмæн æнæхъæнæй нæ бантысдзæн йæ хъуыдытæ, йе

'нкъарæнтæ иннæтæн, уæлдайдæр та фæстæдæры фæлтæртæн, бамбарын кæнын.

Х. Абовян

Æвзаг цардæгас адæймаг у: адæймаджы уд, йæ миддуне, йæ «æз» бацæуынц мырты хуызы, уымæ гæсгæ, сæ политикон хæдбардзинад кæмæн фæистæуы, уыцы чысыл адæмтæ афтæ удуæлдайæ уымæн фæтох кæнынц се 'взаджы сæрвæлтау.

Ж Бюффон

Адæймаг сæфын куы райдайы, уæд йемæ æвзаг дæр сæфы.

Р. Эмерсон

Æвзаг сæфын куы райдайы, уæд йемæ адæймаг дæр сæфы.

И. Бродский

Адæмы сцагъар кæныны куыст райдайы адæмæн се 'взаг марынæй.

В. Белов

Кæцыфæнды æвзаг дæр у, истори джиппы кæй рауагъта, ахæм майдан.

А. Ривароль



ГÆДЫТЫ ПАДДЗАХ

Ацы гæдыйæн йæ ном хуыйны Кэти, цæры Асбесты сахары (Урал). Нæ планетæйыл амæй уæззаудæр гæды нæй: ласы 23 килæйы, азтæй та йыл цæуы 5. Ныронг дунейыл æппæты егъаудæр гæдыйыл нымад уыд австралийаг Химми: йæ уæз — 21 килæ æмæ 300 граммы.

Урайлаг Кэтийæн йæ дæргъæй йæ уæрх у стырдæр (69 см Х 70 см.). Минутмæ ахæры иу сосискæ æмæ 'рдæг.

ИРОН

ПОЭЗИЙЫ

АНТОЛОГИ

ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА
(1859 — 1906)

Нæ мæнг дунемæ æцæг поэт куы рантысы, уæд, мæнæ аргъæутты куыд у, афтæ йæ размæ фæвæййы æртæ фæндаджы. Фыццаг: фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндаг. Ацы фæндагыл цы поэт æрлæууы, уый, царды æвирхъау бæллæхтæ уынгæйæ, кæнæ йæхимæ йæ къух сисы, кæнæ та йæ исчи амары (растдæр зæгъгæйæ та: цард æй амары поэтæн йæхи къухæй, йе та искæй къухæй). Дыккаг: поэт уæлæуыл зындоны удхæрттæн нæ бафæразы, æмæ йæ зонд фæцæуы, сæрра вæййы. Æртыккаг: поэтæй рауайы сатирик, юморист. Кæй зæгъын æй хъæуы, цард вазыгджын у, æндæр гакъæттæ дæр ма дзы разындзæни, фæлæ уæддæр поэттæн арæхдæр ацы æртæ фæндаджы вæййынц æрдзæй нывгонд. Мин азы размæ сирийаг поэт Маарри загъта: цард у, йе 'взаг сæрдасæнæй цыргъдæр кæмæн у, ахæм хъулон калм. «Адæймаджы цард — зындонæн йæхицæй зындондæр» — уый та япойнаг фыссæг Акутагавæ загъта 20-æм æнусы.

Хетæгкаты Къостайы йæ хъысмæт бафтыдта дыккаг фæндагыл. Йæ сабийы бонтæй фæстæмæ «æлгъыстæй, уæд надæй цы нæ бавзæрста!» «Фидиссаг цардæн йæ ад» зыдта æдзухдæр, йæ нацийы зауыаты уавæр та йæ бынтон мардта, æнцой йын никуы радта. «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?» — ацы уыраугæ фарст ын сыгъта йæ риссаг зæрдæ цæрæнбонты. Къоста æрра кæй сси, уыцы койтæ кæнын нæ уарзæм, аив нæм нæ кæсы. Уымæн æмæ йæ нæхи барæнтæй барæм, стыр лæджы миддуне бамбарынхъом не стæм, уый цармы бацæуын нæ бон нæу. Итайлаг фыссæг Карло Доссийы загъдау, фæндæгтæ фыццаг зондцухтæ айгæрдынц, уыдон фæстæ та зондæй æххæстытæ ацæуынц. Хетæджы-фырт дæр ахæм зондцух уыди.

Къоста райгуырди Цæгат Ирыстоны Нары хъæуы. Дзидзидай сабийæ баззади сидзæрæй, æмæ йæ схъо-

мыл кодта Хетæгкаты Чендзе. Лæппуйы авдаздзыдæй радтой Нары райдайæн скъоламæ. Фæстæдæр ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы прогимназы, Стъараполы гимназы æмæ Петербурджы аивæдты академийы. Академи кæронмæ каст нæ фæци, йæ фадæттæ нæ амыдтой. Фæлæ Уæрæсейы столицæйы цы цыппар азы фæци, уыдон ын стыр ахъаз уыдысты йæ дарддæры царды.

1885 азы ссыди Дзæуджыхъæумæ, кодта сфæлдыстадон куыст, йе 'мдзæвгæты, публицистон уацты æвдыста мæгуыр адæмы фыдтухитæ, ныфсхастæй тох кодта æфхæрджыты ныхмæ. Уымæ гæсгæ йæ 1891 азы ахастой Хъæрæсемæ. Бирæ удхайраг бонтæ арвыста уым.

1892 азы йын бар радтой Стъараполы æрцæрынæн. Куыста газет «Северный Кавказ»-ы, рауагъта дзы йæ комеди «Дуня», сатирикон поэмæ «Кому живется весело», стæй бирæ публицистон уацтæ. Паддзахы администраци йæ хъыгдардта иудадзыг, йæ фæдыл ын-иу бафтыдта дзырдхæсджыты, пъæлицæйы, æмæ сæ поэт йæ сæрæн нал уыди. 1898 азы та йæ Терчы облæсты хицау инæлар Кахановы бардзырдмæ гæсгæ ахастой Херсонмæ. Ам дæр та — тухитæ, иунæджы бонтæ, æххормаг цæрдтытæ... Афтæмæй дзы фæцис афæдзмæ æввахс.

1900 азы мартъийы Къоста ссыди Пятигорскмæ, 1902 азы та — Дзæуджыхъæумæ. Йæ цард нывыл нæ цыди, бинонты хъуыддаг бакæнынæй йын ницы рауади. Хæдзар кæнынмæ дæр бæргæ бавнæлдта, фæлæ йын æрдæгарæзтæй баззад уæлæ Ирон аргъуанæй чысыл дæлдæр. Иудадзыг хъуæгтæ æмæ æфхæрдтытæ кæй æййæфта, низджын кæй уыди, сылгоймаджырдыгæй йæ амонд кæй нæ фæци, уыдæттæ йыл фæзындысты æмæ фæстагмæ сæрра.

1904 азы йæ аластой Лабæмæ. Ам амарди 1906 азы 1 апрелы.

Къостайы «Ирон фæндыр» джиппы уагъд æрцыди 1899 азы. Уый у ирон адæмы историйы тæккæ амонджындæр аз: уыцы чиныгæй бындур æвæрд æрцыди нæ литературæйæн. Йæ чиныгыл ном æвæргæйæ, Къостайы хъуыдæджы, æвæццæгæн, дыууадæстæнон фæндыр уыд. Уымæн та йæ равзæрд трагедиимæ баст у. О, поэты чиныджы номæн символон нысаниуæг ис — авторы дзуринæгтæн сæ фыццаг у йæ адæмы кæуинаг уавæр: «Бæрæг дæр нæ нал и, цы стæм...», «Иугай ныйистæм, ныууагъстам нæ бæстæ...», «Стонг фосау сæфыс ды дæр» (ома Иры фæсивæд). Дыууадæстæноны хъистæ куыд алы хъæлæстæй азæлыдысты, афтæ алыхуызон сты Къостайы поэзийы зæлтæ дæр: ис дзы хъарæг дæр, сыгъдæг уарзты утæхсæнтæ дæр, мады зæрдæйы тавс дæр, философон сагъæстæ дæр. Æлвæст, зонджын æмæ цыргъ ныхас раивы тохмæсидæг уадындзы фæдисхъæрæй, хæлар юмор — кардау кæрдаг сатирæйæ, хæстоны удхайраг зæрдæйы хъаст — аргъауы, æмбисонды, кадæджы фантастикон нывтæй. Поэтæй рохуаты нæ баззадысты нæ Иры сывæллæттæ дæр — хъусæм сын сæ хъæлæстæ, уынæм сын сæ цæсгæмттæ, сæ митæ.

Цæвиттон, Къоста басгуыхт Ирыстоны зæринком пехуымпар, ирон зонды цырагъ, ирон зæрдæйы ахсджиагдæр уидаг.

Поэты уацмыстæ бирæ хæттыты уагъд æрцыдысты джиппы. Ам дзы скæндзыстæм æрмæст дыууæ рауагъды кой — уыдон сты æппæты æххæстдæр: Коста Хетагуров. Собрание сочинений в 5-ти томах. М., изд. АН СССР, 1959 — 1961; Уацмысты æххæст æмбырдгонд 5 томæй (Полное собрание сочинений в 5-ти томах). Дзæуджыхъæу-Владикавказ, «Ир», 1999 — 2001.

НЫСТУАН

Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг,
Кæуæгау фæкæса, мыййаг,—
Кæй зæрдæ нæ агуры хъарæг,
Уый зарæд йæхи фæндиаг!..

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хæс,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс...

НЫФС

Тызмæгæй мæм ма кæс,
Мæ фыды зæронд,
Дæ зæрдæмæ ма хæсс
Мæ зæрдæйы конд!

Йæ фыды фæндиаг
Кæм вæййы фырт дæр?
Лæппуйæ рæдиаг
Нæ вæййы æвзæр!

Дæ номыл, дæ кадыл
Нæ барын мæхи, —
Ныууадз мæ мæ адыл, —
Фæндон хорз кæм и!?

Æз топпæй нæ хъазын,
Æз барæг нæ дæн;
Æхсаргард ысласын
Мæ бон нæу мæнæн.

Фæхудæнт мыл хъалтæ;
Ды се 'мбал нæ дæ!
Мæ гутон, мæ галтæ —
Мæнæн дæр цæттæ!

Мæ гутон, мæ галтæ —
Мæ фæндыр, мæ зонд;
Мæ кадæг, мæ зарæг —
Мæ цард хоры конд.

Нæ дзыллæйы зæрдæ —
Мæ хуымгæнды хай;
Нæ бæсты сагъæстæ —
Мæ фæззыгон най...

Дзаг хорæй мæ хордон,
Бæркадджын мæ зæхх.
Хæдтулгæ мæ уæрдон,
Мæ фæндаг уæрæх...

Мæгуырæй мын ма тæрс,
Мæ фыды зæронд, —
Дæ зæрдæмæ ма хæсс
Мæ зæрдæйы конд!..

ЗОНЫН

Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут,
Бавæрдзыстут мын мæ мард,
«Рухсаг у, рухсаг , — зæгъдзыстут,
Ницæмæн уал уыд дæ цард!»

Зонын, æргæвддзыстут исты, —
Мардыл ма чи дары ком? —
Алчи æфсæстæй мæ хисты
Ссардзæн арахъхъæй мæ ном.

Иу бон æгъгъæд у мысынæн,
Иу бон кæндзыстут мæ дзырд,
Уый фæстæ ферох уыдзынæн, —
Ничиуал зондзæн мæ цырт.

ХÆРЗБОН!..

Ифтонг хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй,
Скодтон уæрдæхæй дзыхъхъыннæуæг рон,
Ис ма цыдæртæ мæ кæрцы фæдджитæй...
Дард у мæ фæндаг... Зæгъын дын: хæрзбон!..

Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,
Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;
Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,
Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын...

Гъе ныр хæрзбон, мæ хур... Нал мæ уындзынæ.
Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!
Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,
Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном.

Чи зоны, искуы æрæфта дæ зæрдыл
Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын, —
Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл
Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын, —

Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ
Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр, —
Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,
Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...

Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ, —
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон
Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ..
Ма фæфæсмон кæ!.. Хæрзбон у, хæрзбон!..

МÆГУЫРЫ ЗÆРДÆ

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, —
Лæджы æмбæрц æруары мит;
Æфцæгæй коммæ уад дзыназы;
Их доныл саразы йæ хид.

Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæййы...
Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!
Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы, —
Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд?

Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн, —
Йæ сихор, йе 'хсæвæр — йæ мæт;
Йæ уат — ыскъæт, зыгуым — йæ лыстæн,
Хъæбæр — йæ цъæх хуыссæн нымæт...

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй, —
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй —
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.

РАКÆС!..

Дзæгъæл мæ ныууагъта мæ фыд,
Нæ зонын мæ мады рæвдыд,
Нæ бæстæй фæхицæн дæн сонтæй.
Кæмдæрты æнæсæронæй,
Æдыхæй, æцæгæлонæй
Мæ уалдзæг æрвыстон фыдбонтæй...

Фæхæссон-ма, загътон, уæддæр
Фæстæмæ мæ иунæджы сæр
Мæ Ирмæ, мæ райгуырæн бæстæм...
Мæ цæсты сыг донау мызти,
Мæ зæрдæ фырцинæй рызти, —
Куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм.

Æрцыдтæн... Мæхицæй фыддæр
Мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр,
Мæ уарзон, мæ иубæстон адæм!..
Нæ хæхтæй, нæ тыгъд быдыртæй
Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй, —
Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм!..

Лæджы хуызæн лæг нæм — ыстæм,
Бæрæг дæр нæ нал и, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг? —
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджы, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

ÆНÆ ХАЙ

Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй
Фæластон мæ сау зæрдæ дард...
Цы ма мын кæндзынæ? — дæ цæстыты сыгæй
Æнæ хай фæуыдзæн мæ мард!..

Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ
Æхсныфæй нуазынц мæ туг...
Мæлæтæй нæ тæрсын, фæлæ мын мæ фæстæ
Мæ уæлмæрдмæ чи хæсдзæн суг?

Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн хъарæг,
Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх,
Кæй фæндыр ысцæгъддзæн мæ иунæджы зарæг,
Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх?

Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй
Фæластон мæ сау зæрдæ дард...
Цы ма мын кæндзынæ? — дæ цæстыты сыгæй
Æнæ хай фæкодтон мæ мард!..

ДОДОЙ

Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,
Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!
Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ, —
Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!..

Искæй зæрдæ уæ дзыназгæ ныррризæд,
Искæмæ бахъарæд адæмы хъыг,
Дзыллæйы мæстæй уæ исчи фæриссæд,
Иумæ уæ разынæд иу цæсты сыг!..

Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой,
Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц,
Мард нын нæ уадзынц, нæ хæхтæ нын байстой,
Стырæй, чысылæй нæ уистæй нæмынц...

Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ, —
Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд, —
Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..

Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры, —
Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм...
Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры, —
Гъе-мардзæ, исчи! — бынтон сæфт кæнæм!..

КАТАЙ

Мæ хæлар, мæ уарзон. Æнæзонгæ уарзон!
Цы номæй дæм бадзурон, уый-ма мын зæгъ?

Мæ зæрдыл дæ дарын цы ныфсæй фæразон,
Мæ райгуырæн бæстæ, мæ фыдæлты зæхх?

Мæ райгуырæн бæстæ! Дæ айнæг къæдзæхæй,
Дæ фидар, фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын...

Мæ хæлар, мæ уарзон! Дæлзæххæй, уæлзæххæй,
Кæмдæриддæр дæ, — тагъд мæ хъæрмæ фæзын...

Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы,— куы бамбæхсай
барæй,
Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..

Мæ мæгуыр Ирыстон! Æрцæуæг æлдарæй,
Тыхгæнæг хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт!

Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй,
Æууæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар?..

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,
Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..

УÆЛМÆРДТЫ

Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр рæтты...
Фезмæлæн нал уыди абон нæ уæлмæрдты;
Стырæй, чысылæй, —

Уый бæрц æрцæугæ нæма федтон иу ранмæ,
Уый бæрц æркæсгæ нæма федтон иу зианмæ
Хохæй, быдырæй...

Иунæг лæппу йын уыд сау куырм зæронд фыдæн.
Дарын æй байдыдта... Абон йæ сау сынтæн
Бахъуыд йæ сагой!

Кусынмæ диссаг, æфсымæр æмгаримæ,
Уарзон хъæубæсты... Нæ хохæй Уæлладжырмæ
Айхъуыст йæ хорз кой.

Адджын хæринагæй йе стонг нæ басаста,
Усгур лæппуйау дзæбæхæн нæ раласта
Цухъхъа йæ рагъæй...

Хъал митæ кæнын лæппуйы та ценнæ уыд? —
Абоны онг нæм йæ къахыл нæ фендæуыд
Дзабыр сæракæй...

Абон æм бакæс,— йæхи дын куыд сарæзта! —
Нарæг йæ астæу, чындздзон чызгау, балвæста,
Алцæмæй ифтонг:

Алы рæсугъд дзаума, алы хæрдгæ бæстæ...
Исчи йæ федта, цы, искуы хæцæнгæрзтæ
Даргæ ныры онг?

Раст цыма схъомыл и топпимæ, кардимæ!..
Науæд уæлбæхæй йæ исчи æмгаримæ
Федта цы балцы? —

Байраг сæ хæдзары никуы уыд, афтæмæй
Абадт æввонгæй, рæсугъд ифтонг алцæмæй,
Урс бæх йæ разы!..

Сагъæс фæсабыр... Фæхъус ысты устытæ...
Мардмæ æрбахæстæг иу лæг... Йæ цæстытæ
Нал зынынц чъиуæй.

Цæсгом нымпылдтытæ, зачъетæ — урс-урсид,
'Гасæй йæ уæлæ хæлын худ, кæрцы къæрид...
Дис кæнын: чиу ай?

Чъизи дæрзæг къухæй цæсты сыг асхъаудта,
Стæй дзы йæ зачъетæ тонæгау адаудта...
Бахæстæг бæхмæ.

Радтой йæм идон... Сæ уæлхъус æгуыппæгæй
Адæм ныккастысты иууыл æмхуызонæй
Уайтагъддæр зæхмæ...

Алæууыд иу дзæвгар лæг дæр зæхмæ кæсгæ,
Уый фæстæ — гъæйда-гъа! — райста, дзырдарæхсгæ,
Диссæгтæ дзурын.

Чи ма сæ зоны? Кæд дæм сæ нæ ныффыссон,
Ма мæ рахъаст кæ, мæ хæлар, мæ иубæстон, —
Дардмæ дæ курын!

— Рухсаг у, — загъта, цæуыс нæ æххæст лæгæй,
Арæзт æппæтæй... Фæцух дæ æрмæст бæхæй, —
Хорз бæх нæ арынц.

Терк-Турчы рæгъаумæ абон фæцыдысты,
Зæххæн йæ кæрæтты дардыл æрзылдысты,
Алы ран сгарынц:

Рахиз фæрсты дзы фæлгæсгæ йæ быдыртæм,
Галиу фæрсты та дзы хъахъхъæнгæ донбылтæм,
Никуы 'мæ ницы!

Нæй дзы дæ аккаг бæх!.. Уалæ уæларвзæххы
Иу бур айнæджы бын хизынц æртæ бæхы, —
Табу йæхицæн! —

Уасджиорджийы æртæ сызгъæрин æфсургъы.
Ардыггаг ласай, — йæ зæвæтæй риуыгъы;
Фалладжы ласай, —

Стонг бирæгъау дæм лæбурдзæн йæ дæндагæй;
Астæуыккаг æфсургь лидзаг у фæндагæй, —
Хорæй йæ расай!

Арвы Куырдалæгонмæ-иу æй схæццæ кæ!
Болат æндонæй дын скæндзæн йæ цæфхæдтæ,
Болат зæгæлтæ

Фидар йæ сæфтджыты стæгмæ куы ныссадза,
Нагъæй æфтаугæ хæрхидон куы сараза, —
Гъе уæд цæттæ дæ!

Де 'фсургъыл дын идон афтаудзæн Мæйы фырт,
Стæй йыл сызгъæрин саргъ авæрдзæн Хуры фырт,
Ехс дæр дын ратдзæн.

Сбад-иу дæ бæхыл! Уырдыджы æнæ цудгæ,
Сиргæ тæссæртты, хæрды дын æвæлмæцгæ
Бирæ фæуайдзæн.

Бафтдзынæ иу ран æртæ фæндаджы ныхмæ...
Ма бабæлл дæллагмæ, канд дæр йæ уæрæхмæ,—
Тудджынты фæд у!

Ма бабæлл уæллагмæ, — тугисджытæм хæссы!
Астæуыккагæй дæ бæх дæр куыд нæ тæрсы,
Афтæ дæу кæд у?

Райс æй дæ фæндагæн!.. Иу ехсы февзидтмæ
Бахæццæ уыдзынæ иу æрдуйы хидмæ, —
Маргъ ыл нæ тæхы!

Армытъæпæнæй чъылбыс-иу куыд фелвæса,
Де 'фсургъы агъдæй та чъепси куыд фесхъиуа,
Афтæ цæв бæхы!

Мæрдты дуармæ дæ дæ цæстфæныкъулынмæ
Баскъæфдзæн де 'фсургъ раст хураныгуылынмæ...
Бакæс-иу 'гъдаумæ.

Дуар дын нæ кæндзысты, аныгуылд хур, зæгъгæ,
Ам куыд уыд, уым дæр дæ кувæг — дæхи зæрдæ,—
Скув-иу Хуыцаумæ!

«О, Хуыцауты Хуыцау! Ме Сфæлдисæг Хуыцау!
Рауадз, дæ хорзæхæй, хур фæныгуылынау,
Хæхтыл дыдзы хур!»

Хæхты дыдзы хур дæм уайтагъддæр ракæсдзæн...
Мæрдты 'фсæн дуæрттæ дын иу уæйыг бакæндзæн,
Фыд, хорз æм ма сдзур!

Уырдыгæй фалæмæ зоны дæ фæндæгтæ
Хуры фырт. Уый дын ныр дзурдзæн сæ диссæгтæ
Се 'ппæт, куыд ысты...

Къæсæры мидæгæй,— уырдæм ныр бахызтæ,—
Иу гадза бастæй. Йæ хуылфæй йæ къæбыстæ
Бæхмæ рæйдзысты...

— Ай та цы диссаг у? — Дис дæр куыд нæ кæнай? —
Афтæ цæмæн у? — фæрсдзынæ. — Цæмæн, зæгъай?
Де 'мбал дын сиддзæн:

— Ай-иу йæ карзæй, йæ налат хуыснæгдзауæй
Сæфтмæ æртардта хъæу... Гъеныр мæрдты 'гъдауæй
Йæ хæстæ фиддзæн.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Хъуысдзæн дæм алывыд...
Лæг æмæ ус хуыссынц... Галдзарм сæ быны тыд,
Галдзарм сæ уæлæ.

Тонынц сæ иуырдæм, тонынц сæ иннæрдæм, —
Не 'ххæссынц лæгыл дæр, усыл дæр ничердæм.
Диссаг та уæлæ!

Дис дæр куыд нæ кæнай! — Ай та цæмæн афтæ?
Ай та цæмæн зæгъай?— Адон сæдæ азтæ
Иумæ фæтыдтой,—

Гъемæ куыдфæстæмæ алрайсом, алызæр
Тынгдæрæй тынгдæр-иу кодта сæ загъды хъæр, —
Фидыд нæ зыдтой;

Иргъæвынмæ сæм цыдысты æндæр сыхæй...
Гъеныр мæрдты 'гъдауæй фидынц сæ хæсы хай!.
Ацу та фалдæр!

Иу ранæй та дæм æрыхъуысдзæн сусæг дзырд:
Лæг æмæ усæн тæрхъусдзарм сæ быны тыд,—
Галдзармæй фагдæр!

Иннæ тæрхъусдзарм сæ уæлæ æрдыдæгтæ...
Диссаг! — зæгъдзынæ та. — Ай та цæмæн афтæ?
— Ай та, куы зæгъай? —

Адон цæргæ-цæрын уарзтой кæрæдзийы,
Ам æй æххæст кæнынц; ам дæр зæрдæмийæ
Не сты æнæ хай!

Ацу-иу уырдыгæй! Ус лæудзæн хибарæй, —
Калмы цъарæй йыл хъуырбæттæн, хæфсы цъарæй
Усыл сæрбæттæн...

— Ай та цæмæн афтæ? — Ай та, куы бафæрсай, —
Барысчъи даргæйæ сусæгæй бонæн сайд
Кодта йæ мæрдтæн! —

Ам сын æй фиды ныр... Ацу та! Иу ранæй
Згъæлдзæн хуыр: къæдзæхы скъуыдтæ дзы теманæй
Иу ус æмпъузы.

— Ай та цæмæн афтæ? — Ай та кæйдæр лæгæн
Дзаума лыстæг хуыдта, ставд та — йæхи лæгæн,
Гъеныр ам кусы!..

Ацу-иу уырдыгæй! Иу усы риуыл та
Зилынц хæд-зилгæйæ стыр куыройы фыдтæ;
Хохы дзæгъгъатæ

Бонæй, æхсæвæй, æнæ раивадæгæй
Ссынц æмæ се ссад нæ кæлы фæлгæтæгæй...
Цавæр у ай та?

— Ай та куыройгæсæй адæмы къæссатæй
Иста æгæр бирæ, давта сын се ссадæй —
Давын зын у, цы?!

Ацу-иу уырдыгæй!.. Байхъус æхсæрдзæнмæ:
Урс æхсыр къуыстилтæй хохы йас цæхгæрмæ
Иу ус фæрсудзы.

'Гас къæртайы дзаг ыл карз ахсæн аскъæры,—
Карчы нæмыджы йас цыхт ын дзы равзæры,—
Ай дæр та диссаг!

Ай та уæлæуыл æлгъин уыд йæ хъæздыгæй,
«Нæй, нæй»-иу кодта, нæ иста йæ хæндыгæй
Уазæгæн урсаг.

Ацу-иу уырдыгæй! Иу ус дæ хæд разы
Иу чысыл къоппæй мæцъисæй нæ фæразы
Гуымбыл фæлдахын...

— Ай та цæмæн афтæ? — Ай та йæ уæлæуыл
«Ис мæм»-иу кодта, нæ уагьта æндæр хъæуыл
Уазæг ыздахын.

Ацу-иу уырдыгæй ноджы хуыздæр бæстæм!..
Иу лæг йæ усимæ иумæ фæрсæй-фæрстæм
Бадынц æргомæй;

Стыр фынг сæ разы æртасыд йæ фырдзагæй
Алы нуазинагæй, алы хæринагæй,
Басæй, цæхдонæй,—

Иууыл куыд æмбæлы,— нуры, цывзыхъæстæ...
Цасдæр дзы хъауынц,— сæ фынг та хæрды фæстæ
Свæййы уæззаудæр.

— Ай та цы диссаг у? — Адон сæ цæрыныл
Цас мæгуырдæр кодтой, уыйас сæ кæрдзыныл
Кодтой рæдаудæр.

Ацу-иу уырдыгæй! Арф къæдзæхбын мæсчъы
Иу лæг хуыртæ хæссы хæлд æнæбын тæсчъы.
Ай та цы кодта?

— Ай та сыхагимæ кайаг уыд арæнæй,
Иумæйаг зæхх-иу æрбарста мæнг барæнæй.
Ард-иу ыл хордта.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу рæсугъд уæзæгыл
Иу лæджы рихитæ астæумæ кæрдæгыл
Стонг гал æууилы...

— Ай та цы диссаг у?— гал ма нæ фæхизы
Ахæм цъæх кæрдæгыл?!— Ай та йæ цæдисы
Срæстмæйыл зилы:

Ай-иу йæхи галæн 'взаргæ хос ракалдта,
Цæдисонæн та-иу хъæмпы мур адардта,—
Ай дын йæ хабар!

Ацу-иу уырдыгæй!.. Фурдæн йæ астæу хуыскъ,
Карды комæй йæм хид; халоны айчы хъузг —
Лæгæн йæ хæдзар;

Судзины бын та дуар 'гасæй йæ хæдзармæ...
— Ай та цы диссаг у? — Ай та йæ адзалмæ
Царди æмбæхстæй;

Уазæг нæ уагъта йæхимæ цæрæнбонты;
Сау зæрдæ дардта, фæсырдта йæ бинонты,
Амард æлгъыстæй.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу лæг фæдисаг у:
Ихы ныссалди йæ хъуырмæ!.. Цы диссаг у,
Цавæр у ай та?

— Ай та æмгары хæдзармæ хъуызаг уыди
Алы æнафоны... Гъемæ фæрæдыди...
Ай дын йæ пайда!

Ацу-иу уырдыгæй! Иу ихын мæсыджы
Ихын къæлæтджынты бадынц æртæ лæджы,
Их фынг сæ разы;

Ихæй сæ лæдзджытæ, галиу сæ ныхæстæ,
Их сæрдасæн сын сæ галиу сæрыфæхстæ
Роцъотæм дасы.

Ай та цы диссаг у? — Адæм сæ тæрхоны
Хорзæн-иу равзæрстой алы хатт адоны,
Бар сæм-иу радтой.

Адон-иу фарсласæн сабийæ таубимæ
Кодтой сæ мæнг ардæй, растæн хæрамимæ
Иу барæн дардтой.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу рæсугъд уæзæгыл
Урс æвзист галуаны, урс æвзист тæрхæгыл
Баддзысты базтыл

Иннæ æртæ лæджы... Де 'мбал сæ хорз зоны:
Адон куыд фæрæзтой, афтæ сæ тæрхоны
Архайдтой растыл!..

Бирæ дæ нал хъæуы уырдыгæй дзæнæтмæ;
Бæхмæ куы февзидай,— иу цæсты тъæбæртмæ
Фестдзæн йæ разы.

Бæхæй æрхиздзынæ... Бирæ сывæллæттæ
Алгъуызон дзауматы, алы азыккæттæ
Цъæх нæууыл хъазы...

Чи дæ йæ мад хоны, чи дæ йæ фыд хоны,
Чи дзы бæгъæввад у, чи та дзы ронбæгъд у,
Чи та æнæ худ.

Худтæ сæ рæтты тъыст, рæттæ сæ хъуырты 'фтыд,
Дзабыртæ — фæдджиты, фæдджитæ — сæртыл тыд.
Ма сыл-иу бахуд!

Алкæй дæр барæвдау! Алкæй йæ дзауматы
Сараз, куыд æмбæлы! Семæ-иу дзæнæты
Дуаргæрон балæуу!

Мидæмæ хизын дæ исдуг нæ уадздзысты,
Сывæллæттæ та сын хизын нæ комдзысты
Уырдæм æнæ дæу!

Фегом уыдзысты уæд авд сызгъæрин дуары!..
Мæрдты Барастыр дæм ницы рæдыд ары
Мæрдты хъуыддагæй...

Рухсаг у, рухсаг! Йæ рахиз фарсырдыгæй
Нæууыл дæ бадæн!.. Ныр ацыдтæ ардыгæй,
Нал дæ ныр махæй!

Адæм дын абон цы хорз æгъдæуттæ радтой,
Ацы дзыллæ дыл цы цæсты сыг фæкалдтой,
Уый дын æххуысаг!

Мады хъæбысау дын адджын уæд ацы зæхх,
Уды хæларæй фæлдыст дын уæд ацы бæх.
Рухсаг у, рухсаг...

Дзырд фæци зæронд лæг, айста къух идонæй...
«Рухсаг у, рухсаг!» — йæ фæдыл æмхуызонæй
Дзыллæтæ загътой...

Адæм æрбадтысты мæгуыры хæрнæгыл,
Устытæ ма уæддæр судзаджы уæлмæрдыл
Хъарджытæ уагътой...

ÆРРА ФЫЙЙАУ

Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фыййау.
Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд къуымбилау.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, —
Тæккæ былгæрон
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ:
«Агæпп æм кæнон, —

Загъта, — фос уал ам мæ сæрмæ
Хизæд уæзæгыл,
Æз фæхуысдзынæн изæрмæ
Уыцы бæмбæгыл...»

Дардыл йе уæнгтæ фæхаста, —
Гъопп! — зæгъгæ, йæхи
Пуртийы зыввытт фæласта...
Лæг ныххæррæгъ и!

БУЛКЪ ÆМÆ МЫД

Ма худ аууонмæ æвзæрыл,
Хорзы-иу йæ цуры бафау!
Дунетæй хуыздæр куы фестай,
Гъе уæддæр дæхи уд ма стау!

Хорз æфсин цы нæ хæринаг
Авæрдзæн лæгæн йæ разы! —
Уазæгæн йæ мæгуыр фынгæй
Бирæ кад дæттын фæразы...

Гъе уæддæр нæ хæринæгтæ
Алы ран сæхи ыстауынц,
Загъд кæнынц, сæ кæрæдзийы
Уазæджы цæстмæхъус фауынц.

Физонæг ма, йе хæбизджын
Дзурæд! — Уазæг дæр сæ буц у,
Фæлæ задын, хомыс, бламыхъ,—
'Гайтма дæ хæрынц, — ныхъхъус у.

Булкъæн та æппын цæсгом нæй! —
Фаджысдон кæны къæбицæй,
Судзы ком, уæддæр дын искæй
Уадзы, цы, хуыздæр йæхицæй?!

Иу фынджы рагъыл та иу хатт
Уый дæр та фæзынд кæцæйдæр!..
Уайтагъд та йæхи фæсвæдты
Мыдмæ баласта хæстæгдæр...

— Оф-оф, уазæг, æз мыдимæ, —
Загъта, — диссаг дæн, æрбалæуу...
— Гъе, смаггæнаг! — мыд фæмæсты, —
Ныр цы мæт кæныс мæ бæсты,
Æз хуыздæр куы дæн æнæ дæу!..

САГ ÆМÆ УЫЗЫН

Тар хъæды иу саг, пырхкалгæ йæ уонтæй,
Уынæргъгæ уади,— егар æй сырдта...
Доны былмæ ма ныйирвæзт фыдбонтæй,
Ахауди дуртыл... йæ мæлæт зыдта...

— Ох-хай, гъе! — радзырдта къутæрæй сагмæ
Уызын,— фæцæф дæ, мæ лымæн, сæрæй?
Рагæй æмхиц у нæ уæздан мыггагмæ
Хъримаг, йæ хицау фæкæна дæдæй!..

— Ох-хай, гъе! — сæрджын саг уызынмæ дзуры:
Мах саг-мыггагæй уæздандæр нæ уыд.
Ныр, кæд дæ хуызæттæ махмæ дæр гуыры, —
Афонмæ дæр нæ фæцæгъдын куы хъуыд!..

ЗÆРВАТЫКК

Зæрватыкк — æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!
Дæ зарæг — нæ дарæг,
Нæ уалдзæггæнæг!

Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй
Фæхæтай фæрнæй
Нæ хæхты, нæ бæсты,
Æлдар кæмæн нæй!

ХÆБЛИАТЫ САФАР

Адæймаг ныфсæй цæры æмæ, йæхи Хуыцауыл фæдзæхсгæйæ, алы рæсугъд фæндтæ нывæнды. Афтæ мах дæр зæрдиагæй хъавыдыстæм нæ уарзон æмбал, нæ хорз æмгар Сафары йæ райгуырды 70 азы бон сбуц кæнынмæ.

Фæлæ...

Низтæн сæ иутыл æгъатыры ном уымæн сбадт, æмæ сын ныронг амæй-ай дæсныдæр мадзалгæнæджы бон дæр нæма у æвдадзы хос ссарын. Гъе, уый азарæй 7 февралы, дæргъвæтин рæстæджы фæсæйыны фæстæ, йæ цардæй ахицæн курдиатджын журналист, фыссæг æмæ тæлмацгæнæг, Ирыстоны сæрыстыр хъæбултæй иу — Хæблиаты Муратбеджы фырт Сафар.

Кæд йæ азты нымæцмæ гæсгæ афтæ зæгъæн нæй, зæрдæхалæн чысыл ын уыдысты, зæгъгæ, уæддæр æй судзаджы зиан уымæн ис схонæн, æмæ бирæ мæстытæ кæй бавзæрста, дзæвгар ахсджиаг хъуыддæгтæ йын кæнинагæй, кæй баззадысты, йæ рæзгæ сабитæм фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ кæй фæцæуæг йе 'нусон фæндагыл. Лæгау лæджы хуызæн Сафар йæ уды рыстытæй йæхи ирвæзын кодта адæмæн хорзы цæуынæй, йæ зæрдæргъæвд сфæлдыстадон куыстæй, йæ фыдæлты зæххы гæппæлыл æмæ дыргъдоны фæллой кæнгæйæ.

Хæблиаты Сафар райгуырди 1933 азы 27 мартъийы Зилгæйы хъæуы. Астæуккаг скъолайы бакасти Хуымæллæджы æмæ сси Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты историон факультеты студент. 1956 азы йæ куы фæцис, уæдæй фæстæмæ уыд æнувыд æмæ хъазуатæй кусæг — радиокомитеты, газет «Рæстдзинад»-ы, чиныгуарзджыты æхсæнады, Фысджыты цæдисы...

Æцæг курдиатмæ Хуыцауы комытæф хæццæ кæны. Сафары фыссæджы курдиат, аивадон дзырды ад æмæ ахадгæ тых чи 'мбары, уыдонæй дызæрдыггаг никæмæн у. Адæймаджы уд дæр, æвæццæгæн, сыхгай-уынггай у. Æмæ дзы Хæбли-

айы-фырт йæ аивадон дзырды хъомысæй схурджын кодта йæ райгуырæн Къуымы сых, йæ уарзон ирон адæмæй иу хайы цæрæн сых.

Чысыл хæрзты нæ бацыд нæ литературæйæн Сафар: радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгæндтæ — «Æнамæ мын чи бадзурдзæн», «Нырмæ кæм уыдтæ, Максим?», «Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы», «Дзæнæты маргъ», уацаутæ «Хъаймæты æфсымæр», «Къостайы кадæг» æртæ чиныгæй, роман «Азабæлас». Аив дзырды исбон сты йæ тæлмацтæ дæр — Андрей Платоновы уацау «Джумал», Виктор Астафьевы роман «Фыдæлгъыст æмæ тыхмæрдтæй» иу хай, Юрий Бондаревы роман «Судзгæ мит» æмæ Цæлыккаты Ахмæты роман «Æфсымæр æфсымæрæн сызнаг», Нодар Думбадзейы, Франева-Малиты Еваейы, Верæ Пановайы æмæ æндæрты радзырдтæ.

Йæхи уацмыстæ дæр мыхуыры цыдысты уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй, хæрзæрæджы та йын чиныгуадзæн «Ир» стыр æмбырдгонд рауагъта — «Древо жизни»...

Тынг зын у Сафарæн фæндараст зæгъын, фæлæ йын нæ бон æндæр ницы у, æмæ рухсаг уæд, дзæнæты бадæд.

Цъары фæрстыл:

1. *Мыртазты Зæринæ. Бирæ цæмæйдæрты æххæст чызг бæргæ уыд, фæлæ, бецау, 18-аздзыдæй йе 'мгæрттæй фæхъуыд...*
4. *Тугъанаты Дзерассæ.*

* * *

Технический редактор	*Виктория БОРАЕВА*
Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Компьютерный набор	*Альбина ДАТИЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*

Срастгæнинаг. «Мах дуджы» ацы азы дыккæгæм номыры 174 фарсыл аирвæзти рæдыд: Гæдиаты Секъа 1910 азы нæ фæмард, фæлæ 1915 азы.

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания

Подписано к печати 18.03.03. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта MyzI. Печать офсетная. Усл. п. л. 12,32. Учетно-изд. л. 10,53. Тираж 2100 экз. Заказ № 24.

Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.
Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

СЫЛГОЙМАГ

Æрбахызт хъазты фæзмæ худгæ,
Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх,
Æваст æмдзæгъдгæнæг лæппутæ
Къуыхцытæй райдыдтой мæнгæмдзæгъд...

Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,
Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл...
Къуызæгау усджын лæгтæ фарстой:
«Цымæ кæй чызг у уый... кæй чындз у?..»

Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,
Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,
Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,
Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл...

Дзаболаты Хазби

Индекс 73247